



Schweizerische Eidgenossenschaft
Confédération suisse
Confederazione Svizzera
Confederaziun svizra


Direction du développement
et de la coopération DDC



REPUBLIKA Y'UBURUNDI


ISHUSHO Y'ITERAMBERE RIDAKUMIRA, UMWAKA WA 2023





UMUGWI WATEGUYE IKI GIKORWA

Umugwi w'abanditsi	<ul style="list-style-type: none">- Christine Mbonyingingo, umuhinga yakorera Igisata c'Ishirahamwe Mpuzamakungu, ONU Femmes- Gérard Nduwayo, umuhinga w'Ibanki y'Iterambere ry'Afrika -BAD
Umugwi w'abihweza ibintu n'ibindi	<ul style="list-style-type: none">- Scholastique Ntirampeba, umukozi mu Gisata c'Ishirahamwe Mpuzamakungu, ONU Femmes- Léonard Ndikiminwe, umukozi mu Gisata c'Ishirahamwe Mpuzamakungu, ONU Femmes- Aline Rivuzimana, umukozi Igisata ca Leta y'Ubuswisi kijejwe Iterambere no Gufanya- Aissatou Dosso, umukozi w' Ibanki y'Iterambere ry'Afrika -BAD- Donavine Niyonsaba, Umuyobozi w'Igisata kijejwe iterambere ridakumira mu Bushikiranganji bwo Gushigikirana, Imibano, Agateka ka Zina Muntu n'iterambere ridakumira- Priscilla Munezero, umukozi mu Gisata c'igihugu cegeranya ibiharuro-fatiro mw'iterambere, INSBU- Hilaire Ndayisaba, Umuhanuzi mu Bushikiranganji bw'ubutunzi, amafaranga akoreshwa no gutunganya ibijanye n'ubutunzi
Umugwi uryohora ivyanditswe ku bisata bitandukanye	<ul style="list-style-type: none">- Ubushikiranganji bwo Gushigikirana, Imibano, Agateka ka Zina Muntu n'iterambere ridakumira- Igisata ca Leta y'Ubuswisi kijejwe Iterambere no Gufanya- Ibanki y'Iterambere ry'Afrika- Abaserukira ubushikiranganji butandukanye mu bijanye n' iterambere ridakumira (raba urutonde rw'inyongera)- Ibisata vy'ishirahamwe mpuzamakungu ONU: abahinga muvy'iterambere ridakumira bo muri OIM, PNUD, OMS, UNICEF, UNFPA na ONU Femmes
Umugwi ukosora	<ul style="list-style-type: none">- Salvator Ndayegamiye, Umuhanuzi mu Bushikiranganji bwo Gushigikirana, Imibano, Agateka ka Zina Muntu n'iterambere ridakumira- Alain Gashaka, Umukozi mu Gisata c'Ishirahamwe Mpuzamakungu kijejwe iterambere ridakumira n'iterambere ry abakenyezi- Aline Rivuzimana, Umukozi, Igisata ca Leta y'Ubuswisi kijejwe Iterambere no Gufanya
Umugwi uvyemeza	<ul style="list-style-type: none">- Clara M. Anyangwe, Uwuserukira Igisata c'Ishirahamwe Mpuzamakungu, ONU Femmes mu Burundi- Boris Maver, Umuyobozi w'Igisata ca Leta y'Ubuswisi kijejwe Iterambere no Gufanyamu Burundi- Pascal Yembiline, Uwuserukira Ibanki y'Iterambere ry'Afrika- Imelde Sabushimike, Umushikiranganji arongoye Ubushikiranganji bwo Gushigikirana, Imibano, Agateka ka Zina Muntu n'iterambere ridakumira
Umugwi usuzuma	<ul style="list-style-type: none">- Abo biraba bose, haratunganijwe uruganda rwo ku rwego rw'igihugu mu ntumbero yo gusuzuma ibiri muri iyo shusho



GUKENGURUKA


Inyuma y'imyaka icumi hashikirijwe Ishusho y'iterambere ridakumira mu gihugu, Leta y'Uburundi, ibifashijwemwo n'abo bifashyana mw'iterambere mu gisata co guteza imbere iterambere ridakumira kuri bose, itangaje iyindi « Ishusho y'iterambere ridakumira », y'umwaka 2023.

Iki cegeranyo kigizwe n'ubumenyi n'amakuru ajanye n'iterambere ridakumira na cane cane umukenyezi mu Burundi gikomoka mu bikorwa vyaranguwe mu ntumbero yo gufashyana hagati ya Leta y'Uburundi, Igisata c'Ishirahamwe Mpuzamakungu ONU Kijejwe iterambere ridakumira n'iterambere ry'Abakenyezi, ONU Femmes, Ibanki y'iterambere ry'Afrika (BAD) hamwe Igisata ca Leta y'Ubuswisi kijejwe iterambere no Gufanya mu Burundi.

Iki cegeranyo gikomoka kandi mu gikorwa caranguwe n'umugwi uhurikiwemwo n'abahinga bakurikiranira hafi intumbero nyamukuru y'Ubushikiranganji bwo Gushigikirana, Imibano, Agateka ka Zina Muntu n'iterambere ridakumira, abo bafashyana mu bikorwa vyerekeye iterambere ridakumira baserukira Ubushikiranganji butandukanye, ikigo c'igihugu gitunganya ibijanye n'ibiharuro-fatiro (INSBU), ibisata bitandukanye vy'ishirahamwe mpuzamakungu ONU n'abandi bose bashinzwe ibijanye no gutunganya neza ibijanye n'iterambere ridakumira n'iterambere ridakumira, na cane cane umukenyezi mu Burundi.

Ufashijwe n'abo bafashyana twamaze kuvuga aho hejuru, umugwi w'abahinga warashinzwe kugira ngo barangure igikorwa c'ubushakashatsi ari naco catumye hashikwako ibintu biboneka. Igikorwa co gutegura iki cegeranyo nticoshoboye kuranguka neza abo dufashyana batabigizemwo uruhara, ari nabo twipfuzaga gushimira bimwe vy'imvamutima.

Turashimira rero (i) abo dufashyana muvy'iterambere : ONU Femmes, Ibanki y'iterambere ry'Afrika, Igisata ca Leta y'Ubuswisi kijejwe iterambere no Gufanya ku mfashyano batanze haba muvy'ubuhinga n'amafaranga yakoreshejwe, (ii) abagize umugwi w'ababukurikiranira hamwe kandi hafi, kuba barabironkeye akanya bakanatanga imfashyano muvy'ubuhinga mu nteguho y'iki cigwa, (iii) umugwi w'abasomye iki cegeranyo ku ntererano batanze zo kugihinyanyura neza, (iv) ibisata vy'ishirahamwe mpuzamakungu nka ONU Femmes, Igisata c'Ishirahamwe Mpuzamakungu kijejwe iterambere (PNUD), Igisata c'Ishirahamwe Mpuzamakungu kijejwe igwirirana ry'abantu (UNFPA), Igisata c'Ishirahamwe Mpuzamakungu kijejwe uruja n'uruza rw'abantu bajabuka imbibe (OIM), Igisata c'Ishirahamwe Mpuzamakungu kijejwe amagara y'abantu (OMS), n'Igisata c'Ishirahamwe Mpuzamakungu kijejwe ivy'abana (UNICEF) batanze abakozi babo basanzwe bakorera mu gisata c'iterambere ridakumira no mu biraba agateka ka zina muntu kugira batange intererano yabo muri iki gikorwa, (v) amashirahamwe adaharanira ivyicarwo vya politike, (vi) umugwi w'abahinga : Christine Mbonyingingo na Gérard Nduwayo kuko baranguye ico cigwa kuva gitangura gushika mu mpera yacyo, (vii) abantu bose baganiriye n'umugwi w'abahinga aho bacye hose bakora ubushakashatsi mu kwegeranya amakuru yisunzwe, (viii) hamwe n'uwundi wese, mu buryo ubu canke buriya, yoba yaratanze amakuru yafashije mu gutunganya iki gikorwa. Iki naco kikaba kizofasha kurongora no guha intumbero igisata icarico cose mu gutunganya neza imigambi ifatiye ku biharuro vyerekana uko ibintu vyifashe bishobora gutanga umuco mu gufata ingingo no gushinga imigambi nyayo mu ntumbero yo guteza imbere Igisata c'iterambere ridakumira na cane cane abakenyezi mu Burundi.



INYINJIZO

Nk'abo dufashanya mw'iterambere bashira mu ngiro imigambi, imigambi ngenderwako n'amategeko abigenga mu ntumbero yo kwubahiriza agateka k'abakenyezi, no gushiraho ibikwiye vyose kugira umugore canke umwigeme uwariwe wese ashobore gukora yisanzuye, Igisata c'Ishirahamwe Mpuzamakungu ONU Kijejwe iterambere ridakumira n'iterambere ry'Abakenyezi mu Burundi (ONU Femmes Burundi), Ibanki y'Iterambere ry'Afrika (BAD) hamwe n'Igisata ca Leta y'Ubuswisi kijejwe Iterambere no Gufanya bafashe umugambi wo gutegura Ishusho y'iterambere ridakumira na cane cane umukenyezi mu Burundi, yo mu mwaka wa 2023 mu ntumbero yo kwerekana neza uko ivyerekeye iterambere ridakumira na cane cane umukenyezi vyifashe.

Ihangiro nyamukuru igihugu cipfuzwa gushikako kwari, ubwa mbere, ukwihweza uko ibintu bimeze muri rusangi, gusuzuma no gutahura neza ibifatirwako nyamukuru bigereranijwe n'ahageze iterambere ridakumira n'ukwongerereza ubushobozi abakenyezi mu Burundi, ubwa kabiri naho, guhanura ku vyokorwa canke ibisabwa kugira hatorerwe inyishu intambanyi zihari mu birangurwa n'abari mu ntwaro, abo dufashanya mu bijanye n'iterambere hamwe n'amashirahamwe adaharanira ivyicarwo vya politike, bakora ibishoboka vyose kugira umukenyezi n'umwigeme babeho neza mu Burundi.


Igisata c'Ishirahamwe Mpuzamakungu ONU Kijejwe iterambere ridakumira n'iterambere ry'Abakenyezi, Ibanki y'Iterambere ry'Afrika hamwe n'Ubuyobozi bwo gufashanya bw' Ubuswisi mu

Burundi bari n'umunezero ntangere wo gushikiriza icegeranyo cavuye mu bikorwa vy'ubushakashatsi ku bice 17 bitandukanye bijanye n'ihangiro ry'iterambere rirama vyerekana neza ibiharuro nyavyo kandi vya none. Abo dufashanya bagizwe n'abasanze bakora mu bisata vy' iterambere ridakumira na cane cane umukenyezi, babifatireko maze bashobore gufata ingingo zibereye. Ni vyiza kandi ko tumenyeshako ivyiyumviro vyagiye birashikirizwa mw'isuzuma ryakozwe vyega ababashikirije kandi ntivyofatwa nk'ivyerekana icyumviro c'Igisata c'Ishirahamwe Mpuzamakungu ONU kijejwe iterambere ridakumira na cane cane abakenyezi canke abo bafashanije gutegura iki cegeranyo.

Abo bese bashoboye gutanga intererano mu gutegura, mu kurangura no mu gusozera neza integuro y'iyi Ishusho y'iterambere ridakumira, na cane cane abagize umugwi w'abahinga- banditsi, abasanze bakora mu gisata kijejwe iterambere ridakumira na cane cane abakenyezi mu Bushikiranganji, ibisata vy'ishirahamwe mpuzamakungu ONU hamwe n'amashirahamwe y'abakenyezi adaharanira ivyicarwo vya politike, Igisata c'Ishirahamwe Mpuzamakungu ONU Femmes, n'abo basangiye umugambi wo gutegura iyi Shusho kuva wiyumvirwa, barabashimiye bimwe vy'imvamutima.

Twipfuzako ko ivyoye twese dusanzwe turangura vyose vyofasha Uburundi kandi ko akanovera k'ibikorwa vyacu vyoshitsa aho ata murundi n'umwe, yaba umwana, urwaruka canke uwukuze asigara inyuma y'abandi.

Clara M. Anyangwe	Boris Maver	Pascal Yembiline
Uwuserukira Igisata c'Ishirahamwe Mpuzamakungu ONU kijejwe iterambere ridakumira n'iterambere ry'abakenyezi mu Burundi	Umuyobozi w'Igisata ca Leta y'Ubuswisi kijejwe iterambere no gufashanya	Uwuserukira Ibanki y'Iterambere ry'Afrika mu Burundi



INYITANGIZO

Uburundi bwaratanguye igikorwa co guteza imbere ubutunzi n'imibano no kwisunga amahoro bwisunze gukoresha uburyo bwose buri mu gihugu kugira buterere bimwe bishemeye iterambere.

Mu vyerekeye politike, igihugu carashizeho inzego nshasha uhereye ku matora aheruka yo mu mwaka wa 2020. Ni muri icyo ntumbero nyene, ubushikiranganji 15, harimwo Ubushikiranganji bwo Gushigikirana, Imibano, Agateka ka Zina Muntu n'iterambere ridakumira bwashinzwe.

Ubwo bushikiranganji bufise inyubako nshasha ku vyerekeye iterambere ridakumira. Kimwe muvuye bujewe ni gutunganya neza ibikorwa vyo guteza imbere bose ahanini hashimikiwe ku mukenyezi aho akiri inyuma cane mu gihugu.

Mu bijanye n'ubutunzi n'imibano, Uburundi bufise vyinshi bukeneye kunagura inyuma y'imyaka myinshi bwamaze mu magume hiyongereye intambanyi zo kugeramirwa n'inkurikizi zitewe n'ihindagurika ry'ibihe. Ingingo zo gukinga no gutorera inyishu ivyo bibazo zaramaze gufatwa mu bikoreho bitandukanye vyifashishwa nk'intabo yo kwitegurira guhangana n'ibiza. Ni muri icyo ntumbero nyene inyandiko nyinshi z'integuro y'ibikorwa ku rwego rw'igihugu nk'umugambi w'igihugu ujejwe iterambere (2018-2027) hamwe n'iyindi migambi ngenderwako ngenga-bisata nk'umugambi w'igihugu ujejwe igikorwa co gushora imitahe mu gisata c'uburimi, zarashikirijwe mu ntumbero yo gutorera inyishu y'iboneka ko biri n'inkurikizi ku bukenye mu gihugu kigizwe n'ibice 90% vy'abarimi, ahanini bagizwe n'abakenyezi n'abigeme.

Kugira dushobore guteza imbere vyinshi mu bifatirwako mw'iterambere ry'ubutunzi n'imibano, igihugu gihuterse kwemeza « umugambi w'igihugu ujejwe gutsimbataza amahoro, ugukomeza ibijanye n'imibano, no gukomeza ibituma haba iterambere muvuye ubutunzi (PNCP-SS-PCE) 2025. Muri kazoza ka hafi, uno mugambi ufatiye kuri ibi bikurikira : (i) ibituma haba iterambere muvuye ubutunzi n'imibano bifatiye ku burimi, no guhingura hamwe no gushiraho umugambi woteza imbere akazi ku bakenyezi n'urwaruka, (ii) kurwanya igiturire, (iii) iterambere ry'igisata c'abikorera utwabo, (iv) iterambere ry'inyubako, uburaro n'amasoko ntanganyu, (v) gukingira ibidukikije, (vi) gukingira abanyagihugu mu gihugu

cose, harimwo no gusubiramwo uko igisata c'ubutungane gitunganyijwe hamwe n'ibijanye n'itworo.


Ihangiro ry'iki cigwa ni kuronsa abafata ingingo hamwe n'abadufasha mu Burundi, igikoreho kigezweho, kugira bashobore gutahura neza no kumenya aho gushora imitahe n'ibikorwa vyo guherako kugira bigire inkurikizi iboneka mu bijanye n'iterambere ridakumira na cane cane umukenyezi mu bisata n'ibice bitandukanye vy'ubuzima bw'igihugu.

Iterambere ridakumira na cane cane umukenyezi riteza imbere ubushobozi bwo gukorera hamwe mu bakenyezi, gurtyo bagashobora kuzana impinduka mu kibano mu guhindura intumbero y'inzeho, amasoko, canke amategekako agenga ikibano. Mu gihe bafise uburyo bwo kugira icyo bakoze mu bisata vy'ubutunzi n'ivya politike, barashobora no gukora mu ntumbero yo guhindura ingingo za politike.

Nk'umushikiranganji ajejewe gushigikirana, imibano, agateka ka Zina Muntu n'iterambere ridakumira, ndashimye cane imfashanyo twahawe n'igisata c'Ishirahamwe Mpuzamakungu ONU kijejwe iterambere ridakumira na cane cane umukenyezi, Ibanki y'iterambere ry'Afrika igisata ca Leta y'Ubuswisi kijejwe iterambere no Gufanya, abandi dufashanye mw'iterambere hamwe n'ibisata bijewe iterambere ridakumira vyo mu bundi bushikiranganji mu gutunganya iyi Shusho nshasha y'iterambere ridakumira mu Burundi, yo mu mwaka wa 2023.

Iki gikorwa caranguwe ni ngirakamaro cane kubera ko, ugukora ibijanye n'iterambere ridakumira n'iterambere ridakumira mu Burundi, uyu muni n'ejo haza, ni kimwe mu mahirwe ya Afrika muri rusangi, na cane cane mu Burundi, ufatiye ku biburanga muvuye igwirirana ry'abantu n'imibano.

Ni ngombwa rero ko igihugu cacu gishira mu ngiro imbonakazoza y'Uburundi: « Igihugu kiriko kirisununura mu mwaka wa 2040, n'igihugu giteye imbere mu mwaka wa 2060 » ifise intumbero yo « Kunagura imibereho y'abantu/kubaho neza no kugabanya ubusumbasumbane ». Kuri icyo nzira irora mw'iterambere, intumbero y'imbonakazoza ni gutuma igihugu c'Uburundi kiba igihugu kirangwa no kwongereza umwimbu ku buryo burama no gushinga imigambi ituma abantu bizera kubaho kandi baramba vyiyongera, kuba umuntu ashobora



Schweizerische Eidgenossenschaft
Confédération suisse
Confederazione Svizzera
Confederaziun svizra




kwironkera ubwiwe ivyo akenera mu buzima bwa minsi yose, ukugabanya ubusumbasumbane, ukubura akazi n'ubukene ubwaribwo bwose.

Abo bose bagize ico baterereye, mu buryo ubu canke buriya, mw'itunganywa ry'iki cigwa, Leta y'Uburundi irabashimiye bimwe vy'imvamutima ibicishije ku Bushikiranganji bwo Gushigikirana, Imibano, Agateka ka Zina Muntu n'iterambere ridakumira. Turipfuzza ko ibikorwa dukora twese hamwe

vyoshigikira Uburundi, kandi ko umusaruro wavyo wotuma ata murundi n'umwe, yaba umwana, urwaruka canke uwukuze, asigara inyuma y'abandi.


Nyakubahwa Umupfasoni Imelde Sabushimike

Umushikiranganji wo Gushigikirana, Imibano, Agateka ka Zina Muntu n'iterambere ridakumira




INSIGURO Y'IMPFUNYAPFUNYO

ACCES	Kumenya uko uvyifatamwo imbere y'ihindagurika ry'ibihe kugira hakingirwe itunga rifatiye ku mazi n'isi ndimwa
AFJO	Ishirahamwe ry'abakenyezi bamenyeshamakuru mu Burundi
AGR	Ibikorwa bitanga umwimbu
ASBL	Amashirahamwe adaharanira inyungu z'amafaranga
ASC	Umukozi ajejwe amagara y'abantu mu kibano
BAD	Ibanki y'iterambere ry'Afrika
BIDF	Ibanki yo kuronsa imitahe no guteza imbere abakenyezi n'abigeme
BIU	Ishule Kaminuza Mpuzamakungu ry'i Bujumbura
BRARUDI	Uruganda ruhingura ibinyobwa vyambiye n'ibitambiye i Burundi
BRB	Ibanki ya Repubulika y'Uburundi
BSSU	Ishule Kaminuza ryitiriwe Inyenyeri Yakaka i Burundi
CCBG	Umugwi wa Komine ujejwe intwari ibereye
CCDC	Umugwi wa Komine ujejwe iterambere ryo mu kibano
CCDP	Umugwi-karyo k'ibiganiro birama
CCE	Umugwi wa Komine ujejwe ivy'indero
CCEPR	Umugwi wa Komine ujejwe gusibura iminyuro n'amabarabara
CCH	Umugwi wa Komine ujejwe isuku
CCLCVBG	Umugwi wa Komine ujejwe kurwanya amabi afatiye ku gitsina
CCLMEF	Umugwi wa Komine ujejwe kurwanya ugusesagura ubutunzi bw'igihugu
CCPE	Umugwi wa Komine ujejwe gukingira abana
CCPRGC	Umugwi wa Komine ujejwe wo gukinga impanuka no gutunganya neza ibijanye n'ivyaduka
CCPS	Umugwi wa Komine ujejwe gukingira imibano
CCS	Umugwi wa Komine ujejwe gutunganya ivyerekeye gushigikirana
CCSF	Umugwi wa Komine ujejwe gutunganya ivyerekeye amatongo
CDC	Umugwi wo ku mutumba ujejwe guteza imbere ikibano
CDS	Ikigo ntungamagara
CEDEF	Amasezerano mpuzamakungu yo kurwanya icyo cose coza gikumira umukenyezi
CEM	Ikigo cigisha imyuga
CENI	Umugwi wigenga ujejwe gutunganya amatora ku rwego rw'igihugu
CFA	Ikigo cigisha ubukorikori




INSIGURO Y'IMPFUNYAPFUNYO

CFP	Ikigo kinagurira ubumenyi abakozi
CGEC	Umugwi ujejwe gutunganya ishule
CGPE	Umugwi ujejwe amasoko y'amazi
CIRGL	Urwego mpuzamakungu ku karere k'ibiyaga binini
CLD	Imigwi y'iterambere mu kibano
CMSH	Umugwi-huriro ujejwe umutekano
CNC	Urwego rw'igihugu rujejwe kugenzura ibinyamakuru
CNDS	Urwego rw'igihugu rujejwe ibiganiro kuvy'imibano
CNIDH	Umugwi w'igihugu wigenga ujejwe ibijanye n'agateka ka zina muntu
CNS	Urwego rw'igihugu rujejwe umutekano
CNTB	Urwego rw'igihugu rujejwe gutatura amatati y'amatongo n'ayandi matungo
COCOLUS	Umugwi wo ku rwego rwa komine ujejwe kurwanya umugera wa SIDA
COMESA	Isoko rusangi ryo muri Afrika yo mu buseruko n'iy'amajepfo
COSA	Umugwi ujejwe amagara y'abantu
CS/UN	Urwego rw'ishirahamwe mpuzamakungu rujejwe umutekano
CVR	Umugwi ujejwe ukuri no kurekuriranira
DDC	Ubuyobozi bujejwe iterambere no bufashanya n'Ubswisi
DS	Akarere k'ubuvuzi
EAC	Akarere ka Afrika y'Ubuseruko
EALI	Ishule Kaminuza ryitiriwe Afrika y'Ubuseruko ryigisha ivyigwa vy'uburongozi
EASU	Ishule Kaminuza ryitiriwe inyenyeri ya Afrika y'Ubuseruko
ECTIB	Ubushakashatsi ku budandaji bujabuka imbibe butazwi n'amategeko mu Burundi
EICVMB	Ubushakashatsi sahwaya ku mibereho y'ingo n'imiryango mu Burundi
ENSMB	Ubushakashatsi ku rwego rw'igihugu mu bijanye n'ivyo bafungura hamwe n'urugero rw'abapfa mu Burundi
FEM	Ikigega c'Isi Yose gishigikira ibijanye n'ibidukikije
FENADEB	Urunani ku rwego rw'igihugu rujejwe ibijanye n'abana mu Burundi
FIDA	Ikigega mpuzamakungu kijejwe guteza imbere uburimyi
GASC	Imigwi y'abakozi mu gisata c'amagara y'abantu mu kibano
ILUBU	Ishule Kaminuza mpuzamakungu ryigisha uburongozi ry'i Burundi




INSIGURO Y'IMPFUNYAPFUNYO

GIZ	Urwego rw'ubudagi rujejwe gufashanya n'amakungu
IMF	Ishirahamwe ryo kuziganya no kuguranana
INSBU	Ikigo c'igihugu kijejwe kwegeranya ibiharuro-fatiro
INSS	Ikigo c'igihugu kijejwe gutegekaniriza kazoza abakozi
INUSSAD	Ishule kaminuza ryigisha ivy'ubuvuzi n'iterambere
ISD	Ishule kaminuza ryigisha ivy'iterambere
ISEBU	Ishule kaminuza ryigisha kwitunganiriza imigambi ry'i Burundi
ISEG	Ishule kaminuza ryigisha gushinga no gutunganya imigambi
ISGB	Ishule kaminuza ryigisha gutunganya imigambi n'ivy'iterambere
ISGI	Ishule kaminuza ryigisha gutunganya ivy'ubuhinga bwa none
ISIM	Ishule kaminuza ryigisha ivy'idini rya Islam ry'i Muyinga
ISPG	Ishule kaminuza ryigisha ivy'ubuganga ry'i Gitega
ISTEEBU	Ikigo c'igihugu kijejwe ubushakashatsi no kwegeranya ibiharuro-fatiro muvy'ubutunzi
ISTG	Ishule kaminuza ryigisha ubuhinga bwo gutunganya imigambi
IUE	Ishule kaminuza ryitiriwe umurongo-ngaburasi "Equateur"
IUSSDC	Ishule kaminuza ryigisha ivyigwa vy'amagara y'abantu n'iterambere mu kibano
LUC	Ishule kaminuza ryitiriwe Livingisitoni
MFP	Ikigo kijejwe ubwishingizi bw'abakozi ba Leta muvy'amagara y'abantu
MINEAGRIE	Ubushikirangaji bw'ibidukikije, uburimi n'ubworozi
MSP	Ubushikirangaji bujejwe amagara y'abantu
ODD	Amahangiro y'iterambere rirama
ONG	Ishirahamwe ritegamiye Leta
ONPR	Ikigo c'igihugu kijejwe gutunganyiriza abakukurutse n'abakozweko n'impanuka ziturutse kukazi
ONU	Ishirahamwe Mpuzamakungu
PAIFAR-B	Umugambi wo gushigikira ibikorwa vyo kwegera abanyagihugu hagati mu gihugu ibigo vyo kuziganya no kuguranana i Burundi
PAN	Intabo y'ibikorwa ku rwego rw'igihugu
PCDC	Intabo y'iterambere ry'ikibano ku rwego rw'ikomine
PEG	Intabo y'iterambere ridakumira
PF	Umugambi wo kuvyara ku rugero




INSIGURO Y'IMPFUNYAPFUNYO

PIB	Umwimbu-ngereranyo kuri buri muntu mu gihugu
PNB	Urwego rw'igipolisi rw'i Burundi
PNCP-SS-PCE	Umugambi w'igihugu wo gutsimbataza amahoro, ituze mu kibano no kunagura iterambere ry'ubutunzi
PND	Umugambi w'igihugu ujejwe iterambere mu Burundi
PNG	Umugambi ngenderwako w'igihugu ujejwe iterambere ridakumira
PVVIH	Abantu bagendana umugera wa SIDA
RDC	Repubulika iharanira intwari rusangi y'i Kongo
SAN	Umugambi nyamukuru w'igihugu muvuyuburimy
SNS	Umugambi nyamukuru ujejwe ivy'umutekano
TIC	Ubuginga bwa none bwo gutumamanako amakuru
UEA	Ishule kaminuza ryitiriwe Umwizero w'Afrika
ULBU	Ishule kaminuza ryitiriwe umuco ry'i Bujumbura
ULT	Ishule kaminuza ryitiriwe ikiyaga Tanganyika
UMLK	Ishule kaminuza ryitiriwe Maritino Luteri Kingi
UNICEF	Ikigega c'ishirahamwe mpuzamakungu kijejwe ibijanye n'abana
UNR	Ishule kaminuza ryitiriwe Ntare Rugamba
UPG	Ishule kaminuza mpuzabuhinga ry'i Gitega
UPI	Ishule kaminuza mpuzabuhinga ryagutse ryo mu Cibitoke
UPM	Ishule kaminuza sahwaya ry'Afrika ryitiriwe abamajusi
UPRONA	Urunani rw'iterambere ry'igihugu
USA	Ishule kaminuza ryitiriwe ubwitonzi bw'Afrika
VIH	Umugera wa SIDA
VSGB	Amabi yo gushurashuzwa ku nguvu n'afatiye ku gitsina




URUTONDE RW'IBIBARIKO

Ikibariko ca 1:	Ikoreshwa ry'amafaranga ya Leta mu mwaka wa 2022 ushira uwa 2023	28
Ikibariko ca 2:	Uruhara mu bibanza bica mu matora	34
Ikibariko ca 3:	Uruhara mu bibanza vya politike n'ivy'ubuhinga bidaca mu matora	35
Ikibariko ca 4:	Uruhara mu nzego n'imigwi vy'igihugu	36
Ikibariko ca 5:	Uruhara mu Bushikiranganji bw'Ubutungane	37
Ikibariko ca 6:	Ibharuro vy'abakenyezi b'abasirikare mu bikorwa vyo kubungabunga amahoro	38
Ikibariko ca 7:	Igitigiri c'abagabo, abagore, abakobwa, n'abahungu bahohotewe mu bijanye n'amabi afatiye ku gitsina mu myaka ya 2015-2022	41
Ikibariko ca 8:	Igitigiri c'abahuye n'amabi afatiye ku bitsina baronse ubufasha bufatiye ku kwitabwaho mu vy'ingwara y'ihahamuka	43
Ikibariko ca 9:	Ama dosiye y'imanza zijanye n'amabi afatiye ku gitsina ku mabi afatiye ku bitsinabitsina zaciwe na Sentare nkuru na sentare zisubiramwo imanza z'igihugu kuva muri Nzero gushika muri Kigarama umwaka wa 2022	43
Ikibariko ca 10:	Igitigiri c'abahohotewe canke bahuye n'amabi afatiye ku gitsina baronkejwe ubufasha bakeneye bwose nk'uko bitegekanywa n'amategeko asanzweho	44
Ikibariko ca 11:	Igitigiri c'abahuye n'amabi afatiye ku gitsina nk'uko vyatohojwe n'igisata c'igipolisi kijejwe gukingira urwaruka n'imico kuva muri Nzero gushika muri Kigarama umwaka wa 2022	44
Ikibariko ca 12:	izina ry'igikorwa ntsimbataza-mibano n'uwagikorewe.....	47
Ikibariko ca 13:	Ugusuzuma ko iterambere ridakumira ryisunzwe mu buryo bw'amafaranga Leta y'Uburundi ikoresha	58
Ikibariko ca 14:	Impapuro ndangatongo zatanzwe.....	60
Ikibariko ca 15:	Uko ibintu vyifashe ku ruja n'uruza mu bihugu vya Afrika y'Uburundi.....	63
Ikibariko ca 16:	Abasavye ubuhungiro i Burundi	63
Ikibariko ca 17:	Igabanganywa ry'ibitigiri vy'abantu bashasha baje kwivuzi kuri buri karere k'ubuvuzi hisunzwe imyaka mu mwaka wa 2021	70
Ikibariko ca 18:	Ibitigiri vy'abakenyezi bemeye gukoresha uburyo bwo gukinga imbanyi muri buri karere k'ubuvuzi mu mwaka wa 2021	71
Ikibariko ca 19:	Igitigiri c'abanyeshule bamenyekanye ko batwaye inda ku ntara ku ntara hamwe no ku mwaka ku mwaka	72
Ikibariko ca 20:	Ibharuro vyegeranijwe kw'igenekerezo rya 15 munyonyo 2021	75
Ikibariko ca 21:	Incamake y'uko isuku ryifashe bivanye n'ubwoko bw'ishule	77
Ikibariko ca 22:	Ihindaguritse ry'ibiharuro mu mashure ya kaminuza (2011-2021).....	78
Ikibariko ca 23:	Ivy'ijana vy'abanyeshule bo muri kaminuza kuva mu mwaka wa 2011-2022.....	79
Ikibariko ca 24:	Ivyinjira ufatiye ku gihugu bije bivamwo (mu ma miliyoni y'amafaranga y'amarundi n'ivyijana)	81
Ikibariko ca 25:	Uko ibigo bitangirwamwo amafaranga bigabanganijwe mu ntara (701 vyose hamwe	85
Ikibariko ca 26:	Uko ibitigiri vyagiye birahindagurika vy'abasaba ingurane ufatiye kw'iterambere ridakumira kuva mu mwaka wa 2014 gushika muwa 2016.....	85
Ikibariko ca 27:	Igisata c'abigenga bakorera mu mategeko hamwe n'igisata c'abigenga bakorera mu nzira zitazwi n'amategeko.....	88
Ikibariko ca 28 :	Uko ibintu vyifashe ufatiye ku gitsina mu bakozi bo mu buzi butobuto n'ububayabaye kwasasumwe	89
Ikibariko ca 29:	Igitigiri c'abantu bakingiwe mu nzego zo gukinga impanuka no gutegekaniriza kazoza abanyagihugu....	90
Ikibariko ca 30:	Abakukuruke baronswa pansiyi n'ikigo c'igihugu kijejwe gutunganiriza abakukuruke n'abakozweko n'impanuka ziturutse ku kazi - ONPR: 2019-2021.....	91
Ikibariko ca 31 :	Igitigiri c'abakukuruke baronswa pansiyi na ONPR ufatiye ku gitsina n'ubwoko bwa pansiyi	91
Ikibariko ca 32:	Ibitigiri vy'abaronswa pansiyi hisunzwe ubwoko bwa pansiyi n'igitsina muri INSS.....	92




URUTONDE RW'IBIBARIKO

Ikibariko ca 33:	Ibitigiri vy'abaronswa inshumbusho y'impanuka hisunzwe ubwoko bw'impanuka n'igitsina muri INSS....	92
Ikibariko ca 34:	Ibitigiri vy'abanywanyi b'amashirahamwe yo kuvuzanya hamwe n'abavuzwa n'abanywanyi hisunzwe ishirahamwe rimwe rimwe ukwaryo mu mwaka wa 2021	93
Ikibariko 35:	Isoko y'amafaranga yinjizwa n'igice kinini c'abakenyezi mu kibano.....	98
Ikibariko ca 36:	Ibisata vyihutirwa n'ibishobora gukorwa.....	98




IBIRIMWO

UMUGWI WATEGUYE IKI GIKORWA	1
GUKENGURUKA	2
INYINJIZO.....	3
INSIGURO Y'IMPFUNYAPFUNYO.....	6
URUTONDE RW'IBIBARIKO	10
INCAMAKE.....	14
Intangamarara	18
0.1. Isoko n'uko vyifashe	18
0.2. Amahangiro n'ibirabwa muri iki cegeranyo	19
0.3. Uburyo ibikorwa vyatunganyijwe	19
0.4. Inyubako y'iyi shusho	19
Ikigabane ca I : amategeko agenga uburundi n'ivyo bwiyejeje mu bijanye n'iterambere ridakumira	22
I.1. Amategeko n'amabwirizwa ku rwego mpuzamakungu n'urwarakarere.....	23
I.2. Urufatiro rw'ivyisungwa mu gihugu muvya amategeko na politike	25
I.3. Ibijanye n'inzego.....	26
I.4. Ku bijanye n'amafaranga	27
Ikigabane ca II : Umwihwezo ufatiye kw'iterambere ridakumira na cane cane umukenyezi mu bisata bikomakomeye..	32
II.1. Uruhara hamwe n'uburongozi bw'abakenyezi	32
II.2. Abakenyezi, amahoro n'umutekano	38
II.3. Amabi afatiye ku gitsina akorerwa abakenyezi n'abigeme	39
II.4. Abatitaweho n'umubano udakumira.....	46
II.5. Abana n'urwaruka	48
II.6. Ibiyigirije n'ihindagurika ry'ibihe	53
II.7. Ikibanza c'iterambere ridakumira mw'itunganywa ry'amafaranga akoresheya	57
II.8. Ubutungane bufatiye ku butunzi n'ibituma umwimbu wiyongera	58
II.9. Uruja n'uruza njabukambibe.....	62
II.10. Uburimyi n'ubworozi.....	65
II.11. Ibinyamakuru n'ubuhinga bwa none bwo gutumatumana.....	67
II.12. Amagara y'abantu, umugera wa SIDA n'irondoka rijanye n'amagara meza	69
II.13. Indero n'ukwigisha gusoma n'ukwandika	74
II.14. Ukuja hamwe n'ibindi bihugu n'ubutunzi njabukambibe	80



IBIRIMWO

II.15. Inganda zicukura ubutare n'amasoko ntanganguvu	82
II.16. Kwegereza ibigo bitanga amafaranga abafise imigambi yo kwiteza imbere	84
II.17. Akazi kemewe n'amategeko, ibikorwa bidahemba no gutegekanirizwa kazozo	89
Ikigabane ca III : Ibisata bikuru bikuru hamwe n'ivyokorwa	95
III.1. Uko iterambere ridakumira ribonwa hisunzwe ivyavuye mu matohoza.....	95
III.2. . Ibisata vyihutirwa n'ibishobora gukorwa.....	98
III.3. Ibisabwa vyo gusozera	107
Ku burongozi bw'igihugu	107
Ku begwa n'ikibazo c'iterambere.....	107
Ku mashirahamwe adaharanira ivyicarwo vya politike n'imigambwe	107
Ku bikorera utwabo	108
UGUSOZERA	109
INYONGERA	110
Inyandiko Zisunzwe	110



INCAMAKE

Iki cegeranyo gikomoka mu gikorwa caranguwe n'Ubushikiranjanji bwo Gushigikirana, Imibano, Agateka ka Zina Muntu n'iterambere ridakumira, bufashijwe n'Igisata c'Ishirahamwe Mpuzamakungu ONU kijejwe iterambere ridakumira n'iterambere ry'abakenyezi, Ibanki y'iterambere ry'Afrika hamwe n'Igisata ca Leta y'Ubuswisi kijejwe iterambere no Gufanya. Abandi baterereye kugira iyi Ishusho y'iterambere ridakumira mu mwaka wa 2023 iranguke ni abafasha mw'iterambere hamwe n'ibisata bijejwe ivy'iterambere ridakumira. Iyo shusho ni igikoresho kirimwo ubumenyi mu bijanye n'iterambere ridakumira mu Burundi kugira hashobore gushirwa mu ngiro ibikorwa igihugu cyemeje ku rwego mpuzamakungu, mu karere no ku rwego rw'igihugu nyene, mu ntumbero yo guharanira iterambere ridakumira na cane cane abakenyezi n'abigeme. Mu ntambuko zikurikira incamake, dusangamwo ibigabane bikuru bikuru vy'ico cegeranyo.

Intangamarara y'iki cegeranyo yerekana isoko n'ibihasanze biri mu Burundi. Turetse aho buherereye kw'isi n'uko ikibano cabwo cifashe, kiranasigura uko Uburundi bwifashe mu bijanye na politike, imibano n'ubutunzi bifise inkurikizi kw'iterambere ridakumira na cane cane umukenyezi. Uko bimeze mu gihugu kirerekana umugambi w'igihugu ujejewe iterambere (PND 2018-2027) wo wabaye ikintu gikomeye cane mu nzira yo gutanguza intumbero nshasha yo *"gutuma ubutunzi bwiyongera ku rugero runini, atawe busize inyuma kandi ku buryo burama bigatuma haba impinduka ziboneka kugira habe iterambere ku munyagihugu ndetse n'iterambere rya bose"*. Uretse umugambi w'igihugu ujejwe iterambere ridakumira, umugambi PND ni akandi karyo gatuma umuntu ateza imbere urugero rw'iterambere ridakumira yaba Abagabo, yaba abakenyezi, ukaza ushigikira amategeko mpuzamakungu mu ntumbero y'amahangiro y'iterambere rirama - ODD Uburundi bwiyemeje gushikako. Nk'uko ishusho iheruka yasohotse mu mwaka wa 2012, inagurwa y'icegeranyo cerekana uko iterambere ridakumira ryifashe mu Burundi ni ikintu cumvikana kandi gikwiye kuraza ishinga Leta y'Uburundi n'abandi bose bafashanya, vyerekeye mu ntumbero y'ivyo basanzwe barangura kugira bashigikire ibikorwa birangurwa na Leta y'Uburundi.

Amahangiro y'iyi shusho ni ukwihweza ibisata nyamukuru ufatiye ku bisanzwe bifise inkurikizi igira ico ihinduye kw'iterambere ridakumira na cane cane umukenyezi. Ano mahangiro arerekana neza ibisabwa kugira habe ihinyanyurwa ry'imigambi ngenderwako ku rwego rw'igihugu. Uburyo ibikorwa vyakozwe bugizwe n'igikorwa co gusoma ivyanditswe no kwishikira ku rubuga kuraba uko vyifashe kugira hashobore kwegeranywa ivyavuye mu bushakashatsi haba mu buryo bw'ibiharuro canke mu buryo bwo kudondora uko ibintu bimeze. Ubuhinga bwo kubikora, bwatumye hashobora gushikirwa abo bose bafise ico baterera muri ubu bushakashatsi baba abo muri Leta

canke abatari muri Leta, nabwo bwarafashije mu gikorwa co kwegeranya amakuru.


Ikigabane ca mbere c'iki cegeranyo cerekeye ibijanye n'amategeko n'ivyo Leta y'Uburundi yishimikiza mu mugambi ngenderwako wayo w'iterambere ridakumira haba ku rwego mpuzamakungu, ku mugabane wa Afrika, no mu karere. Hariho kandi n'amategeko n'ivyo yiyemeje ku rwego rw'igihugu ahanini dusanga mu ngendo z'ibwirizwa shingiro, amategeko n'amabwirizwa yinjijwe mu mategeko agenga igihugu. Hariho n'urutonde rw'imigambi hamwe n'inzego dusanga mu vyandiko vy'imigambi ngenderwako, itunganya ingendo y'iterambere muvy'imibano n'ubutunzi mu Burundi, ariko kandi biciye mu nzego za Leta na cane cane ubushikiranjanji bujewe gushigikirana, imibano, agateka ka Zina Muntu n'iterambere ridakumira. Iki kigabane kiranavuga ku bijanye n'ubutunzi ari nabwo buri karahara mu ruganda ntibacura mu migambi iyariyo yose ifise intumbero yo gushikana igihugu icarico cose kw'iterambere muvy'ubutunzi n'imibano.

Muri ico, kigabane ca mbere, ivyashitsweko bidondorwa muri ibi bikurikira:

- Amategeko n'amabwirizwa yashobora guteza imbere no gutsimbataza iterambere ridakumira na cane cane umukenyezi arakwiye, mu gihe cose yashirwa mu ngiro nk'uko bibereye. Naho biri uko, ibisata bijanye n'ukwubaka imiryango, ugutorana no kugaba, biracagengwa n'imico n'akaranga k'uko vyamye bikorwa kuva na kera kandi bitorohereza umukenyezi.
- Vyinshi vyarakozwe kugira haboneke amategeko arimwo ingingo zihagarira kwubahiriza iterambere ridakumira na cane cane ko abakenyezi baja mu bibanza vy'abatorwa co kimwe n'abagabo no mu rwego rw'igihugu rujewe gutunganya ivy'amatora.
- Ibijanye n'inzego hamwe n'ivyo ubutunzi biracakeneye guhinyanyurwa.

Ikigabane ca kabiri cihweza ibisata 17 nyamukuru nk'uko biri kandi bitegekanywa mu gihugu kugira hashikwe ku mahangiro y'iterambere rirama, umugambi PND, hamwe n'amahangiro dusanga mu mugambi ngenderwako w'igihugu ujejwe iterambere ridakumira.

Ivyo bisata bigizwe na: (1) Uruhara hamwe n'uburongozi bw'abakenyezi, (2) Abakenyezi, amahoro n'umutekano; (3) Amabi afatiye ku gitsina akorerwa abakenyezi n'abigeme, (4) Abatitaweho n'umubano udakumira, (5) Abana n'urwaruka, (6) Ibidukikije n'ihindagurika ry'ibihe, (7) Ibibanza c'iterambere ridakumira mw'itunganywa ry'amafaranga akoreshwa, (8)



Ubutungane bufatiye ku butunzi n'ibituma umwimbu wiyongera, (9) Uruja n'uruza njabukambibe, (10) Uburimi n'ubworozi, (11) Ibinyamakuru n'ubuhinga bwa none bwo gutumatumanako, (12) Amagara y'abantu, umugera wa SIDA n'irondoka rijanye n'amagara meza, (13) Indero n'ukwigisha gusoma n'ukwandika, (14) Ukuja hamwe n'ibindi bihugu n'ubutunzi njabukambibe, (15) Inganda zicukura ubutare n'amasoko ntanganguvu, (16) Kwegera ibigo bitanga amafaranga abafise imigambi yo kwiteza imbere, (17) Akazi kemewe n'amategeko, ibikorwa bidahemba no gutegekanirizwa kazoza

Umwihwezo w'ivyo bisata washikanye ku bikurikira:

- Igikorwa kidasanzwe carakozwe kugira amakuru n'ibiharuro bishobore kuboneka. Nkako, ubushikiranganji burasohora ivyegeranyo birimwo ibiharuro-ngereranyo kugira bagume banagura amakuru bafise. Ariko, ubushinguro bw'amakuru ajanye n' iterambere ridakumira ku rwego rw'igihugu haboneka ko ubushikiranganji bubijewe budafise amakuru canke ibiharuro bikwiye nk'uko biba bikenewe;
- Ibisata bijanye n'abakenyezi bari mu nzego z'intwari; amabi afatiye ku gitsina akorerwa abakenyezi; abagore, amahoro n'umutekano vyaratejwe imbere biboneka na cane cane kubera ibiharuro bishingwa n'ibwirizwa shingiro, gushiraho itegeko ryihariye kurwanya amabi afatiye ku gitsina akorerwa abakenyezi n'abigeme hamwe n'intabo yo gushira mu ngiro ingingo 1325 ya ONU, Uburundi bugeze ku mpinyanyuro ya gatatu y'iyi ngingo;
- Ukwongereza ubushobozi bw'abakenyezi vyarateye imbere kuva aho hashingiwe ibanki ironsa imitahe abagore ngo biteze imbere (BIDF), umugambi nyamukuru w'amashirahamwe y'abarimiyo yo kuziganya no kuguranana – AVEC;
- Ukwongereza urugero rwo kwegera abanyagihugu ibigo vyo kuziganya no kuguranana biturutse ku buhinga bwo guhanahana amafaranga no gukora ubudandaji babicishije mu buhinga ngurukanabumenyi (ubudandaji ku buhinga ngurukanabumenyi);
- Kuba hari ubushake bw'abarongoye igihugu mu ntumbero yo gushira mu ngiro imigambi ngenderwako, imigambi nyamukuru, amasezerano ajanye n' iterambere ridakumira na cane cane umukenyezi, hamwe n'ivyo bemereye abakenyezi. Ariko, amabi afatiye ku gitsina akorerwa abakenyezi n'abigeme abandanya asasika inganda cane cane mu bigeme. Ibikorwa vyose ntibizana impinduka yitezwe ahanini kubera ababikoze badahanwa vyongeye ku ngendo mbi ifatiye kuko umukobwa canke umugore asanzwe afatwa mu kibano hisunzwe imico n'akaranga;
- Urwaruka rurahagaritswe umutima n'ubukeneye mu miryango no kuba batagira ico bakora. Hibazwa kandi


ku bijanye n'igitigiri kiguma cyongera c'abana hamwe n'abakuze basega ndetse n'abana bo mw'ibarabara.

Igikabane ca gatatu c'iki cegeranyo cerekana neza ibishoboka, kirongera kikerekana ivyokorwa mw'iterambere ridakumira na cane cane umukenyezi mu Burundi. Ufatiye kuvyibonewe vyashikirijwe mu igikabane giheruka, iki gice kirashikiriza ibishobora guhinduka kugira hashikweko ihangiro nyamukuru mu Burundi.

Ico igikabane nyene cerekana ibishobora gukorwa mu rukiramende rufise inkuta zine zigizwe n'intambanyi zihari, amahirwe n'inzira z'ivyokorwa, vyose hamwe bifatiye ku bisata 17 nyamukuru bigize iyi Ntabo. Kiravuga kandi ku bisabwa, vyinshi muri vyo bikomoka mu biyago vyakozwe mu gihe c'amatohoza mu ntara icenda z'igihugu nka: Igisagara ca Bujumbura, Cankuzo, Cibitoke, Gitega, Kayanza, Makamba, Musinga, Mwaro, na Rumonge. Ivyo bisabwa bizokwegeranywa bivanye n'uko bigenewe: abari mu ntwaro, abafashanya n'Uburundi mw'iterambere, amashirahamwe adaharanira ivyicarwo vya politike hamwe n'abikorera utwabo.

Ibikorikira bifatwa nk'inzira z'ivyokorwa kugira hongerezwe urugero rw' iterambere ridakumira na cane cane abakenyezi. Ivyo bisabwa ni ivyihuta vyoterera mu guhindura ningoga ibikenewe kugirango Abagabo n'abakenyezi banganye amahirwe mw'iterambere ry'igihugu maze naco gishike kw'iterambere rirama. Birasabwa:

- Gushinga inzego zijanye n'ivyo abarundi n'abarundikazi bipfuzwa; hitezwe: ubushikiranganji bujewe iterambere ridakumira na cane cane abakenyezi ata numwe yibagiwe no gukomeza ibisata bijanye.
- Kuraba neza ko imigambi y'itunganywa ry'amafaranga akoresha mu bisata bitandukanye vya Leta biha ikibanza iterambere ridakumira na cane cane umukenyezi.
- Gukora ku buryo Abagabo, abakenyezi, abigeme n'abahungu bangana kandi banganya amahirwe yose mu bibanza vy'abatowe mu gihe co guhinyanyura itegeko rigenga amatara. Imigambwe ibwirizwa kugumiza ico kintu ku muzirikanyi kandi igakora ibishoboka vyose kugira kino kiranguke mw'itunganywa ry'ivy'igihugu vyose.
- Gutuma, uko bishoboka kwose, abantu bashobora kugira uburenganzira bwo kuronka amatongo, ari narwo rufunguruzo nyarwo rw'ukwongerereza umwimbu mu gihugu kigizwe n'ibice 90% vy'abarimiyo babeshejweho n'amatongo arimwa. Ibi navyo bizoca mw'itegeko ku bijanye n'itunganywa ry'ingo, ugutorana no kugaba. Ko umukenyezi agira uburenganzira bwo gushikira ibindi vyose bifasha mu kwongereza umwimbu, nk'inyubako rusangi n'umuyagankuba.



Direction du développement
et de la coopération DDC




5. Guteza imbere ibijanye n'irondoka rijanye n'amagara meza rifatiye ku kuvyara ku rugero kugira tugabanye inkurikizi z'ubukene mu banyagihugu.
6. Kugira umwete mu gutorera inyishu ikibazo c'amabi afatiye ku gitsina, urudandazwa rw'abantu, maze izo nyishu zize ku bwinshi kandi zifatira hamwe ubwo bwoko bwose bw'amabi kandi ku buryo burama.

Mu gusozera, iki cegeranyo gisozerwa n'ubutumwa bw'umwizero ko inzego za Leta, abafasha muvy'iterambere, amashirahamwe adaharanira ivyicaro vya politike, abikorera utwabo, bazokigira icabo nk'igikoresho kirimwo ubumenyi kandi kibafasha gutunganya imigambi yabo mu Burundi.



INTANGAMARARA



Intangamarara

1. Isoko n'uko vyifashe

Nk'igihugu cisanga mu karere ka Afrika yo hagati n'akarere ka Afrika y'ubuseruko, Uburundi ni igihugu kigizwe n'imisozi myinshi kandi kidakora kw'ibahari, kiri hepfo, y'umurongo ngaburasi, gihana urubibe n'igihugu ca Repubulika iharanira intwari rusangi y'i Kongo mu burengeru, Urwanda mu maja ruguru n'igihugu cunze ubumwe ca Tanzaniya mu buseruko no mumajepfo. Gifise uburinganira bungana n'ibirometero kwadarato ibihumbi mirongi ibiri n'indwi n'amajana umunani na mirongo itatu na bine (27.834km²) kandi gifise abantu bangana imiliyoni icumi na zibiri n'ibice mirongo ibiri na bitandatu (12,26 millions d'habitants) muri bo ibice mirongo itanu n'ibice bine bigizwe n'abakenyezi (50.4% femmes), Uburundi ni kimwe mu bihugu bifise igitigiri c'abanyagihugu kiguma cyongera n'ingoga na ningoga (ku bice 3% ku mwaka)¹ hanyuma dusanga abantu bashika 463 kuri buri kirometero kwadarato.

Nk'igihugu gishirwa ku rutonde rw'ibihugu bikenye kurusha ibindi kw'isi, Uburundi buba muni y'urugero ruto rushoboka rw'ubukene, ubutunzi bw'igihugu ahanini bufatiye ku burimyi n'ubworozi (80% y'amatongo arimye) bukoresha, dufatiye ku biharuro vyo mu mwaka wa 2019, hafi ibice 94% vy'abakenyezi n'abigeme hamwe na hafi y'ibice 78% vy'abagabo n'abahungu³. Ikibazo c'igwirirana ry'abantu gituma amatongo aremerwa n'abayarima, bigaca bigabanya akanovera k'isi kandi ugufungura nabi no kubura ivyo umuntu afungura bibandanya vyigaragaza mu gice kinini c'abarundi na cane cane ko uburimyi bukorwa mu Burundi ari ubwo gutunga imiryango bigorana ko bunatanga umwimbu uhaza abari mu rugo. Hanyuma, Uburundi bufise ikibanza ca 164 ku bihugu 182 mu bijanye no kuvyifatamwo imbere y'inkurikizi zijanye n'ihindagurika ry'ibihe ugereranije n'impungenge ziranga ibihugu bifise ubutunzi butaratsimbatare.⁴

Mu ntumbero yo guhangana n'ibibazo bijanye n'iterambere muvy'imibano n'ubutunzi, Uburundi bwariyemeje, kuva mu mwaka wa 2017, mu ntumbero yo kunagura ubutunzi no gusarura ku nyungu y'amahoro mu gukoresha amahirwe n'ubushobozi vyose bufise kugirango bushobore gushikana igihugu kw'iterambere. Ukuba umugambi w'igihugu ujejwe iterambere PND 2018-2027 watunganijwe umwe wese abigizemwo uruhara ni ikintu gihambaye mu nzira yo gutanguza uburyo bushasha bwo « gutuma haba iyongerekana ry'iterambere rikomeye, ridakumira kandi rirama rituma haba ibihindutse biboneka kugira ngo haboneke iterambere ry'umwe umwe n'irya bose »⁵. Umugambi PND,

urerekana neza umugambi ngenderwako unaguye ujejwe iterambere ridakumira (PNG 2012-2025) utanga akaryo nyako ko guteza imbere iterambere ridakumira no gufatira abagabo n'abakenyezi ku rugero rumwe, ndetse ivyo, biranatanga icizere nyaco co gushikana Uburundi kw'iterambere rirama. Muri iyo ntumbero, uno mugambi uranatanga intumbero ishobora gukurikizwa n'ibindi bisata vyose.

Umugambi w'igihugu w' iterambere ridakumira uremeza ko kudakumira ari ikidasanzwe mu bijanye n'agateka ka zina muntu, ni ikintu gikomeye mu ntumbero yo gushikana kw'iterambere rirama no guteza imbere ubutunzi kuri bese.

Uburundi bwerekanyiriza ukwo gushikana kwubahiriza iterambere ridakumira mu kwemeza no gushikana umukono ku mategeko mpuzamakungu, yo mu karere n'ayo mu gihugu.

Nka kimwe mu bihugu bigize imiryango y'ibihugu bisangiye akarere na mpuzamakungu, Uburundi buritabira na ntaryo ibikorwa vy'amashirahamwe yo mu karere (Ishirahamwe ry'ibihugu vy'Afrika - UA, Ishirahamwe ry'ibihugu vyo muri Afrika y'ubuseruko - EAC, Ishirahamwe ry'ibihugu vyo muri Afrika yo hagati - CEEAC, Isoko Rusangi ry'ibihugu vyo muri Afrika y'ubuseruko na Afrika y'epfo - COMESA, Igisata c'Ishirahamwe Mpuzamakungu kijejwe gukurikiranira hafi akarere k'ibiyaga binini - CIRGL) na mpuzamakungu (ONU) kandi biri mu ntumbero yo guteza imbere ukudakumira na cane cane umukenyezi. Bityo, ukwemeza imbonakazozo yo mu mwaka wa 2025 hamwe no gushinga umugambi w'igihugu ujejwe ukubumbatira amahoro n'umutekano mu kibano hamwe no guhimiriza iterambere mu butunzi, (PNCP-SS-PCE) biri mu ntumbero y'amahangiro n'imigambi ngenderwako mpuzamakungu - ODD. Bisubiye, uburyo bwo gufashanya n'abasanzwe bafashanya n'Uburundi buri muri iyo ntumbero nyene ishigikiye n'abarongoye igihugu mu nzira yo gushikana igihugu kw'iterambere rirama kandi ridakumira. Nkako, umugambi wo gufashanya n'ishirahamwe mpuzamakungu mu ntumbero yo gushikana kw'iterambere rirama (2023-2027) ry'Uburundi ufise ihangiro ryo gushikana « ku gihugu gitunze, atawukumirwa, kandi cifashe mu mwaka 2027 »². Bisubiye, Ibanki ijejwe iterambere ry'Afrika (BAD) irafise icegeranyo cerekana neza umugambi nyamukuru w'igihugu (2019-2023) cerekana ko « iterambere ridakumira mu butunzi bubwirizwa kuba igituma haba iterambere no kuja hamwe n'ibindi bihugu ».


1 data.worldbank.org 2021, Population-Burundi

2 Vyaharuwe ufatiye ku biharuro-fatiro bisanzweho. World Food Programme 2022,

3 data.worldbank.org 2019 Employment in agriculture

4 The Notre Dame Global Adaptation Initiative Country Index [Rankings \(gain.nd.edu\)](https://www.gain.nd.edu/)

5



Dufatiye ku rwego mpuzamakungu, Leta y'Uburundi n'abo bafashanya barumvikanye gushirahamwe inguvu kugira bashobore

2. Amahangiro n'ibirabwa muri iki cegeranyo

Ihangiro ryifuzwa gushikwako ni gutegura ishusho y'iterambere ridakumira i Burundi (PPEG). Iyi shusho izotubera icegeranyo c'ubumenyi butuma turonka icitegererezo c'ivyiyumviro bijanye n' iterambere ridakumira i Burundi kugira hashirwe mu ngiro ivyo igihugu cyemeje ku rwego mpuzamakungu, kurw'akarere no mu gihugu nyene mu ntumbero yo guteza imbere kurusha ubushobozi abakenyezi n'abigeme. Iyo shusho yerekana ibi bikurikira :

1. umwihwezo w'uko abakenyezi, Abagabo, abigeme n'abahungu bamereye mu bisata bitandukanye vy'ubuzima bw'igihugu, ivyateye imbere, intambanyi z'igihugu ugereranije n'ivyo igihugu gisabwa kandi cyemeje ku rwego mpuzamakungu, mu karere no mu gihugu ;
2. umwihwezo kuvyerekeye iterambere ridakumira na cane cane abakenyezi mu bisata bikuru bikuru bijana mw'iterambere, n'imigambi ngenderwako ngengabisata isanzwe ifise uruhara mw'iyubahirizwa ry'iterambere ridakumira na cane cane kuronsa ubushobozi bwoteza imbere abakenyezi n'abakobwa ;

3. Uburyo ibikorwa vyatunganyijwe

Iyi shusho yasuzumye ibisata vyinshi mu gukoresha uburyo bwo guharuro no kugereranya akanovera. Mu guhitamwo ibisata muri ubu bushakashatsi, hisunzwe ibifatirwako mu gihugu kugira haboneke iterambere rirama, ibisata vy'amahangiro rusangi y'iterambere rirama ODD, ibisata vy'umugambi w'igihugu PND hamwe n'intumbero nyamukuru z'umugambi PNG.

Mu kurangura buno bushakashatsi, vyabaye ngombwa gushika ku rubuga kugira hegeranywe amakuru inyuma yo gusoma ivyandiko bitandukanye. Ukwegeranya amakuru ku rubuga

Ivyafatiweko mu kwegeranya amakuru

Mu gihe co kwegeranya makuru, uburyo bwo guhitamwo ibifatirwako kwabaye uguhitamwo hageragejweko imice yose iserukirwa kugira ntihabe ukwihenda kandi ko bose mu bageramiwe bakunda no gukumirwa bashobore gushikirwa. Uguhitamwo abishura ibibazo, kwatunganyijwe ku rwego rw'igihugu (abarongoye amashiramwe yigenga bagera kuri 50 yo mu gihugu na mpuzamakungu, ibigo bikora ubushakashatsi bikorera i

4. Inyubako y'iyi shusho

Uru rwandiko rugabuye mu bice bitatu bikurubikuru bitangurirwa n'intangamarara bigaherezwa n'ugusozera.

gushiraho intabo y'urugero rw' iterambere ridakumira inaguye hafatiwe ku yaheruka ya 2012.


(3) umwihwezo wimbitse w'uruhara rw'umwe umwe wese mu bijanye n'iterambere ridakumira, ibikenewe, amahirwe ahari, ukwitabira ibiyago bifatirwamwo ingingo, kuronka akaryo ko gushikira ibikenewe, ubushobozi bw'abakenyezi, Abagabo, abakobwa n'abahungu mu kwubahirizwa mu gateka kabo umwe wese ku giti ciwe ufatiye ku bigabane, bisata, ku mahinguriro ;

(4) ibisabwa mu ntumbero yo kunagura imigambi y'igihugu mu kwerekana neza inzira z'ivyokorwa kugira hongerezwe umurindi w'ubushobozi bw'abakenyezi no kugabanya ikumirwa, n'uko vyoshirwa mu ngiro kugira haterwe intege ibituma hahindurwa ingendo, na cane cane mw'itunganywa ry'amafaranga akoreshwa ariko yisunga iterambere ridakumira hamwe n'ibiza imbere y'ibindi ku rwego rw'igihugu nk'uko tubisanga mu mugambi w'igihugu ujejwe iterambere – PND (2018-2027).

vyafashijwemwo n'abatanze amakuru biyumviriweko ku rwego rw'igihugu, mu ntara hamwe n'abaserukira ibisata bijejwe iterambere ridakumira na cane cane umukenyezi mu bushikiranganji bubijejwe. Hanyuma, ibikoresho vyo kwegeranya amakuru vyatunganyijwe n'imigwi yo guhanahana ivyiyumviro irashingwa ndetse n'ibiyago n'abanyagihugu ubwabo. Vyatunganyijwe mu ntumbero yo kwegeranya amakuru yo gukoresha mw'itegurwa ry'iyi shusho PEG.

Bujumbura n'abandi bafashanya na Leta, abategetsi 18 bo mu bisata biraba iterambere ridakumira ryo mu nzego za Leta, abatanga nkuru bizigiwe 30 bo mu butegetsi, mu mashiramwe adaharanira ivyicarwo vya politike no gisata c'ama kaminuza hamwe n'abafasha mw'iterambere). Kurubwo abantu bose hamwe bangana na 306 b'ibitsina bitandukanye baraterereye ivyiyumviro muri iki cigwa, ku rwego rw'intara.

Intangamarara yerekana muri rusangi ingene ihgihugu cifashe, kugirango habe gutahura urufatiro n'ibituma hategurwa iyi Ishusho y'iterambere ridakumira mu Burundi. Harerekanwa



amahangiro, aho izo nyigisho zoshika hamwe n'ubuhinga bwifashijwe mu gushira igice c'abobazwa n'urukurikirane rwo kwegeranya amakuru.

Igice cambere cerekana ingene politike n'ubutungane vyifashe mu kubihuza n'intumbero ngenderwako mpuzamakungu canke y'uburere ku bijanye n'iterambere ridakumira Uburundi busanzwe bwareme ye kwinjiramwo. Ico gice kirekana kandi ico igihugu cisunga, haba mu bijanye n'ubutungane, inzego n'ubutunzi.

Igice ca Kabiri cihweza ibisata vyose uko ari 17 vyatowe nka nyamukuru canke ibisata n'amahinguriro bihambaye mw'iterambere

ry'Uburundi. Ico gice cihweza vyimbitse ivyerekeye iterambere ridakumira na cane cane abakenyezi hisunzwe intumbero z'impinyanyuro za PND, ariko kandi hakisungwa n'ivyashizwe imbere bijanye n'amahangiro y'iterambere rirarama (ODDs).

Igice canyuma ciga intango zihari ku bikorwa n'uturyo tw'ibisata vyahiswemwo mu guta intumbumbere y'ivyokorwa vyerekezwa ku butegetsi bw'igihugu, ku bafasha mw'iterambere, ku mashirahamwe ataharanira ivyicarwo vya politike n'abikorera utwabo. Ico gice gikurikirwa no gusozera mu ncamake.



IKIGABANE CA 1

**AMATEGEKO AGENGA UBURUNDI
N'IVYO BWIYEMEJE MU BIJANYE
N'ITERAMBERE RIDAKUMIRA**

IKIGABANE CA 1

AMATEGEKO AGENGA UBURUNDI N'IVYO BWIYEMEJE MU BIJANYE N'ITERAMBERE RIDAKUMIRA




Ico kumenya ca 1

Urufatiro rw'icitegererezo rubonwa neza: Urufatiro rw'amategeko n'inzego vy'Uburundi bibonwa neza (gutora, gusubiramwo, kwemeza, gushira mu ngiro). Urugero rwo kumenya urwo rufatiro ku bakonyezi n'abagabo n'ikimenyetso c'inguvu zo gukwiragizwa kw'inyandiko z'amategeko yerekeye iterambere ridakumira na cane cane umukenyezi. Naho biruko, amafaranga agenewe ubushikiranganji mu vyo bujewe harimwo iterambere ridakumira na cane cane abakenyezi ntarashoboza gushira mu ngiro nyezina urwo rufatiro rw'amategeko, utwigoro turacakeneye gushirwa hamwe mu bijanye no kuduza urugero rw'amafaranga abigenewe.

Kuva Uburundi buronse intahe yo kwikukira, bwacye bwinjira, mu buryo bw'ubushake n'ubwigenge mu bisata bitari bike vy'amategeko, amasezerano hamwe n'imyumvikano bifise ihangiro ryo guteza imbere agateka ka zina muntu harimwo n'agateka k'abakenyezi. Mu mirongo ikurikira harerekana ifatiro zitari nke z'amategeko zifitaniye ubucuti n'iryo hangiro

Uburundi bwagize izabwo biciye mu kuyashira mu ngiro canke mu kuyashirako umukono, biciye mu kuyafatirako mu mategeko y'igihugu. Uburundi bwarashizeho amategeko atari make ku rwego rw'igihugu n'ibindi bikorwa vya politike mu ntumbero yo kuzamura iterambere ridakumira na cane cane umukenyezi.



I.1. Amategego n'amabwirizwa ku rwego mpuzamakungu n'urw'akarere

Ku rugero mpuzamahungu

I.1.1. Itegeko rigenga Ishirahamwe Mpuzamakungu

Kuva ugishingwa mu 1945, umuryango w'Ishirahamwe Mpuzamakungu (ONU) wagize iterambere ridakumira ku bagore n'abagabo imwe mu ngwati z'umushinge y'agateka ka zina muntu. Mu ngigo yaryo ya mbere, iryo tegeko ryarakana ko kimwe mu

ntumbero y'umuryango w'Ishirahamwe Mpuzamakungu ari gutera intege kubahiriza agateka ka zina muntu et n'ubwigenge kuri bose, « hadacaguwe urukoba, ibitsina, ururimi canke idini »

I.1.2. Itegeko ry'uburenganzira bwa kiremwa muntu kw'isi yose.

Iyinjira ry'Uburundi mw'itangazwa ku mugaragaro ry'uburenganzira bwa kiremwa muntu, rifatiye kw'ihame rivuga ngo "kuzirikana no kwubahiriza agateka ka zina muntu, bose bakagira uburenganzira bungana kandi butigera bugira ico bugabanyijweko." Iryo tegeko rikaba rigize ifatiro ry'ubwigenge, ubutungane n'amahoro

kw'isi. Muri icyo ntumbero nyene, Leta y'Ubu rundi yaremeje itegeko rya Afrika ry'agateka ka kiremwa muntu n'akibihugu, Ishirahamwe ry'ubumwe bwa Afrika, ryongera kwemeza iterambere ridakumira ku bagore n'abagabo mu kwishira no mu kwiza mu burenganzira bwabo.

I.1.3. Amasezerano mpuzamakungu yo gutuza ico cose coza gikumira abakenyezi (CEDEF)

Yashizweko umukono n'igihugu c'Uburundi igenekerezo rya 4 Ndamukiza 1991, amasezerano yo kurwanya ugukumirwa kwose gukorerwa umukenyezi afatwa nk'ibakwe kugira hatsimbatazwe ubutungane ku bakenyezi.

ingingo canke umugenzo birimwo gukumira igitsina-gore - ingingo ya 2. Rirongera ikavuga mu ngigo yaryo ya 7 ko « Ibihugu biri muri uwo mugwi bifata ingingo zibereyugira bakureho ugukumirwa kw'abakenyezi mu buzima bwa politike n'intwari kandi, na cane cane bikubahiriza kungana n'abagabo imbere y'amategeko. »

Hatabaye ku bivuga vyose, ingingo za 2 na 7 zirerekana neza ko ama Leta vyega, harimwo Uburundi, ziyemeza gufata ingingo zibereye harimwo ivyo gutora amategeko, guhindura no gufata

I.1.4. Indinganizo y'i Beijing

Indinganizo y'igikorwa ca Beijing⁶ yerekana ibigabane 12, iza imbere mu kwitabwaho kugirango hatezwe imbere agateka k'abakenyezi. Ivyo bigabane bikaba vyerekeye: 1) ubukene, 2) indero n'inyigisho, 3) ibidukikije, 4) umwigeme mutoyi, 5) amagara y'abantu, 6) gufatwa ku nguvu, 7) agateka ka zina muntu, 8) ibinyamakuru, 9) intambara, 10) ubutunzi, 11) gufata ingingo, 12) inzego zitaho cane iterambere ry'abakenyezi. Ivyo bigabane vyose bi saba kwitabwaho no kugira igikozwe vy'umwihariko ku rwego mpuzamakungu, ama Leta n'amashirahamye adaharanira

ivyicarwo vya politike. Kimwe cose muri icyo bigabane 12 vyo gukoreramwo kirimo ibisabwa n'amahangiro vyanditswe neza mu buryo bwumvikana. Mu kwemeza icyo ndinganizo ndende y'ibikorwa, ibihugu vyiyemeje gukora mu buryo buboneka kugira habe akarusho mu mibereho y'abakenyezi. Mu bijanye n'aho umwe atumbereye, Uburundi bwashizeho umugwi wo kubikurikirana kandi buremeza imigambi 2 y'ibikorwa imbere yo gushiraho politike y'igihugu y'iterambere ridakumira na cane cane abakenyezi.


I.1.5. Indinganizo ya 1325

Indinganizo ya 1325 y'akanama k'umutekano k'Ishirahamwe Mpuzamakungu (CSNU) ku bakenyezi, amahoro n'umutekano yemejwe itariki ya 31 Gitugutu 2000 ifise agaciro k'itegeko mpuzamakungu hisunzwe ingingo ya 2 y'ibwirizwa ry'Ishirahamwe Mpuzamakungu rivuga ko abanywanyi b'iryo shirahamwe bumvikanye kwemera n'ugushira mu ngiro ingingo zifashwe n'akanama k'umutekano hisunzwe iryo bwirizwa.

Iyo ngigo niyo ya mbere izwi kandi icyiye mu mategeko yavuye mu kanama k'umutekano ka ONU yasavye impande zitandukanye ziri mu ntambara kwubaha agateka k'abakenyezi n'ugushigikira kwinjira kwabo mu biganirwo vy'amahoro no gusanura ibihugu inyuma y'intambara.

Murukurikirane rw'ico cemezo, akanama k'umutekano

⁶ Urubuga rw'ibikorwa vy'i Beijing ni urwandiko rwavuye mw'ikoraniro ry'isi yose ry'abakenyezi rigira kane ryabereye mu Bushinwa mu mwaka wa 1995, ryaje ryemeza ivyavuye mw'ikoraniro ry'isi yose kw'igwirirana ry'abantu n'iterambere ryabereye i Kayiro mu mwaka w'1994 ryagaragaje ko umugore afise uruhara ntangere mw'iterambere rirama



K'ishirahamwe Mpuzamakungu karemeje n'ibindi harimwo icegeranyo co mu mwaka wa 1889, hagati aho, catumirira ibihugu binywanyi harimwo igihugu c'u Uburundi « *gufata ingingo nshasha mu gukomeza kwinjira kw'abakenyezi mu ntambwe zose zokurondera amahoro nko gutorera inyishu ibibazo, gutunganya integuro y'inyuma y'intambara no gukomeza amahoro y'inyuma y'intambara mu gutera intege abakenyezi kugira bafashe mu*

I.1.6. Amahangiro y'iterambere rirama (ODD)

Amahangiro y'iterambere rirama arimwo kandi, urundi rufatiro rw'amategeko araba igihugu c'u Uburundi. Ahamagirira ibihugu vyose bikenye, bitunze n'ibifise amikoro ari hagati na hagati kwiteza imbere ariko kandi bigakingira n'isi. Aremera ko guheza ubukene bitegerezwa kubangabanganwa n'impinyanyuro iteza imbere iduga ry'ubutunzi kandi bijanye n'ivyo ikibano gikeneye nk'indero, amagara y'abantu, gukingira ikibano n'ugushobora kuronka akazi, mu kurwanya ihindagurika ry'ibihe no gukingira ibidukikije. Ihangiro rya gatunye ritandukanye n'ayandi. Rifatiye n'ibigiranka ku kungana kw'ibitsina kandi rigategeka ibihugu

Ku rwego rw'akarere

Ku mugabane w'Afrika n'akarere, Uburundi naho nyene bwaremeje

I.1.7. Itegeko rigenga ubumwe bw'ibihugu vy'Afrika

Ku rugero rw'itegeko rigenga ubumwe bw'ibihugu vya Afrika, Uburundi busanzwe burimwo, biratomoye neza ko buri gihugu nyene gihamagarirwa « *kuraba neza igwanywa ry'ugukumirwa*

I.1.8. Urutonde rw'itegeko nyafrika ry'agateka ka zina muntu n'ibihugu ku bijanye n'agateka k'abakenyezi.

Uburundi kandi bwashize umukono ku masezerano y'urutonde rw'itegeko rigenga ibihugu vy'Afrika mu bijanye n'agateka ka zina muntu, abanyagihugu n'aka'abakenyezi mu nama y'abakuru

I.1.9. Itangazwa ry'icese ku bijanye n'iterambere ridakumira hagati y'abagabo n'abakenyezi muri Afrika

Mu ngingo zikosora zavuzwe muri iryo tangazo, abakuru b'ibihugu n'ama Leta barumvikanye guteza imbere no kwagura ihame ryo kungana hagati y'abagabo n'abakenyezi, gushira mu ngiro

I.1.10. Imbonakazoza yo mu mwaka wa 2063 y'ubumwe bwa Afrika.

Ikiranga misi 2063 c'ubumwe bwa Afrika kiratanga urufatiro rworohereza guteza imbere ubutungane n'iterambere ridakumira. Mu bisanzwe Afrika iboneka nk'umugabane w'isi aho amabi, ihohoterwa n'ugukumirwa bifatiye ku gitsina (mu mibano,

Ku rwego rw'akarere

Uburundi bwarinjije mu mashirahamwe y'uburere nk'isoko rusangi ry'ubutunzi ry'Afrika y'ubuseruko n'ubumanuko (COMESA), Inama mpuzamakungu y'akarere k'ibiyaga binini (CIRGL), Ishirahamwe rya Afrika y'ubuseruko (CEA), n'ayandi yamazwe

gufata ingingo za politike n'iz'ubutunzi uherye mu ntango y'umugambi wo gusanura, nko kubazeza amabanga mu nzego zifata ingingo mukuborohera mu kwinjira gufasha mu gutegura no mu gutunganya imfashanyo, mu gushikira amashirahamwe y'abakenyezi no kugwanyanya imvugo zityoza abakenyezi kubijanye n'ubushobozi mu gufasha ku rugero rungana mu buzima bw'ikibano ».

binywanyi kurangiza kw'isi yose, uburyo bwose bwo gukumira bukorera abagore n'abakobwa, kurandurana n'imizi haba mu bisata vya Leta canke c'abikorera utwabo ikintu cose kijanye n'amabi akorerwa abagore n'abigeme, harimwo urudandazwa n'ugukoreshwa bifatiye ku bitsina n'ubundi buryo bwo guhohoterwa ariko kandi ; mu buryo bukomeye, kwemeza ama politike ateguwe neza n'ishirwaho ry'amateka akoreshwa mu ntumbero yo gukuzwa iterambere ridakumira no kwibako kw'abagore bose n'abigeme bose mu bisata vyose no gukomeza ayasanzwe ahari.

urukurikirane rw'amategeko busabwa kwisunga.

kwose gukorera umukenyezi no gukurikirana ikingirwa ry'agateka k'umukenyezi n'akumwana nkuko bivugwa mu matangazo n'amasezerano mpuzamakungu ».

b'ibihugu y'i Maputo yabaye mu kwezi kwa Mukakaro 2023. Naho biruko ntarakirwa nyezina n'Uburundi ku giti cabwo.

ibiri mu ngingo ya 1325, gutanga ama raporo y'umwaka ku ngingo zafashwe mu gushira mu ngiro ihame ryo kungana hagati y'abagabo n'abakenyezi.

ubutunzi, politike) bibwirizwa kurandurana n'imizi na cane cane ku bakenyezi n'abigeme. Abo nabo bazoshobora kuvyaza umusaruro mu buryo bwuzuye ubwo burenganzira bwa kiremwa muntu bwabo.

yose gushiraho impinyanyuro zigenga ibijanye n'iterambere ridakumira n'iterambere ridakumira nk'ibikoresho birongora kurifata nkama mu bikorwa vyayo.

1.2. Urufatiro rw'ivyisungwa mu gihugu muvya amategeko na politike

Ingena umukenyezi abayeho n'iterambere ridakumira, camye ari ikibazo nkoramutima ku burundi, naho urugero n'intumbero y'umwitarariko yatandukana bivanye n'ibihe. Mu myaka ya 1980, hashizweho ubushikiranganji bujewe abakenyezi n'ubwibijanye n'imibano, bwari bufise intumbero yo guteza imbere no gukingira agateka k'abakenyezi. Ariko, ikiboneka nuko intambwe ikomeye mu bijanye n'iterambere ridakumira na cane cane abakenyezi yatowe mw'ibwirizwa shingiro ry'igihugu c'Uburundi (2005 & 2018) mu ngingo yaryo ya 13, ivuga ku iterambere ridakumira ku barundi bose imbere y'amategeko kandi bangana mu bijanye n'agateka k'umwe wese⁷. Iryo bwirizwa shingiro rirashiramwo mu ngingo zaryo no mu buryo bwumvikana, icitegererezo kuri CEDEF no kungingo y'ibiharuro ku bijanye n'uguserukirwa kw'abakenyezi vyumvikanywe igihe c'ibiganiro bidakumira vy'amahoro i Arusha mu 2000.


Ikindi naco cumvikana, nuko ukwo kwemera gushaka gushira mu ngiro ivyemezo mpuzamakungu n'ivy'uburere mu vy'amategeko Uburundi burimwo vyiyerekanira mu vyiyemezo vya politike vyafashwe na Leta, mu bijanye n'iterambere ridakumira no guteza imbere imibereho y'abakenyezi mu Burundi. Nuko rero amategeko arwanya gufata ku nguvu n'ayandi mabi afatiye ku gitsina yarashizweho hagati ya 2014 na 2016⁸. Indinganizo y'igihugu mu bijanye n'iterambere na politike y'igihugu y'iterambere

ridakumira na cane cane umukenyezi yavuye mu ndinganizo y'ibikorwa vyayo n'urugendo rwo gukurikirana no kurimbura ishirwa mu ngiro yawo birerekana ukwiyemeza kwa politike ari nk'ivyabona ku rugero rukwiye y'ubushake bw'igihugu mu bijanye n'iterambere ridakumira. Ishirwaho ry'umugwi w'igihugu ujejwe gukurikirana ishirwa mu ngiro y'icegeranyo 1325 uri mu bisata bitandukanye, indinganizo y'ibikorwa vy'igihugu ya 3 irimwo urwego ruyikurikirana n'ibimenyamenya kandi ni ibikorwa vyinjira mu kunywa n'imfatiro z'amategeko yisungwa ku rwego mpuzamakungu canke y'igihugu.

Ku ruhande rw'ingingo za politike, twoshiramwo kandi inyandiko z'amategeko nk'igitabo c'amategeko agenga ingo n'imiryango, zatowe n'Uburundi mu ntumbero yo guteza imbere iterambere ridakumira ku bakenezi n'abagabo, kuba hariho inzego nk'ubushikiranganji bwo gushigikirana, imibano, agateka ka Zina Muntu n'iterambere ridakumira hongeyeko n'ibisata bijewe iterambere ridakumira mu bushikiranganji bwa Leta y'Uburundi.


Ku bijanye no **gukwiragiza izo nya ndiko**, amatohoza yakozwe ku rubuga yerekana ko *urugero rw'ubumenyi bw'abarundi bugitandukanye*. Urugero rw'ubumenyi mu vy'amategeko yo guteza imbere no gukinga ikumirwa ku abakenyezi n'abagabo rwerekanwa n'igicapo gikurikirira:

Ukumenya amategeko yo guteza imbere no gukingira uburinganire ku bakenezi n'abagabo



7 Ibwirizwa Shingiro rya nyuma ryatowe mu matora yo muri Ruheshi 2018

8 Ni itegeko ryo ku wa 22 Nyakanga 2016 rijanye no gukingira, gukingira abagize ivyago vy'ihoterwa rifatiye ku gitsina no kurandurana n'imizi ayo mabi; iryo ku wa 27 Ruheshi rijanye no gukingira abacitse kw'icumu n'ivyabona umutekano wabo ushobora guhungabana, hamwe n'iryo ku wa 29 Gitugutu rijanye no kugwanya urudandazwa rw'abantu



Ivyavuye mu matohoza vyerekana ko abagore bazi amategeko ateza imbere akanakingira abakenyezi mu Burundi kurusha Abagabo. Ivyo birashobora gusigurwa n'uko abakenyenyazi bitura cane abategetsu canke abacamanza mu gihe habaye kurenganywa, ikumirwa canke gufatwa ku nguvu vyakorewe abapfasoni bagaca barondera kenshi kumenya ayo mategeko.

Ukuba hariho amashirahamwe menshi aharanira agateka ka zina muntu/agateka k'abakenyezi kenshi na kenshi usanga mu vyo akora harimwo ukwigisha amategeko kandi ugasanga abanywanyi bayo benshi ari abakenyezi navyo biraterera mu kungura ubumenyi.

I.3. Ibijanye n'inzego

Ico kumenya ca 2

Harakenewe urwego rushasha: Ubushikiranganji bw' iterambere ridakumira n'ukunywanisha. Urwo rwego, ruhuye n'ivyashikirijwe n'ishirahamwe mpuzamakungu ONU mu myaka y'1970 aho ryatahura ingaruka mbi ziturutse kw'ikumira rikorerwa abakenyezi mu gukomeza amahoro hamwe no mw'iterambere kw'isi, ni nkenerwa cane. Ku bijanye n'abahagarariye Igisata c'iterambere ridakumira mu nzego za Leta zitandukanye hamwe n'abahanga babajijwe mu ruganda, bavyitwaramwo neza mu guteza imbere iterambere ridakumira kuri bose n'ukurwanya ubusumbasumbane gushika mu mwaka w' 2030. Umwizero w'abibagiye, abakumiriwe urabonekera mw'ijambo ry'Umukuru w'igihugu mu gihe hariko hahimbazwa umusi mukuru wahariwe umukenyezi ku wa 08 ntwarante umwaka 2023 mu Rumonge aho yategetse abashikiranganji gushiraho Igisata kijejwe iterambere ridakumira na cane cane umukenyezi mu bushikiranganji bwose. Iyo ngingo iragaragaza umwitwariko wa Leta ariko wari ukwiye gushirwa mu ngiro mu maguru masha.

Mu gushira mu ngiro ivyasabwe mu nama y'isi yose y'i Mexico y'umwaka w' 1975, Uburundi bwashizeho mu mwaka w'1982, ubushikiranganji bujewe imibereho ry'abakenyezi. Inyuma y'imyaka icenda, ubwo bushikiranganji bwarongererejwe igikorwa bushingwa amabanga abiri. Nkako, mu mwaka w' 1991, bwacitse ubushikiranganji bujewe imibano n'iterambere ry'umukenyezi. Urwo rwego rwarakajye guhera uyo mwaka intumbero yabwo yihariye bwari bwatanguranye. Bwarahinduye izina kandi igihe cose zaba ari inshingano ziyongera kuyo bwatanguranye. Uyu munsu, bwitwa ubushikiranganji bwo gushigikirana, imibano, agateka ka Zina Muntu n'iterambere ridakumira.

Itegeko ry'umukuru w'igihugu nimeru 100/084 ryo ku wa 12 gitugutu umwaka w' 2020 rerekana inshingano, itunganywa hamwe n'indinganizo y'ibikorwa vy'ubwo bushikiranganji. Imigambi y'igihugu yarateguwe, irashirwa mu ngiro, irakwirikiranwa yongera irasuzumwa n'abakozi 201 ku rwego rwo hejuru hamwe n'abababa 155 ku rwego rwo hasi. Umugambi w'igihugu w'iterambere ridakumira na cane cane umukenyezi werekana ko hategekanyijwe urwego rw'igihugu rw' iterambere ridakumira na cane cane umukenyezi, urwego rutunganya ibikorwa hamwe n'urwego rw'ubuhinga n'ishira mu ngiro bikirindiriywe gushirwaho.⁹

Inzego z'ubwo Bushikiranganji ziri mu ntara zose no mu makomine yose y'igihugu. Kuri buri ntara, hariho umuyobozi w'intara w'iterambere ry'imiryango n'imibano (DPDFS) n'abahanuzi babiri harimwo umwe ajejwe ugushigikirana n'imibano hamwe n'uwundi ajejwe agateka ka Zina Muntu n'iterambere ridakumira


na cane cane umukenyezi. Ku rwego rwa komine, hariho uwujewe imibano. Homenywa kandi ko hariho imigwi mito mito ijejwe iterambere ridakumira na cane cane umukenyezi mu bisata ikoreramwo iri mu bushikiranganji bwose hamwe n'abahagarariye inzego zikuru za Leta bashinzwe gukurikiza intumbero y'iterambere ridakumira na cane cane umukenyezi mu bikorwa vy'ubushikiranganji bakukira.

Nkuko bigaragara neza mu gitabo c'umugambi w'igihugu w' iterambere ridakumira na cane cane umukenyezi, irangurwa z'inshingano z'ubushikiranganji rizovana n'« ubushobozi bw'urwego rwashizweho. Uru rwego narwo ubwarwo ruhagaze kw'iyubahirizwa ry'ivyaseranywe n'abo bose ishira mu ngiro riraba »¹⁰.

Umwihwezo w'ivyo biranga ico gisata uremeza ivyo bishikirijwe:

1. Ibikorwa vyinjiranywe n'inshingano za minsi yose zitandukanye z'ibisata bihurira kuri ico gikorwa ;
2. Uburyo budakwiye kugira ibintu bikorwe uko vyotegerejwe gukorwa hongere haboneke inyishu ku bibazo vy'abanyagihugu muri rusangi n'ivy'abakenyezi mu buryo bw'umwihariko ;
3. Ivyobwirijwe gukorwa n'inzego zijewe ibikorwa vya Leta bihabwa urwego rudafise igihagararo c'ugutunganya ibikorwa vya Leta ;
4. Inzego nkenerwa ntazihari mu gisata kijejwe iterambere

9 Politique Nationale Genre
10 Ibidem



ridakumira na cane cane umukenyezi: umurwi w'igihugu ujejwe iterambere ridakumira na cane cane umukenyezi, umurwi utanga intumbero; umurwi utunganya ibikorwa, umurwi ukurikirana ukongera ugasuzuma ibikorwa hamwe n' umurwi w'ubuhinga no gushira mu ngiro;

5. Inzego zo hasi muri rusangi, n'izikorera mu makomine ku buryo bw'ihariye, zibona ko uburyo zironswa budakwiye kugira zikore ivyo abanyagihugu bazitezeko nivyho bazisaba. Ziyumva nkuko atacozishoboye imbere y'ivyo zisabwa n'abanyagihugu muri rusangi hamwe no mu gukinga amabi afatiye ku gitsina mu buryo bwihariye ;
6. Ubutandukane buri hagati y'ibikenewe gushikwako hamwe n'abakozi bagenewe kubikora.
7. Imigwi mito mito ishinzwe iterambere ridakumira na cane cane umukenyezi, kiretso umurwi wo mu bushikiranji bw'intwari yo hagati mu gihugu, iterambere rusangi n'umutekano hamwe n'ubushikiranji bw'ukwivuna abansi n'abahoze ku rugamba, nta buryo ifise bwo gukora kandi nta kinini bashikako.

Uko gukora nabi nabi bituma haba inkwirikizi nyinshi mbi twovuga nk'ibirangurwa usanga biri muni y'ivyari vyitezwe biturutse ku gushwiragiza ibikorwa n'uburyo, ugushira inguvu n'uburyo ku bisata bigeramiwe, ibikeneye inyishu zihuta z'ubutabazi ku bibazo vy'ivyaduka, n'icererwa ryo gushika kw'ihangiro ry'iterambere rirama.

Dufatiye ku kungene ibintu tubonye vyifashe aha hejuru, harakenewe kugaruka ku ngingo ngenderwako nyamukuru z'inama y'i Mexico yo mu mwaka w' 1975: *ugushiraho ivya ngombwa vyose bikenewe vyihariye ku bibazo vy'abagore n'abagabo kugira iterambere ridakumira rigaragare*. Abahagarariye ubushikiranji n'inzego nkuru za Leta mu rwego rw' iterambere ridakumira na cane cane umukenyezi, bakoraniye mu ruganda rw'igenekerezo rya 7 ruheshi umwaka w'2023 kugira bisuzume no kugira batange ivyiyumviro vyabo ku kungene ibintu vyifashe baremeje ko ivyashikirijwe aha hejuru bikenewe. Basavye ko hoba ubushikiranji bujejwe iterambere ridakumira na cane cane umukenyezi no kunywanisha atari ubuhari ubu bufise inshingano zine (4), bigaca bituma budashira inguvu zikwiye ku gikorwa c'iterambere ridakumira na cane cane umukenyezi.


I.4. Ku bijanye n'amafaranga

Ico kumenya ca 3

Ivyerekeye amafaranga muri make: Amafaranga Reta izokoresha mu mwaka w'amafaranga wa 2022 ushira uwa 2023 angana 2.076.568.967.947. Muri ayo mafaranga, ubushikiranji mu vyo bujejwe harimwo iterambere ridakumira na cane cane umukenyezi n'ubwo ubudandaji bufise urugero ruto rw'amafaranga yo gukoresha kuko bugenewe amafaranga angana n'igice 1%. Ku vyerekeye ubushikiranji mu vyo bujejwe harimwo, ibice 42% vy'amafaranga yose hamwe yabugenewe ava mu buryo butangwa n'abafasha mw'iterambere. Ibice 58% navyo biva mu mafaranga y'igihugu.

Amafaranga akoreshwa ava mu masoko abiri. Isoko rya mbere rigizwe n'uburyo Leta itoza mu gihugu. Irindi soko ry'uburyo ni ubuva mu bafasha igihugu biciye mu migenderanire y'ibihugu hamwe n'imigenderanire Uburundi bufitaniye n'amashirahamwe mpuzamakungu. Itegeko nimeru 1/22 ryo kuwa 30 ruheshi umwaka w'2022 rishinga amafaranga Repubulika y'Uburundi yakoresheje mu mwaka w'amafaranga w'2022 ushira uwa 2023


rirerekana uburyo bugenewe inzego zitandukanye, ayagenewe ibikorwa vya minsi yose n'ay'ibikorwa vy'iterambere. Ayo mafaranga aharuwe mu mafaranga y'amarundi. Iki gicapo kirerekana ubudasa bw'uburyo bugenewe inzego zidasanzwe za Leta, ubugenewe ubushikiranji butandukanye hamwe n'ubugenewe inzego zitatu zikomereye za Leta ku buryo bwose hamwe bungana 2.076.568.967.947 y'amafaranga y'amarundi.



Ikibariko ca 1: Ikoreshwa ry'amafaranga ya Leta mu mwaka wa 2022 ushira uwa 2023

N°	Urwego	Uburyo bw'iguhugu	Uburyo buva hanze	Yose hamwe	Ivy'ijana vy'amafaranga yose hamwe	Igitsina c'umurongozi
01	Ibiro vy'Umukuru w'igihugu	62.374.018.720	0	62.374.018.720	3%	Abagabo
02	Ibiro vy'icegera c'Umukuru w'igihugu	3.174.224.513	0	3.174.224.513	0.1%	Abagabo
03	Ibiro vy'ubushikiranangij bwa mbere	2.923.446.614	0	2.923.446.614	0.1%	Abagabo
04	Ubunyamabanga bwa Leta	1.544.819.755	0	1.544.819.755	0.07%	Abagabo
05	Inama Nshingamateka	16.929.709.115	0	16.929.709.115	0.8%	Abagabo
06	Inama Nshingamateka	9.541.932.683	0	9.541.932.683	0.4%	Abagabo
07	Umurwi w'igihugu ujejwe amatora	15.237.514.043	0	15.237.514.043	0.7%	Abagabo
08	Ubushikiranangij bw'intwara yo hagati mu gihugu, iterambere rusangi n'umutekano	240.458.346.098	1.044.000.000	241.502.346.098	11.6%	Abagabo
09	Ubushikiranangij bw'imigenderanire n'amakungu n'ugufashanya mw'iterambere	42.408.860.576	0	42.408.860.576	2%	Abagabo
10	Ubushikiranangij bw'ukwivuna abansi n'abahoze ku rugamba	207.077.327.516	636.000.000	207.719.327.516	10%	Abagabo
11	Ubushikiranangij bw'ikigega ca Leta, ubutunzi n'imigambi y'iterambere	305.363.215.046	7.742.927.613	358.106.142.659	17.2%	Abagabo
12	Ubushikiranangij bw'ubutungane	30.622.507.568	0	30.622.507.568	1.4%	Abagore
13	Ubushikiranangij bw'abakozi n'akazi	46.679.056.917	0	46.679.056.917	2.2%	Abagabo
14	Ubushikiranangij bujewe ibijanye n'iyinjira mw'ishirahwe rya Africa yo mu buseruko, urwaruka, inkino n'imico kama	34.709.179.779	0	34.709.179.779	1.6%	Abagabo
15	Ubushikiranangij bwo gutumatumana amakuru, ubuhinga bwa none n'ibinyamakuru	11.411.983.104	14.194.056.000	25.606.039.104	1.2%	Abagore
16	Ubushikiranangij bw'indero n'ubushakashatsi	335.827.575.952	18.221.516.980	354.049.092.932	17%	Abagabo
17	Ubushikiranangij bw'Amagara y'Abantu no kurwanya Sida	110.441.483.995	118.304.000.000	228.745.483.995	11%	Abagore
18	Ubushikiranangij bwo gushigikirana, imibano, agateka ka Zina Muntu n'iterambere ridakumira	11.594.115.627	8.401.465.781	19.995.581.408	0.9%	Abagore
19	Ubushikiranangij bw'ibidukikije, uburimi n'ubworozi	128.517.037.322	98.143.222.000	226.660.359.322	10.9%	Abagabo
20	Ubushikiranangij bw'ubudandaji, gutwara abantu n'ibintu, amahinguriro na bamukerarugenda	9.965.683.402	0	9.965.683.402	0.4%	Abagore
21	Ubushikiranangij bw'amazi, amasoko ntanganguvu, ubutare n'agataka	50.051.383.206	91.049.204.641	141.100.587.847	6.7%	Abagabo
22	Ubushikiranangij bw'inyubako, ibikorwa vya Leta n'inyubako rusangi	344.818.294.917	35.986.394.000	380.804.688.917	18.3%	Abagabo

Isoko: Ikibariko cakoze bafatiye ku biharuro vy'itegeko numero 1/22 ryo kuwa 30 ruheshi ku mafaranga yakoreshejwe na Leta y'Uburundi mu mwaka wa 2022 ushira uwa 2023



Kugira aya mabara ari mu gicapo atahurike, mwomenya ko **inzego ziri mw'ibara ry'ubururu** zidatondetswe hisuzwe ivyo zisangije. Zimwe muri zo zifatwa nk'inzego zidasanzwe. **Inzego**

ziri mw'ibara ry'urwatsi rutoto zitondetswe mu kibanza ca mbere, **iziri mw'ibara ry'umugina mu kibanza ca kabiri** hamwe **n'izibara ritukura** mu kibanza ca nyuma.

Umwihwezo w'ibiharuro vyatororokanjwe mu gicapo werekana ko ibikorwa bigenewe iterambere ridakumira na cane cane umukenyezi vyose hamwe vyahawe amafaranga angana n'ibice 0.9% vy'amafaranga Leta yari yateguye gukoresha ku mwaka.

Ico cerekana urugero rw'agaciro ruhabwa igikorwa cerekeye iterambere ridakumira na cane cane umukenyezi kikongera kikaba icifashisho gikomeme c'ubuvugizi kugira ico gikorwa gihabwe uburyo n'ubuhinga vyihariye: gushiraho **ubushikiranganji bujejwe iterambere ridakumira na cane cane umukenyezi no kunywanisha**. Iki gicapo gifasha uwugisomye gutahura ivyashizwe imbere na Leta y'Uburundi mu mwaka w'2023. Nkako, twotahura ko amafaranga ashobora kugaburwamwo imice itatu amafaranga agenewe ivyihutirwa vyo ku rugero rwa mbere, urwa kabiri n'urwa nyuma.

Imbere ya vyose mu vyihutirwa, tuhasanga ubushikiranganji bukwirikira: Ubujwe ikigega ca Leta, ubutunzi n'imigambi y'iterambere (17.2%), ubw'indero n'ubushakashatsi (17%), ubw'inyubako, ibikorwa vya Leta n'uburaro rusangi (16.6%), ubwo intwari yo hagati, iterambere rusangi n'umutekano (11.6%), ubw'amagara y'abantu no kurwanya Sida (11%); ubw'ibidukikije, uburimi n'ubworozi (10.9%) n'ubw'ukwivuna abansi n'abahoze ku rugamba (10%).

Mu vyihutirwa bigira kabiri, tuhasanga inzego zikurikira: Ubushikiranganji bw'amazi, amasoko ntanganguvu n'ubutare n'agataka bufise ibice 6.7% vy'amafaranga yose Leta yategekaniye; ubw'abakozi n'akazi ku bice 2.2% vy'amafaranga yose Leta yategekaniye; ubw'imigenderanire n'ugufashanya mw'iterambere bufise ibice 2% vy'amafaranga yose Leta yategekaniye, ubujwe ishira hamwe rya Africa y'ubuseruko, urwaruka, inkino n'imico kama ku bice 1.6% vy'amafaranga yose Leta yategekaniye hamwe n'ubw'ugutumatumana amakuru, ubuhinga bwa none n'ibinyamakuru ku bice 1.2% vy'amafaranga yose Leta yategekaniye.


Mu kibanza ca gatatu c'ivyihutirwa, tuhasanga ubushikiranganji bubiri bukwirikira: ubushikiranganji bw'ugushigikirana, imibano, agateka kazina muntu n'iterambere ridakumira ku bice 0.9% vy'amafaranga yose Leta yategekaniye hamwe n'ubwo ubudandaji, ugutwara ibintu n'abantu, amahinguriro na bamukerarugendo bufise ibice 0.4% vy'amafaranga yose Leta yategekaniye. Ku bijanye n'iserukirwa, dusanga kandi ubushikiranganji butunganya igice kinini c'amafaranga yategekaniye na Leta buhabwa Abagabo. Nkako, umugore umwe wenyene niwe aramutswa ubushikiranganji bwo ku rugero rwa mbere ruharurwamwo ubushikiranganji 7; abakenyezi 2 barongoye ubushikiranganji bwo ku rugero rwa kabiri rurimwo ubushikiranganji 5 hamwe n'abagore 2 barongoye ubushikiranganji 2 buri ku rugero rwa nyuma rw'ivyihutirwa.

Bimeze gute ku vyerekeye igabanganywa ry'amafaranga yose Leta yategekaniye y'umwaka w'amafaranga wa 2023 ushira uwa 2024 ku bushikiranganji n'izindi nzego za Leta (Isoko: ikimenyeshamakuru jimbere).

Twisunze ubu burorero bukwirikira, dusanga hariho ibihushane mw'itunganywa ry'amafaranga Leta ikoresha. Ku bushikiranganji 15, ubushikiranganji bwo gushigikirana, imibano, agateka ka Zina Muntu n'iterambere ridakumira buza mu kibanza c'9 n'amafaranga angana 86,386 ku miriyaridi 4.593 y'amafaranga y'amarundi, (muriyo imiriyaridi 21.167.311.360 y'amarundi yavuye mu gihugu hamwe n'imiriyaridi 65.218.680.000 z'amarundi ku mafaranga yategekaniye na Leta (isunge itegeko ry'ikigega ca Leta ry'umwaka w'2023 ushira umwaka w'2024, ku mpapuro za 88-89). Uravye ibikorwa ubushikiranganji bufise n'uburyo butangwa, hariho ibihushane muv'uburyo.

UKO AMAFARANGA AKORESHWA MURI-LETA MU MWAKA WA 2023 / 2024 AGABANGANIJWE KU BUSHIKIRANGANJI N'IZINDI NZEGO ZA LETA

IGITIGIRI MU MILIARIDI Z' AMAFARANGA Y'AMARUNDI



- IBIRO VY'UMUKURU W'IGIHUGU : **52,828**
- INAMA NSHINGAMATEKA : **21,082**
- UMURWI UTUNGANYA AMATORA : **15,281**
- INAMA NKENGUZAMATEKA : **11,337**
- IBIRO VY'ICEGERA C'UMUKURU W'IGIHUGU : **3,502**
- IBIRO VY'UMUSHIRANGANJI WA MBERE : **3,376**

- IKIGO C'INYIGISHO Y'AKARORERO : **3,000**
- IBIRO VY'UMUSHIRIZAMANZA MUKURU WA REPUBULIKA : **2,704**
- IBIRO VY'UMUHUZA : **1,984**
- IBIRO VY'UMUNYAMABANGA WA LETA : **1,683**
- IBIRO VY'UBUGENDUZI BW'IKORESHWA RY'AMAFARANGA : **1,208**
- SENTARE YUBAHIRIZA IBWIRIZWA SHINGIRO : **0,876**



IKIGABANE CA II

**UMWIHWEZO UFATIYE KW'ITERAMBERE
RIDAKUMIRA NA CANE CANE UМУKENYEZI
MU BISATA BIKOMAKOMEYE**

IKIGABANE CA II

UMWIHWEZO UFATIYE KW'ITERAMBERE RIDAKUMIRA NA CANE CANE UMUKENYEZI MU BISATA BIKOMAKOMEYE



II. 1. Uruhara hamwe n'uburongozi bw'abakenyezi


Ibitigiri vyari mw'ibwirizwa nshingiro mu myaka y' 2000 (ibice 30%) vyarongerejwe n'ibwirizwa nshingiro ryo mu 2018 (ibice 30% vy'abakenyezi mu butungane) hamwe n'itegeko rigenga amatora ryo 2020, rihinyanyura ikibanza c'umukenyenzi ku ntonde z'amatora (kuva kuri $\frac{1}{5}$ gushika kuri $\frac{1}{3}$).

Mu burongozi bwo hasi, nta bitigiri birashirwaho mu nzego zo ku mutumba, naho abakenyezi bariko bararwira mu nzego zo mu kibano.

Igisata c'abarongoye inzego, ubutegetsu hamwe n'ugufata ingingo bitugarukana ku ruhara rw'abakenyezi mu vya politike hamwe no mu burongozi. Ukwitabira ibikorwa vya politike no

guseruka kw'umukenyenzi mu nzego zifata ingingo n'ibindi vyose bijanye nazo biri mu vyo umwenehugu wese arekuriwe¹¹ n'iyubahirizwa ry'agateka kazina muntu. Ibihugu nk'Uburundi

¹¹ Égide Niyongabo, *Étude comparative des résultats des élections de 2005 et 2010 sur les collines d'action du projet « Participation des femmes aux élections »*; Évaluation réalisée pour le compte de l'Asbl DUSHIREHAMWE, Octobre 2011.



biraha ikibanza urwo ruhara mu mategeko makuru makuru no mu migabo n'imigambi y'ifatiro (nk'ibwirizwa nshingiro, integekanyo y'igihugu y'iterambere, umugambi w'iterambere ridakumira na cane cane umukenyezi mu Burundi, integekanyo y'ibikorwa y'igihugu ku ngingo 1325 y'urwego rw'umutekano rw'ishirahamwe mpuzamakungu yerekeye abakenyezi, amahoro n'umutekano, n'ibindi.). Uburundi nabwo nyene burongera bugashigikira iryo bwirizwa ryemejwe ku mugaragaro mu nama y'isi yose y'abagore igira 4 yabereye i Beijing mu mwaka wa 1995 igashinga ibitigiri bitoya n'imiburuburi munsu y'ibice 30% mu nzego. Imbere y'inama y'i Beijing, ukwitaho iringanizwa mu guserukirwa mu nzego vyari vyarashikirijwe mu mategeko amwe amwe mpuzamakungu, irihambaye muri yo akaba ari amasezerano yo kurandurana n'imizi ico cose coza gikumira umukenyezi (CEDEF).

Ifatirwako ry'uruhara rw'umukenyezi mu nzego zifata ingingo rica mu nzira nyinshi zashizweho n'ibihugu canke zaharaniwe n'abakenyezi ubwabo. Twomenya ko ibikorwa bigaragara cane mu Burundi nko kongera abakenyezi mu gitigiri c'abatowe, ugutunganya intonde z'amatora (umugore 1 ku bitoya 3 ku ntonde z'amatora), kugenwa mu bibanza vy'ubuhinga n'ivya politike, gushiraho ibitigiri bigenewe abakenyezi mu mategeko, n'ibindi n'ibindi. Bikaba bicagurwa mu vyafunditswe n'amaLeta.

Ku bijanye n'itunganywa ry'amatora, Uburundi buramaze kugerageza uburyo bubiri nabwo ni kongera abakenyezi mu gitirigiri c'abatowe no gushinga urugero rw'abakenyezi baja ku ntonde z'amatora rwirwije na kabiri ku rwari ruhasazwe. Iyongera ku bakenyezi ryari ryatangujwe n'ibwirizwa nshingiro ryo mu mwaka w'1982 ariko ntiryerekanye igitigiri c'abakenyezi bongerwamwo. Uwabitunganiye ico gihe yiyumvira ku busumbasumbane bufatiye ku gitsina mu buzi. Ni muri icyo ntumbero yiyumviriyeye gukosora ubwo busumbasumbane mu gutunganya iyongera cane cane ry'abakenyezi n'urwaruka, basanzwe badaserukiye ku rugero ruhagije¹². Kanatsinda, kugira uruhara mu buzima bw'igihugu bica mw'igenwa canke mu mahiganwa. Igenwa mu bibanza vy'ubuhinga vya Leta canke ivy'intwari bica kenshi ku bugombe bw'abafise ububusha bwo gufata ingingo. Iryo genwa biramenyerewe ko rikorerwa mu kibano ciganjwemwo n'abagabo bitwaje ko mu mico y'ikirundi umugabo ariwe se gaba. Uwo muco wiganje mu bisata vyose no mu mice yose y'ubuzima bw'igihugu. Ariko

Uko ibintu vyifashe ku bijanye n'uruhara rw'abakenyezi mu vya politike n'ivy'igihugu kuva mu mwaka w'2005

Uruhara mu vya politike asanzwe ari umurwi w'inzira zitandukanye abanyagihugu bacamwo kugira baterere mu ngingo zifatwa mu

kubera ko imibireho y'abarundi iriko iratera imbere, igihugu kiriko kirakurikira buke buke umurindi w'amakungu ukangurira umukenyezi kugira uruhara mu buzima bwa politike n'ubw'igihugu. Ku bijanye n'akunguko gaturutse ku ruhara rw'ubagore muri politike, ni nkenerwa kumenyesha ko kugira uruhara rw'umugore ruboneke muri politike no mu gihugu, bategerezwa gukwirikirana bonyene ibijanye n'amatora kandi ko Leta yogaragaza ugushaka ariko kandi n'ihinduka ry'imibereho n'imitwarire rikagaragara bimwe biboneka. Uku n'ukuri na cane cane ko ivyo bisabwa ari bimwe hose kuko intwari rusangi nitegerezwa kwama yikora ku buryo bworoheza abagore kugira umugore agire uruhara mu nzego zifata ingingo nk'inzezo za Leta zitorwa canke izidatorwa. Intwari rusangi y'ukuri itegerezwa kwizanzira yo nyene uburyo nyabwo bwo kwubahiriza iterambere ridakumira yongera yubahiriza amabwirizwa y'ihiganwa.

Ikibazo c'uruhara rw'abagore mu matora kiza mw'ishusho nyinshi harimwo iziburabuzwa umugore n'izimworohereza. Nkako, abagore baritavye ku bwinshi amatora nk'abatora kariko urwo ruhara ntiruri ku rugero rumwe niyo hageze kw'itoza. Abakenyezi ni « ihinguriro ry'amajwi » ry'abanyepolitike biciye mu migambwe.

Nkako, umukenyezi araronderwa cane na bagenziwe bo mu migambwe kugira atore ariko ni gake bamurondera ngo yitoze. Uku ni ukuri kugaragara mu ma komine yose y'igihugu. Ni gake wobona umukenyezi ari ku mutwe w'urugero rw'amatora. Ukuronderwa kw'abakenyezi kubwo amajwi yabo kwarabonetse hose kandi mu matora yose yateguwe kuva mu mwaka w'1961¹³.


Uruhara rw'abakenyezi mu vya politike no mu vy'igihugu ruraburabuzwa kenshi n'uburemere bw'imico, ububasha bw'abagabo ku bagore, ubumenyi buke bw'abagore, ubukene, n'ibindi. Umugore biramugora kuvyikurako burundu. Hariho n'ibindi bituma: urugero rw'ukuronka amakuru n'inyigisho, uruhara ku butunzi, urugero rw'ubwigenge mu gihugu harimwo ubwigenge bw'umugore, uburemere bw'imico, ubudasa buri hagati y'iterambere ridakumira n'umugore mu kibano, n'ibindi n'ibindi. Umugore w'umurundikazi ategerezwa kurengera izo nyifato zose zahindutse ingendo zikaba zimwamako gushikaho ziboha ukwiyumvira kwiwe zikaruhuka zimushikanye aho yibaza ko ariko bitegerezwa kuba akemera uko bamugenjeje no kwibaza ko amatora, cane cane kwitoza, ari ivyo Abagabo¹⁴ ».

vy'intwari canke igafatwa nk'umurwi w'uburyo n'intambuko kugira hagabanganywe ibikorwa ku bantu mw'ifatwa ry'ingingo

¹² Ibidem

¹³ Bagumye bagaruka ku ruhara rudasanze rw'abakenyeze bagize kugira umugambwe Uprona uronke intsinzi mu 1961. Uwo mugambwe, ugiwe imbere na Louis Rwagasore, warakozwe ibishoboka vyose kugira inyuma y'ifatwa ry'amatora y'ama komine, abakenyezi bashobore gutora. Ivyavuyemwo vyabaye vyiza kuri uwo mugambwe kuko watahukiye kuronka intsinzi bivuye ku bakenyezi batoye ku bwinshi uyo mu gamba

¹⁴ Egide Niyongabo, op. cit.



ziraba imibano canke ibisata barimwo. Ni inzira zitandukanye, uburyo n'intambuko bihabwa abakenyezi kugira baterere mu ngingo zifatwa mu vy'intwano mu gihugu. Intererano yabo nk'abakenyezi kandi benegihugu b'Uburundi iraba ibisata vyose, harimwo uburongozi n'intwano ibereye ihurikiyemwo bose mu ntumbero yo guhindura ubudasa buri hagati y'ibitsina kugira ngo habe interano ingana y'abagabo n'abagore.

Urwo ruhara rushikirizwa hano mw'ishusho mu buryo bune :

- Uruhara mu bibanza bica mu matora
- Uruhara mu bibanza vya politike n'ivy'ubuhinga bidaca mu matora
- Uruhara mu nzego n'imigwi ishingwa ivy'igihugu
- Uruhara mu nzego z'iterambere zo hafi y'abanyagihugu

☉ Uruhara mu bibanza bica mu matora

Mu mwaka w'2022, uruhara mu bibanza bica mu matora ruragaragara cane kuko rwari rwashizwe mu mategeko bijanye harimwo ibwirizwa nshingiro n'itegeko rigenga amatara.

Ikibariko ca 2 : Uruhara mu bibanza bica mu matora

Inzego	Abagabo	Abagore	Abagabo+Abagore	% Abagore
Inama Nshingamateka	72	51	123	41%
Inama Nshingamateka	23	16	39	41%
Abahuza bo mu kibano	3495	2331	1164	33%
Abasitanteri	119	43	76	36%
Abajenama bo ku mutumba	11736	2816	14552	19%
Abakuru b'imitumba	2681	230	2911	8%
Urwego rw'abashingantahe	33475	10781	44256	24%
Igiharuro ngereranyo				31%


Isoko: Ubushikiranganji bwo Gushigikirana, Imibano, Agateka ka Zina Muntu n'iterambere Ridakumira

Ico kumenya ca 4

Muri rusangi, ni ibibanza vyonyene hasanzwe hategekanijwe ibitigiri bingana n'imiburiburi ibice 30% vy'igitsina giserukiye kurugero ruto (Inama nshingamateka, inama Nshingamateka n'urwego mpanuzwajambo rwa komine) bishikana ivyo bitigiri. Izindi nzego zibiri zitorwa (urwo ku mutumba n'urwabahuza) ziri muni ya 30%. Urwego rwo ku mutumba ni rwo rwego abakenyezi basurukiye ku rugero ruto cane (ibice 19%). Uko guserukirwa guto kuba ruto gusumba uravye abakenyezi barongoye imitumba (bangana ibice 8%).

Ico dukuramwo n'uko aho bidategekanijwe n'amategeko, abakenyezi ntibaserukiye ku rugero rukwiye. Dutahura ko mu rwego rwo ku mutumba, abakenyezi baserukiye ku rugero ruto cane kandi igihugu kigeze ku matora agira kane yo ku mitumba (umwaka w'2005, 2010, 2015 na 2020). Ariko amatara

y'abahuza yabaye irya mbere (mu mwaka w'2022) haheze imisi habaye ayo ku mitumba (y'umwaka 2020) igitigiri c'abakenyezi batorwa carisununuye (ibice 24%). Nubwo biri uko, abahuza nta kiringo gitegekanijwe bamara. Inkwirikizi n'uko atabibanza vyagenewe abakenyezi kugira bongereze iserukirwa.



© Uruhara mu bibanza vya politike n'ivy'ubuhinga bidasaba amatora

Mu gufatira ku bibanza vya politike n'ivy'ubuhinga bidasaba amatora, n'uko ari inzego zikomeye ku bijanye no gufata ingingo.

Raba aha hepfo urugero abagore bari baserukiweko mu mwaka w' 2022.

Ikariko ca 3 : Uruhara mu bibanza vya politike n'ivy'ubuhinga bidasaba amatora

Inzego	Abagabo	Abagore	Bose hamwe	Ivy'ijana vy'abagore
Iburo vy'umukuru w'igihugu	14	5	19	26%
Iburo vy'icegera c'umukuru w'igihugu	4	1	5	20%
Ubushikiranjanji bwa mbere	10	5	15	33%
Abakenyezi batwara ubushikiranjanji	13	5		33%
Abakenyezi barongoye intara.	15	3	18	16%
Aborongoye imigwi y'imigenderanire mu makungu	15	7	22	28%
Abunganizi b'abashikiranjanji	12	4	16	20%
Abanyamabanga ntayegayezwa	13	3	16	31%
Abagenduzi b'ubushikiranjanji	11	2	13	15%

Isoko: Ubushikiranjanji bw'Ugushigikirana, Imibano, Agateka ka Zina Muntu n' Iterambere Ridakumira, Mukakaro 2023.

Igitigiri-ngereranyo kingana n'ibice 30%. Ico twatahuye n'uko ku nzego 3 za mbere z'igihugu, uguserukirwa ko hagati na hagati ari 20%. Inzego n'imigwi vy'igihugu nivyo birimwo abakenyezi benshi ku rugero rwo hagati na hagati rwa 34%. Ariko ku nzego n'imigwi 9 vy'igihugu, urwego rw'ubutunzi n'imibano ni rwo rwonyene rurongowe n'umugore (ibice 11%).

Urwo ruhara mu nzego nkuru z'igihugu rwerekana ubusumbasumbane bufatiye ku gitsina bisigura ko hari itandukanirizo rinini hagati y'abagabo n'abakenyezi mu burongozi.


Hejuru y'ivyo tubonye, mu Burundi hariho ibisata bikomakomeye vyogaragariyemwo ihinduka ry'ubusumbasumbane bw'

© Uruhara mu nzego n'imigwi yo ku rwego rw'igihugu

Inzego n'imigwi vy'igihugu n'ibisata vy'igihugu bikomeye cane mu buzima bw'Uburundi kandi zimwe muri zo zihanzwe amaso cane n'abanyagihugu kuko zifata ingingo zihambaye zisaba ubushobozi budasanzwe. Muri zo, hariho izikora ku mitima

iterambere ridakumira na cane cane abakenyezi ariko abagore badaserukiwe bikwiye mu bibanza bifata ingingo. Ni ibibanza bifise ingaruka zidasanzwe ku kungana kw'abagabo n'abagore kandi vyotogerejwe kuba ivyohinduye ibintu mu kurwanya ikumirwa kuri bose bigatuma haboneka ubushobozi bwo gukwirikirana ivy'igihugu. Ni nko kugira uruhara mu gisata c'ubutungane (abakuru b'amasentare acimanza n'ayasubiramwo: ibice 33% hamwe n'abashikirizamanza: ibice 13%) hamwe n'igisata c'indero (abayobozi b'amashure nshingiro: ibice 15% hamwe n'ayo inyuma y'ishure nshingiro: ibice 9%, abayobozi b'indero mw'ikomine: ibice 7%).

y'abantu gushika naho bihindura imibereho muri rusangi, harimwo n'iyijanye no kungana hagani y'ibitsina. Izo nazo ni inzego n'imigwi y'igihugu bikurikira:



Ikariko ca 4 : Uruhara mu nzego n'imigwi vy'igihugu

Inzego	Zose hamwe	Abagabo	abakenyezi	Ivy'ijana vy'abakenyezi
Urwego rw'igihugu rujejwe umutekano (CNS)	17	15	2	12
Umurwi ujejwe amatora w'igihugu wigenga (CENI)	7	4	3	43
Umurwi w'ukuri no kurekuriranira (CVR)	13	8	5	31
Urwego rw'igihugu rwo kumenyesha amakuru (CNC)	15	12	3	20
Umurwi w'igihugu wigenga w'agateka ka zina muntu (CNIDH)	7	4	3	43
Urwego rw'igihugu rucungera ibijanye no gukinga no kurandurana n'imizi ihonyabwoko, ubwicanyi bwo mu ntambara n'ubwicanyi bwa kiremwa muntu	7	4	3	43
Urwego rw'igihugu rw'ubumwe n'ukurekuriranira	7	5	2	29
Urwego rw'igihugu rujejwe ibiganiro (CNDS)	7	5	2	29
Urwego rw'ubutunzi n'imibano	20	15	5	25
Ibice vyo hagati na hagati vy'uruhara rw'abagore				33

soko : Ubushikiranganji bw'Ugushigikirana, Imibano, Agateka ka Zina Muntu n'Iterambere Ridakumira

Inzego n'imigwi vy'igihugu nivyo birimwo abakenyezi benshi ku rugero rwo hagati na hagati rwa 33%. Ariko ku nzego n'imigwi 9 vy'igihugu, urwego rw'ubutunzi n'imibano ni rwo rwonyene rurongowe n'umukenyezi (ibice 12%).

Muri rusangi, urugero rwo hagati na hagati rungana n'ibice 33%. Umurwi w'amatora w'igihugu wigenga CENI n'urwego rw'igihugu rwigenga rw'agateka ka zina muntu CNIDH bisa n'uko abakenyezi baserukiwe neza (ku rugero rwa 43%). Umurwi CENI ufise uburemere budasanzwe kuko ariwo utunganya amatora, bigatuma uba inkizo ku kungana kw'ibitsina (ingingo

yawo ya 4 : guhagararira iyubahirizwa ry'ingingo zy'ivangwa ry'amoko n'ukudakumira na cane cane umukenyezi hamwe no kwakira ibirego bijanye » mu ntonde z'amatora mu ntabwe zose z'amatora. Igisata c'amatora n'igisata gikora ku mitima y'abantu mu Burundi.

Twomenya ko umurwi w'igihugu w'amatongo n'ayandi matungo (CNTB) uhejeje kurangiza ikiringo cawo. Ariko wasize amadosiye menshi atarangiye. Turaza kuwugaruka ko mu kigabane kiwuhariwe kubw'izo dosiye zitarangiye kandi n'inyungu zo kudakumira hafatiwe ku bitsina muri wo rigaragara.


© Uruhara mu nzego z'iterambere no mu burongozi vyegereye abanyagihugu

Inzego zo hasi z'iterambere (CLD) zifise uruhara ruhambaye mu kibano. Ni kuri urwo rugero habonekera ukuri kose ku bijanye n'imibereho y'umukenyezi biciye mu buremere bw'isumbasumbane ifatiye ku gitsina igasigaza inyuma abakenyezi kuko hamaho igihengeri c'ibutegetsu hagati y'urwego rw'umuryango n'urwo ikibano. Ni ishingiro ry'iserukirwa rusangi mw'itunganywa ry'ivyigihugu n'ivyabantu biciye mu nzego no mu mahuriro yegereye abanyagihugu.

Iterambere ryegereye abanyagihugu, bita kandi iterambere

ryo kw'itsitso canke iterambere ryo mu kibano ni uburyo bwo gukora bukoreshwa mu bihugu bikiri mu nzira y'iterambere aho ingorane zitandukanye rijanywe n'urugero rw'iterambere zigaragaje kuko¹⁵ Leta idafise ubushobozi bw'abakozi n'amafaranga kugira ifate nkama iterambere ry'ibice bito bito vyo hagati mu gihugu biri kure yaho ubutegetsu bukuru bukorera. Ubwo buryo bwo gukora bugamije gukangurira ababa muri ubwo burere, harimwo abakenyezi n'urwaruka, no kubatumirira kw'itunganywa, gutegura no kurongora ibikorwa bisunze ibikenewe mu kibano

15 AFRABU et WIPC, Rapport d'évaluation de l'effectivité de la représentation des jeunes filles et femmes ainsi que des groupes marginalisés dans les Comités Mixtes de Sécurité Humaine (CMSH) au niveau communautaire au Burundi. Bujumbura, novembre 2022.



n'abakibamwo¹⁶. Ku bijanye n'uruhara muri politike ku rwego rwegerereye abanyagihugu, abakenyezi barongeye imitumba n'ama karitiye bavuye mu matora y'2021 kuri buri ntara tubisanga

mu gicapo kiri ku rupapuro rwa 2 rw'ibiherekeje iki gitabu. (Urupapuro rwa 101)


Ikibariko ca 5 : Uruhara mu bushikiranganji bw'ubutungane¹⁷

I. UBUCAMANZA BUKORERA MU BIRO			
Ubucamanza busanzwe	Igitigiri c'abagabo	Igitigiri c'abakenyezi	Bose hamwe
Sentare ntahinyuzwa	9	6	15
Sentare isubiramwo	75	50	125
Sentare nkuru	142	137	279
Sentare y'intango	417	362	779
Igitigiri ca bose c'intango ca 1	643	555	1198
Ubucamanza budasanzwe			
Sentare yubahiriza ibwiriza nshingiro	6	1	7
Sentare idasanzwe y'amatongo n'ayandi matungo	11	5	16
Sentare irwanya ibiturire	1	7	8
Sentare isubiramwo y'akazi	21	10	31
Sentare y'akazi	9	11	20
Sentare y'ubudandaji	3	12	15
Igitigiri ca bose c'intango ca 2	51	46	97
IGITIGIRI COSE HAMWE	694	601	1295
Ivy'ijana	53,60%	46,40%	100%
II. UBUSHIKIRIZAMANZA BWA LETA			
Sentare nkuru ya Repubulika	7	1	8
Sentare nkuru zikukira sentare isubiramwo	76	18	97
Sentare nkuru ikukira sentare igwanya ibiturire	4	3	7
Sentare nkuru ikukira sentare idasanzwe y'amatongo n'ayandi matungo	2	0	2
Sentare ya Repubulika	142	56	198
IGITIGIRI COSE HAMWE	231	78	309
Ivy'ijana	74,80%	25,20%	100%
III. UBUCAMANZA N'UBUSHIKIRIZAMANZA BIRI HAMWE			
Ubucamanza	694	601	1295
Ubushikirizamanza	231	78	309
Ivy'ijana	57,70%	42,30%	100%

Isoko: Ubushikiranganji bw'ubutungane

¹⁶ <http://www.louvaincooperation.org/sites/default/files/2018-10/17%20Capitalisation%20-%20Mise%20en%20place%20CLD%20et%20structure%20communautaire.pdf>

¹⁷ Ministère de la justice



Urugero rw'uruhara rw'umukenyazi mu butungane bw'Uburundi ruguma ruri hasi ku rwo Abagabo haba mu bucamanza no mu maSentare (ibice 57,7% vy'abagabo ku bice 42,3% vy'abagore). Ubusumbasumbane burarwira mu gisata c'ubushikirizamanza bwa Leta (ibice 74,8% vy'abagabo ku bice 25,2% vy'abakenyezi

baserukira ubushikirizamanza bwa Leta. Ibice 30% vy'abakenyezi vyategekanyijwe n'ibwirizwa nshingiro (ingingo y'213, agace ka 3 k'ibwirizwa nshingiro) birubahirijwe mu bucamanza ariko ntibikwirizwa mu bushikirizamanza bwa Leta.

II.2. Abakenyezi, amahoro n'umutekano

Ico kumenya ca 5

Kuba hariho itegekanywa ry'ibikorwa vy'igihugu ku ngingo y'ishirahamwe mpuzamakungu ONU y'1325 bishira Uburundi mu bihugu vya mbere vyateye intambwe kw'isi ku bijanye n'ishirwa mu ngiro ryayo. Uburundi buraterera inAbagabo mu mugambi wo gukomeza amahoro mu bihugu biri mu ntambara (Sudani, Somaliya, Haiti, Igihugu c'Africa yo hagati, Repubulika iharanira demokarasi ya Kongo) kandi burubahiriza ubuserukizi budakumira na cane cane umukenyazi. InAbagabo z'ukwivuna umwansi n'inAbagabo zijewe umutekano zirafise ibitabu birimwo ubuhinga bw'ingene bo kwubahiriza guserukirwa kwa bese na cane cane umukenyazi kandi uruhara rw'abigeme rubandanya rwiyoungera uko imyaka ihera. Ukuba hariho ihuriro ry'abakenyezi ku rwego rw'igihugu hamwe n'urunani rw'abakenyezi b'abahuza baterera mu gutsimbataza amahoro mu kibano ni akarusho

Uburundi buri mu bihugu vyo kw'isi vyitayeho ivyerekeye ikibazo c'abakenyezi, amahoro n'umutekano, ahanini kubera cabayemwo ibikorwa vyo kurondera amahoro (biganiri vya Arusha mu 1998 na 2000, ibiganiri ku rwego rw'igihugu inyuma y'amagume yo muri 2015); ivyo biganiri vyarahaye ikibanza abakenyezi ku ntambwe zose. Abakenyezi n'uruhara rwabo mu nzira y'amahoro n'umutekano bifise imizi mw'ishira mu ngiro ry'ivyavuye mu nama y'umutekano y'urwego rujejwe umutekano mu muryango w'isi (UN) ku bijanye n'abakenyezi, amahoro n'umutekano na politike y'igihugu ku bijanye n'iterambere ridakumira na cane cane umukenyazi: (PNG). Muri izo nzira, twokwerekana ibintu bikurikira:

- Abakenyezi n'abigeme mu rwego z'umutekano no kwivuna abansi
- Abakenyezi n'abigeme mu butumwa bwo kubungabunga umutekano
- Abakenyezi n'abigeme mu nzira yo gusubiza hamwe ku rwego rw'igihugu
- Abakenyezi n'abigeme mu buryo bwo gutsimbataza amahoro n'umutekano

• Abakenyezi n'abigeme mu rwego z'umutekano no kwivuna abansi

Mu nzego zo kwivuna abansi n'umutekano, Abakenyezi n'abigeme baserukiye ku rugero rwo hasi, ubona ko kuva na kera umwuga


w'urugamba camye igikorwa c'urwaruka rw'abahungu. Mu gisoda, ibiharuro biri hasi cane naho biriko birakura bukebuke.

Ikiyariko ca 6 : Ibiharuro vy'abakenyezi b'abasirikare mu bikorwa vyo kubungabunga amahoro.

Imyaka	2008	%	2020	%	2021	%
Abakenyezi	64	5%	79	6%	118	9%
Abagabo	1308	95%	1308	94%	1156	91%
	1372	100%	1387	100%	1274	100%

lyinjizwa ry'abakenyezi mu nzego z'umutekano no kwivuna abansi kiracari ikibazo, n'abakenyezi bari muri uwo mwuga babayeho ubuzima butajanye n'imibereho y'ikibano gifatiye

ku bubasha bw'iterambere ridakumira mu rugo. Mu gipolisi, kwubahiriza iserukirwa rya bese na cane cane abakenyezi navyo nyene vyavuye mu masezerano ya Arusha. Igipolisi



c'ihugu c'Uburundi ni urwego rutanguye vuba (2004) rwavuye mu masezerano ya Arusha y'amahoro n'umutekano (2000) n'amasezerano yakurikiye. Ahanini urwo rwego rugizwe n'abagabo. Iyinjizwa ry'abakenyezi riduga bukebuke n'abo Leta idasiba kubahiriza igihe cokwinjiza abapolisi bashasha kugira abigeme biyandikishe ari benshi. Naho intambwe hari intambwe imaze guterwa ariko impinga iracari ndende.

Mu kibano, amakomite y'umutekano ahurikiyemwo bose (CMSH) ari mu buryo bwo gukinga no gutorera umuti amatati mu kibano. Ni inyishu ku bisabwa vy'igipolisi cegereye abanyagihugu nkuko tubisanga mu cegeranyo c'ingingo ngenderwako mu mutekano w'igihugu. Yashizweho mu ntumbero yo gutsimbataza umutekano mu kibano. « Leta y'Uburundi yafashe ingingo yo gushiraho ayo makomite mu makomine n'imitumba mu gihugu cose mu mwaka w'2008 »¹⁸. ariko « nta tegeko rigenga ayo makomite y'umutekano ahurikiyemwo bose » « Haba mu bayigize, ivyo

ijejwe n'ingene ikora, ntiyari bitunganijwe neza. »¹⁹

Ni amakomite agizwe n'abantu bava mu bisata bitandukanye vy'ubuzima bw'ikibano, bafise imirimo, imibereho, n'ivyiyumviro vya politike bitandukanye, harimwo n'amashirahamwe y'abakenyezi. Buhoro buhoro Leta yarahaye intumbero n'amategeko ayo makomite maze barinjira mu ngingo ngenderwako yerekeye umutekano w'igihugu (SNS)²⁰ y'urwego rw'igihugu rujejwe umutekano (CNS)²¹. Ziri mu ntumbero rusangi ya politike y'igihugu y'igipolisi cegereye abanyagihugu ifasha icyumviro co gushinga igipolisi c'igihugu cashizweho mu mwaka wa 2004²².

Mw'ikomine, kw'izoni no ku mutumba imigwi ihurikiyemwo bose y'umutekano w'abantu itegerezwa kubamwo abakenyezi 30%, urwaruka 40% (Itegeko ry'umukuru w'igihugu N°100/208 ryo kuwa 18 Gitugutu 2016). Ariko mu vy'ukuru irimwo abakenyezi bangana n'ibice 18%.

II.3. Amabi afatiye ku gitsina akorerwa abakenyezi n'abigeme

Ico kumenya ca 6

Amabi afatiye ku gitsina: Ihinduka ry'igitigiri c'abakorewe ihohoterwa rifatiye ku gitsina hagati ya 2015 na 2022 ryagiye riduga rimanuka (ukurikije 17,503 muri 2015 na 17,379 muri 2022). Iyo ntambwe ishobora kuba ari inyishu y'urufatane rw'ibintu bikurikira : Amategeko arondera kwisununura, ingingo nyinshi ku mbuga zitandukanye, inyigisho.

Uturusho twazanywe n'amategeko adasanzwe yo kurwanya ihohoterwa rifatiye ku gitsina twagaragaye ahantu hatandukanye ko ataco bitwaye mu gihe bivuguruzanya n'amategeko ahana ivyaha. Uku kutanywana ni ishingiro ry'ibikorwa biriko birakorwa.

Ihohoterwa rifatiye ku gitsina ni uburyo bwo kwerekana amateka n'ububasha hagati y'abakenyezi n'abagabo bitamye bingana kuva muri kahise. Mu Burundi, ubusumbane bufatiye ku gitsina bufise Isoko ku mibereho n'ivyiyumviro bidahuye n'iterambere ridakumira hagati y'abagabo n'abakenyezi, kutitabwaho bikwiye ibijanye n'igitsina mu nteguho z'imigambi y'igihugu hamwe n'imibereho itandukanye yagiriza abakenyezi.²³ Ivyo ni ukuri guteye ubwoba. Mu mwaka wa 2021 dufise abahohotewe

n'amabi afatiye ku gitsina 14926 (Abagabo 2372 ku bagore 12 555).²⁴ Uburyo ihohoterwa ry'uburenganzira b'w'abakenyeza rikorwa ryibonekeza riri uburyo butandukanye : gushurashuzwa, ukubabazwa umubiri, itunganywa ry'ubutunzi no mu nyifato. Inkurikizi z'amabi afatiye ku gitsina ni agahomerabunwa: izifatiye ku mubiri, ibigumbagumba, ku magara, (gufatwa n'umugera wa SIDA), ivyiyumviro, imibano, ubutunzi, abakenyezi bakaba ari bo bikorako²⁵ ubwa mbere. Leta y'Uburundi irarajwe ishingira n'ico kibazo. Muri icyo ntumbero, harashizweho amategeko abijejwe. Vyongeyeye, amategeko mpuzamakungu Uburundi bwateye umukono, amategeko y'igihugu yo kugwanya amabi afatiye ku gitsina vyarashizweho.

18 Quels sont les problèmes locaux de sécurité au Burundi. Recueil d'expériences menées dans 11 communes pilotes, Bujumbura, 2012. <https://issat.dcaf.ch/Learn/Resource-Library/Policy-and-Research-Papers/Quels-sont-les-problemes-locaux-de-securite-au-Burundi-Recueil-d-experiences-menees-dans-11-communes-pilotes>

19 Idem

20 Mu gisata, imigenderanire hagati y'inzego zo kwivuna abansi n'umutekano, imigenderanire n'abenegihugu n'abafasha mu vy'ubuhinga no mu vy'uburyo, amakomite ahurikiyemwo bose bagize inzego zine z'igihugu ari naho harimwo inzego zitatu impande ya zira zindi zindi nzego z'igihugu: Urwego rw'igihugu rwo gukinga no gutorera umuti ibiza; b. Umugwi ujejwe umutekano; c. Umugwi wo kurwanya iterabwoba; d. Amakomite y'umutekano ahurikiyemwo bose.


21 Ku bw'itegeko ry'Umukuru w'igihugu inomeru 100/208 ryo kuwa 18 Gitugutu 2016 rijanywe n'ntumbero, integuro n'igikorwa c'urwego rw'igihugu kijejwe umutekano (CNS), harimwo : « gutera intege buri mwanya amakomite y'umutekano ahurikiyemwo bose; kuyakurikirana no gusuzuma ikora ry'ayo »

22 Nadine Nibigira, Les CMSH : Un régime de sécurité communautaire dans un contexte politique critique ; in Afrique et développement, Volume XLII, N°3, 2017, PP231-248, CODESRIA

23 République d'Uburundi, Ministère de la Solidarité Nationale, des Droits de la Personne Humaine et du Genre, Annuaire statistique, édition 2021

24 République d'Uburundi, Ministère de la Solidarité Nationale, des Droits de la Personne Humaine et du Genre, Annuaire statistique, édition 2021

25 République du Burundi, Ministère de la Solidarité Nationale, des Droits de la Personne Humaine et du Genre, Politique Nationale Genre au Burundi, 2012-2025, op.cit, p.16



Ku vyerekeye amategeko asanzweho

Uburundi busanzwe bwaremeje amategeko ku rwego mpuzamakungu akurikira: Amasezerano mpuzamakungu araba uburenganzira mu vy'amategeko y'ubwenehiguhu na politike, Amasezerano Mpuzamakungu ajanye n'ubwene gihugu na politike, Amasezerano Mpuzamakungu afatiye ku mibano n'ubutunzi n'imico kama, Amasezerano Mpuzamakungu yiyamiriza icyo cose coza gikumirwa abakenyezi, n'ayandi.

Ku rwego rw'igihugu, amategeko agwanya amabi afatiye ku gitsina ni nk'aya : igitabu Mpanavyaha, Itegeko numero 1/13 ryo kuwa 22 Nyakanga 2016 rivuga ibijanye no Gukinga no gukingira

Ku bijanye n'uburyo n'imigambi ngenderwako yo kurwanya amabi afatiye ku gitsina

Mu mbonakazozo y' « Uburundi bwo mu 2025 » mu duce twerekeye iterambere ridakumira na cane cane umukenyezi, Urwaruka, Abatishoboye; indinganizo ya Beijing mw'ihangiro rya 4 ryerekeye kurwanya amabi akorerwa abakenyezi ; Umugambi w'igihugu wo gushira mu ngiro amasezerano Mpuzamakungu 1325 y'urwego rw'Umutekano (2017-2021) ; Umugambi w'igihugu wo gushira mu ngiro Amasezerano y'i Kampala (2022-2027) ; Umugambi w'igihugu w'iterambere ridakumira na cane cane umukenyezi (2012-2025) n'ishigwa mu ngiro ryawo ; Umugambi ugamije ivyofasha kuringaniza abigeme n'abahungu mu mashure no mu ndero(2012-2020) ; Umugambi wihariye guteza imbere urwaruka (2016-2020) n'ibindi.

Hari ingingo zitari nke ku bijanye n'uko bikorwa hamwe n'inzego nshingwantwari zashizweho kugira hashirwe mu ngiro amategeko yashizweho ajanye n'ukurwanya ayo mabi. Ku ruhande rw'inzego nshingwantwari ishaka rya Leta ryo guteza imbere ukwitaho ikibazo kijanye n'amabi afatiye ku gitsina ryerekenwa n'ishirwaho ry'igisata kibijewe mu buyobozi bukuru bujewe iterambere ry' Umukenyezi n'iterambere ridakumira.

Izindi nzego n'izindi ngingo zarafashwe n'ibisata mu bushikiranganji butandukanye kugira hatsimbatazwe ukugwanya aamabi afatiye ku gitsina : ishigwaho ry'ibisata vyihariye muri za Sentare nkuru n'izizikukira ziraba amadosiye ajanye n'amabi afatiye

abahuye n'amabi afatiye ku gitsina hamwe n'ibihano vy'amabi afatiye ku gitsina. Hariho kandi itegeko no 1/28 ryo kuwa 29 Gitugutu 2014 rivuga ivyerekeye gukinga n'uguhana amabi ajanye n'urudandazwa rwa kiremwa muntu, gukingira abahuye n'ayo mabi, amasura n'abandi bari mu mutekano muke nk'uko biri mu gitabo c'amategeko agenga ingo n'imiryango; n'ibindi.

Utunenge turi muri iryo tegeko rihana amabi afatiye ku gitsina twatumye Leta ifata ingingo yo kurihinyanyura gusha kuwa mu mwaka w'i 2020.

ku bitsina, Ishigwaho ry'uwujewe ibibazo bijanye n'amabi afatiye ku gitsina mu ma Komisariya y'igipolisi yose, Itegurwa ryihariye²⁶ mu kwumviriza no guca imanza zifatiye ku bitsina hamwe no guhimiriza n'ukwongerereza ubumenyi abacamanza, gutegekenya ubuhinga bwa none bwo gukurikirana ama dosiye ajanye n'imanza zifatiye ku bitsina hakoreshejwe ubuhinga bwa none bukoresha imashini nya bwonko mu bushikiranganji bw'Ubutungane, Gutegura inyigisho zohabwa abazokwigisha abandi ku bijanye n'amabi afatiye ku gitsina aho abasoda 50 bazukurikanywe mu rwego rw'Intwaramiheto, isekeza rya : « nta mbanyi mu mashure », kuronsa vya nkenegwa mw'ihimiriza ry'ugwaruka ku bijanye n'ukurwanya imbanyi, ubuhumbu n'inyifato zitabereye, gushiraho urwego ruhurikiyemwo abavyeyi n'abigisha kugira haboneke ahoyagigirwa ibijanye n'ingendo nziza ku vyerekeye ibitsina ; gushiraho uburyo bwo gutohozza vyihuse mu kurwanya amabi afatiye ku bitsina hakoreshejwe ama terefone, gushiraho ikigo c'akarorero ku bijanye n'ukurwanya amabi afatiye ku bitsina mu Burundi nk'uko itegeko nshikiranganji no 225.01/36 ryo kuwa 25 Nzero 2019 ribitegekanywe, gutegura ku mwaka ku mwaka isekeza ryihariye rijanye n'ukurwanya amabi akorerwa abakenyezi mu misi icumi n'itandatu, Gushiraho ibigo bigwanya amabi afatiye ku bitsina mu Cibitoke, Muyinga, Makamba, Rumonge, n'i Gitega (Ikigo Humura) n'i Bujumbura (Ikigo Seruka).

26 L'ordonnance n°550/1622 du 19/11/2013, portant mission, composition et fonctionnement des chambres spécialisées pour mineurs et victimes de violences sexuelles au Burundi

INTAMBUKO APC

Guhimiriza/Kumenyekanisha

Igenekerezo ryo gutangura urugendo rw'ibikorwa bituma umuntu akira ku gatwe ka muntu no mu kibano

Kwitabira inganda z'ibikorwa bituma umuntu akira : igikorwa co kugandara, uko wifata mu bihe vy'amarangamutima, kurekurirana, gusubiza hamwe

Gukira / Guhinduka

Intererano mu buzima bwo mu kibano no guhinduka ubifashijwe no gukoresha ibigenewe umuntu ku gatwe kiwe canke ikibano

Inganda APC



Guhanahana ubumenyi



Mu ngendo yo kugerageza gutora inyishu mu kuja hamwe mu kibano « Gukira twese » niyo nyishu ihurirwako na bese mu gutorera inyishu ibibazo bitandukanye bifatiye ku bitsina (kwinuba uwo vyashikiye, kumuca mu kibano, guta umwana n'ibindi) ko inyishu ihuriweko canke yo ku gatwe ka muntu idashobora gushika mu mizi. Iyi nyishu ntiraba abakozweko n'amabi gusa ahubwo iraraba n'ikibano cabo hamwe n'imiryango yabo. Iyo ngendo yo gutora inyishu itumbera ugushirahamwe inguvu za bese mu mu kwitaho abakomerekejwe bari mu migwi ikora kandi ishize hamwe. Umubabaro n'igikomere ico arico cose ntibiheza ngo birabe umuntu ubwiwe ariko nyabuna imiryango iheza igafatwa nk'imibano yuzuye, nshirikashaka,

ifise uburyo bwayo bwite kandi biboneka.

Ni inyishu yifatanya neza n'izindi nyishu zo mu mibano zihurira hamwe mu guteza imbere imiryango n'ubutunzi hamwe n'uguhindura ingingo n'imigenzo zishigira ku busumbane hagategzwa imbere uburenganzira bwa kiremwa muntu.

Mbega none izo ngingo ubu zoba zikora gute?

Ku ntambuko yose ikigabane kijanye n'uburyo butegekenijwe ku ngendo yose buguma ari ntabanduka kuko ni kimwe mu bikoreho nkenerwa mu kurwanya amabi afatiye ku bitsina


© Ibifatirwako mu bijanye n'amabi afatiye ku gitsina VBG

Ikibariko ca 7 : Igutigiri c'abagabo, abagore, abakobwa, n'abahungu bahohotewe mu bijanye n'amabi afatiye ku gitsina kuva 2015-2022

	2015	2016	2017	2018	2019	2020	2021	2022
Abagabo	3540	4709	4257	3270	1743	2639	2372	2898
Abagore	13963	17782	17072	16508	11390	12650	12554	14481
Bose	17503	22491	21329	19778	13133	15289	14926	17379

Isoko: Repubulika y'Uburundi, inyishu y'Uburundi ku rutonde rw'ivyabajijwe bafatiye ku cegeranyo gitangwa inyuma y'igihe runaka, kuwa 4 *Munyonyo 2022*

ABAKOZWEKO N'AMABI GABO NA GORE 2015-2022



Kuva mu mwaka wa 2015 gushika mu mwaka 2022 igitigiri c'abagore bahuye n'amabi afatiye ku gitsina kirasumba ic'abagabo. Ubusumbasumbane hagati y'abahuye n'ayo mabi 2015 (17503) no muri 2022 (17379) ni butoyi cane. Kubera ibitigiri vy'abahuye n'amabi afatiye ku bitsina kitagabanutse, umuntu yokwibaza ko inguvu zakoreshejwe zapfuye ubusa. Amahimiriza, uburyo bwo

kugabisha mu mibano, ukwitwararika ico kibazo kw'intworo n'abandi bitaho ibibazo bijanye n'amabi nk'ayo vyatumye amabi nk'ayo yahora anyegezwa ashirwa ahabona agashikirizwa inzego zibijejwe. Ku bwoko bwose bufatiye ku mabi afatiye ku bitsina, igitigiri c'abagore kiguma gisumba ic'abagabo.

© Hariho integuro yanditse yashizweho kugira hitabweho abahuye n'amabi afatiye ku bitsina

Hariho igitabo kirimwo integuro zisungwa zihurigwako zo gukinga kandi zikaba inyishu mu bijanye n'amabi afatiye ku bitsina mu gihe cihuse yateguwe itariki 15 Nyakanga 2015²⁷ Iyo nteguo ica ku mayange yongera itanga intumbero ku ntambuko zishirwa mu ngiro haba mu gukinga canke gutanga inyishu ku mabi afatiye ku gitsina, harerekanwa amashirahamwe

canke imigwi ifise uruhara mu bikorwa bishirwa mu ngiro mu kurwanya ayo mabi : amagara, kwitabwaho kw'abahahamutse, ubucamanza n'ugushengeza, hamwe n'ukwitwararika abakozweko, kubarungika aho boronka ubufasha bakeneye bivanze n'urugero rw'uburwayi bafise.²⁸

27 République du Burundi, Procédures opérationnelles standards pour la prévention et la réponse aux victimes des violences basées sur le genre en situation humanitaire au Burundi, 2^e édition, 14 août 2015

28 République du Burundi, Ministère de la sante publique et de lutte contre le Sida ; Ministère des droits de la personne humaine, des Affaires sociales et du genre ; Ministère de la sécurité publique ; ministère de la justice : Guide opérationnel du centre intégré de prise en charge holistique des survivants des VSBG, p. 24, 49 et 53.

© **Igitigiri c'abahuye n'amabi afatiye ku gitsina baronswa ukwitabwaho gufatiye kw'ihahamuka hamwe nuko mabi ahanwa**

Ikibariko ca 8 : Igitigiri c'abahuye n'amabi afatiye ku bitsina VSBG baronkejwe ubufasha bufatiye ku kwitabwaho mu vy'ingwara y'ihahamuka

Igitigiri c'abahuye n'amabi afatiye ku bitsina VSBG baronkejwe ubufasha bufatiye ku kwitabwaho mu vy'ingwara y'ihahamuka			
Igitsina	Umwaka wa 2020	Umwaka wa 2021	Vyose hamwe
Abagabo	852	1256	2108
Abakenyezi	4957	5496	10453
Bose hamwe	5809	6752	12561

Isoko: Annuaire statistique du Ministère des Droits de la Personne Humaine, des Affaires Social et du Genre, édition 2022

Icaha gifatiye kugufata ku nguvu nico cibonekeza cane mu manza zaciwe. Bisigurwa n'uko ico caha arico gikorwa cane turavye ibindi vyaha bijanye n'amabi afatiye ku gitsina.


Bisubiye ivyaha bike bifatiye kw'ihohoterwa ry'umubiri, ku gucikira canke ugucikiza, n'uguharika canke uguharikwa biracibwa imanza naho bitibonekeza cane. Ivy'ukutibonekeza bivana n'uko benshi mu bahura n'amabi, na cane abakenyezi,

Ikibariko ca 9 : Ama dosiye y'imanza zijanye n'amabi afatiye ku gitsina ku mabi afatiye ku bitsinabitsina zaciwe na Sentare nkuru na sentare zisubiramwo imanza z'igihugu kuva muri Nzero gushika muri Kigarama umwaka wa 2022

Ama dosiye y'imanza zifatiye ku mabi afatiye ku bitsina zaciwe mu mwaka 2022	
Icaha	Igitigiri
Ugufatwa ku nguvu	626
Ibikomere bifatiye kw'ihohoterwa ry'umubiri	31
Uguhohoterwa mu kibano	190
Abacikiranye	21
Abaharikanye	10
Abarenga ibigo	114
Ihohoterwa rifatiye ku butunzi	8
Ihohoterwa mbabazamutima	3
Ubwicanyi	8
Vyose hamwe	1095

Isoko : Base de données Ministère de la Justice, 2023

batubahuka gushengeza abanega babo kubera imvo nyinshi kandi zitandukanye: kutabashira ahagaragara ngo intahe ibakubite mu gahanga kugutinya ko uyo muAbagabo yokwihora canke abavyeyi b'uwo muAbagabo, kuba umugore abayeho mu vy'ubutunzi kubw' iterambere ridakumira, kuba inzego zijejwe gushigikira abahuye n'ayo mabi zidakora bishimishije (amashirahamwe make hamwe n'ukwitwararika guke kw'inyamiramabi).



Ikibariko ca 10 : Igitigiri c'abahohotewe canke bahuye n'amabi afatiye ku gitsina baronkejwe ubufasha bakeneye bwose nk'uko bitegekanywa n'amategeko asanzweho

Tugabanganije abahuye n'amabi afatiye ku gitsina dushingiye kubwoko bw'ubufasha baronkejwe				
Ubwoko bw'ubufasha	Igitsina	2019	2020	2021
Kuvurwa	Abagore	53	44	27
	Abagabo	8	2	4
Mu bijanye n'ihahamuka	Abagore	800	888	767
	Abagabo	171	202	116
Ivy'ubutunzi n'imibano	Abagore	81	41	55
	Abagabo	10	0	1
Ivy'ubutungane	Abagore	141	187	161
	Abagabo	14	23	20
Guhuza ingo ziri mu matati	Abagore	113	218	168
	Abagabo	113	218	168

Isoko: Annuaire statistique du Ministère ayant le genre dans ses attributions, édition 2021.

Havuyemwo imyumwikano y'abubakanye iyo bashwanye aho usanga igitigiri c'abakenyezi kingana n'ic'abagabo haguma hibonekeza ubusumbane budasanzwe mu kwitabwaho kw'iyindi

migwi. Muri make, abahura n'ayo mabi ku ruhande rw'abakenyezi bama ari benshi kuruta Abagabo nico gituma n'abitabwaho ku ruhande rwabo bategerezwa kuba benshi.

Ikibariko ca 11: Igitigiri c'abahuye n'amabi afatiye ku gitsina nk'uko vyatohojwe n'igisata c'igipolisi kijejwe gukingira urwaruka n'imico kuva muri Nzero gushika muri Kigarama umwaka wa 2022.

Igitigiri c'abahuye n'amabi afatiye ku gitsina ku muri Nzero gushika muri Kigarama 2022	
Amezi	Ibitigiri vy'abahuye n'amabi
Nzero	152
Ruhuhuma	127
Ntwarante	123
Ndamukiza	91
Rusama	118
Ruheshi	86
Mukakaro	32
Myandagaro	86
Nyakanga	71
Gitugutu	23
Munyonyo	54
Kigarama	38
TOTAL	969

Isoko : Protection des mineurs et des moeurs, rapport de décembre 2022, Ministère ayant la sécurité dans ses attributions

Ibitigiri ntivyerekana igihagararo c'uwitwara canke igitsina ciwe. Naho hariho amategeko n'inzego zibijewe, ingorane ntizibuze, aha twovuga nk'ibi bikurikira:

- Imico y'abarundi : yama ishira ku rugero rwo hasi umukenyezi canke umwigeme, ikabaremera ikongera ikababuza no kwitura ubutungane

- Umugwi munini w'abagabo: Abagabo bamwe bamwe babayeho baboshwe n'umuco w'ugushira hejuru igitsina-gabo bigatuma bafata minenerwe amabi akorerwa abakenyezi.
- Ibihushane vy'amategeko arwanya amabi afatiye ku gitsina (amategeko avuguruza itegeko rirwanya amabi afatiye ku gitsina : igitabo c'amategeko mpana vyaha, igitabo c'amategeko agenga ingene imanza z'ivyaha ziburamishwa) ;
- Amategeko amwamwe adasobanuye mu rurimi rukoreshwa mu gihugu (Kirundi)
- Ukutagira ikigega co gufasha abahuye n'amabi afatiye ku gitsina bakarokoka
- Kutarenguka kw'abakorewe ayo mabi canke ivyabona kubera kubura uburyo bwo kwirihira canke kubera kutavugana
- Ugukwiragizwa guke kw'amategeko n'inyandiko bijanye n'ukurwanya amabi afatiye ku gitsina
- Kubaho kwumvikana ku mabi afatiye ku gitsina aba yakozwe

- Ubwoba bw'abakorewe ayo mabi mu kwitwara ku nzego z'ubutungane
- Kudashingwa mu ngiro y'itegeko rirekura gukurikirana urubanza ufatiye ku makuru ufise naho atawoba yituye ubucamanza bikorwa n'amacamanza n'inyamira mabi
- Ugushaka guke gutunganiriza ababikeneye
- Ibiharuro vyo mu bushikiranganji bw'ubutungane bidatangwa ku gihe gikwiye
- Kwunguruza n'uguhindurirwa akazi kw'abakozi mu ma sentare abijejwe bigabanya umwimbu mu bikorwa
- Ibiturire mu bisata bimwe bimwe vy'ubutungane biracibonekeza
- Urugero ruri hasi rw'ibigo bijejwe gufata mu mugongo abacitse kw'icumu muri rusangi (ibigo 6 gusa mu ntara 18 zigize igihugu cose)
- Amashiramwe yo gufasha mu butungane no mu ma sentare ni make kandi afise uburyo buke


Ubushobozi bwo guhangana n'amabi afatiye ku gitsina

Naho ayo ataraturuzwa, ibikoresho bitandukanye vyo kuyagwanya birahari :

- Ugushaka kwerekana na Leta n'abo bafatanyaga mu kwiteza imbere
- Ibigwanishwa vy'ubutungane n'inzego bikwiye kandi bikora

- Isubigwamwo ry'amategeko yataye igihe ririko riraba (itegeko rikinga, rikingira abahohotewe rigahana abakoze amabi afatiye ku gitsina)
- Kuba hariho ubutungane butegukanya kungana mu bijanye n'imanza z'amatongo





II.4. Abatitaweho n'Umubano udakumira

Ico kumenya ca 7

Kudakumira ikibano kugira ubutungane busasagare: mu bijanye n'inzezi ikizwi kwizina ryo gushigikirana, ukudakumirana ni umwitwarariko wa Leta mu gihe hari igisata c'ubushikanganji cabihariwe, impande y'ikijejwe iterambere ridakumira. Ibikorwa vyo gukingira umubano mu migwi ya ntaho nikora biharurwa ku rugero rw'igihugu kandi bigafasha inkengerwa ku buryo atawibagirwa. Kubona ubushikanganji muvuyeho bujewe harimwo gufashyana burongowe n'umufasoni ari mu bwoko bw'abatwa ni ikimenyamenya cerekana ugufata mu ntoki ikibanza c'imigwi y'inkengerwa. Uwo murwi kandi uraserukiwe mu nama Nshingamateka (3) na nshingamateka (3) kandi n'iyindi migwi y'abageramiwe iritaweho n'abafasha mw'iterambere ry'igihugu kurusha uko vyahora.

Twisunze ivyashizwe imbere mu migambi y'iterambere (ODD), Uburundi bwaranditse mu mugambi w'igihugu w'iterambere (PND), intumbero mu bijanye no gukingira ikibano. Iyo ntumbero ni inyishu yavuye mu kubona intwari rusangi idakumira itoba iyizana imyidodombo n'impari. Indyane z'urukirikirane igihugu cagiye gicamwo uherye igihe intahe yo kwikukira yaboneka zagiye zongereza ubukene abarundi. Haribonekeza ingeso y'ugusega n'iy'ugukumira, imigwi imwe imwe igeramiwe nk'abatwa,²⁹ abagendana ubumuga, abanyamwema n'abana bo mw'ibarabara. Abateshejwe izabo n'impunzi bakaba nabo nyene bahavuye bisanga muri uwo muce.

Mu Burundi, kufata mu ntoki ivyasizwe nk'iragi vyinjira mu ntumbero yo gukingira umubano isanzwe itaboneka mu mugambi w'iterambere ry'igihugu honyene ariko no muri politike y'igihugu yitaho ubudasa bufatiye ku bitsina. Nko muri 2011, iyemezwa ry'umugambi w'igihugu wo gukingira imibano (PNPS) yabura gufata nka nkama ubutungane n'iterambere ridakumira. Mu vyigwa vyo ku rubuga vyafashije kugira iyi raporo iboneke, imigwi imwimwe y'abantu b'impahazwa baboneka nkuko babayeho bakumiriwe mu kibano, barafatiweko mu vyigwa vyakozwe ku rubuga. Ba nyamwema babayeho mu bwoba bwogutangwako ibimazi ku bw'inyungu z'ibintu, ubuzima bubu bw'abantu bagendana ubumuga, ugusabiriza kw'abana bo mw'ibarabara, ubukene burenze mu mice y'abateshejwe izabo n'abahungutse.

Nuko rero abantu bagendana ubumuga (Makamba), Abatwa (Mwaro), abana bo mw'ibarabara (igisagara ca Bujumbura) baratanze ivyiyumviro bivuye ko kwitabwaho birushirije ari

nkenegwa cane. Impinyanyuro za politike zivugaga kukubaho kwabo n'ibikorwa vyisungaga umwanya bija mu ruhande rwabo bikwiye gushigikirwa.


Mu ntumbero y'utwigoro twa Leta, umuntu yoshira Uburundi mu bihe vy'inyuma y'intambara vy'ugusanura ivyasambutse. Nuko rero, iyemezwa ry'imigambi y'ama Leta n'ibihugu y'amasezerano 1325 y'akanama ka ONU gashinzwe umutekano kuvyerekeye umukenyezi, amahoro n'umutekano, indinganizo y'ukuzamura abanyagihugu yashikanye ku migambi ishira imbere gufasha abakenyezi n'abigeme bari mu migwi y'abageramiwe (abagore b'abapfakazi, abakobwa bavyariye iwabo, abagore/abakobwa bagendana ubumuga). Indinganizo y'ibikorwa vy'igihugu mu gushira mu ngiro amasezerano 1325 irerekana kandi ugekenerwa gusubiza mu vyabo imigwi y'abageramiwe mu mugambi wo gusubiza mu vyabo y'abahungutse, abateshejwe izabo, abahoze ari abagwanyi, n'abandi.

Mu ntumbero yo gushika kw'iterambere ridakumira n'ubutunzi busangiwe, ingingo mu nzego z'igihu n'abikorera utwabo zitumbereye kugabanya ubukene, na cane cane ibijanye n'imibano hamwe n'ubutunzi zarafashwe mu Burundi. Urwego rwo kubi shira mu ngiro rwaragiyeho mu gushiraho umugwi w'igihugu ujeje gukingira imibano.

Kubera iyo mvo, umwaka wa 2018,³⁰ ibimenyamenya vy'ikingirwa ry'imibano, hanze y'inzezi zashizezweho ku mugaragaro (INSS, ONPR, MFP, MSP, Micro-Assurances) bishobora kwerekana ubu ni ibi:

29 Ni ubwoko bugira gatatu mu Burundi, inyuma y'abahutu n'abatwatsi, bwakumiriwe n'ikibano n'uburunguzi igihe kirekire; ubwo bwoko bita ubw'abasangwabutaka kandi bw'inkehwa (igice 1% c'abanyagihugu) bashoboye gute intabwe guhera ku masezerano y'i Arusha y'2000, aho haboneka batatu baserukira abenegihugu mu nama nshingamateka, n'ejobundi aho hashigwaho umugore mu bushikanganji bwa Reta

30 Ni integuro za Reta zidasaba intererano, zishigikirwa n'abatanga imfashyanyo mu ntumbero yo kugwanya ubukene n'itege nke



Ibariko ca 12 : izina ry'igikorwa ntsimbataza-mibano n'uwagikorewe

Izina ry'igikorwa ntsimbatazamibano/ Uwagikorewe	Ibiharuro vy'abashikiriwe
Indinganizo za Leta zo gutanga amafaranga (umugambi Merankabandi)	Ingo 48000 zigenewe uwo mugambi/Amafaranga atangwa kw'izina ry'abagore
Kwibaruka kwabavyeyi bafashijwe n'abakozi babifitiye ubumenyi	83%
Umugambi wo gutanga uburyo bwo kuvura n'ibijanye n'amagara y'abantu ku bageze muza bukuru	Abantu bakuze 3500
Gutera intege amashirahamwe y'abakenyezi mu bikorwa bizana inyungu	Imigwi ishika 1120 yo gufasha yarashinzwe
Impfu z'abavyeyi mu gihe bibaruka	392/100.000
Ibikorwa bikorerwa mu migwi ya benshi bihemberwa	Abantu 1891 muribo 945 bafise imyaka yo gukora
Kuburanirwa ku buntu	Ba ntahonikora 4705 harimwo abakenyezi

Isoko : Ministère de la Solidarité Nationale, des Affaires Sociales, Des droits de l'homme et du Genre, Rapport National d'Évaluation de la mise en application du Programme d'Action de Beijing

Umwitwarariko wo kudakumira « kutagira umuntu yirengazwa, ngo asigare inyuma » uraboneka muri raporo y'umwirondoro ONUFEMMES-Burundi yasohoye muri 2019³¹ mu gushigikira ihangiro ry'iterambere (ODD) wacitse kimwe mu mafatiro mu gushika ku ntumbero y'iterambere ridakumira, biciye mu mpinyanyuro n'indinganizo vy'igihugu mu kurwanya ubukene.

Akarorero k'Abatwa ni ikimenyetso c'ikibano aho ibitsina no kudakumirana vyinjirana. Icibonekeza ni uko uburenganzira bwabo kenshi buhonyangwa cane cane ku bakenyezi b'Abatwa, baguma bari kure y'abandi bakenyezi b'Abarundikazi kubera gukumirwa mu kibano.

Ivyo biri uko mu gihe ata mahuriro y'abakenyezi b'Abatwa ariho kugira bavugane ingorane zabo zifatanye n'ubukene butagira izina, kubera kutagira uburenganzira bwo kuronka ivyankenerwa mu kugwiza umwimbu, gukumirwa mu gutunganya ivy'amatungo y'umuryango, amabi afatiye ku gitsina (harimwo gufatwa ku nguvu canke guhohoterwa bifatiye ku gitsina) bakorerwa (cane cane abigeme bakiri bato), imfungurwa n'ingaburo bidakwiye biba mu miryango yabo, ukutajanywa kw'ishure ku bakobwa b'Abatwa.³² Kenshi Abatwa bafatirwa n'ibikorwa vyo kuyerera kubera imibereho y'ubuzima bwabo kandi igoye. Kugwanira agateka k'abo ntivyorohera kubera ubumenyi buke bafise, ubukene burengeje, ubumenyi buke kuvyerekeye ubucamanza n'ubutungane, n'ukwiyumvirwa uko batari basanzwe bakorerwa.

Ku matohoza yakozwe kuri iyo migwi, haribonekeje ingorane zo kwegerana n'abandi zishika no kwikumirwa canke gushirwa

inyuma y'abandi. Nk'akarorero, Abanyamwema baba mu bwoba bwamaho bw'ugutangwako ibimazi ku nyungu z'ibintu, ubuzima bubi bw'abantu bagendana ubumuga, ugusega kw'abana bo mw'ibarabara, ubukene butagira izina ku migwi y'abateshejwe izabo n'abahungutse vyongereza ingorane zari zihasanze zizwi mu yindi migwi nko kurongorwa hataragera, guheba amashure vy'abakobwa kugira bagirwe abakozi bo mu nzu n'ugukubagurwa bifatiye ku gitsina, harimwo gufatwa ku nguvu.

Ku bijanye no kudakumira iyo mice yose y'inkengerwa, imibano yo hasi biciye mu ndinganizo z'ama komine nibo bakwiye mu kumenya igitigiri c'inkengerwa, n'ivyo bakeneye gusumvya ibindi. Ariko kwegeranya ibiharuro vy'abo bantu nikintu kigikeneye gutunganywa neza.

Kugwanya gukumirana bivuga kandi ko abaserukira imigwi y'abageramiwe bafasha mw'itunganywa no mw'ishirwa mu ngiro ry'imigambi yo kwiteza imbere (PCDC) kugirango ivyankenerwa vy'intango vy'imigwi itifashe neza bikorerwako. Imigwi ya hafi na hafi itegerezwa kumenya neza ko baserukiye kandi ko ivyiyumviro vyabo vyatanzwe mu bwisanzure kandi ko hashizweho ivyankenerwa mu bijanye nugutunganyirizwa kwiyo migwi.

Bisanzwe bizwi ko kudakumirana mu kibano bifashwe mu mugongo n'ubutegetsi bwa Leta nko gushinga amashirahamwe yo kuziganya no kuguranana yo ku mitumba. N'ubwo biri uko, ishirwaho n'ingene akora hamwe n'itunganywa ryayo birakwiye gusubira kwiyumvirwako mu ntumbero yo gushiramwo bose, yo gutegura kuyafata mu ntoki hmwe n'ibandanya ry'ibikorwa.

31 République du Burundi et Onu Femmes, Analyse situationnelle pour ne laisser personne pour compte dans la mise en oeuvre des ODD, Rapport final, Bujumbura, Juin 2019.

32 Banque Mondiale, Projet d'appui des fondations de l'économie numérique au Burundi, Document de stratégie, Bujumbura, Février 2022, page 23



II.5. Abana n'urwaruka

Ico kumenya ca 8

Ibishirwa imbere ku bana no ku rwaruka : uburyo buke mu miryango, ugufungura bidakwiye kandi bihinduka gake hamwe n'ingwara nyishi z'abana, bikoranye biragira ata gukekeranya, ingaruka mbi ku bana bato, bikaba n'intandaro kudakura neza. Uko ibintu bimeze ukwonsa bishikana ibice 98,6%. Ku bice 88,8% vy'abavyeyi, abana babo bashirwa kw'ibere isaha imwe inyuma y'amavuko; ibice 83,6% vy'abana bari musu y'amezi atandatu nabo bonswa ibere ryonyene gushitsa bakwize ayo mezi.

Nkuko tubikesha raporo ya UNICEF yasohotse muri 2023, abana bafata ibice 47% ku miriyoni 12,5 z'abarundi. Iryo bihuye n'ivyemejwe muri raporo y'amatohoza yakozwe ku buryo ingo zibayeho mu Burundi (EICVMB, 2019-2020). Ibiharuro vy'abana bibandanya biduga niyo hatagira igikorwa. Mu bisanzwe, haharurwa abana 5,2 ku mukenyezi wese vyongeyeko havuka abana 950 buri musu. Nk'uko tubikesha icyo raporo nyene, ubukene bufata abarenga icakabiri c'abarundi(51,4%) kandi bivanye n'aho baba, ingo nazo zigeramirwe ku rugero rutandukanye. « abarenga igice c'abarundi ntibashobora gukwiza ivyankenerwa vy'intango (haba ivyo gufungua n'ibindi).³³

Hari ubusumbane bufatiye ku gitsina ku mpande nyishi zitandukanye bufata cane cane abana batishoboye ubwambere hanyuma abagendandana ubumuga n'abantu bageze muza bukururu.

Hagati mu mugwi w'abana, haribonekeza ubusumbasumbane bivanye n'aho baba kandi bivanye n'ubukomezi bw'umubiri n'amagara. Abana baba mu ntara munani zihanzwe n'urugero

rw'ubukene no mu mibereho y'ubuzima ruri hejuru y'ibiharuro-fatiro, (Rutana (73.6%), Kirundo (73.2%), Muyinga (67.1%), Ngozi (65.8%), Ruyigi (67.5), Karusi (62.2), Muramvya (62.1) na Cibitoke (53.5%), zizokorwako cane n'ingaruka z'ubukene. Ukubaho nabi kurafise ingaruka zitandukanye ku bana no ku rwaruka nyene.


Umwihwezo w'ubukene bw'amafaranga werekana ko ibice

33 EICVMB 2019-2020 page 2

55,2% vy'abana bari musu y'imyaka cumi n'umunani baba mu mihana idashobora gukwiza ivya nkenerwa vy'urufatiro. Hari ubudasa bukomeye hagati y'ibiharuro vy'ubukene mu bisagara (16.2%) no mu gihugu hagati (59.2%). Vyongeye,

ufatiye ku gitsina, ibiharuro vy'ubukene bw'amafaranga nta tandukaniro rinini rihari hagati y'abahungu (55.7%) n'abana b'abakobwa (54.7%).

Ishusho : Urugero rw'ubukene bw'amafaranga ufatiye ku myaka umuntu aba afise




Isoko : Privations multidimensionnelles et pauvreté des enfants au Burundi, 2022

Ku bijanye n'ivyo abana babura bitandukanye, ibice 64% vy'abana bose b'abarundi babuze vyinshi. Nta tandukaniro riri hagati y'abakobwa (63,5%) n'abahungu (64,4%) mu bijanye n'ivyo babuze (tubisanga mu cigwa « Ubukene no kubura vya nkenerwa


bitandukanye ku bana b'i Burundi » cakoze na UNICEF mu 2022). Ivyo babuze bijanye ahanini n'ivyo bafungura, amagara, indero, ugukingira umwana, amazi, isuku, uburaro n'amakuru.

Ishusho Uko ivyo babuze bigabanganijwe ku rwego rw'igihugu, kuva ku myaka 0-17



Isoko : Privations multidimensionnelles et pauvreté des enfants au Burundi, 2022

Imibereho mibi irafise ingaruka zitandukanye ku bana no ku rwaruka.



Ingaruka z'ubukene ku bana no ku rwaruka

Amagara mabi : ibiharuro vy'abana badakura neza mu bana bari musu y'inyaka itanu buharurwa ku bice 39.7% na EICVMB 2019-2020. UNICEF nayo ikabuharura ku bice 36.7 ku gihumbi muri 2021. Kubwa UNICEF, ivyo biharuro bishobora gusigurwa ugutandukanye. Ivyo kubwabo bingana n'igihe aho umwana umwe kuri 20 apfa atarashikira itariki y'amavuka (impfu 36 ku musu canke impfu 13283 ku mwaka). Yongerako ko umwana umwe kuri 19 apfa hagati y'umwaka wa mbere n'uma gatanu (Impfu 123 ku musu canke impfu 45101 ku mwaka).

Ingaburo iteye amakenga : nkuko tubikesha amatohoza y'igihugu ku bijanye n'ugufungura n'impfu (ENSNMB, 2022), abarenga igice c'abana(55,8%) bari musu y'inyaka itanu (imiriyoni 1,1) berekana gufungura nabi vyisubiriza, 4,8%(99000) ugufungura nabi na 27,6% bafise ingaburo ikeshe. Ivyo vyunywurwa n'ingwara zisubiriza, ukutagira isuku, ukwitabwaho guke n'abavyeyi n'ubukene bw'imiryango idashobora gutanga ivyo kurya bikwiye kandi vy'akamaro. Ibice bishika 42% vy'abanyagihugu ntibafise amazi meza ku rugendo rwo kugenda no kugaruka ruri muni y'iminota 30 kandi ibice 8,6% nibo bakaraba n'isabuni³⁴.

Ukubura ubushobozi bwo kwiga amashure y'ukwimenyereza (amashure atangura imbere y'ishure nshingiro) : Mu mwaka w'ishure w'2019 ushira uwa 2020, igitigiri c'abana bose biga mu mashure y'imbere y'ishure nshingiro cangana n'ibice 12,2% n'ukuvuga abana 125.667 ku bana umuriyoni bakwiye imyaka yo kwiga ico gice c'amashure. Twomenya ko n'ivyo biharuro biboneka kuko mu bisagara bagira utwigoro tw'abikorera ivyabo bagatunganya inyigisho zico gisata. Abana bo mu gihugu hagati, basanzwe ari nabo benshi, ntibagira amahirwe yo kwiga amashure yo kwimenyereza. Twomenya kandi ko nubwo igitigiri c'abana biga mu gice c'ishure nshingiro ari kinini, igice kitari gito c'abana bari muni y'inyaka 15 (bababa ibice 37,6%) ntibari bwaje kw'ishure uyo mwaka.

Ibikorwa vy'agahato ku bana bakiri bato: hoba hari abavuga ngo

Ivyihutirwa ku neza y'urwaruka

Urwaruka rw'Uburundi rungana hafi ica kane c'abanyagihugu bose hamwe. Kubw'ivyo bafise uruhara rudasanze mw'iterambere ry'ubutunzi n'imibano vy'igihugu. Nubwo biri uko, bahanzwe n'ingorane nyinshi, harimwo urugero runini rw'ibangamirwa, impanuka nyinshi z'amagara hamwe n'ubumenyi n'ubushobozi bike. Hafi ibice 81% vy'abana bariga amashure y'intango, ariko ibitigiri vy'abiga amashure yisumbuye biragabanuka cane gushika ku bice 31%. Ibice 10 vyonyene% vy'urwaruka n'imiyabaga batangura igice c'amashure yisumbuye nibo babandanya gushika baheze amashure yisumbuye (nkuko biri mu cigwa cerekeye « Uburyo bwo kw'itunganiriza imigambi ku miyabaga mu Burundi, UNICEF, umwaka w'2020 »).

« Umwana w'umukene akura hataragera ». Ibikorwa vy'agahato ni iyindi ngaruka mbi y'ubukene nkuko vyari vyavuzwe.

Kubw'abavyeyi, gukoresha abana babibona nk'inyishu yo kuva mu bukene. Umwana araterera mu kurondera icorikesha. Nubwo biri uko, abantu bose botegerejwe kumenya ko gukoresha abana imbere y'inyaka 15 mugihe ari ibikorwa bibayabaye n'imbere y'inyaka 16 mu bikorwa bisanzwe bifatwa nk'urudandazwa rw'abantu kandi bihanwa hisunzwe itegeko - itegeko nimeru 1/11 ryo kuwa 24 munyonyo umwaka w'2020, rishiraho itegeko rigenga akazi rirabuza ibikorwa vy'agahato bikoreshwa abana rikongera rigashinga imyaka yo gutangura akazi ku myaka 16. Ibikorwa vy'agahato ku bana bishikira ibitsina vyose. Ku bigeme ariko hiyongerako ibikorwa vy'ishurashuzwa ku nguvu.

Dufatiye kuri izo ngaruka mbi gusa tuvuze aha hejuru, twokuramwo ibi bikurikira :

- Amagara y'umwana atameze neza bituma amagara yo ku mubiri n'ayo mu mutwe ya nyina, asanzwe ari we amwitaho muri vyose, abangamirwa.
- Abana bakura hari ivyo babuze baca bagira umutima wo kwihebura bagaca bafata kenshi ingigo zifatiye ku mwiheburo. Kuri benshi, baca bahitamwo kuba abana bo mw'ibarabara.
- Hariho n'impungenge y'uko abana bashobora gufata amabi abakorerwa nkuko ari ibisanwe ku buzima bwabo n'ukubaho kwabo. Ariko rero ivyo bituma amagara yo mu mutwe ahungabana kandi igihugu kidafise uburyo bukwiye bwo kuvura ingwara zo mu mutwe. Kubw'itohoza ry'Iryigwirirana ry'abantu n'Amagara y'abantu ryo mu mwaka w'2017, ibice 90%, n'ukuvuga abana imiriyoni 4,3, (bari hagati y'umwaka n'inyaka 14) baragiriwe ihohoterwa mu kwezi kw'imbere y'itohoza. Abo bana bazoba urwaruka rutagira umwizero n'icizere muri kazoza kabo.

Abahungu nibo bageramiwe cane n'ingwara gusumba abakobwa, cane cane biturutse ku mugera wa SIDA n'impanuka zo mw'ibarabara, nubwo ku miyabaga imwe imwe y'abigeme iri hagati y'inyaka 15 na 19 hiyongerako impanuka z'impfu ziturutse ku mbanyi. Impanuka z'impfu ziri yongera mu murwi w'inyaka yisumbuye (abahungu n'abakobwa bari hagati y'inyaka 15 na 19) gusumba mu murwi w'imiyabaga y'inyaka yo hasi (hagati y'inyaka 10 na 14), aho urugero rw'abandura umugera wa SIDA hamwe n'igituntu ruri hejuru ku bitsina vyose, impanuka zo mw'ibarabara ku bahungu hamwe n'ingwara zijanye n'irondoka ku bigeme. Ugukubagurwa, haba muhira canke ahandi, kwongereza ingorane zituma imiyabaga idakurikirana ivyigwa neza.

34 UNICEF Situation des enfants au Burundi, page 2




Urwaruka rufise umwitwarariko kandi ruriyumvira kuri kazoza ariko kandi rurakorera mu mashirahamwe, mu nani no mu ma amashirahamwe yo kuziganya no kugiranana yo kuziganya no kuguranana. Ku bijanye n'urwaruka, igicapo c'ingana ry'ibitsini cagomba gishimikire kuri ibi bitigiri gusa.

Kubw'itohoza rirabira hamwe ibijanye n'ingene ingo zibayeho mu Burundi (EICVMB) ryo mu mwaka w'2019 ushira uwa 2020, ibice 47,7% (n'ukuvuga umuriyoni 1,2) vy'urwaruka rw'imyaka iri hagati ya 15 na 24 nta buzi bafise :

- Umukobwa 1 kuri 10 (n'ukuvuga abakobwa 142.300) barakorewe amabi afatiye ku gitsina hagati y'imyaka 15 na 19 ;
 - Twisunze itohoza ry'igwirirana n'amagara y'abantu ry'umwaka w'2016 ushira uwa 2017, impanuka z'ikubagurwa rifatiye ku gitsina ni nyinshi ku miyabaga y'abigeme : abigeme barenga 1 kuri 10 bari hagati y'imyaka 15 na 19 baramaze gukorerwa amabi afatiye ku gitsina, ibigaragara navyo muri rusangi vyerekana ko ivyo bitigiri ari bito cane ugereranije n'amabi akorwa ;
 - Mu Burundi, itohoza ryakozwe n'ibisata ntunganyabikorwa vy'ubuyobozi bw'intara bujejwe iterambere ry'imibano ryerekanye ko abana barenga 7.000 bari muni y'imyaka 18 bari mw'ibarabara. Igisagara ca Bujumbura, umurwa mukuru w'ubutunzi, gifise, conyene, abana barenga ibihumbi 5000 bo mw'ibarabara.
- Birahimbaye kumva ko ibanki y'iterambere ry'urwaruka mu Burundi-BIJE yaje gutorera inyishu ikibazo c'ubushomeri mu rwaruka. Nkako, uburusho iyo banki itanga kugira ngo urwaruka rwitunganirize imigambi ni inzira irimwo inzira zibiri z'iterambere. Ku ruhande rumwe, urwaruka rurakarihirizwa ubumenyi kugira ngo babe abanyamitahwe bakorera hamwe. Kanatsinda, ibanki BIJE yashizweho mu ntumbero yo gushigikira imigambi y'iterambere y'urwaruka n'iterambere rirama mu kuronsa imitahwe yo kurangura imigambi y'iterambere ry'ubutunzi n'iterambere rirama urwaruka rwagiye hamwe mu mahinguriro, mu mashirahamwe n'ama amashirahamwe yo kuziganya no kugiranana yemerewe gukorera mu Burundi. Ibanki BIJE iratanga kandi imitahwe no ku yindi migambi izanywe n'abandi barwizatunga. Ku rundi ruhande, ibagarukanira icizere kuko niba baca bibera abakoresha ;
 - Ku bijanye n'uburongozi bwa BIJE, twomenya ko 2 kuri 7 (2/7) ari abagore kandi ko ubuyobozi bujejwe gutanga amadeni, ubw'intwari n'ubwo ubutunzi, ubw'ibikorwa n'ubwo gusuzuma bwahawe Abagabo. Abagore bari mu bibanza vy'icegera c'umuyobozi mukuru hamwe n'ubuyobozi bwo gukinga impanuka.



JOURNÉE MONDIALE
DE L'ENVIRONNEMENT
ÉDITION 2022



II. 6. Ibidukikije n'ihindagurika ry'ibihe

Ico kumenya ca 8

Kwitaho iterambere ridakumira, haba mu nteguro canke mw'ishirwa mu ngiro ry'imigambi ijanye n'ibidukikije rihuye n'ikibanza umukenyezi afise ku bijanye n'imirimo yiwe yo mu kibano harimwo n'irondeka, uko bibonwa mu mibereho y'abarundi. Umukenyezi agize kuba ari mu bahungabanya ibidukikije akongera akaba uwuhura n'ingaruka mbi z'itituka ry'ibidukikije, imigambi yo kunagura, gukinga no kugabanya impanuka z'ivyaduka biramuraba.

Uburundi bwarasinye amasezerano mfatiro y'ishirahamwe mpuzamakungu ONU yerekeye ihindagurika ry'ibihe (CCNUCC), ingingo mperekeza z'i Kyoto hamwe n'amasezerano y'i Paris. Kubw'ivyo bwerekanye umwitwaraririko wo guterera kugirango ihangiro nyamukuru ry'ayo masezerano rishikweko. Bwarashize mu nteguro yabwo y'igihugu y'iterambere (PND) ihangiro ridasanzwe ryo gukomeza iterambere rikingira ibidukikije. Gushika kw'iryo hangiro bisaba ishira mu ngiro ry'imigabo n'imigambi yo guhangana no kugabanya ihindagurika ribi ry'ibihe.

Mw'ishirwa mu ngiro y'ingingo zafatiwe mu nama y'ibihugu biri muri ayo masezerano (COP), hisunzwe ibihe igihugu kigezemwo, nko gushira imbere iterambere no guteza imbere uburyo abantu babayeho, banafatiye ku mfashanyo yabonetse, Uburundi buramaze gukora imigambi ndondagisata itatu (mu 2001, 2009 no 2019). Mu kwezi kwa ruheshi umwaka w' 2022, icegeranyo ca mbere c'imyaka ibiri gishizwe ku gihe carasohotse.

Ingendo y'iterambere ridakumira na cane cane abakenyezi n'abagabo ni ingendo y'uburenganzira bwa kiremwa muntu. Ntivyahengeshanijwe gutangazwa biciye mu masezerano atandukanye n'amakoraniriro mpuzamakungu, guhera kw'itangazo ryerekeye agateka ka zina muntu kw'isi yose mu mwaka w'1948. Ukadakuira na cane cane abakenyezi

bikomezwa kwemerwa nk'ikibazo gihurizwako mu ma sezerano makuru makuru y'amashiramwe mpuzamakungu yerekeye ihindagurika ry'ibihe. Itangazwa ry'i Rio ryo mu mwaka w'1992 ku bidukikije n'iterambere ryaremeje mu ngingo ngenderwako ya 20, « uruhara rudasanzwe rw'abakenyezi mw'itunganywa n'iterambere ry'ibidukikije ».

Twibutse ko ihangiro nyamukuru ry'amasezerano mfatiro y'ishirahamwe mpuzamakungu ONU yerekeye ihindagurika ry'ibihe ari « kutarenza, hisunzwe ingingo nyamukuru z'amasezerano, urugero rw'umwuka urungikwa mu kirere rutuma haba ihungabana ry'ibirere. Bikenewe ko urwo rugero rwoshikwako mu kirango kibereye kugira ngo ibinyabuzima bishobore guhangana mu buryo kama n'ihindagurika ry'ibihe, umwimbu w'ibifungurwa ntibigeramirwe, n'iterambere ry'ubutunzi rishobore kubandanya mu buryo burama ».³⁵

Imbere yo kuvuga ishira mu ngiro burundi rijana mu nzira y'iterambere ridakumira na cane cane umukenyezi mw'ishirwa mu ngiro ry'amahangiro y'amasezerano mfatiro y'ishirahamwe mpuzamakungu ONU yerekeye ihindagurika ry'ibihe, reka duce ku masonga uko ibintu bimeze ku bijanye n'amategeko n'amabwirizwa bijanye.

II.6.1. Amategeko n'amabwirizwa ajanye n'uruhara cane cane rw'abakenyezi n'abagabo mu gisata c'ihindagurika ry'ibihe³⁶

Iki gice gica hiryana no hino ibijanye n'amategeko mpuzamakungu n'amategeko y'igihugu. Ivyisungwa mpuzamakungu bidaakumira na cane cane umukenyezi mw'itunganywa ry'ibidukikije ni ibi :


- **Itangazwa ry'agateka ka zina muntu ryerekeye isi yose ryo mu 1948** ryemeza mu ngingo yaryo ya 2 ingendo yo kudakumira n'iterambere ridakumira ku bantu bose.
- **Inama y'ishiramwe mpuzamakungu ONU ku bidukikije n'iterambere**, yabaye muri ruheshi mu 1992, i Rio de Janeiro yaremeje itangazwa ryateje intambwe ibijanye n'uburenganzira n'uruhara rw'ibihugu mu gisata c'ibidukikije.

Iryo tangazwa ryaremeje, ribicishije ku ngingo ngenderwako ya 20, uruhara ntangere rw'abakenyezi mw'itunganywa n'iterambere ry'ibidukikije. Handitse uku gukurikira : « Abakenyezi bafise uruhara ntangere mw'itunganywa ry'ibidukikije n'iterambere. Uruhara rutagabanije rwabo ni ntangere mw'iterambere ryuzuye rirama. ».

- **Ingingo nshiramungiro ya 21 yemejwe mu nama yabereye i Rio** ihagarara cane, mu kigabane cayo ca 24 ciswe « Igikorwa c'isi yose ku neza y'uruhara rw'abakenyezi mw'iterambere rirama kandi ridakumira » kw'ishirwa mu ngiro y'iteguro z'ibikorwa ku neza y'uruhara rwuzuye kandi

35 République du Burundi, Ministère de l'Environnement, de l'Agriculture et de l'élevage, Premier Rapport Biennal actualisé sur les Changements Climatiques au Burundi, juin 2022, p. 60 et s.

36 République du Burundi, Ministère de l'Agriculture et de l'environnement, rapport sur la mise à jour des informations relatives à l'atteinte d'adaptation et d'atténuation des changements climatiques, Ir Anne Marie BIHIRABAKE, juin 2022, p. 12



burundu rw'umukenyenzi, kurugero rumwe, mu bikorwa vyose vy'iterambere. Iyo nama yarahaye ikibanza kinini ingingo zo gushira mu bikorwa zafatiwe i Nairobi kugira umukenyenzi atezwe imbere. Izo ngingo zihagarara cane kuruhara rw'umukenyenzi mw'itunganywa ry'ibinyabuzima vy'ibihugu n'ivy'amakungu no kugwanya itituka ry'ibidukikije;

- **Amasezerano y'i Cancún (y'umwaka w'2010)** : mu nama igira cumi na gatandatu y'abafise uruhara mu masezerano (COP16), abanywanyi bafise uruhara barashikirije ko iterambere ridakumira n'uruhara rwuzuye rw'abagore ari ntangere ku neza y'ishirwa mu ngiro rihurikiyemwo bose ry'igihe kirekire ku bintu vyose biraba ihindagurika ry'ibihe. Amasezerano y'i Cancún yarashikirije ko uguhangana n'ihindagurika ry'ibihe gutegerezwa « gukurikiza intumbero yatanze n'ibihugu, ishira imbere ingana ry'igitsina, bose bagiramwo uruhara kandi irimwo umuco ukwiye »;
- **Ingingo ya 23/CP 18 y'i Doha (y'umwaka w'2012)** yarategutse itezwa imbere ry'ubutungane ufatiye ku bitsina n'ugukomeza uruhara rw'umukenyenzi mu biganirwa vy'amasezerano mfatiro y'ishirahamwe mpuzamakungu ONU yerekeye ihindagurika ry'ibihe (CCNUCC). Uko gukomeza uruhara rw'umugore kwarapfunditswe kandi ku bijanye n'iserukirwa ry'abakenyenzi mu nzego z'abafise uruhara mu masezerano yapfunditswe biciye mu masezerano canke mu ngingo mperekeza z'i Kyoto « mu ntumbero y'uko umugambi w'ibidukikije ushira imbere ukudakumira uba inyishu y'ibibazo vy'abagabo n'ivy'abagore ku rwego rw'igihugu n'urwo akarere babayemwo ». Ni muri icyo nama nyene kwisungako abakenyenzi n'abagabo bofatwa ku rugero rumwe hamwe n'ibijanye n'ibirere vyama bija ku rutonde rw'ivyirwa n'abafise uruhara mu masezerano ryugururije inzira ugufata nkama iterambere ridakumira


n'abafise uruhara mu sezerano ;

- **Ingingo ya 18 / CP 20 y' Lima (y'umwaka w'2014)** yarateguye yongera iremeza umugambi wagutse w'ibikorwa vyo ku mwaka ku mwaka werekeye iterambere ridakumira na cane cane umukenyenzi wari ufise intumbero yo « guteza imbere iterambere ridakumira uruhara rw'abakenyenzi n'abagabo, no gukomeza ukuyitwararika mu nteguro no mw'ishirwa mu ngiro ry'imigambi ijanye n'ibirere. Iyo ngingo yashakaye kandi gushikira umugambi werekeye ibirere witayeho ubwo burungirira mu bikorwa vyose bihambaye vy'amasezerano ». Uko gufata ibintu mu ntoki kugamije gushiraho umushinge ukomeye kugira hashobore gufatwa ingingo ntabanduka ku neza y'iterambere ridakumira na cane cane umukenyenzi hamwe n'ukwitunganiriza imigambi kw'abakenyenzi nyezina mu bihe vy'ihinduka ry'ibirere;
- **Amasezerano y'i Paris y'umwaka w'2015**, yemeza ko ibihugu bifise uruhara mu masezerano, mu bikorwa vyavuye vyerekeye ibirere vyotegerejwe kurongorwa n'ukubahiriza uburenganzira bwa zina muntu, iterambere ridakumira kuri bose udasize inyuma abakenyenzi n'ukwitunganiriza imigambi kwabo biri mu ntangamarara yayo, yerekanye akamaro ko gukurikiza "intumbero yatanze n'ibihugu, ishira imbere iterambere ridakumira na cane cane umukenyenzi, bose bagiramwo uruhara kandi irimwo umuco ukwiye" kubw'igikorwa co guhangana n'ihindagurika ry'ibihe;
- **Integukanyo y'ibikorwa vy'iterambere ridakumira na cane cane umukenyenzi (GAP) y'umwaka w'2019** yibanda ahanini kw'ishirwa mu ngiro no kumenyekanisha inyishu z'ihinduka ry'ibihe zifatira ku ruhara rwa bose nkuko bitegekanywe n'amasezerano mfatiro y'ishirahamwe mpuzamakungu ONU yerekeye ihindagurika ry'ibihe.³⁷

II.6.2. Amategekoko y'igihugu ajanye n'ukwisungako iterambere ridakumira na cane cane umukenyenzi mu gisata c'ihindagurika ry'ibidukikije

- **Ibwirizwa nshingiro rya Repubulika y'Uburundi ryo mu 2018** : iri bwirizwa riremura ingendo y' iterambere ridakumira ku burundi bose mu bushobozi, mw'iteka n'imbere y'amategekoko abakingira kumwe;
- **Umugambi w'igihugu ujanye n'ihindagurika ry'ibihe w'2013**, utegekanywe mu gice cawo c'8 ishira ry'iyubahiriza ry'ukudakumira na cane cane umukenyenzi mu migambi yagutse y'uguhangana n'ihindagurika ry'ibihe ko ari inyishu idasanzwe; ko ukutagira uburenganzira kw'itunga n'ukutaba mu bafata ingingo kw'abakenyenzi bigwiza ukubangamirwa kwabo n'ihindagurika ry'ibihe;
- **Uburyo bw'igihugu bwo kugabanya impanuka z'ivyaduka (SRRC) mu kiringo kiri hagati y'umwaka w'2018 na 2025**, uri kumwe n'integuro yawo y'ibikorwa yo kuva mu 2018 gushika mu 2021, bija mu nzira imwe n'intumbero y'ibikorwa yatangiye i [Sendai yo kugabanya impanuka z'ivyaduka y'umwaka w' 2015 gushika mu 2030](#). Ni inyishu ya Leta y'Uburundi ku kibazo c'ikinga ry'impanuka n'uguhangana n'ivyaduka, ituma ikomezwa ry'ubushobozi bw'inzego nkuru nizo mu kibano imbere y'impanuka z'ivyaduka.

37 République du Burundi, Ministère de l'Environnement, de l'Agriculture et de l'Élevage, premier rapport biennal, op.cit. p. 162



II.6.3. Ivyakozwe n'Uburundi ku bijanye n'ugukangurira iterambere ridakumira na cane cane umukenyezi mu guhangana no kuvyifatamwo mu gihe c'ihindagurika ry'ibihe

Bivanye n'igitigiri cabo kinini ugereranije n'ic'abagabo bakongera bakaba benshi mu gisata c'uburimi, abakenyezi bafise uruhara runini mu kugabanya no muguhangana n'ihindagurika ry'ibihe biciye mu bikorwa vyo gukingira ibidukikije n'ubutunzi kama hamwe no gukomeza iterambere rirama. Mu mibereho y'abarundi, abakenyezi bafise inshingano nyamukuru yo kubeshaho umuryango kandi ninabo bafata ingingo kenshi kubijanye n'ivyo umuryango ufungura. Kubw'ivyo, abakenyezi bafise uruhara ntangere mu gutunganya ibijanye n'ingene umuryango ufungura, gutunganya ubutunzi kama hamwe n'umwimbu urama kandi udahungabanya ibidukikije.

Uruhara rw'abakenyezi mu bikorwa vy'uburimi, cane cane mu kubungabunga imirima n'umwimbu ni ntangere. Bangana n'ibice 70% vy'abarimiye bato bato bakaba abajewe ivyimbura ku rugero rungana na 90% rw'umwimbu w'uburimi.³⁸ Hejuru y'ivyo, bafise uruhara rudasanzwe mu gukoresha ibiti n'amashamba, barondera cane cane inkwi zo gucana hamwe n'ibiremezo vy'ibihage.


Mu ntubero yo gushira mu ngiro amasezerano mfatiro y'ishirahamwe mpuzamakungu ONU yerekeye ihindagurika ry'ibihe mu Burundi mu bijanye n'uguhangana no kugabanya ihindagurika ry'ibihe, twovuga ibikorwa bikurikira:

- Ihinyanyurwa ry'inzeho zikenewe nko gushiraho urwego ruhagarariye ico gisata akaba ari ubushingiranganji bujewe ibidukikije (biciye ku gisata gitorokanya amakuru y'ibirere mu Burundi);
- Ugushira mu ngiro amasezerano nk'ingingo zayo za 4 na 12 zifatye kw'itegurwa ry'ibiharuro ry'irungikwa ry'imyuka mibi mu kirere hamwe n'itegurwa ry'imigambi ndondagisata y'igihugu yerekana ingingo zashizwe mu ngiro mu ntuburo yo kugabanya irungikwa ry'imyuka mibi mu kirere n'ingingo zo guhangana n'ingaruka mbi z'ihindagurika ry'ibihe. Kubw'ivyo Uburundi bwaramaze gutanga mu bunyamabanga bw'amasezerano mfatiro y'ishirahamwe mpuzamakungu ONU yerekeye ihindagurika ry'ibihe imigambi ndondagisata itatu muriyo hakaba harimwo ivyigwa bitatu vyerekeye irungikwa mu kirere ry'imyuka yonona igisenge;
- Guhera mu 2018, Uburundi bwarifatanije n'ibindi bihugu biri mu masezerano kugira ngo hategurwe icegeranyo cabwo ca mbere c'imyaka ibiri ku bijanye n'ihindagurika ry'ibihe (BUR1);

- Imigambi itandukanye yo kugabanya no guhangana n'ihindagurika ry'ibihe yarakozwe kuva Uburundi bwinjije mu bihugu vyerwa n'amasezerano (biciye mu bufasha butari buke: ubw'ikiyega c'ibidukikije c'isi (FEM) hamwe n'ibihugu n'amashirahamwe mpuzamakungu bifashanya n'igihugu c'Uburundi). Iyo migambi yubahiriza ibisabwa n'abatanga uburyo kugira ngo ikinge « ikumira ritagira aho rifatiye canke ridasiguritse » (nkuko amasezerano mfatiro y'ishirahamwe mpuzamakungu ONU yerekeye ihindagurika ry'ibihe abivuga biciye ku ngingo ngenderwako ya 5 ihananira gukinga ikumira ataco rifatiyeko canke ridasiguritse). Ni muri icyo ntumbero Uburundi, mw'ishirwa mu ngiro yiyi migambi, bugerageza kwitwararika kudakumira na cane cane umukenyezi.³⁹
- **Umugambi wo gusanasana no gutunganya ibibanza mu Burundi (PRRPB):** ukurikije ivyitezwe gukorwa muri uyu mugambi, nimiburiburi ingo z'abimbura bike 80.820 bazoronka imfashanyo (harimo n'abakenyezi 51%);
- **Umugambi wo kurwanya ihindagurika ry'ibihe mu gukingira amasoko y'amazi n'ubutaka (Umugambi ACCES):** umugambi wiyemeje kunganya ibitigiri kubijanye n'igitsina, uteza imbere icungwa ry'amazi n'ubutaka biramba kandi wubaha ibidukikije bigafasha n'ukwikwiza ku bijanye n'imfungurwa mu ngo. Uyu mugambi uremerera ko abakenyezi n'abakobwa aribo bakoresha cane ubutunzi kama gutyo bakaba rero abo gushimikirako mu gushiraho icungwa rirama ry'amasoko y'amazi n'ubutaka, ryubahiriza ikirere n'ibikorwa kugira bashike ku kuronka imfungurwa zihagije. Uyu mugambi ufatiye ku kuba Abagabo n'abakenyezi aribo bonona ibidukikije ku ruhande rumwe, naho ku rundi ruhande bakaba barahohotewe n'ibidukikije. Ni kuri icyo mpamvu, vyagaragaye ko ari ngombwa guhuza ivyo umwe wese ategerezwa gukora n'ibikenewe vy'abaterera mu kumenya no gushira mu ngiro ibikorwa kugira habe kujana n'ibihe mu kurwana n'ihindagurika ry'ibihe aho umwe wese agomba kuba afise uruhara rukomeye;
- **Imfashanyigisho yo kwitararika ukudakumira na cane cane umukenyezi mu guhangana n'ihindagurika ry'ibihe mu migambi y'amakomine (Igice c'umugambi ACCES):** iki gice cy'umugambi ACCES gishinzwe gutegura imigambi y'iterambere ry'intango ryita ku (canke ryo kwinjiza) "kurwanya ihindagurika ry'ibihe." Umugambi wa GIZ wo Guhangana n'ihindagurika ry'ibihe hategekanijwe gukingira amasoko y'amazi n'ubutaka (ACCES), biciye mu "Kwinjiza

38 Stratégie en matière de genre de la banque africaine de développement 2014 -2018

39 République du Burundi, rapport biennal, op.cit, p. 165 et s.




ihindagurika ry'ibihe mu bikorwa vy'igihugu," washigikiye amakomine 9 yo mu gihugu mu gutegira imigigambi yayo y'iterambere "PCDC" igira kabiri, kugirango ifate nkama, ivyerekeye "kurwanya ihindagurika ry'ibihe kudakumira na cane cane umukenyezi." Amakomine 9 yo mu ntara zibiri yaraafashijwe: mu Ntara ya Gitega (komine Gishubi, Nyarusange na Ryansoro) no mu Ntara ya Mwaro (komine Bisoro, Gisozi, Kayokwe, Nyabihanga, Ndava na Rusaka);

- **Umugambi "Amasoko ntangaguvu yo Guteka / Amashiga ya kijambere"**: Uyo mugambi (umugambi wo kugabanya ingaruka z'ihindagurika z'ibihe ufashwa na GIZ) ujejwe guteza imbere amashiga ya kijambere mu gihugu cose. Umugambi ufatiye kuri kino citegerezo nyamukuru: (i) Mu rugo, imirimo y'ibikorwa vy'abanyagihugu vyo mu kibano harimwo na cane cane gutegura imfungurwa ni igikorwa nyamukuru gihariwe umukenyezi. Kwinjiza uguteza imbere amashiga meza rero bigira uruhara runini mu kugabanya ububabare bw'abagore (kimwe mubantu bibangamira amahirwe yo kumererwa neza, guha inkomezi no guteza imbere abagore kuko bibabuzwa umwanya wo kwitaho ibikorwa vy'ubutunzi). (ii) Gutezimbere amashiga atunganijwe neza bizokwemeza ko abagore bakoresha amashiga meza mu guteka imfungurwa ku muryango, bazogira umwanya wo kwidagadura. (iii) Rero, kubera gukoresha cane amashiga yatejwe imbere mu gushiramwo abagore, umugambi ugira uruhara mu kugabanya imyuka yica ikirere;
- **Umugambi wo gushigikira kugabanya ingaruka z'ibiza kama no guhangana n'ivyo biza kw' abanyagihugu mu Burundi**: umugambi ugamije gushigikira abanyagihugu, cane cane abakenyezi, urwaruka n'abana. Ushimikira kugushimangira uburyo bwo gucungera, kugenzura, gutegura no guhangana n'ibiza (harimwo no kwivyukiranya inyuma y'ibiza);
- **Uruhara rw'iterambere ridakumira mw'ishirwa mu ngiro ry'umugambi wo guhangana n'ihindagurika ry'ibihe mu kiyaga c'ikiyaga Vigitoriya mu Burundi (2019-2021)**. Mu gutegura umugambi, ikibazo c'iterambere ridakumira carisunzwe guhera tukigirana ibighanirwa vy'inanza n'abanyagihugu. Muri ico gihe nyene, n'abasitanteri b'uburere twakoreramwo bari abakenyezi. Mu gihe co gushira mu ngiro intabo y'ibikorwa itunganywa ku mwaka ku mwaka, abakenyezi barabizemwo uruhara. Mu kiringo co gusuzuma ishira mu ngiro ry'umugambi, rino suzuma ryarashimikiye ku kwihweza uko iterambere ridakumira ryisunzwe mw'ishirwa mu ngiro ry'umugambi, igitigiri c'abakenyezi bari mu mashirahamwe yo kuziganya no kuguranana, mu migwi mpuzabikorwa no mu nzego zifata ingingo. Mu bikorwa vy'umugambi (mu gutunganya neza

ikiyaga, gutegura imivyarwo y'ibivamwa n'iy ibiti, kubitera ku mikobeko, n'ibindi), mashirahamwe yo kuziganya no kuguranana yashikiriwe n'uwu mugambi barashoboye gushira imbere iterambere ridakumira. Mu gishira mungiro ubuhinga bahisemwo nko gucira amashiga ya kijambere, abari barongoye ivyo bikobwa bari abakenyezi na cane cane bo mu bwoko bw'Abatwa. Mu kigabane c'umugambi, uburyo bwo guhangana n'ihindagurika ry'ikirere mu kibano, iterambere ridakumira ryashizwe imbere. Muri ico kigabane abo biraba barigishijwe ibijanye n'uko bashobora gushinga imigambi yo guhangana n'ihindagurika ry'ibihe hamwe no kumenya uko bavyifatamwo muri ivyo bihe nyene, ufatiye kuvyo bakenera kugira koko bashobore guhangana n'inkurikizi y'iryo hindagurika;

- **Umugambi rusangi wo guteza imbere uburimi mu karere k'ibiyaga binini (PRDAIGL)** : Mu bigabane bibiri kuri bine vy'uyu mugambi, ni ukuvuga kwongereza umwimbu w'aburimi bato bato no gushigikira abashora imitahwe mu gisata c'uburimi hamwe no kubashira ku muhora bahurirako n'amasoko aho bashora ivyo bimbuye, umugambi warashimikiye cane kw'iterambere ridakumira mu kiringo wariko urashirwa mu ngiro. Mu ntumbero yo gukingira ibidukikije, umugambi waratanze imivyarwo y'ibiti n'iy'ivamwa kandi mubo bigenewe, abakenyezi nibo benshi. Iyo mivyarwo y'ivamwa irakingira ibidukikije ariko kandi ikanongereza akanovera k'ivyo bagaburira ibitungwa. Muri icyo ntumbero nyene yo kwisunga na ntaryo iterambere ridakumira, umugambi waragerageza kudondora neza amahirwe n'intambanyi zo kuronka uruhara rw'abakenyezi, urwaruka, n'iyindi migwi y'abageramiwe mu bisata vy'ibigori, umuceri n'amata, ibi navyo bitanga inzira yo kurwanya ikumirwa. Intabo yo kwongereza ubushobozi bw'imigwi imwe imwe, ufatiye kuvyo umugwi umwe ukeneye ubwawo, yarateguwe kandi hari inyungu yazanye mw'iterambere ry'ibisata vyarabwa n'umugambi. Umugambi waratunganije umugambi ngenderwako w'iterambere ridakumira mu kiringo cose c'ishirwa mu ngiro ry'uno mugambi. Mu nteguro y'uyu mugambi ngenderwako w'iterambere ridakumira, umugambi wafashe intumbero yo gushira mu ngiro ibikorwa biboneka kugira utoreze inyishu ikibazo co kuronka uruhara ruboneka rw'abakenyezi, urwaruka, abatwa, abagendana ubumuga n'iyindi migwi y'abageramiwe.
- **Umugambi « Ewe Burundi urambaye»**: intumbero yawo niyo gutera ibiti ku misozi kugira harwanywe impanuka ziturutse ku guhonya ibiti. Mu gusubira gutera ibiti, abakenyezi bovyungukiramwo. Ugushikira amazi meza, na cane cane korohereza mukuyashikira bifitiye akamaro kanini abakenyezi n'abana kuko aribo muvuyo bajajwe harimwo kuvoma amazi akoreshwa mu mihana.;



- **Umugambi « Umuco w’Iterambere » canke umugambi « Nyakiriza »:** Uyu mugambi urafasha cane mw’iterambere ridakumira mu gihe tuziko mu ngo cane cane abakenyezi n’urwaruka baruhishwa n’ivyo bikorwa gurtyo bizobagabanya umuruho, urwaruka ruzokunguka umwanya bakoresha mu kwiga n’ibindi bikorwa, bazaronka inzira nyinshi zo kurondera amafaranga kandi bahangane n’ibiza bishobora gushika mu vy’ubutunzi hamwe no bidukikije.

Ku bw’uyo mugambi, ingo zababa 26000 zizoronka amatara, ingo 34000 zironke ibikoreho vyo guteka, amasomero arenga 50 aronke amatara, amavuriro arenga 30 nayo nyene azaronka amatara, ibigwati bito bito 13 bazorohereza mu vyo gutumatumako hamwe n’ imigwi irenga 350 ikora ivyo guhingura izoronswa umyagankuba.

II.7 Ikibanza c’iterambere ridakumira mw’itunganywa ry’amafaranga akoreshwa

Ico kumenya ca 10

Amafaranga y’igihugu bwisunze iterambere ridakumira **bukwiye gukora ibikenewe mu mice itandukanye y’ubuzima bw’igihugu.** Ivyo vya nkerwa ni ivyerekeye kubaho ntabanduka, ivyofasha bikogerwako mu kwisunurura no gutera intambwe ija imbere mw’iterambere canke mbere bijanye n’imyemerere. Bijanye na cane cane n’ivyo abanyagihugu bipfuzaga kandi bagasaba. Bi fatira ku nyungu zidasanzwe z’abakenyezi, Abagabo n’urwaruka mu migwi yabo itandukanye mu kibano, abibagiwe, imigwi itandukanye hihwejwe intara. Ubwo kandi bwoza kwishura kuri ivyo vyifuzo no ku vyasabwe. Mu Burundi, abahinga 90 mu bijanye n’itunganywa ry’amafaranga rifatiye kw’iterambere ridakumira na cane cane umukenyezi harimwe 30 bigishijwe ngo bashobore kwigisha abandi.


Amafaranga akoreshwa hisunzwe gushika kw’iterambere ridakumira na cane cane umukenyezi buharurwa hisunzwe iyo ihanahanwa ry’ amafaranga agize ubwo buryo rizanana canke ubutunzi bwegeranijwe kubera akazi gahemba ku bakozi hamwe n’akadahemba ku bakenyezi. Uko vyibonekeza, ku bikorwa bitandukanye vyerekeye gutunganya ivyo mu muryango mugufi n’uwagutse hamwe no mu kibano (gukinjika, gusukura, kurera abana, kwitaho abarwaye, kuramutsa incuti,...), umukenyezi araterera mu butunzi bw’igihugu kubera ivyo bikorwa vyawe vyawe.

Amafaranga bwisunze iterambere ridakumira na cane cane umukenyezi buha butumberejwe ahabereye kandi bishoboka ko herekana neza ishirwa mu ngiro ry’imigambi yose yemejwe igamije iterambere ridakumira hamwe n’ivyiyemezo vy’igihugu vyerekeye amafaranga. Amafaranga bwisunze iterambere ridakumira na cane cane umukenyezi butuma amafaranga yinjira kandi akanasohorwa biciye mu mucu.

Ugusuzuma amafaranga azokoresha mu gihugu hisunzwe iterambere ridakumira.

Uburundi bufashijwe n’Igisata c’Ishirahamwe Mpuzamakungu kijejwe iterambere ry’abakenyezi, bwaratanze inyigisho ku bahinga bashika 90 mu bijanye no gutegura imigambi y’igihugu hamwe no gukoresha amafaranga hisunzwe iterambere ridakumira. Abo bahinga babonetse bikenewe. Ariko, uguhindurirwa aho ukorera canke kuronka akandi kazi atari muri Leta bituma haba agahaze mu gutunganya amafaranga yisungura kudakumira na cane cane umukenyezi bigaragara. Ukuraba uko abo bahinga bariko bakora vyotegerejwe gutangura mu ntumbero yo kumenya iyo bari, uburambe bafise n’inyigisho bakuye muvuye bagiyeye barakora, n’impinduka zoba zarabaye kuw’ibikorwa vyabo.

Iyindi ntumbero yo gukurikirana ni ugusubira guhimiriza bamwe 30 bahabwa inyigisho zo kwigisha abandi muri ico gisata kugirango ivyo bamenye kubijanye n’uburyo bw’amafanga buteguwe hisunzwe ukudakumira na cane cane umukenyezi bikwiragizwe maze inyigisho zongere zishike no ku rwego rwo hejuru. N’izindi ntererano z’abafasha batandukanye kandi babikurikiranye zikwiye guhabwa agaciro.



Ikibariko ca 13 : Ugusuzuma ko iterambere ridakumira ryisunzwe mu buryo bw'amafaranga Leta y'Uburundi ikoresha

N°	Ibiranga ubwo buryo bw'amafaranga	Ego	Oya	Ukugerageza
01	Hajamwo ibijanye n'ukudakumira na cane cane umukenyezi mu buryo bwirwamwo no kuntabwe zose bucako.(haba ku rwego rw'igihugu canke guhera hasi)			√
02	Bugaragaza ugushaka kudasanzwe hamwe n'uruhara k'umunyagihugu mu kwerekana inyungu n'ibisabwa bidasanzwe ku bakenezi no ku bagabo ku rugero rutandukanye.		√	
03	Bufasha gukurikirana no gusuzuma akamaro gatandukanye k'amafaranga y'igihugu yasohotse n'ayinjiye haba ku bakenezi canke ku bagabo		√	
04	Buremera ko haba ikoresha ritomoye ry'uburyo kugira iterambere ridakumira na cane cane umukenyezi rishikweko.			√
05	Burondera ahubwo kwerekana ivyihutirwa gusumba ibindi mu gusohora amafaranga hirindwe ahubwo kuduza amafaranga Leta yosohora muri rusangi.			√
06	Burondera gusubira gutumbereza imigambi mu bisata aho guhindura amafaranga yateguriwe ibisata kanaka.			√

Aho biva :Uru rutonde rwakozwe hisunzwe ivyafunditswe mu ruganda rwahuje abari ku rubuga hamwe n'abahanga mu bijanye n'indinganizo y'amafaranga ifatiye kw'iterambere ridakumira na cane cane umukenyezi.

II.8. Ubutungane bufatiye ku butunzi n'ibituma umwimbu wiyongera


Ico kumenya ca 11

Ugushikira n'ukugaba ibituma umwimbu wiyongera biracaganzurwa n'imigenzo hamwe n'amategeko agikumira umukenyezi. Naho biruko, kuva 2020, ingingo zishigikira uburenganzira bungana ku mukenyezi n'umugabo hamwe n'izijanye n'iyandikwa ry'amatongo vyumvikanyweko n'abubakanye, birerekana ugushaka iterambere ridakumira. Iterambere rijanye n'uburenganzira bw'umukenyezi ku nyubakwa rishimikiye ku mugambi wa Leta w'iterambere rya bose kuko ridakumira kandi riterera mu buzima bwiza bw'umukenyezi na riryariwe ari ishingiro ryo kubaho neza kw'imiryango no mu kibano. Ubu, igurishwa ry'itongo iryariryo ryose ritegerezwa kwemezwa n'umukenyezi hamwe n'abana bakuze.

Ubutungane muv'ubutunzi ni ingingo-shingiro iringaniza ibijanye n'isabikanywa ry'ubutunzi bivuye mu migambi mikuru y'igihugu.⁴⁰ Iyo ngingo iringaniza mu vyose iracari mu majamba n'ubwo amategeko mpuzamakungu n'izindi nyandiko ngenderwako ziyemeza. Niba intambamyi zifatiye ku gihagararo abantu bafise mu kibano, ubatware, imigambi ya politique bishobora kuranga ikumirwa rya bamwe n'abandi, uburenganzira butangana na cane ufatiye kuko umwe ari umugabo canke umukenyezi navyo biza vyongereza.

Mu Burundi, ikibanza c'iterambere ridakumira mu mico, amategeko, ibijanye n'amatungo n'izindi mvo biragabanya agaciro umukenyezi ugereranije n' iterambere ridakumira mu bijanye n'ukugira uburenganzira ku matungo tutibagiwe inyubakwa.

40 https://www.google.com/search?q=justice+%C3%A9conomique+def&rlz=1C1HLDY_frB1826B1826&aq=Justice+%C3%A9conomique&aqs=chrome.1.69i57j0i22i30i2j0i15i22i30j0i22i30i4j0i15i22i30i2.1711j0j7&sourceid=chrome&ie=UTF-8



Iterambere ridakumira/ibituma umwimbu wiyongera

Ibituma umwimbu wiyongera ni uburyo bw'ubutunzi bukoreshwa kugirango haboneke umwimbu w'ibintu n'ubuzi bufasha mu buzima bwa minsi yose. Aho harimwo ibikoresho biramba bigizwe **n'umurwi w'abakozi, amamashini, amatungo merano** nk'amatungo hamwe n'ibikorwa vyo **kwiungunganya**. Twomenyeshya ko ivyo vya nkenerwa bishobora gukoreshwa ibirimo vyinshi vyisubiriza kuko bitononekara aho vyotabwa bikoreshejwe mu kiringo kimwe gusa. Navyo ni amamashini, ibindi bikoresho, harimwo nivyo kwiungunguruza.

Ufatiye ku butunzi isi ishobora gutanga, ifise ikibanza ca mbere mu bituma umwimbu ugwira ari naco gituma ifise uruhara runini kuvyerekeye ubusumbasumbane ry'iterambere rifatiye kuko bamwe ari abakenyezi canke Abagabo. Isi ndimwa ni umutahe udasanze kubera ubutunzi bw'igihugu bufatiye ku burimyi n'ubworozi. Hafi ibice 80% vy'abanyagihugu bose babeshejweho n'uburimyi n'ubworozi bikaba ari ibisata mu vy'ubutunzi navyo bikaba bigengwa n'uko ikirere kiramutse.⁴¹ Isi ndimwa iraga cane. Umuryango umwe ushobora kuronka urugero rwa 0 n'ibice 4 vya hegitari (ha) n'ukuvuga ruri muni ya 0 n'ibice 90 vya hegitari arivyo fatiro nk'urugezo rubayabaye mu vy'indimo mu Burundi⁴². Aha twomenya ko Uburundi buri ku rugero runini rw'indiyane zifatiye ku matungo zitari muni y'ivy'ijana 64 n'ibice 5 vy'imanza ziri mu ma sentare.⁴³

Naho hari iyemezwa ry'inyandiko mpuzamakungu zerekeye iterambere ridakumira na cane cane umukenyezi, ishishiraho ry'ibwirizwa shingiro riringaniza uburenganzira, umuco w'abarundi uracakumira umukobwa n'umugore mwirimi badafise uburenganzira bwo gutorana bungana nubw'abahungu. Umukenyezi ntabifise n'uburenganzira bwo gutora mu muryango w'umugabo wiwe. Arakoresha amatungo y'umuryango ariko ntayiyitirira. Kandi n'abashinga amategeko baratebeje kwemeza itegeko rijanye n'uburenganzira ku matungo y'umuryango, ivy'ugutorana k'umukenyezi no kugaba.

Iciza nuko ingingo zifatwa n'ubutungane bw'Uburundi zateye imbere cane ku bijanye n'igaburwa ry'itongo ry'umuryango. Kubw'ivyo Sentare ntahinyuzwa iremeza mu ngingo zayo zine

RCSA 1667 zashikirijwe na Sentare isubiramwo imanza ya MUHA igenekerezo rya 10 munyonyo 2020, mu ngingo RCC 30217, yashikirijwe na Sentare ntahinyuzwa mu gisata cayo ciyungururizo ku wa 29 nyakanga 2021 mu ngingo RCSA5178 yatanzwe na sentare isubiramwo imanza ya Ngozi ku wa 1 gitugutu 2021 mu ngingo RCSA 5633 yashikirijwe na Sentare isubiramwo imanza ya Ngozi ku wa 24 nyakanga 2021 ububasha bungana hagati y'abahungu n'abakobwa mu gutorana.⁴⁴

Kubw'ukutumva no kudakora ibintu kumwe vyibonekeza, harakenewe isubiramwo n'ikwiragizwa ry'ingendo nziza zokwisungwa na bese. Naho ivyanditse mu mategeko vyerekana iterambere ridakumira kuri bese imbere y'amategeko hamwe no kudakumira, umuco ukumira umukenyezi urabandanya naho hari impinduka zigaragara. Hari ubwa mbere ukuvuguruzanya kw'amategeko kukijanye n'ukugira uburenganzira kw'itongo ku mukenyezi canke umukobwa w'umurundikazi.

Uburenganzira bw'abakenyezi kw'itongo ry'umuryango: Iyo avuka, umukenyezi aronka ibiharuye ku bijanye no gutorana itongo ugereraniye na basazawe. Muri make, afise uburenganzira ku gahande gato k'itongo bita « Igiseke »⁴⁵ n'ukuvuga umugende umwe gusa. Uyo mugende awufiseko uburenganzira mu kiringo giharuye kubera uyo muabagore yahawe ako gapande adashobora kugaha uwo ashatse canke ngo agasigire abo yibarutse.

Uburenganzira bw'umukenyezi kw'itongo ryaho bubatse : umugabo afise uburenganzira bwose, aragaba akaganza. Ico ni ikimenyetso c'uburenganzira buke ku matungo manini kandi ntayegayezwa y'urugo kandi biba bizwi yuko amatungo y'urugo ari aya bese ; hatangaje ko hongera hakemezwa itandukanirizo rihengamiye kuri umwe. Niyo aba ari itongo ryaguzwe na bese, umugabo niwe aca arigaba kuko « ni mutwe w'urugo ».

Ikibariko gikurikira cerekana ingena uburenganzira bw'umukenyezi kw'itongo bwifashe hafatiye ku biharuro vy'impapuro ndangamatungo zahawe abakenyezi. Ikiboneka ni uko ku ntara zose zifise ibiharuro vy'impapuro ndangamatungo, izanditswe ku bakenezi ziharurwa kuvy'ijana 5,3.

⁴¹ Burundi, FIDA, Rapport de conception, Rapport principal et annexe, 25/10/2021, p.5


⁴² Ibidem

⁴³ Ministère de la Justice, Annuaire Statistique de la Justice au Burundi, 2015, pp.59-62 ; sur <https://burundi.justice.gov.bi/2019/12/31/108/>.

⁴⁴ République du Burundi, Cour Suprême du Burundi, Collection des arrêts fonciers modèles de la Cour Suprême et des Cours d'Appel du Burundi, Tome 5, Bujumbura, 2020, p.3

⁴⁵

Cette partie de la propriété s'appelle l'Igiseke car ses frères avaient le devoir d'aller lui rendre visite en lui apportant des vivres notamment. S'il y avait des visites régulières lui apportant une partie des récoltes, la femme renonçait à exploiter elle-même cette propriété. Dans le cas contraire, elle venait exploiter elle-même la propriété qu'elle n'avait pas le droit de vendre.



Ikibariko ca 14: Impapuro ndangatongo zatanzwe

IMPAPURO NDANGATONGO ZATANZWE ⁴⁶		
INTARA	ABAGABO	ABAGORE
MUYINGA	21584	1706
KAYANZA	23065	1039
MURAMVYA	3819	293
GITEGA	22711	1730
KARUSI	29642	300
CANKUZO	6472	310
RUYIGI	3819	300
BURURI	3077	104
NGOZI	18194	1563
MAKAMBA	31184	1476
BUBANZA	13610	1060
CIBITOKI	6542	284
BUJUMBURA	1041	158
RUMONGE	157	17
RUTANA	4991	339
VYOSE HAMWE	189908	10679 (5,3%)

Isoko : Umugwi w'igihugu uraba ivy'amatongo, uko vyifashe mu ma komine 31/12/2022

Twomenya ko ibiharuro vy'intara Mwaro n'igisagara ca Bujumbura zitari mu zo baduhaye.

Mu bijanye n'abagore bafise impapuro zemejwe n'amategeko zerekana ko amatongo ari ayabo, igipimo ni kimwe. Kuri 80,2% y'abafise amatongo, 17% ni abagore, 62,5% ni Abagabo 1.

- Uburenganzira bw' abakenyezi b'abapfakazi mu kibano :**


Umupfakazi agumana amatongo ryose yasigiwe n'umugabo wiwe ariko nk'uwurondera igitunga abana. Iyo agomba kugurisha, ategerezwa kubaza umuryango w'umuhisi. Iyo naho ataronse abana akaba yubatswe biciye mu mategeko, aguma ngaho mu gihe yigenjeje neza; ni ukuvuga kutavyara abandi bana inyuma y'urupfu rw'umugabo wiwe. Umugore yarongowe bidacye mu mategeko, aguma kw'itongo yasigiwe n'umugabo ku bushake n'ubugwaneza bw'umuryango

w'umuhisi.

- Uburenganzira bw' abigeme n' abakenyezi bo mu migwi idasanzwe**

Ibi vyerekeye abigeme batarongowe, basaziye iwabo, abavyariye muhira n' abakenyezi bahukanye. Muri rusangi, abigeme batarongowe batorana co kimwe na basaza babo. Nico kimwe n' abagore bahukanye. Ku yandi matungo y'umuryango, hejuru y'inzu iri mu matungo nyamukuru y'imiryango mu cyumviro c'abarundi, hari amatungo agizwe n'ibintu vyimukanwa. Muri make, imiryango y'abarundi iratunze ibitungwa (inka, impene, intama, ingurube, inkwavu, inkoko,...), ivyimbura, ibipimo vy'ibiti, ibitoke, imitahe mu maamashirahamwe yo kuziganya no kugiranana. Igitabu c'amategeko agenga ingo n'imiryango mu Burundi, atakenka ko cisanze imvugo y'Abaromani « res mobilis viris » (Amatungo y'ibikoresho vyimuka

46 Source : Commission Nationale Foncière.



ntagaciro bifise) ntigisaba kuja inama n'umwo mwubakanye mu kugura canke kugurisha ibintu vyimukanwa. Ariko mu vy'ukuri ibigaragara ni uko igurishwa ry'ivyo bintu atamwumvikano kenshi bitera ingorane mu muryango; kandi turaja kubona ko rimwe narimwe umwumvikano usabwa ku bikoreho bimwebimwe.

- **Kugaba no kuganza ibiterwa mbumbarugo n'ibiterwa vy'urucuruzwa**

Ibiterwa vy'urucuruzwa ni ikawa, ibitoke, ibiraya, icayi, ibigori, umuceri, amasaka, n'ibindi. Ibiterwa mbumbarugo na vyo ni ibiharage, ibijumbu, imyumbati. Birashoboka ko ibiterwa vy'urucuruzwa mw'ikomine imwe biba ibiterwa mbumbarugo mu yindi komine. Abagabo bitaho cane cane ibiterwa vy'urucuruzwa, abakenyezi nabo ibiterwa mbumbarugo ariko ku rugero ruto kugira bashobore gutunga imiryango. (kugura umunyu, amavuta, amakaye n'amakaramu y'abana,...); muri make ivyangomba nyamukuru. Iyo hakenewe kwimbura vyinshi hategerezwa kuba umwumvikano hagati y'iterambere ridakumira n'umugore. Ariko biratangaje kuko abagore bamara umwanya urenga ibice 90% mu mirima ariko hageze umusaruro bakaronka intica ntikize.

Ni ukuvuga ko mu ngiro, umukenyezi agaba ikoreshwa ry'ibintu vy'agaciro gato kandi ari we ahanini ajejwe imirima, ibifungurwa no gutunga umuryango.

- **Ububasha bwo kubungabunga no gutunga ibitungwa**

Abagabo bitaho ibitungwa vy'agaciro kanini (inka (300 000 -1 500 000 y'amafaranga y'amarundi ku nka imwe), impene (30 000- 150 000 y'amafaranga y'amarundi ku mpene imwe, ingurube, intama (30 000 - 120 000). Ariko muri rusangi Abagabo ntibashobora gukoresha uko bashatse ivyo bitungwa batavyumvikanye n'abagore babo. Abakenyezi barashobora kugurisha ibikoko bitobito vy'agaciro gato nk'inkoko (5000- 15000 y'amafaranga y'amarundi), urukwavu (4000 - 10000 y'amafaranga y'amarundi). Uko kuntu bigenda nta butungane burimwo hagati y'iterambere ridakumira n'umukenyezi.

- **Ububasha bwo gufata ingingo y'ikoreshwa ry'amafaranga**

Twisunze amakuru atangwa mu vyigwa vy'igwirirana ry'abantu n'amagara meza, ibice 94% vy'abakenyezi bafise hagati y'imyaka 15-49 bubatse barakoze mu mezi 12 imbere y'ubushakashatsi (2015), ku bagabo 98%. Mu bakoze, ibice 17% vy'abakenyezi na 34% vy'abagabo bahembwe amafaranga. Ariko, ibice 36% vy'abakenyezi na 21% vy'abagabo ntibahembewe igikorwa cabo. Mu bakenyezi bubatse bahembwe amafaranga ku gikorwa bakoze, ibice 21% baremeza ko amafaranga yabo ari bo bahitamwo ingene bayakoresha muri rusangi; nayo 67%

bavuga ko babija inama n'abagabo babo. Ibice bitatu kuri bine vy'abagore bubatse bahembwe amafaranga ku gikorwa bakoze, ibice 74% bavuga ko baronka amafaranga make ugereranije n'abagabo babo.


- **Uburenganzira bw'abagore ku nyubakwa**

Co kimwe n'amatungo atimuka, umwigeme n'umukenyezi w'umurundikazi ntibafise uburenganzira bungana n'ubw'abagabo ku vyerekeye inyubako. Utwigoro twarakozwe mu gushira imitahwe mu nyubako zorohera bese na cane cane abakenyezi. Mwene ivyo bikorwa bituma haziganywa umwanya w'ibikorwa; ivyo bijanye no kwiyunguruzwa mu miduga rusangi, umuyagankuba, amazi, mu ntumbero yo kugabanya umutwaro w'ibikorwa vyo kwitaho umuryango bidahemba ku mukenyezi. Ibikorwa vyatanguye muri iyo ntumbero ni ibi bikurikira : Integuro nziza mu vyo kwiyunguruzwa n'imiduga n'abagenda n'amaguru na cane cane inzira ahanini zikunda gucibwako n'abakenyezi b'abirimize, ibitarikwa bitobito, gushira amatara mu bibanza rusangi mu mvo z'umutekano no kworohera abakenyezi bakora batembereza ibicuruzwa, indinganizo nziza ituma abakenyezi bibungenze n'abafise abana bato, abasaza n'abagendana ubumuga badatonda imirongo ku bibanza bategereramwo imodoka, utuzu twa sugwumwe n'amabombo rusangi. Hisunzwe uruhara rudasanze rw'umukenyezi mu kubungabunga umuryango, gushigikira ivyankenerwa nk'amatara n'amazi, utuzu twa surwumwe, kurwiza amashure n'amavuriro, bituma yoroherwa mu buzima bwiwe.

- **Kuronka amazi**

Ku bijanye no kuronka amazi meza, ibice 79% vy'imiryango y'abarundi barashobora kuronka amazi meza; 35% muri bo bakoresha ahimbwe amazi hubakiye; 32% bakoresha amazi yo mu bito rusangi; 12% nabo amabombo yo muhira canke amabombo rusangi. Muri rusangi 87,3% y'abantu baba mu bisagara barashobora kuronka amazi meza hamwe na 78,1% mu gihugu hagati. Twomenya ko 18,4% y'imiryango y'abarundi bavoma amazi ava mu masoko atubakiye. Igitigiri c'abantu baronka amazi meza canke amazi yo mu masoko yubakiye kiri musu gato y'urugero ngereranyo rw'igihugu (moyenne) mu ntara ya Bubanza (67,73%), Cankuzo (68,2%), Makamba (65,1%) na Rutana (59,8%).

- **Kuronka umuyagankuba :** Mu bijanye n'umuyagankuba, ibice 7% vy'imiryango ni bo bashobora kuronka umuyagankuba; abo nabo ni 52,1% y'imiryango yo mu bisagara, 2% y'imiryango yo mu gihugu hagati. Imiryango 6 kuri 10 yo mu gisagara ca Bujumbura nayo irafise umuyagankuba mu gihe umuryango 1/10 mu ntara za Cibitoke (10,3%) na Mwaro (12,1%). Mu zindi ntara, ivyo biharuro biri hagati



ya 0,3% i Bubanza na 6,6% i Bururi. Ariko kenshi na kenshi imiryango ica yikora kw'ibujji, canke umucanwa ku rugero rwa 68,1% n'ikoroboyi ku rugero rwa 13,4%.

- **Gushikira utuzu twa surwumwe :** Mu bijanye n'utuzu tw'ubwihereho, imiryango 70,8% bakoresha utuzu twa sugumwe twakera ; abandi 24% bakoresha ubundi bwoko bw'utuzu twa sugumwe tugizwe n'ikinogo cuguruye, abandi 5,4% bakoresha utuzu twa sugumwe twa kijambere. Imiryango irenga 1/3 mu bisagara irakoresha utuzu twa sugumwe twa kijambere (26,3%), canke utwisununuye (10,6%). Mu gisagara ca Bujumbura, ibiharuro biri hagati ya 32,2% na 13,5%.
- **Ubushobozi bwo kwiga amashure ya Leta:** I Bujumbura mu gisagara, ibice 98% vy'abana baba hafi y'amashure, mu gihe mu bindi bisagara biri ku rugero rwa 96% kuri 88% mu gihugu hagati. Ivyo vyerekana inguvu z'Uburundi muri iyi myaka iheze mu ntumbero yo gukomeza amashure n'inyigisho. Mu mashure yisumbuye, ubushobozi bwo gushikira amashure bugaragara mu bisagara (abarenga 85%) ugereranije no mu gihugu hagati. Mu gihugu hagati, ibiharuro vy'imiryango iba kure canke kure cane y'amashure ni binini, ni 4/ 10. Mu ntara nyinshi, imiryango irenga ica kabiri iba musi y'urugendo rw'iminota 30 uvuye kw'ishure

kiretse mu ntara za Muramvya (49,0%), Kirundo (47,2%), Rutana (46,8%) na Ruyigi (29,5%). Muri rusangi, abana barashobora gushikira aho biga amashure matomato vyoroshe haba mu bisagara canke mu gihugu hagati.

- **Gushikira amavuriro n'aho bagurira imiti :** Mu gihugu hagati hibonekeza ingorane zo gushikira aho bivuriza mu gihugu cose muri rusangi. Mu gihe, mu gisagara ca Bujumbura bisaba iminota 30 gushika aho bivuriza n'aho bagura imiti, mu bindi bisagara, 3/4 vy'abanyagihugu bonyene nibo bafise ayo mahirwe. Ariko mu gihugu hagati, ibiharuro biri hasi; imiryango irenga 60% baba kure y'aho bivuriza canke bagurira imiti. Ivyo biharuro bishika 75% mu bijanye no gushika aho bagurira imiti. Mu ntara, imiryango irenga 50% iba musi y'iminota 30 uja ku mavuriro n'aho bagurira imiti. Twovuga nka Cibitoke (59%), Kayanza (55,6%), Bujumbura (55,2%), Bururi (52,9%) na Ngozi (51,0%). Mu zindi ntara ivyo biharuro biri hasi; biri hagati ya 17,7% na 49,4%.⁴⁷
- **Ingorane zo gushobora kwivuzwa :** abagore 7 kuri 10, ni ukuvuga 71% bavugaga ko bafise ikibazo co kwivuzwa. Ingorane nyamukuru bafise ni kuronka uburyo bwo kwivuzwa (64%) hamwe n'urugendo runini bafata bagiye kwivuzwa.

II.9. Uruja n'uruza njabukambibe

Ico kumenya ca 12


Igisata c'abimukira ni igisata kigaragaramwo ubusumbane butandukanye bujanye no gucuruza abantu. Ivyo bikagira ingaruka zitangana kubana b'abigeme n'abahungu mu gihugu. Abahungu nibo benshi babangamiwe n'urucuruzwa ndengambibe. FENADEB, urunani rw'amashirahamwe yigenga ateza imbere kandi akingira uburenganzira bw'abana, yerekana ibiharuro bikurikira vyibonekeje mu mpera ya 2022: Abavugwa na FENADEB kuba barahohotewe, bafashijwe mu guhumurizwa umutima bagera kuri 640 barimwo abagore 51, Abagabo 39 n'abana 550. Ibihugu bikoreshwa ni Kenya ku bantu 5, Arabiya Sawudite ku bagore 81, Oman ku bagore 10, Tanzaniya ku bantu 417 barimo abana 382, na Repubulika iharanira Demokrasi ya Congo ku muntu 1 n'abana 150 ku Burundi.

Isoko: Igatabu c'ibiharuro-fatiro bw'ubushikiranganji bushinzwe ibibazo vy'ibihugu vya Afrika y'Ubusuruko (EAC)

Mu Burundi, igihugu kiri mu bigize Umuryango w'ibihugu vya Afrika y'Ubusuruko, AEC, iyimuka rikorwa uburyo bubiri: uburyo bukurikije amategeko n'uburyo budakurikije amategeko. Ubwo buryo bwose bufatiye ku mwenegihugu afata ingingo yo kuja kuba, gukora canke kwiga mu kindi gihugu kugira yifashishije

ivyorosha bikomoka ku kuba uri mu muryango w'ibihugu vya Afrika y'Ubusuruko. Mu gihe ibiharuro vy'abimuka bidaciye mu mategeko bitanditswe, ivy'abimuka biciye mu mayegeko vyovyho birazwi mu bubiko bw'ibarura. Ibiharuro birerekana abinjira n'abasohoka mu Burundi ku gihugu ku gihugu.

47 Idem, p.33



Ikibariko ca 15 :Uko ibintu vyifashe ku ruja n'uruza mu bihugu vya Afrika y'Ubuseruko

Abanyagihugu	2019		2020		2021	
	Abinjiye	Abasohotse	Abinjiye	Abasohotse	Abinjiye	Abasohotse
Uburundi	457 698	755 496	163 572	183 616	155 904	159 996
Urwanda	24 514	23 774	6 983	6 431	1 716	3 056
Tanzaniya	32 584	25 114	18 609	14 759	12 224	10 456
Kenya	5 756	6 556	2 477	2 039	3 132	3 028
Ubuganda	6 260	6 180	2 285	1 919	2 512	2 144
Sudani y'epfo	350	272	255	19	124	96
Vyose hamwe	527 162	817 392	194 181	208 783	175 612	178 776

Source : Annuaire statistique du Ministère en charge des Affaires d'EAC

Nk'uko tubibona, uruja n'uruza mu bihugu bibanyi vyerekeye cane abarundi basohoka n'abinjira mu Burundi. Ikibabaje ni uko ibiharuro bitarakorwa hisunzwe igitsina n'inyaka. Kugira hakorwe umwihwezo ubereye. Ikindi ni uko ibiharuro bidasiguwe bikwiye kugira tumenye ihitamwo ry'abanyagihugu bajabuka imbibe. Kumenya igituma urwo ruja n'uruza vyotuma

ivy'abanyagihugu biteze canke batanezererewe no kubitorera umuti. Ivyo kandi vyofasha kugwanya urucuruzwa rw'abantu kimwe mu bituma imigenderanire hagati y'abagabo n'abagore iba mibi hamwe no guhungabanya akanyamuneza k'abana.

Ikibariko ca 16 : Abasavye ubuhungiro i Burundi


Isoko	2019		2020		2021	
	Abagabo	Abagore	Abagabo	Abagore	Abagabo	Abagore
Kongo (RDC)	6 116	6 140	1 431	1 492	541	511
Rwanda (RWA)	25	16	9	8	1	0
Ubuganda (UGA)	0	2	0	1	0	0
Ahandi harimwo Tanzaniya na Sudani y'epfo	0	0	2	0	0	0

Source : Annuaire MACEAC Secteur EAC édition 2021.

Wihweje isaba ry'ubuhungiro mu Burundi, urabona ko abanyagihugu ba Repubulika iharanira demokarasi ya Congo ari bo benshi mu Burundi. Ibiharuro birerekana kandi ko igitigiri c'abagabo n'ic'abagore bisa n'ibingana. Ikibabaje ni uko ibiharuro vy'abahungu n'ivy'abakobwa bitazwi. Insiguro y'ubwinshi bw'abenegiguhu bo muri Kongo mu Burundi ni uko dusangiye imbibe nyinshi: Gatumba mu ntara ya Bujumbura n'igisagara ca Bujumbura, igice c'ikiyaga kiri mu Rumonge n'urubibe bihana na Cibitoke.

Abanyagihugu bo mu Cibitoke baremeza ko urwo ruja n'uruza rufise ingaruka nyinsi ku ntara yabo. Umwanya umwe ikomine ya Rugombo yama isagirijwe n'abakenyezi n'abana baza kuhaba hanyuma ba serugo bagaca babata. Uwundi mwanya naho biragoye gufasha iyo miryango batazwi mu

rwego mpuzamakungu rujejwe kwitaho impunzi (HCR) bari mu mugwi w'abantu bakeneye ubufasha ariko kandi babangamiwe n'urucuruzwa rw'abantu. Ni vyiza rero gukorera kuri urwo ruja n'uruza mu kugira umwihwezo ufatiye ku gitsina n'inyifato hagati y'abagabo n'abakenyezi mu kibano kubera ko abo babanyi bava kenshi mu benegihugu bo mu gihugu hagati ubona ko batagira ingorane zo kuvugana na bo. Urwo ruja n'uruza ni icerekana ko umutekano w'akarere udakwiye hamwe no guha ikibanza abakenyezi n'abana basa n'abakumiriwe mu bijanye no kubungabunga umutekano mu karere.



Kuja kuba mu bindi bihugu ku gushaka kwawe canke biciye mu rudandazwa rw'abantu

Mu Burundi, kwimukira ku bushake ntibubujijwe. Umurundi canke umurundikazi barafise umwidgegemvyo wo gusohoka canke kwinjira. Urwo ruja n'uruza ku bushake bikingirwa na politike y'igihugu mu bijanye n'ukwimuka yemejwe n'inama nshikiranganji itari 22 Nzero 2015, Itegeko n°1/28 ryo kuwa 29 Gitugutu 2014 rishiraho gukinga no guhana urudandazwa rw'abantu rikongera rigakingira abantu bakozweko n'urwo rudandazwa, amategeko y'igihugu harimwo ibwirizwa shingiro, amasezerano mpuzamakungu nk'amasezerano y'i Palerme n'ubwumvikane bwo gufashanya hagati y'ibihugu.

Ingorane nyamukuru ituma haba ubusumbasumbane mu bijanye n'ukwimuka ni urudandazwa rw'abantu. Iyo ngorane ituma haba ikumirwa irakeneye kwitabwaho vy'umwihariko ku mpamvu nyishi. Ku ruhande rumwe, Igisata c'abaja kuba mu bindi bihugu ntakibanza gifise mu bisata vyitaweho na politike y'igihugu. Mu rundi ruhande, nta kibanza ico gisata gifise mu mugambi w'igihugu w'iterambere ridakumira (PNG). Naho biri uko, ikigo mpuzamakungu c'abakozi n'akazi (OIT) cemeza ko bifata abantu beshi cane. Mubisanzwe, ibiharuro bitangwa n'ico kigo mu mwaka wa 2016,⁴⁸ vyifashe ugukurikira :

- Imiryoni 40,3 z'abantu barakozweko n'ubuja bwa none, muri abo imiryoni 24,9 z'ibikorwa vy'agahato.
- Ku miriyoni 24,9, imiryoni 16 bakoreshwa mu bikorwa vyo munzu, akazi kwo kwubaka canke kurima ;
- Ku miriyoni 24,9, imiryoni 4,8 bakozweko n'amabi afatiye ku gitsina
- Umuntu umwe (1) kuri bane (4) mu bakozweko n'ubuja bwa none akaba ari umwana.
- Abakobwa n'abakenyezi barabangamiwe ku rugero rwo hejuru mu bikorwa vy'ubuja bangana 99% mu bijanye n'ukudandaza umubiri na 58% mu bindi bisata.

Ivyo bikaba vyibonekeza no mu Burundi. Vyerekeye ahanini abagore n'abana. Integuro y'ibikorwa vyo kurwanya urudandazwa rw'abantu 2019/2020 yemeza ko abantu bakuze bese bakozweko n'urudandazwa rw'abantu mu gice cambere c'umwaka wa 2018 ari abagore bafise imyaka iri hagati ya 25 na 32, bakoreshwa mu bikorwa vy'agahato. Ibiharuro nyakuri vy'abageramiwe n'ivyo bikorwa bigayitse bika bitaraboneka. Bikaba vyumvikana neza ko kubona ata biharuro nyakuri bifatiye ku bitsina no ku myaka bihari vyerekana ko hakiri igikorwa gikomeye ku basanzwe bafasha muri ico gisata.

Muri kino gihe, hari ugushaka kuboneka kwa Leta mu kurwanya ayo mabi ya none yo gukoresha abantu nk'abaja kubw'ingingo ziboneka zafashwe zokingira ubwimukira butagira ihohoterwa.

Zimwe muri izo ngingo ni izi zikurikira :

- Umukono washizwe ku masezerano yo gufashanya muri ico gisata n'igihugu ca Arabiya Saudite yo ku wa 3 Gitugutu 2021, n'igihugu ca Qatar, kw'igenekerezo rya 07 Ntwarante 2023.
- Ukwemerewe kw'amashirahamwe 24 yo kurondera abakozi b'inyambukira bateye umukono ku cemezo kandi akwirikiranwa na Leta. Havuyemwo ishirahamwe rimwe rifise icicaro i Makaba, ayandi ari i Bujumbu akagira i biro mu ntara hagati. Ayo mashirahamwe akaba afise itegeko ryo kumenyesha Leta ku nteguro yo gushinga imizi ku butaka bw'Uburundi.
- Hejuru y'uruhusha rwo gutembera, abo bakozi b'inyambukira barafise urupapuro rw'umwidondoro akaba ari narwo rwemeza ko umuntu arekuriwe kugenda gukora mu nk'umukozi w'inyambukira
- Urutonde rw'abimukira ruratangwa mu buserukizi bw'Uburundi mu gihugu bagiyemwo
- Abakozi b'abimukira bararonswe inyigisho imbere yuko bagenda. Izo nyigisho zirimwo ivyo ibihugu bajamwo baba batanze nk'imico n'imigenzo y'abazobacumbikira, izo kugukundishwa igihugu, ku rudandazwa rw'abantu, icongereza n'icarabu (indimi zikoreshwa muri ivyo bihugu).
- Abimukira bategekwa kwuguruzwa i konte mu Burundi kugira bakingire kurungikira amafaranga imiryango yabo
- Ukwiyezwa kw'amashirahamwe ajejwe kurondera abakozi kugumana imigenderanire n'abo bimukira. Bakorana mu runani n'amashirahamwe azobakira iyo baba bagiyeye,
- Irungikwa rya mbere ry'abimukira i Riad muri Arabiya Saudite ryaba igenekerezo rya 17 Rusama 2023. Kw'igenekerezo rya 13 Ruheshi, abimukira 472 baranditswe. Bose bakaba bafise igitsina-gore.
- Urubuga ngurukanabumenyi ruriko rurashirwaho kugira aberwa n'ukwimukira bashobore guhanahana amakuru

Uko biri ubu, ico kumenya n'uko abagabo n'abasore bafise amahirwe make yo gushigikirwa. Abo bagabo n'abasore ntibaronderwa kubera ubuhinga buronderwa bufiswe n'abakenyezi. Naho iyo nzira y'ukuba inyambukira igoye, iyo bayhisemwo, ni inzira itanga uburyo bwo kuronka akazi ku bakenyezi. Ni inzira ifasha mu kugabanya umuvuduko w'igwirirana ry'ubushomeri ku bakobwa no ku bakenyezi. Ibisa n'ivyo iyo vyakozwe hatagiyemwo gukurikiranwa na Leta vyahereje mu rudandazwa rw'abantu. Bikizerwa ko amabi yabaye kubatanguye iyo nzira yo kuba inyambukira atazobubira kuboneka. Iryo rwirirana ry'inyambukira

48 Les estimations mondiales de l'esclavage moderne : travail forcé et mariage forcé, 2017, <http://www.ilo.org>

zija mu mahanga ni icerekana iterambere mu ngingo zifatirwa mu miryango. Nubwo ku bakenyezi bamwebamwe bubatse, ivyo bituma itandukana ry'abubakanye, abakenyezi baratahura cane akamaro k'ubushobozi mu vy'ubutunzi badahigimanga. Ikindi nuko, iyataba ubukene, biroroshe kwemeza ko iyaba abakenyezi boshoboye kuronka ubuzi mu bihugu vyabo, bohisemwo kuguma iruhande y'abagabo babo na cane cane iruhande y'abana babo.

Muri ayo mashirahamwe 17 ya mbere atanga akazi yari amaze kuronswa uruhusha gushika kuwa 11 Kigarama 2022, dusangamwo amashirahamwe 4 arongowe n'abakenyezi. Iki kiratera intege kubera yuko abimukira birekuwe na Leta usanga bagizwe n'abakenyezi.




II.10. Uburimyi n'ubworozi

Ico kumenya ca 13

Uburimyi n'ubworozi mu Burundi bufise ibice 80% vy'ubuzi bugafasha gushika ku bice 40% w'umwimbu wo hagati mu gihugu. Ahanini n'uburimyi bwo kubaho bufise umwimbu muke n'imitahe muke mu buhinga buteye imbere nko kuvomera canke imbuto zirobanuye. Ubutunzi nkubwo burabangamirwa n'ihindagurika ry'ibihe nk'imyuzurira canke ugutara kw'imvura bituma haba ugutakaza bikomeye mu mwimbu w'uburimyi buri mwaka, bigasonga ingorane y'ikena ry'ibifungurwa no gufungura nabi ku bana.⁴⁹

49 UNICEF : L'impact du climat, de l'énergie et de l'environnement sur les enfants et leurs familles aUburundi, p.7



Igisata c'uburimi mu Burundi kirafise ingorane n'amahirwe bidakwiye gufatwa minenerwe. Mu ngorane twovuga (i) igwiriranana ry'abantu rituma haba itituka ry'ibidukikije, (ii) kutaronka vyoroshe imbuto n'ukudashobora kworora bitumwa n'ubushobozi buke bw'abarimi, (iii) ubumenyi n'ubuhinga buke bw'abakorera muri ico gisata, (iv) ingwara nyinshi ku biterwa n'ibitungwa, (v) gushora imari mu gihugu hagati, (vi) amazu y'ububiko adakwiye, kudashobora guhingura no kudandaza

Abantu bakora

Mu gisata c'uburimi dusangamwo imigwi 3 y'abagikoreramwo

- **Abimbuzi** : Ni ingo zigera ku 1.740.546 zikora ku gatwe kazo canke mu mashiramwe afise itunganywa rike, ibikoresho bike ata migambi ya kazoza afise. Bafise inyigisho nke bigatuma bagira ingorane zo kujana n'ibihe vy'ubuhinga bugezweho. Naho biriko bafise umwete mwinshi n'ugukunda akazi. Ubushobozi bwo kwikura mu bukene ni buke cane. Uretse umwimbu uva muri izo ngo hariho ibiterwa njabukamazi nk'icayi n'ibikaju.
- **Abatangagaciro** : ni abatwara abantu n'ibintu, abahingura n'abadandaza. Umurwi umwumwe muri iyo ugashobora kucubwamwo imigwi ubwawo. Gutwara umwimbu w'ibiterwa bikaba bitwarwa ahanini ku mutwe, ku makinga na rimwe rimwe mu miduga ibigenewe. Abunguruza ivyimbura bakaba ata ntunganyo ikomeye bafise. Uguhingurwa kw'ivyimbura kukaba kukiri ku rugero rw'intango. Utwigoro

Umutahe w'amafaranga

Umutahe w'amafaranga ahanini ugizwe n'ibikoresho n'imbuto bikenewe mu kugwiza umwimbu. Abarimi barashobora kuronka umutahe w'amafaranga mu mabanki, amashirahamwe yo kuziganya no kuguranana asanzwe ahari. Nubwo biruko, inyungu

Ivyankenerwa vy'uburimi, ubworozi n'uburovyi

Mu vyankenerwa bisanzwe bikoresha, twashobora kuvuga nk'imbuto z'ibiterwa, ifumbire, imiti y'ibiterwa n'iyibitungwa, imbuto z'ibitungwa, ibifungurwa vy'inka n'amafi n'ibindi. Mu bijanye n'ugukoresha umwavu w'ikizungu, Uburundi buri muni y'urugero bwategerezwa kugira. Kuva 2002 gushika 2017, urugero rw'ifumbire rwavuye kuri 1,3 gushika kuri 12kg kuri hegitari kandi inama y'i Abuja yategekanya kugisha ku kg 50 muri 2015. Vyongeye naho umugambi PNSEB wagiyeho, ibice 40,7% vy'ingo z'abarimi nizo zikoresha umwavu w'ikizungu. Ugukoresha imbuto zirobanuye kuracari inyuma cane. Mw'ihimiriza ryo mu mwaka 2014-2015, ibice 5,2% vy'ingo z'abarimi nivyo vyakoresheje imbuto zirobanuye.

Ivya nkenerwa mu bworozi birabuze cane. Imiti y'ibitungwa yose

imbuto n'ivyimbura vy'uburimi n'ubworozi, (vii) kwitunganya guke kw'abakorera muri ico gisata, (viii) ihindagurika ry'ibihe. Ku bijanye n'amahirwe twovuga (i) ibihe bituma hashobora kuba ibiterwa vyishi bitandukanye, (ii) amazi menshi, (iii) abanyagihugu bafise umwete wo gukora, (iv) imyonga n'ibiyaya vyimbuka, (v) ibisata bijejwe gufasha kugwiza umwimbu, (vi) isoko yo mu gihugu hagati n'isoko y'akarere.⁵⁰

dutandukanye turatanguye kuboneka bivuye ku mfashanyo nko mu bisata vy'amata, umuceri, ibigori, ibigazi, ibitoke n'ivyamwa. Abahingura bafise intunganyo nke, nta bikoresho bikwiye bafise kandi nta buhinga bushasha bwa none bakoresha. Urudandazwa rw'ivyimbura ruca ku bantu benshi bigatuma bigabanya inyungu ku bimbuzi kandi bikaduza ikiguzi ku baguzi. Ivyo bigabanya umuvuduko w'urudandazwa rw'ibifungurwa kubera ubuke n'ububi bw'inyubako zo kudandarizamwo (amahangari, ama frigo). Abadandaza bakaba batitunganiye neza.

- **Abafasha mu kugwiza umwimbu** : ni abakozi b'ubushikarangi bw'uburimi n'ubworozi n'abandi bafasha mu gukurikirana abimbuzi, mu kubegereza imbuto, mu bushashatsi ku mbuto zikwiye n'ubuhinga, kurondera amafaranga agenewe uburimi.⁵¹


ku madeni abuzaba gusaba izo ngurane. Izo nyungu ziri hagati ya 22% na 40%. Nta shirahamwe rihari ryagenewe gutanga ingurane ku burimi. Naho ico gisata kirimwo ibihuhusi vyishi, nta nzu y'ubwishingizi y'uburimi ihari.

iva hanze kandi n'akanovera kayo kakaba katizewe. Haribonekeza intege nke mu kwimbura ibifungurwa vy'ibitungwa. Hari kandi uburyo buke bwogushobora kugwiza ibitungwa vyiza vyiza kugirango biheze bikwiragizwe. Nubwo biri uko, ikigo CNIA caratanguye kugwiza imbuto z'inka zitegwa mu buhinga bwa kijambere.

Mu bijanye n'uburovyi, ibibanza bitanu (5) vyarateguwe kugira hagwizwe amafi ariko umwimbu uracari kure haba mu bwinshi canke mu kanovera vyifuzwa. Uburovyi mu kiyaga ca Tanganyika no mu biyaga vyo mu buraruko bw'igihugu bugeramirwa n'ukuroba birengeje urugero, uabagoresha ibikoresho vyo kuroba bibujijwe n'ubumenyi buke mu gukoresha neza ubwo butunzi.

50 République d'Uburundi, MINISTRE DE L'ENVIRONNEMENT, DE L'AGRICULTURE ET DE L'ELEVAGE, STRATEGIE AGRICOLE NATIONALE (SAN 2018-2027), Bujumbura, novembre 2018, p.12

51 Idem, p.13



Igisata c'uburimy n'ubworozi gishobora kuba icishimikizo mu guteza imbere iterambere ridakumira kuri bose na cane cane umukenyezi. Icaro c'intango (uburimy, ubworozi n'uburovyi) gikoresha igice kinini c'abanyagihugu bafise inguvu zo gukora (90%) murabo (55.2) n'abakenyezi, 8% mu cicaro ca gatatu na 2% gusa mu cicaro ca kabiri (secteur secondaire). Nubwo biri uko, muri rusansuma rw'abantu n'ibintu rwa 2008, ibice 80.2% vy'abanyagihugu bafise itongo, 62.5% n'abagabo mu gihe 17.7% ari abakenyezi.

Mu gisata c'uburimy, ubworozi n'ukukuroba haribonekeza urugero ruto rw'abakenyezi bahagarariye ingo mu gushikira ideni ryo kurima narirya usanga ata ngwati bafise kugira babahe ayo madeni (impapuro ndangatongo, ko bafise ibitungwa).

Kuja mu mashiramwe birahirizwa nk'ingendo yofasha guteza imbere ibikorwa muri ico gisata. Amashirahamwe y'abakenyezi n'abakobwa arahimirizwa cane. Nuko rero, imigambi imwimwe ifise intumbero yo kurwanya ubukene ironka ingurane kuri ayo mashirahamwe yo mu gihugu hagati, yishinzwe n'ubuyobozi bw'intara kijejwe uburimy n'ubworozi.

Ikindi naco, Leta hamwe n'ikigega FIDA i Roma mu Butaliyano iariki ya 3 Gitugutu barashize umukono ku masezerano yo gushikira umugambi PAIFAR-B. Ihangiro nyamukuru ry'uwo mugambi n'ugufasha kugwiza amikoro y'abanyagihugu bo mu misozi kugira habe kugabanya bimwe biboneka ubukene, ugenewe gushikira ingo 99.200 zo mu ntara 14 kuri 18 zigabuye uku gukurikira : (i) ingo 5000 za ba ntahonikora, (ii) 6000 vy'abakenyezi n'abagabo bo mu misozi bafise impapuro z'umutsindo canke batazifise,

bize canke batize, bakora ibikorwa vy'uburimy n'ibindi, (iii) ingo 9000 zo mu misozi zishobora kuja hamwe zikagira umurwi wo gushikigirana mu gukorera hamwe, (iv) abimbuzi batobato 60000 bari mu migwi y'ama amashirahamwe yo kuziganya no kugirana yo kurima umuceri, (v) abimbuzi batobato 19 200 bari mu mashiramwe ya amashirahamwe yo kuziganya no kugirana.⁵²

Naho hari utwigoro twa Leta tuboneka two guteza imbere ubutunzi bw'igihugu, umukenyezi w'umwirimizi we afise uruhara rukomeye mu butunzi bw'umuryango mu Burundi, ntarashobora kugaba ngo aganze vy'umwihariko uburyo bwo kwimbura, arachura n'intambamyi nyishi zimuca intege.

Intambara ikaba yarasongeye isibe kuko ibice 21% vy'ingo zirongowe n'abakenyezi kandi na 60% ya ba ntahonikora akaba ari abakenyezi nyene. Nubwo biri uko bikwiye gufata nkama ubwira bw'umugore agumana ishaka rikomeye ryo kurondera kubeshaho umuryango. Ku ruhanda rw'abagore bize, twomenya ko icemezo cerekana urugero rwo gufasha mu butunzi bw'igihugu, politike n'imibano ishika ku gihumana 3%.⁵³

Ubukene bw'ivyankenerwa vy'uburimy, ugukoresha guke ubuhinga buberye mukuruhurira abanyagihugu birimizi na cane cane abakenyezi, imico n'imigenzo bibuza abakenyezi kwiyuvira ku burenganzira bwabo kw'itongo binagabanya amahirwe yo kuronka ingurane y'uburimy; kikaba ikibazo gikwiye gutorerwa inyishu kugira igisata c'uburimy kibe igisata cizewe mw'iterambere rirama.

II.11. Ibinyamakuru n'ubuhinga bwa none bwo gutumatamanako

Ico kumenya ca 14

Abakenyezi ni inkehwa mu binyamakuru no mu buhinga bwa none bwo kumenyesha amakuru (NTIC): Ku bijanye n'iterambere ridakumira na cane cane umukenyezi mu kazi k'ibinyamakuru vyorabirwa gutandukanye, haba mu bijanye vy'uburungozi bukirangwa n'abakenyezi bake nko mu bibanza vy'intwari mu nzego z'uburungozi haba no muri mu makuru atangwa hama harimwo ubusumbane hagati y'abagabo n'abakenyezi. Mu bijanye n'ubuhinga bw'itumatamanako, hagereranjwe abagore n'abagabo mu rwego ARCT n'imihora yo gutumatamanako hama hibonekeza ubusumbane, maze abagore bakaza inyuma. Ni ibiharuro bikaba bigoye kuboneka.

Uburundi bushira imbere umugambi ngenderwako woza ushira ahabona abagore uretse mu *buryo bwo kumenya amakuru gusa na cane cane mu binyamakuru*⁵⁴ ariko kandi no mu gushiraho inzego z'ibinyamakuru. Ibintu biri uko mu gihe mu mwaka wa 2013, imwe mu ntumbero y'umugambi ngenderwako wo


kumenyesha amakuru yemejwe na Leta yari guteza imbere iterambere ridakumira mu binyamakuru.

Ishirahamwe ry'abakenyezi b'abamenyesha makuru (AFJO) ryavutse mu bihe vy'umwaka wa 2000, ryaje gushimangira

52 République d'Uburundi, Rapport National d'Évaluation de la mise en application de la déclaration et du Programme d'Action de Beijing, Beijing+25, Bujumbura, mai 2019, p.17

53 République d'Uburundi, Ministère de la Solidarité Nationale, des droits de la Personne Humaine et du genre, Politique Nationale genre, 2012-2025, juillet 2012, p. 14

54 Des textes législatifs de 2018 et 2019 qui mettent en place le Ministère de la Communication ou régissent le fonctionnement de la presse aUburundi



ugushaka kwitwararika iterambere ridakumira na cane cane umukenyezi mu bikorwa vyo kumenyesha amakuru. Uko biri ubu ibijanye n'iterambere ridakumira mu gisata c'amateka n'amategeko biratangazwa n'ibinyamaburu ; ariko ku rundi ruhande abakenyezi n'abigeme baboneka gake mu batororokanya n'abahinyanyura ibigize amakuru.

Mu mwaka wa 2017, urwego rw'igihugu rwo rugenzura ivyo gutumatumanako amakuru rwerekanye ko igikorwa co kwegeranya amakuru, kuyatosora no kuyatangaza kitisungana cane ibijanye n'ibitigiri vyubahiriza ibitsina vyompi. Urwo rwego rwasiguye kandi ko hari agahaze rufatiye ku bitigiri bito vy'abakenyezi bari mu gisata co gushikiriza amakuru n'ibiganiri ku maradiyo n'imboneshakure, eka ndetse no mu bibanza bifatirwamwo ingingo mu binyamakuru (abayobozi, abakuru b'inganda zandika amakuru n'abarongoye ibisata bitandukanye)(...).

Ku rundi ruhande, umugambi w'igihugu w'iterambere ry'ubuhinga

Uko ibintu vyifashe : iterambere rigenda buke buke

Icegeranyo cakozwe mu mwaka wa 2019 Ishirahamwe ry'Abakenyezi b'Abamenyeshamakuru (AFJO), kivuga ko basanze Igitigiri c'abagabo bafata ijamba kikiri hejuru cane y'ico abakenyezi haba mu bashikiriza amakuru hamwe n'abayarondera canke abatumire.

Ku ruhande rw'abashikiriza amakuru, abagore bangana n'ibice 33,2% ku bice 66,8% vy'abagabo. Abagore barondera amakuru ni ibice 18% mu gihe abagabo ari 82%. Nk'abagore ba bitumwako bafise ubushobozi bwihariye, mu gisata co ku menyesha amakuru bangana ibice 15.6% ku bice 84.4% vy'abagabo nk'uko ico cegeranyo kibandanya kibashikiriza. Kino cegeranyo nyene kirerekana ko abakenyezi bakorerwa ku nkuru zijanye na politike ari bake baba abanyamakuru canke abahinga.⁵⁵

Intambamyi z'iki gihe

Intambamyi zibonekeza mu kwirinda ikumirwa na cane cane rishingiye ku gitsina mu bikorwa vyo kumenyesha amakuru ziri imice myinshi:

- Inzitizi zishigiye ku mico n'imigenzo hamwe n'imvugo zikumira umukenyezi biracari mu mibereho y'abarundi kandi zituma iyubahirizwa ry'iterambere ridakumira ritungwa mu kugena abaja mu bibanza bifata ingingo mu bisata vyo kumenyesha amakuru vya Leta;
- Uguhurumbira guke ubuzi bukorerwa ku mishwarara y'umuco, bugoye gufatanya n'amabanga y'urugo bwoshobora gutera n'impanuka z'ikubagurwa ndoragitsina kw'abakenyezi

bwo gutumatumanako amakuru wemejwe n'igihugu c'Uburundi mu mwaka wa 2011, usanzwe ufise imwe mu ngingo nyamukuru ziwugize yerekeye ubuhinga bwo gutumatumanako amakuru n'iterambere rusangi, urerekana akamaro ko kugabanya ubusumbasumbane bufatiye ku gitsina muri ico gisata. Ni ikibazo kiraje ishingira igihugu kandi kiri mu bishobora kuvyara ubusumbasumbane mw'ikoreshwa ry'ubuhinga bwa none. Ikiganiri c'abakenyezi b'imboneza mu buhinga bwo gutumatumanako amakuru, cabaye muri myandagaro mu mwaka wa 2018, carashize ahabona amahirwe ari muri ico gisata mw'igabanywa ry'ubusumbasumbane bufatiye ku gitsina no mu guteza imbere isabikanywa ry'ubutunzi bw'igihugu ritagira wandya wangura. Ariko kugira tuhahike, uguteza imbere iterambere ridakumira mu gihugu ni karahara mu ruganda ntibacura. Ariko rero, uko biri ubu ikibazo c'ubusumbasumbane bw'ibitsina gisa n'ikititaweho, haba mu gushigwa mu bibanza bifata ingingo no mw'ikoreshwa ry'ubuhinga bwa none.

Igitigiri c'abakenyezi n'abigeme kiragabanuka cane iyo harabwe igitigiri c'abarongoye ubuzi na cane cane abakenyezi barongoye inganda zandika amakuru n'abarongoye ibinyamakuru. Nkako, ku maradiyo cumi yafatiweko mu cegeranyo ca AFJO mu mwaka w' 2019⁵⁶, igitigiri c'abakenyezi barongoye inganda zandika amakuru n'abakenyezi barongoye ibinyamakuru bangana na 0.


Ikigeretseko, kubw'ico cegeranyo nyene, ibisata birabwa cane n'amakuru ashikirizwa biri uku gukurikira hisunzwe urutonde rw'ibiza imbere: politike (inkuru 217), umutekano (inkuru 130) n'iz'ikibano (107). Ivyo bikaba ari ibisata abagore batabonekamwo cane. Ibisata abakenyezi n'abigeme barimwo cane, nk'amagara y'abantu n'uburimi biza ku rutonde rwa 7 n'urwa 8.

kutorohereza uko kwirinda ikumirwa ryoba ku bagabo n'abakenyezi;

- Uburyo buke nabwo ni iyindi nzitizi ituma abakenyezi baba bake mu mwuga wo kumenyesha amakuru. N'ubwo buke bugenerwa ahanini kumenyekanisha amakuru n'ibikorwa bigezweho ategurwa n'abagabo batitayeho ibibazo bijanye n'ukwirinda ikumirwa rishingiye ku bitsina, mu gihe n'imishahara mito ituma ubwo buzi budahurumbirwa cane n'abakenyezi mu gihe baba bariko bararonderwa abakozi.

55 Ishirahamwe ry'abakenyezi b'abamenyeshamakuru m'Uburundi, Ikibanza n'ishusho vy'abakenyezi n'abigeme bafise mu gisata co kumenyesha amakuru m'Uburundi, Bujumbura, 2019

56 Ico gitabu nyene, urupapuro rwa 25



Ku bijanye n'ubuhinga bwa none bwo gutumatumanako amakuru, n'ubwo ukugabanya ubusumbasumbane bufatiye ku gitsina muri icyo gisata citaweho bishimishije muri politike y'igihugu, itunganywa ry'amashirahamwe y'itumatumanako ngendanwa (ECONET, LUMITEL, ...) nta mwihariko wo kugabanya ubusumbasumbane bufatiye ku gitsina ugaragazwa haba mu gutunganya ivy'abakozi, canke mw'ikoreshwa ry'ubuhinga bwa

none. Mu gihe ata bwirizwa rigenga kwubahiriza iterambere ridakumira kuri bose na cane cane abakenyezi, ikena ry'ibiharuro-fatiro bifatiye ku gitsina kandi ibifatirwako vyama bishirwa ahabona n'ayo mashirahamwe nyene, hagaragara ingendo yo kutagomba gukurikiza ihinduka ryashizwe imbere n'umugambi w'igihugu mu bijanye n'iterambere ridakumira kuri bose na cane rishingiye ku gitsina.

II.12. Amagara y'abantu, umugera wa SIDA n'irondoka rijanye n'amagara meza

1. Ihangiro ry'umugambi w'amagarara meza ry'umwaka wa 2030

Ico kumenya ca 15

Intambwe zo gushigikira no kubandanirizako: Igitabu gica hiryu no hino ivy'amagara y'abantu c'Uburundi c'umwaka wa 2021 cerekana ku rupapuro rwaco rwa 12 ko Uburundi bwipfuzwa kurangura ibintu bitanu vy'ihangiro ry'iterambere rirama rigira 3 (ODD 3): « Gufasha abantu bose kubaho bafise amagara meza no guteza imbere ukugubwa neza ku bantu b'imyaka yose » gushika mu mwaka wa 2030. Rimwe mu yagamiye gushikwako riraba Ishusho y'iterambere Ridakumira ni irigira 3.1 « Gushika mu mwaka wa 2030, kugabanya igitigiri c'abakenyezi bapfa bariko baribaruka gushika ku rugero rwo muni ya 70 ku 100 000 vy'abana bavutse bazima » ; irigira 3.3 « Gushika mu mwaka wa 2030, kurandurana n'imizi ikiza ruhonyanganda SIDA, igituntu, Malariya /inyonko n'indwara zikaze mu bihugu bishushwe zititaweho no kurwanya indwara z'igitigu, indwara zandukira ziciye mu mazi n'izindi ndwara zandukira » ishiramwo kurwanya umugera wa SIDA ; ihangiro 3.7 « Gushika mu mwaka wa 2030, kuronsa bose ubufasha bw'irondoka rijanye n'amagara meza, harimwo n'intumbero yo kuvyara ku rugero, kuronsa amakuru hamwe n'inyigisho, no kuraba ko irondoka rijanye n'amagara meza rifatirwako mu migambi y'igihugu » hamwe n'ihangiro rya 3.8 « Gukora ku buryo ata wusigara inyuma mu mugambi w'amagara meza kuri bose, harimwo ugukingirwa impanuka zifatiye ku mikoro make bino bigatuma bose baronsa ubuvuzi bubereye n'imiti hamwe n'incanco nkenerwa zizewe, zakamaro, zibereye kandi ku giciro ciza, hamwe n'indwara ngendanwa zitandukira ».

2. Ikwirikizwa ry'ibisabwa n'igisata c'ishirahamwe Mpuzamakungu ONU citaho Amagara y'Abantu - OMS

Kugira ngo ubuvuzi bushikire bose, igisata c'ishirahamwe Mpuzamakungu ONU citaho Amagara y'Abantu - OMS caratanze ingero ibihugu vyotegerejwe gukurikiza.


Ku bijanye n'abakozi, OMS imenyeshako hakenewe umuganga 1 ku bantu 10.000, umuforoma 1 ku bantu 5.000 n'umwakirizi 1 ku bantu 5.000. Mu Burundi, icegeranyo co ku mwaka ku mwaka gitanga ibiharuro c'Ubushikiranganji bw'Amagara y'Abantu c'umwaka wa 2021 cerekana ko igihugu c'Uburundi cari gifise umuganga umwe ku bantu 24.236 mu mwaka wa 2000, umuforoma 1 ku bantu 4.616 mu mwaka wa 1998. Nk'uko tubibona, Uburundi burashiramwo inguvu kugira bwisunge ibisabwa ku ruhande rw'abaforoma. Ikibazo cibonekeza ku ruhange rw'abaganga n'abakirizi. Kugirango hisungwe ibisabwa, hotegerejwe kuboneka abaganga bangana n'abahasanzwe incuru 2.4 hamwe n'abakirizi bangana uko abaforoma bangana.

Ku bijanye n'inyubako, leta irakora ibishoboka vyose kugira ngo yegereze ubuvuzi abanyagihugu. Nkako, inyubako zigwira ku mwaka ku mwaka. Ico twomenya n'uko umurindi ari muti

kandi hasigaye imyaka 8 gusa ngo dushike mu mwaka wa 2030. Ikindi ni uko hariho ibigo 8 vy'igororero mu gihugu cose, ivyo bituma umuntu yibaza ko abagendana ubumuga bashobora kuba nk'abatitahweho mu kiringo kanaka.

Ibindi bitigiri bitangwa n'ibanki y'isi Yose vyerekana ko urugero rw'abavyeyi bitaba imana bariko baribaruka (ingereranyo ifatiye ku turorero) ku bana 100.000 bavutse bangana na 494 mu mwaka wa 2020 kandi ko abana bakirwa n'ababinonosoye bangana na 85% mu mwaka wa 2017. Mu barwayi batitura abaganga, « ibice 38,7% bashikiriza ko ubukene bw'amafaranga ariyo ntambamyi nyamukuru. Twomenya ko hafi umuntu umwe kuri bane (ibice 23,6%) bafata imiti batabajije muganga. Urugero rw'abivura ruri hejuru turusanga mu ntara ya Ruyigi (ku bice 78,3%) ugereranije n'izindi ntara. Bivanye n'aho umuntu aba, ukugura imiti hatabajijwe muganga bigwiriye mu bisagara (ku bice 32,3%) gusumba mu gihugu hagati (ku bice 22,8%) »⁵⁷

57 EICVMB icegeranyo ntabanduka c'igitabu ndondagisata hamwe n'ibitera ubukene c'umwaka w'2021, urupapuro rwa 25



3. Ukwiyahura n'ubwicanyi bukorerwa igitsina-gore mu Burundi : ibitigiri vy'ukugubwa nabi vyo gutohozwako hamwe n'indwara zo mu mutwe

Urugero rw'abiyahura (ku bantu 100.000) : 6.2 mu mwaka wa 2019⁵⁸ kuri 7.1 mu mwaka wa 2012;

Urugero rw'abakenyezi bapfa biyahuye (ku bagore 100.000): 3.4 mu 2019⁵⁹ kuri 4.2 mu 2012;

Urugero rw'abagabo bapfa biyahuye (ku bagabo 100.000): 9.3 mu 2018⁶⁰ kuri 10.1 mu 2012.

Ivyo biharuro n'imhuri ku Bushikiranganji bw'Amagara y'Abantu kugirango buteganywe kwerekana ibiharuro vy' « urugero rw'abapfa biyahuye » n'ibiharuro vy'« urugero rw'abakenyezi n'abagabo bicwa »

Imvo z'igwirirana ry'ubwicanye bukorerwa igitsina-gore mu ntara zimwe zimwe z'Uburundi

Ku bw'abitavye ibikorwa vy'imigwi y'uguhanahana ivy'iyumviro vyabereye mu ntara, ingorane zikurikira ni zo mvo ahanini z'iyicwa ry'abakenyezi mu Burundi:

- Uguharika;
- Amatati y'amatongo;
- Ikumirwa mu butunzi bw'ishirahamwe;
- Ubukene;
- Ukudahana;
- Uguhemukiranira ku bubakanye;
- Akaborerwe;
- Ibiyayura mutwe;
- Uburozi;
- Ukwigungirako.

4. Ibiharuro-fatiro bishingiye ku gitsina

Nk'uko ibi biharuro (biri aha muni) bivyerekana, ingorane y'ivangura ry'ibiharuro hisunzwe ibitsina iguma yibonekeza. Hakwiye kwihutirwa kwijukira kuvangura hose ibiharuro hisunzwe ibitsina kugirango vyorohereze uburongozi gufata ingingo zifatye ku vyibonekeza.

Ikibariko ca 17 : Igabanganywa ry'ibitigiri vy'abantu bashasha baje kwivuzi kuri buri karere k'ubuvuzi hisunzwe imyaka mu mwaka wa 2021

Uburere bw'ubuvuzi bwose	Abaje kwivuzi bashasha babonetse kwa muganga hisunzwe iyo baje bava								
	Hagati y'amezi 0-11	Hagati y'amezi 12-59	Hagati y'imyaka 5-9	Hagati y'imyaka 10-14	Hagati y'imyaka 15-19	Hagati y'imyaka 20-24	Hagati y'imyaka 25-29	Hagati y'imyaka 30-34	Hagati y'imyaka 35-39
Bose hamwe	2645224	5310186	1283548	1143266	1236053	1385572	1420101	1232609	1099978

Sisoko : Icegeranyo ca buri mwaka gitanga ibiharuro c'Ubushikiranganji bw'Amagara y'Abantu no kurwanya SIDA

Co kimwe n'ivyo biharuro vyo hejuru, uguharura urugero rw'ukwivuzi mu ma vuriro mato mato mu mwaka wa 2021, nk'uko ibiharuro vy'abarwayi barungitswe n'amavuriro mato mato n'abarungitswe n'ibitaro bidakozwe hisunzwe ibitsina, ibi ntibifasha kwihweza neza ko ubuvuzi bushikira bose atakumira rifatiye ku gitsina ribaye. Ibiharuro vy'abakenyezi bafise ingorane canke bageramiwe vyaharuwe hisunzwe


imyaka y'ugusama imbanyi vyo mu mwaka wa 2021 na vyo nyene ntivyerekana imigwi y'abakenyezi kugira ngo umuntu amenye nimba abana b'abakobwa batoya bafashwe ku nguvu bagatwazwa inda bafatiweko canke batafatiweko.

Ku bijanye n'abibaruka mu gihugu hagati, ingero z'abakirwa kuri buri karere mu mwaka wa 2021 zimeze uku gukurikira: uburere bw'ubuvuzi 3 bwerekana ingero ziri hejuru y'ibice

58 <https://donnees.banquemondiale.org>

59 <https://donnees.banquemondiale.org>

60 <https://donnees.banquemondiale.org>



Direction du développement
et de la coopération DDC



100%: Cibitoke 113.3%, Mpanda 104.7% na Gisuru 101%; uburere bw'ubuvuzi 33 kuri 49 bwerekana urugero rurenga ibice 50%; uburere bw'ubuvuzi 11 bwerekana urugero ruri munsu y'ibice 50% harimwo akarere ka Fota kerekana urugero ruto gusumba izindi rw'ibice 24.6%.⁶¹

Uko tubona ibintu vyifashe ni intambanyi mu kuronsa ubuvuzi kuri bose. Hari hakwiye gufatwa ingingo zihuta kugira ngo abakenyezi ntibabandanye batazaza ubuzima bariko baratanga ubuzima.

5. Irondoka rijanye n'amagara meza hamwe n'uburenganzira bijanye

Ku bijanye n'irondoka rijanye n'amagara meza, co kimwe n'ibindi bisata vy'amagara y'abantu, abaremesha-kiyago, barafasha mu gutanga inyigisho mu kibano, bakabumviriza bakongera bagafata ingingo y'abo barungika ku mavuriro mato mato. Abaremesha-kiyago bakora mu migwi, imigwi y'abaremesha-kiyago. Abo rero n'abanyakibano bafadikanya n'amavuriro mato mato. Bahabwa inyigisho kugira basahirize amavuriro mato mato. Nibo bafise ikibanza ca mbere mw'itangwa ry'inyigisho zijanye n'amagara meza mu kibano; bagizwe ahanini n'abagabo.

Kubera iyo mvo, abakenyezi ntibashikirwa kumwe n'inyigisho hamwe n'amakuru kandi aribo bobaye Abaremesha-kiyago beza mu kwigisha no mu guhimiriza bagenzi babo ku neza y'irondoka rijanye n'amagara meza. Aha ntitwavuze urwaruka kandi benshi mu bana b'abakobwa batwara inda giturumbuka canke bafashwe ku nguvu.

Ibindi biharuro biri mu cegeranyo ca buri mwaka c'Ubushikarangi bw'Amagara y'Abantu vyerekana ibitigiri bikurikira:

- Igitigiri c'abakenyezi bafise inda - ikurikiranwa ry'imbanyi (canke urugero rw'uburyo imbanyi zikurikiranwa kuva ku ncuo ya 1 gushika ku ya 4): ibice 79,54% mu mwaka wa 2021⁶²
- Igitigiri c'abana bavukira bakongera bagakurikiranwa na muganga: ibice 76,50% mu mwaka wa 2021
- Igitigiri c'abakirizi: 143
- Igitigiri c'abemeye gukoresha ubuhinga bwo kuvyara ku rugero ntigihuye n'ivyo Ubushikarangi bw'Amagara y'Abantu no Kurwanya SIDA bwari bwiteze. Mu mwaka wa 2017, abantu bashasha bari bemeye gukoresha uburyo bwo gukinga imbanyi bangana na 442 092 ugereranije na 472 932 vyari vyitezwe mu mwaka wa 2018, ku 526 121 mu mwaka wa 2019, ku 462 114 mu mwaka wa 2020 hamwe no ku 490 342 mu mwaka wa 2021.
- Ibitigiri vy'abemeye gukoresha uburyo bwo gukinga imbanyi (aba kera na bashasha) bangana uku:

Ikiyiriko ca 18: Ibitigiri vy'abakenyezi bemeye gukoresha uburyo bwo gukinga imbanyi muri buri karere k'ubuvuzi mu mwaka wa 2021/63

DMPA IM		Sayana Press		COC		COP		akagegene		DIU		Agakingi-rizo k'abakenyezi		Agakingirizo k'abagabo		Bwose hamwe
AA	NA	AA	NA	AA	NA	AA	NA	AA	NA	AA	NA	AA	NA	AA	NA	
529422	199595	163624	77172	58298	34424	9711	11536	8009	83237	1695	10575	233	659	10413	68945	1267548


Ibitigiri vy'abemeye gukoresha uburyo bwo gukinga imbanyi vyerekana ko igitigiri c'abasavye uburyo bwo gukinga imbanyi cari caduze mu mwaka wa 2019 gica kiramanuka mu mwaka wa 2021; ibi bihushanye n'intumbero y'itangazwa ry'umugambi w'igwirirana ry'abantu ryo mu mwaka wa 2011 wo gufasha kugabanya ubukene n'uguteza imbere ubuzima bwiza hifashishijwe kugabanya umurindi w'igwirirana ry'abantu.

Muri iryo tangazwa, Leta y'Uburundi yifuza kugabanya imvya ku bana 6 ku muabagore mu mwaka wa 2008 gushika ku bana 3 ku muabagore mu mwaka wa 2025. Kugira tuhashike, Leta iharura ku bagore bakoresha uburyo bukinga imbanyi kugira urugero rw'ikoreshwa ry'uburyo bukinga imbanyi ruduge ruve ku bice 30% rugere n'imiburuburi ku bice 50%.

61 Ibidem

62 Ibiranga iterambere ry'abantu rirama umwaka w'2021

63 Icegeranyo ca buri mwaka gitanga ibiharuro bijanye n'amagara y'abantu c'Uburundi c'umwaka w'2021, urupapuro rwa 25



Iryo hangiro risiguwe n'iy'imvo ikurikira : « ibice 90% vy'abanyagihugu batunzwe n'uburimi kandi isi ndimwa iguma yaga (ibice 40% vy'isi ndimwo bizogabanuka gushika mu mwaka wa 2025), ibibanza vy'uburagiro vyaragabanutse ku rugero rwa 29% mu myaka 13, igitigiri c'amahegitara atakigirako igiti cigwije n'incuro 125 mu myaka 10 amatati nayo y'amatongo angana n'ibice 80% vy'imanza zishingwa mu butungane.⁶⁴

Kubw'abarongozi b'Uburundi bajewe Igisata c'amaragara y'abantu, ni uguhangana mu maguru masha n' « ikibazo c'irondoka rijanye n'amagara meza kibuzwa urwaruka n'imiyabaga kugira ico bimariye n'ico bamariye igihugu. Abakobwa cane cane barakurwa

6. Inzitizi z'ugutandukanya imvyaro

Inda zitifuzwa nazo nyene ziragira uruhara mw'igwirirana ry'abantu kandi bigatuma gutandukanya imvyaro kiba ikibazo gikomeye. Igikorwa co gukinga inda zitifuzwa kiri ku murindi muremure n'ubwo ibiharuro bikiri hasi.

7. Nta nda izosubira gutwarirwa kw'ishule

Nk'uko ikibariko gikurikira kivyerekana naho igitigiri c'inda zitifuzwa mu mashure kigabanuka ku mwaka ku mwaka,

mw'ishule hakiri kare, barageramiwe n'ikubagurwa rifatiye ku gitsina n'imibonano mpuzabitsina bakwegewemwo kandi bakongera bagakoresha amarorerwa. Barageramiwe n'inda kandi umubiri wabo utarakura, ngo ugire ubukomezi buhagije no kuba bataragera kwemerwa mu kibano nk'abavyeyi »⁶⁵

Bahamagarira umuntu wese kugira ico akoze kugira « inda mu miyabaga ntizisubire kuvugwa. Ni nkenyerwa guhaguruka no gukingira irondoka rijanye n'amagara meza ku rwaruka ku neza ya kazozo kabo na kazozo keza k'ikibano. Dufise intumbero zo gutegura kazozo mu gukingira imiyabaga».

Inzitizi nyamukuru zibangamira uku gukinga imbanyi ni izi: i) gukurikirana abakoze ivyaha vyo gufata ku nguvu n'amabi afatiye ku gitsina. ii) Gusubiza agateka abakorewe ayo mabi.

ibiharuro biguma bitizewe.


Ikibariko ca 19: Igitigiri c'abanyeshule bamenyekanye ko batwaye inda ku ntara ku ntara hamwe no ku mwaka ku mwaka

Intara	2017-2018	2018-2019	2019-2020	2020-2021	2021-2022
BUBANZA	103	55	21	47	46
BUJUMBURA	87	72	55	75	82
BURURI	141	104	94	110	69
CANKUZO	26	17	35	13	22
CIBITOKI	107	36	48	61	64
GITEGA	142	107	115	86	59
KARUSI	93	35	50	55	35
KAYANZA	93	118	136	101	71
KIRUNDO	119	68	76	53	66
MAIRIE	50	61	92	53	47
MAKAMBA	75	65	56	84	59
MURAMVYA	76	64	52	41	35
MUYINGA	180	102	101	97	84
MWARO	69	74	49	55	34
NGOZI	107	97	55	89	63
RUMONGE	126	105	86	85	124
RUTANA	79	45	70	45	26
RUYIGI	59	43	42	45	33
BURUNDI	1732	1268	1233	1195	1019

Isoko : Annuaire statistique du Ministère de l'éducation nationale

64 Indinganizo yihutisha integuro y'itunganywa ry'imiryango 2015-2020 urupapuro rwa 5

65 Itanganzwa icese mu ruganda rwo ku wa 04 myandagaro 2021 muntumbero yo guhimiriza urwaruka n'imiyaba kw'irondoka rijanye n'amagara meza, incanco, amagara y'umuvyeyi n'ayumwana, itunganywa ry'ishirahamwe, umugera wa SIDA no kugwanya ihohotera rifatye kugitsina mu gihe ca COVID-19.



8. Ibijanye n'ugusaba ubufasha muvuyo gutandukanya imvyaro hamwe n'inyifato ibereye mu vyo gutandukanya imvyaro.

Abantu babajijwe ko batakirwa neza mu bitaro bimwe bimwe, ko bafise amakuru adahagije ku bijanye no kwirinda gusama inda utifuza, ukudakurikiranwa neza hamwe n'ukutavuzwa mu gihe ibijanye no kwirinda inda utifuza bigize ingaruka mbi. Ivyo bifise inkurikizi zikurikira:

- Abasaba uburyo bwo gukinga inda batifuza ni bake muri rusangi na cane cane ku bagore.
- Abagabo bitabira umugambi wo gutandukanya imvyaro bari ku rugero ruto.
- Urugero rw'urwaruka rurondera amakuru canke rusaba ubufasha ruracari ruto.
- Abaserukira abandi mu baremesha-kiyago ntibitayeho cane uguteza imbere ibijanye n'ugutandukanya imyaro.
- Ugushikira aho abantu baronkera ibijanye n'ugutandukanya imvyaro ntibiri ku rugero rumwe kuri bose.
- Ubufasha bahabwa si bwiza cane mu bijanye no gutandukanya imvyaro.
- Urwaruka runonka ubufasha bujanye n'ivyo rukeneye ruri ku rugero ruto.
- Ugutanga ubufasha budahagije bikorwa n'amavuriro y'abikorera utwabo n'ay'abegamiye amadini.
- Amafaranga adahagije mu mugambi wo gutandukanya imvyaro.
- Amafaranga atangwa na Leta budahagije bwo kugura imiti yo gukinga inda itifujwe.
- Ugukoresha, ku rugero rudashemeye, ibiharuro bivuye mw'isuzumwa hamwe no mu cigwa mu gihe co gufata ingingo ku ntambwe zitandukanye mu ntumbero yo gutegura no gutumbereza neza imigambi.

- Kutitaho ibiharuro bitangwa biraba urwaruka mu kwegeranya amakuru ajanye n'umugambi wo gutandukanya imvyaro.
- Uburyo bwo buhuza ibikorwa buri ku rugero rwo hasi mu ngero zitandukanye no hagati y'abajejwe uwo mugambi.

Uvuye umurindi ikibazo co gutwara inda zitifujwe ku bigeme b'imiyabaga muri rusangi na cane cane abari mu mashure, uburenganzira kuri icyo miyabaga bwo gukingirwa gufatwa ku nguvu hamwe n'ayandi mabi atuma abo bigeme batwara inda batifuje ntibukingirwe. Uburyo bwo kwikingira bwemewe mu Burundi ni ubukoresha ku mubiri w'abakenyezi uretse agakingirizo. Mu gihe umwizero wose uhagaze ku muabagore, ni ngombwa ko aba ariwe, buno nyene, afatirwako muri vyose.


Ivyo vyoca mu gukarihiriza ubwenge umukenyezi, ukwinjizwa vuba mu baremesha-kiyago no mu yindi migwi twokwita muco twokwita GASC, iterambere ry'abakenyezi nko kurongora amavuriro mato mato n'ingingo nko kumenya inkurikizi ziterwa no gukoresha uburyo bwo kwirinda gutwara inda udashaka zitavurwa hamwe n'insiguro zitagira ishingiro bashira kuri ubwo buryo. Hari ibindi bitumvikana ko uburyo bwo kwirinda gusama inda bwakorewe abakenyezi. Ikindi cyumviro ku ntambanyi ni uko hoshirwaho uburyo bwo guhangana n'ingene umubiri w'umuntu wubatse. Kugira ngo gutandukanya imvyaro bikunde, kumbure inyishu yoba iri mu rwaruka.

Muri make, nk'uko ibanki y'Isi Yose ivyerekana, ibice 41,5% vy'abanyagihugu b'Uburundi ni ukuvuga imiryoni 12,5 igizwe n'urwaruka ruri muni y'imyaka 15. Ubwo boba bafise amakuru ahagije ku bijanye n'irondoka rijanye n'amagara meza ngo bashobore guterera mu ntumbero ya Leta? Birakenewe cane ko abakenyezi n'abakobwa bashirwa imbere mu bijanye n'umugambi wo gutandukanya imvyaro.

Umugera wa SIDA hamwe n'igitsina-gore

Ibiharuro vyatorokanjwe vyerekana ko umugera wa SIDA VIH wiganza mu gitsina-abagore nk'uko ibiharuro bikurikira biverekana mu gitabu ciswe « Intumbero z'igihugu mu gukinga no kuvura umugera wa SIDA mu Burundi mu mwaka wa 2020. ». Turabona ko ukwandura umugera wa SIDA mu Burundi vyabaye nk'ikiza kidasanzwe turavye abanduye bagera ku bice 0,9% vy'abanyagihugu bose bari hagati y'imyaka 15 na 49 hamwe n'ibice 1,2% vy'abakenyezi n'ibice 0,6% vy'abagabo bari mu rugero rw'iyi myaka twavuze bakeneye urucanco. Ico gitabu

nyene cerekana ko ukwandura umugera wa SIDA gutangana bivanye n'aho umuntu aba. Ubudasa budasanzwe buraboneka. Twotanga nk'akarorero, mu Gisagara ca Bujumbura ukwandura bigera ku bice 2,6%, i Gitega ni ibice 2%, i Mwaro ni igice 1,9%, mu Rumonge ni igice 1,2% hamwe no mu Kirundo biri ku gice 1,1%. Muri rusangi, urugero rwo kwandura ruri ku bice 2,5% mu bisagara, no ku bice 0,7% mu gihugu hagati.



☉ Umurindi wo kwipimisaha no kuvurwa umugera wa SIDA.

Ibijanye n'ukurwanya umugera wa SIDA, intumbero ya Leta y'Uburundi nk'ayandi ma Leta yose ni uko : ibice 95% vy'abantu banduye umugera wa SIDA bomenya uko amagara yabo yifashe, abo nyene bagaca bavurwa bagahabwa imiti ipfupfahaza kandi ko abahawe iyo miti bogera mu mwaka wa 2030 ata mugera bagifise mu maraso. Mu Burundi mu mwaka wa 2019, ugushikira ivyo biharura vyahuye n'inzitizi zikomeye : i) Ugupimisha imbanyi bacerewe canke ntiyipimisha, ii) Urugero ruto rw'abapimisha umugera wa SIDA bibungenze, iii) Uguteba gupimisha inzoya imigera mu maraso ari navyo bituma urugero rw'abavyeyi banduza abana ruri hejuru.

Ubu mu mwaka wa 2023, intambwe iraboneka muri ico gisata. Muri make, Uburundi bwararonse imfashanyo y'Ikigega c'Isi Yose yo kurwanya umugera wa SIDA, igituntu na Malariya, ni kimwe muvy'ibonekeza vyerekana inguvu zashizwemwo

☉ Ikumirwa rirabandanya ryibonekeza

Ivyo vyerekana n'ubufasha bwihuse bukorwa mu bibazo 2 bikozwe n'ishirahamwe mpuzamakungu ONUSIDA mu mwaka wa 2019. Ibiharuro vy'icirwa vyerekana ukunabagura canke ugukumira abagendana umugera wa SIDA (PVVIH) cakozwe kuva muri Nyakakanga 2020 gushika muri Nzero 2021 vyerekana ko ikumira ribandanya naho hari intambwe yatewe. Birazwi ko aribo bandura cane ico kiza, ninabo bakumirwa cane. NK'uko vyagaragaye mu biharuro vyerekanywe aho hejuru, ibimenyetso mu vy'amagara y'abantu bishobora gushikira

n'intwano. Ibiharuro bitangazwa vyashitsweko kubera imvo 4 zuzuzanya : Ukwitanga kw'abarongoye igihugu kubonekera mu bikorwa vy'Umutambukanyi w'Umukuru w'Igihugu (biciye mu mugambi w'Umutambukanyi w'Umukuru w'Igihugu ujejwe iterambere - OPDD), Umugambi ufashwe mu mugongo n'abo dusanzwe dufashanya muvy'iterambere, Gutandukanya ingero ibikorwa bikorerwako hamwe n'uburyo bukoreshwa mu gutandukanya izo ngero. Mwomenya ko igitigiri c'ibibanza bakiriramwo abarwayi caduze kugera kuri 373 mu myaka 4, ni ukuvuga ko ibibanza bishasha ari 93 vyo kuvura ku mwaka, Ukwitanga kw'amashirahamwe biciye mu gushinga urwego rw'abagendana umugera wa SIDA bavuganiramwo kandi rugafatirwamwo ingingo (CCDP+) mu guhimiriza, ukurwanya inebagurwa, ugutegekanya imiti yo gukinga n'ugukumirwa kubandanya kwibonekeza.


ivyo kurwanya ikiza SIDA, VIH. Ivyofatirwako vyaregeranjwe. Bisubiye, igisata co kurwanya umugera wa SIDA ni urufatiro ku mpinduka mu nyifato mu gihe abafatanyabikorwa bo ku rwego rwa mbere na cane cane ab'aho hantu baronse inyigisho n'uburyo bukenewe kugira bategure neza impinduka ku neza yabo canke ku neza yabo babana.

Iyo ntumbero yubahiriza umuntu muvyo agenewe hamwe n'ukugabanya ubusumbasumbane

II.13. Indero n'ukwigisha gusoma n'ukwandika.

Ico kumenya ca 16

Inyigisho kugira harwanywe ubukene: Ukwitabira ishule kuri twese dukurikije ikoraniro ryiswe JOMTIEN 1990 ni kimwe mu buryo bwizewe kugira turwanye ubukene, kugira amagara meza na cane cane dufatiye ku bagore n'abagabo biteguye kugira dushikire iterambere rirama. Ku bagore n'abakobwa, ni ubundi buryo bwo kuronswa ikibanza ciza mu kibano. Imyaka icumi irahaze, Uburundi bwaritaye ku rutare kugira bushire mu ngiro intumbero yiswe JOMTIEN. Uyu muni, nk'uko vyibonekeza mu kibariko cerekana ibiharuro vyegeranjwe guhera mu mashure yo kwimenyereza gushika mu gice c'ishule shingiro, amashure y'imyuga n'ay'inyigisho zigana akazi, Leta y'Uburundi ishobora gukezwako yashitse ku ntumbero yo gukosore ubusumbasumbane buri hagati y'abakobwa n'abahungu bwari bumaze igice c'ikinjana kirenga mu ngero zimwe zimwe z'igisata c'inyigisho mu gihugu.




Direction du développement
et de la coopération DDC



Ikibariko ca 20: Ibiharuro vyegeranijwe kw'igenekerezo rya 15 munyonyo 2021

Umwaka	Igitigiri c'amashule	Amaso-mero	Abanyeshule			Abigisha		
			Abagore	Abagabo	Abagore+ Abagabo	Abagore	Abagabo	Abagore+ Abagabo
Yo kwimenyereza								
2012	357	480	10405	9974	20 379	537	49	586
2013	467	656	13952	13940	27 892	702	73	775
2014	615	802	18730	18467	37 197	878	143	1021
2015	713	850	21879	21107	42986	137	905	1042
2016	860	1038	24691	24135	48826	1034	202	1236
2017	973	1163	29332	28279	57611	1072	156	1228
2018	1091	1377	34743	33048	67795	1071	115	1180
2019	1142	1457	36217	35606	71823	885	82	967
2020	1261	1581	42258	40803	83061	949	100	1049
2021	1350	1743	45637	45078	90715	892	74	966
Shingiro								
2012	3665	27219	1000586	976800	1977386	23153	20591	43744
2013	3795	30337	1051732	1024573	2076355	24091	21735	45826
2014	3889	33002	1095904	1068538	2164442	24121	22436	46557
2015	3952	31852	1149556	1111181	2271837	24373	23106	47479
2016	3991	32969	1172063	1141755	2313818	24619	23398	48017
2017	4021	34044	1204748	1171288	2376036	24894	23762	48656
2018	4069	34212	1230282	1192984	2423692	24977	23915	48939
2019	4091	35214	1280400	1244723	2525123	25298	23927	49225
2020	4093	35745	1319003	1279771	2598774	2624925	25194	51443
2021	4168	36892	1358884	1319036	2677920	26384	25331	51715
Inyuma y'ishule shingiro rusangi n'ibisata nderabigisha								
2012	1077	7524	192504	226442	418946	2591	8974	11565
2013	1087	6092	153092	189786	342878	2794	9204	11998
2014	1106	5815	126968	156062	283030	3178	10788	13966
2015	1095	8243	216013	222041	438054	3880	12851	16731
2016	1033	7372	177224	180039	357263	2962	10007	12969
2017	1000	7661	175847	165246	341093	2471	8800	11271
2018	995	7855	165301	148409	313982	2388	8828	11268
2019	989	7696	155458	128793	284251	2307	8575	10882
2020	959	7388	139959	112559	252518	2341	9196	11537
2021	974	9053	144797	108845	253910	2313	9076	11389
Inyuma y'ishule shingiro y'ubuhinga A2								
2012	48	229	4150	9055	13205	161	667	828
2013	50	286	5605	11158	16763	171	680	851
2014	65	342	7060	13261	20321	182	693	875
2015	70	438	8777	16068	24629	283	964	1247



2016	103	595	12341	20574	32915	222	893	1115
2017	105	695	13688	20939	34627	223	819	1042
2018	108	742	13740	19776	33581	294	964	1259
2019	103	735	14019	18180	32199	283	922	1205
2020	114	805	14299	18843	33142	299	1053	1352
2021	115	799	15416	19079	34495	287	1031	1318
Inyigisho y'imyuga								
2019	211	614	2954	2899	5853	322	540	862
2020	209	565	3213	2768	5981	311	524	835
2021	207	478	3285	3696	6981	383	672	1055

Isoko: Igatabu gitegurwa buri mwaka c'ibiharuro-fatiro co mu biro vyo gutegura imigambi n'ibiharuro-fatiro mu gisata c'indero, Igice caco ca

Ubudasa buri hagati y'abakobwa n'abahungu bubangamira abakobwa buratorerwa inyishu.

Guhera mu mashure yo kwimenyereza, abakobwa bangana n'ibice 50,2%, abahungu nabo bangana n'ibice 49,8%. Mu mashure shingiro ya Leta, abakobwa bangana n'ibice 50,8%, abahungu nabo bangana n'ibice 49,2%. Mu mashure shingiro y'abikorera utwabo naho, abakobwa bangana n'ibice 50,1%, abahungu nabo bangana n'ibice 49,9%. Mw'ishure shingiro, ibiharuro vyose hamwe vyerekana ko hari abakobwa bangana n'ibice 50,8%, abahungu nabo bangana n'ibice 49,2%.

Mu gice c'inyuma y'ishure shingiro itanga inyigisho rusangi hamwe n'inyigisho nderabigisha, ibitigiri vy'abakobwa bangana n'ibice 57,6%, abahungu nabo bangana n'ibice 42,4%. Mu gice c'inyuma y'ishure shingiro muvubuhinga, abakobwa bangana n'ibice 49,4%, abahungu nabo bangana n'ibice 50,6%. Mu mashure y'imyuga n'inyigisho zitegurira umuntu kwiteza imbere, abakobwa bangana n'ibice 48,9%, abahungu nabo bangana n'ibice 51,1%.

Mu gice c'inyuma y'ishure shingiro itanga inyigisho rusangi hamwe n'inyigisho nderabigisha, harakwiye gufatwa ingingo zikinga zituma hama hariho uburinganire bw'ibitigiri vy'abakobwa n'ubw'abahungu kugira ntibigume biduga gusa ku ruhande rw'abahungu. Turetse ivyo, mu gice c'ishure shingiro, ibitigiri bisa n'ibingana hagati y'abakobwa n'abahungu. Igifatirwako cerekana ubwo buranganire kirenga gato 1 ku ruhande rw'abakobwa.

Intambwe yatewe mu mice y'inyigisho yavuye ku ngingo zitandukanye zafashwe na Leta: -Ugushyamba mu mashure abakobwa bavyaye (Itegeko nshikiranganji numero 610/654 ryo ku wa 7 Mukakaro 2021, agace ka 2, akarongo ka 1); ugushyamba abakenyazi/abakobwa n'abagabo bavyeyi ku mashure bafasha mu ndero y'abana vyaragabanije igitigiri c'abakobwa batwara inda zitipfujwe hamwe no guheba amashure. Izo ngingo nyene zizofatwa kandi zungarirwe n'ukwitanga kwa Leta mu guteza imbere inyigisho zijanye n'amagara meza n'ukubaho neza kw'imiyabaga mu gihe bari hagati yo gutwarwa n'amajambere y'ubu, ku ruhande rumwe, no kuzigama akaranga k'igihugu, mu


rundi, biciye mu nama rukokoma yatunganijwe n'ubushikiranganji bw'indero yugururwa n'umutambukanyi w'umukuru w'igihugu kuwa 21 na 22 mukakaro 2023.

Muri urwo ruganda, harashikirijwe ibisabwa bikurikira:

- Guhimiriza imiyabaga n'abakiri bato ku bijanye n'imico n'imigenzo iranga abarundi
- Guteza imbere ikiyago hagati y'abavyeyi n'urwaruka;
- Guranisha iterambere n'imico n'imigenzo yacu mu gusigura ibijanye n'amagara meza n'ukuzigama akaranga mu bijanye n'igitsina.
- Kwigisha abigisha bazofasha gukurikirana urwo rwaruka n'imiyabaga muri ivyo vy'imico n'imigenzo y'abarundi n'ibindi.
- Gushira mu ngiro ibisabwa kandi urwo rwaruka n'imiyabaga bakavyungukiramwo.

Mu nyigisho z'ubuhinga ku rugero rwa A2 hamwe n'inyigisho z'imyuga, abakobwa ni bake ugereranije n'abahungu. Abakobwa bangana n'ibice 44,6%, abahungu nabo bangana n'ibice 55,3% mu z'ubuhinga A2, abakobwa bangana n'ibice 36,5%, abahungu bangana n'ibice 41,1% mu myuga. Nico kimwe n'igisata kirimwo ibiharuro (Scientifique) zerekana urugero ruto rw'abakobwa ugereranije n'urw'abahungu. Mu guhimiriza abakobwa guhurumbira ibisata vy'ubushakashatsi, Ubushikiranganji bujewe indero bufatanije n'ubushikiranganji buraba ibijanye n'igitsina bwaratanguye gutegura amanama yo guhimiriza abakobwa baheza amashure kugira bijukire ivyo bisata. Ico gikorwa kizobandanya no kubaheza umwaka wa nyuma w'igice cambere c'ishure shingiro (uwa 4 shingiro).

Birakenewe cane gutegura inyishu ku ntambanyi zisubiriza mu bijanye n'indero vyamenyekanye mu mwaka wa 2019 mu cegeranyo Burundi Beijing +25 ibivurwamwo ni ibi bikurikira : <(i) igwirirana ry'abana bageze kwiga ryahuriranye n'ubukene bw'abigisha hamwe n'inyubakwa bigiramwo ; (ii) umurindi wo kuja kwubaka hataragera hamwe n'ugutwara inda zitipfujwe



mu mashule vyatumye bamwe bahagarika abandi bagaheba amashule ; (iii) ubukene mu miryango butuma iyo miryango irungika abana na cane cane b'abakobwa gukora ubuzi bwo nzu canke ubuzi butoto gurtyo bagahagarika amashule. Iyi ntambamyi ikomeye n'ahantu hubatswe ubuzi bwa surwumwe ku bantu bagendana ubumuga cane ibindi bibanza bisabwa ko abana b'abakobwa bahakorera isuku ryabo ryihariye. Icegeranyo ca Beijing +25 cerekana ko guhera mu mwaka wa 2018 « igitabu kirimwo amategeko agezweho ajanye n'ukwubaka hamwe n'ibikoresho vy'ishule, ukwitaho utuzu twa surwumwe dutandukanya abahungu n'abakobwa, ugutegura

neza ibijanye n'isuku ry'ibakobwa na cane cane mugihe bari mu butinyanka, kandi vyubahiriza abagendana ubumuga; ii) Ugutanga ibikoresho abakobwa bifashisha bibaye ngombwa».

Ibiharuro bihari ntivyerekana neza igitigiri c'ibikoresho bifashisha mu butinyanka vyahawe abakobwa n'igitigiri c'ababihawe ndetse n'ingene vyatanzwe. Gusa, biraboneka ko hari intumbero yatanze kuri ico gitabu kivuga ivy'utuzu twa surwumwe vyubahiriza abakobwa yagize akamaro kandi irabandanya ndetse ku murindi udasanze nk'uko ikibariko gikurikira kivyerekana:

Ikibariko ca 21: Incamake y'uko isuku ryifashe bivanye n'ubwoko bw'ishule

Ubwoko bw'ishule	IGITIGIRI C'AMASHULE	IGITIGIRI C'UTUZU TWA SURWUMWE		IGITIGIRI C'UTUZU TWA SURWUMWE TUMEZE NEZA	
		Abagore	Abagore+Abagabo	Abagore	Abagore+Abagabo
AMASHULE YA LETA	102	1209	2858	1028	2300
AMASHULE YA LETA YO MU KIBANO	872	3500	7565	2721	5462
ISHULE RY'ABIKORERA UTWABO	48	277	585	260	561
AMASHULE Y'UBUSERUKIZI B'IBIHUGU	1	4	9	4	9
YOSE HAMWE	1023	4990	11017	4013	8332


Isoko: Igitabu gitegurwa buri mwaka, Igice caco ca II

Mu mashule ya kaminuza ya Leta

Mu ntango tubacira ku mayange, igitabu c'ibiharuro-fatiro ca vuba casohotse mu kwezi kwa Munyonyo umwaka wa 2022, ubushikiranganji bujewe indero n'ubushakashatsi buremera ko Igisata cabwo gitegerezwa gutorera umuti iki kibazo: Ukubura ubuhinga butanga ibiharuro-fatiro ku gihe. Buremeza neza ko hariho igihengeri mu bijanye n'ugutanga ibiharuro-fatiro navyo bikaba ari intambamyi ikomeye mu gikorwa co gutahura neza iki gisata gisanze kirahindura isura n'uko ibikorwa bikorwa. Aramenyesha ko ibiharuro vyatanzwe muri ico gitabu ari ivyemejwe kw'igenekerezo rya 1 rusama umwaka wa 2021.

Ugusuzuma ivyo biharuro vyatanzwe muri ico gitabu kwadutumye dushika kuri ibi bikurikira:

- Umugenzo w'ukugabanganya ibiharuro werekana ido n'ido nturashikwako ngo ushingira imizi, uracakeneye gutsimbatazwa no kuzigamwa. Ibiharuro bimwe bimwebitanga incamake gusa ntivyerekana ido n'ido bifatiye ku gitsina nk'uko tubibona mu turorero dukurikira.
- Ku rupapuro rwa 10, igitabu gitegurwa buri mwaka cerekana ibiharuro-fatiro gitanga ibiharuro uku gukurikira: « kw'igekerezo rya 1 rusama umwaka wa 2022 haharuwe mu Burundi bwose abanyeshule bangana na 19.074 biga mu mashule ya kaminuza yegamiye Leta n'abangana na 46.252 biga mu makaminuza y'abikorera utwabo, bose hamwe ni abanyeshule 65326 »



Ikibariko ca 22: Ihindaguritse ry'ibiharuro mu mashure ya kaminuza (2011-2021)


Umwaka	Igitsina	Abanye-shule ba kaminuza	Abahe-vye	Abasubiyemwo umwaka	Abaronka ingurane	Abanya-ma-hanga	Abigisha	Abaronse urupapuro rw'umutsi-ndo
2011/2012	Abagore	12100	Nd	Nd	Nd	Nd	113	657
	Abagore+ Abagabo	36766	Nd	Nd	Nd	Nd	864	1844
2012/2013	Abagore	13938	440	481	1523	640	219	1139
	Abagore+ Abagabo	44887	1516	1113	4877	2158	1583	3159
2013/2014	Abagore	9298	276	202	533	245	167	992
	Abagore+ Abagabo	37872	1103	663	2911	868	1625	3726
2014/2015	Abagore	12786	202	179	1563	181	221	928
	Abagore+ Abagabo	51225	974	833	7655	2864	1975	3333
2015/2016	Abagore	12348	594	420	4117	691	547	3840
	Abagore+ Abagabo	37266	1891	1588	16462	2084	2646	10462
2016/2017	Abagore	13926	655	363	4026	593	391	4764
	Abagore+ Abagabo	40120	2152	1501	16464	1857	3118	12321
2017/2018	Abagore	15917	403	546	2887	280	498	4316
	Abagore+ Abagabo	41869	1237	1912	11929	1996	3456	11522
2018/2019	Abagore	15626	424	604	0	796	422	4888
	Abagore+ Abagabo	40056	1333	2133	0	1663	3759	13209
2019/2020	Abagore	21241	651	378	0	547	530	7739
	Abagore+ Abagabo	51136	1541	1853	0	1971	4303	17843
2020/2021	Abagore	27732	768	826	3342	1269	nd	Nd
	Abagore+ Abagabo	63428	1919	2651	13045	4677	nd	Nd
2021/2022	Abagore	28817	517	397	10414	1784	502	9571
	Abagore+ Abagabo	65326	1081	879	16005	5985	4122	21768

Isoko: ubushikiranangji bw'indero

Ibiharuro bifatiye ku gitsina bifasha ubushikiranangji kumenya ubutandukane bw'abanyeshule b'ayo makaminuza abukukira, hamwe n'amakaminuza basanzwe bafitaniye ubucuti bikorera utwabo, kubona hakiri kare ubudasa n'ibibazo vyihariye vy'abanyeshule canke imigwi y'abanyeshule iyi canke iriya ku bijanye no gukumirwa baba abakenyezi canke Abagabo bityo bagatora umuti hakiri kare. Ivyo biharuro bituma kandi abafasha bashira mu ntabo y'ibikorwa kugira bakosore ubusumbasumbane

bwibonekeje ku neza y'ayo makaminuza, y'ubushikiranangji bw'indero, ya Leta, mbere n'iy'ikibano c'abanyeshule.

Isomeka ry'igitabu c'ibiharuro-fatiro rifise intambanyi z'ukudashikiriza ibiharuro muvuyijana ari navyo vyari vyoroshe gukoresha no gutahura. Mu mashure ya kaminuza, ibitigiri vy'abanyeshule vyifashe uku gukurikira:



Ikibariko ca 23 : Ivy'ijana vy'abanyeshule bo muri kaminuza kuva mu mwaka wa 2011-2022

Umwaka w'ishule	Ibitigiri vy'igitsina-gore	Ibitigiri vy'igitsina-gabo	Bose hamwe	Igitsina-gore%	Igitsina-gabo%
2011/2012	12100	24666	36766	32.9%	67.1%
2012/2013	13938	30949	44887	31%	69%
2013/2014	9298	28574	37872	24.5%	75.5%
2014/2015	12786	38439	51225	24.9%	75.1%
2015/2016	12348	25918	37266	33.1%	66.9%
2016/2017	13926	24918	40120	34.7%	65.3%
2017/2018	15917	26194	41869	38%	62%
2018/2019	15626	24430	40056	39%	61%
2019/2020	21241	29895	51136	41.5%	58.5%
2020/2021	27732	35696	63428	43.7%	56.3%
2021/2022	28817	36509	65326	41.1%	59%

Isoko: Ikibariko cakozwe n'umugwi wagishijwe inama hishimikijwe amakuru ari mu kibariko giheruka co mu bushikiranganji bw'indero

Umwihwezo w'iki kibariko urerekana ko umwanya umwe iyandikwa ry'abanyeshule bo muri kaminuza rishimishije kuko riranga ibice 50% kandi ko igitigiri c'abanyeshule b'igitsina-gore bo muri kaminuza kiri musu y'ibice 50%. Naho ibitigiri vyagiye biramanuka hagati y'umwaka wa 2013 n'uwa 2015, vyarongeye biraduga mu mwaka wa 2016 birabandanya gushika mu mwaka wa 2021. Iterambere ryavuye ryateye ariko rirama ryibonekeje kuva ku mwaka wa 2016 ritangura kugabanuka cane mu mwaka wa 2022. Impavu zisigura ubwo budasa ntabwo zibonekeza muri icyo cegeranyo kandi vyoba ivyokorwako icigwa mu ntaho ikurikira.


Umwihwezo w'ibindi biharuro-fatiro udufasha kwerekana neza ubu budasa:

- Mu gice ca mbere c'amashure ya kaminuza y'Uburundi (Baccalaureat), abanyeshule b'igitsina-gore bangana n'ibice 28%, ab'igitsina-gabo nabo bangana n'ibice 72%
- Nta gisata na kimwe c'amashure canke c'imyuga muri kaminuza y'Uburundi gifise igitigiri c'abanyeshule b'igitsina-gore kiruta abanyeshule b'igitsina-gabo
- Mu rwego gw'igice ca kabiri c'amashure ya kaminuza (Master) muri kaminuza y'Uburundi, abanyeshule b'igitsina-gore bangana n'ibice 16,4% ab'igitsina-gabo ni 83,6%
- Muri kaminuza nderabigisha (ENS), abanyeshule b'igitsina-

gore banagana n'ibice 23,1%, ab'igitsina-gabo nabo bangana n'ibice 76,9%

- Mw'ishule kaminuza ry'igihugu ry'ubuvuzi (INSP), abanyeshule b'igitsina-gore bangana n'ibice 43,7%, ab'igitsina-gabo nabo bangana n'ibice 56,3%
- Mw'ishule kaminuza ry'igisirikare (ISCAM), abanyeshule b'igitsina-gore bangana n'ibice 7,9% ab'igitsina-gabo nabo bangana n'ibice 92,1%
- Mw'ishule ry'igihugu ryigisha ivy'uburungozi (ENA), abanyeshule b'igitsina-gore bangana n'ibice 37,4%, ab'igitsina-gabo bangana n'ibice 62,6%
- Mw'ishule kaminuza ryigisha ivy'ubudandaji (ISGE), abanyeshule b'igitsina-gore bangana n'ibice 33,9%, ab'igitsina-gabo ni 66,1%
- Mw'ishuke kaminuza y'igipolisi (ISP), abanyeshule b'igitsina-gore bangana n'ibice 8,2%, ab'igitsina-gabo bangana n'ibice 91,8%

Turi n'umunezero wo kumenyesha ko guhera ubu, mu ntumbero yo gutekura no gutegekanya ku gihe ibiharuro vyo mu makaminuza, harashinzwe ababijejwe bazohora bakorana n'ibiro vyo gutekura imigambi n'ibiharuro-fatiro mu gisata c'indero mu ntumbero y'ico gikorwa.



Kwigisha gusoma no kwandika

« Ibice vyerekana urugero rw'abazi gusoma no kwandika mu rurimi kanaka (ikirundi, igifaransa, icongereza, igiswahili canke izindi ndimi) biharugwa mu 69,4% ku bantu bafise imyaka 15 n'iyirenga. Ubudasa buri hagati y'aho basanzwe baba, 86,7% ku baba mu gisagara na 66,9% ku baba mu gihugu hagati. Ivyo biharuro biratandukanye kandi ufatiye ku gitsina, ni ibice 76,4% ku bagabo na 63,9% ku bagore. Biratandukanye kandi ufatiye ku ntara, i mu gisagara ca Bujumbura haratandukanye n'ahandi hose mu kugira igiharuro kiri hejuru kinga na 91,0%, mu gihe mu ntara ya Karuzi dufise igiharuro kiri hasi kingana n'ibice 58,9%. Urugero rw'inyigisho yo gusoma no kwandika ni runini mu rwaruka gusumba mu bakuze n'abageze muza bukuru : hagati y'imyaka 15 na 24 (87,5%), hagati y'imyaka 25 na 34 (71,0%), hagati y'imyaka 35 na 59 (60,7%), kuva ku 60 n'iyirenga ni (33,5%) »¹

Kwigisha gusoma no kwandika abakuzwe wamye ari umwitwarariko wa Leta y'Uburundi. Leta yaratahuye ko kwiga gusoma no kwandika ari ubumenyi ntasubirizwa mu buzima ica ishingira urwego rujejwe ico gikorwa. Uyu musu igikorwa co kwigisha gusoma no kwandika ntibikiri muvuyo ubushikiranganji bw'indero bujejwe. Nk'uko tubibona, abakenyezi baracakumiriwe kandi bahakwa gusigara inyuma. Ariko inyigisho z'abakenyezi zifise uruhara runini ku bisata vyinshi vy'igihugu:

- Mu bijanye n'ubumenyi, umukenyezi yize gusoma no kwandika azorushirizaho kurondera ubumenyi; kurondera ibitabu bivuga ku bintu bitandukanye, kurondera ubumenyi no

mu kwongereza ubumenyi umunyagihugu yabwirizwa kuba afise;

- Umuryango uraheza ukagira amagara meza kubera ko umukenyezi yize gusoma no kwandika azosoma ibijanye n'amagara meza, bikamutuma akingira umuryango wiwe ntiwandure indwara;
- Mu bijanye no gutunganya ubuzima bwo mu kibano, umukenyezi yize kwandika no gusoma bizomworohera kwitabira ibijanye n'amatora kubera ko afise ubumenyi bukiye;
- Mu bijanye n'ubutunzi, umukenyezi azi gusoma no kwandika bizomworohera kwinjira mu mugwi w'abagwizatunga kugira aronke ubwigenge mu vya politike

Ubu iki gisata gifatwa nk'igishobora gusubira inyuma kubera ko kititaweho. Mu gihe ibindi bihugu vyijukiye gukoresha ubuhinga bwa none (gukoresha inyabwonko), bisa n'ibidahuye neza na neza n'intumbero yo kwongereza ubumenyi n'ubushobozi abanyagihugu bafatwa nk'uko aribo bene igihugu n'ishimikiro vy'ibikorwa vyose vya Leta. Hari hakwiye umugambi ngenderwako udasanzwe uhimiriza bose kwiga gusoma no kwandika.

Biribonekeza ko hamwe integuro zategekanyijwe mw'ishirwa mu ngiro ryumugambi ngenderwako w'iterambere ridakumira, vyofasha Leta mu bijanye no kwigisha gusoma no kwandika.

II.14. Ukuja hamwe n'ibindi bihugu n'ubutunzi njabukambibe

Ico kumenya ca 17

Iyinjira ry'igihugu mw'ishirahamwe ry'ibihugu vyo mu karere vyama bishikana ku migenderanire.

Iyo nayo ifise inkurikizi ku gihugu mu mice yose. Nk'uko tubisanga mu mugambi w'igihugu ujejwe iterambere (PND) 2018 - 2027, Uburundi bwiteze mw'inyinjira ryabwo mw'ishirahamwe ry'ibihugu vyo mu karere n'igenderanire n'amakungu, « iyagurwa ry'akarere kabwo muv'ubutunzi na politike, iterambere ry'ubutunzi bivanye n'iyongerekana ry'abasuma, iterambere ry'ihanahanwa ry'ibidandazwa hamwe no gutsimbataza amahoro n'umutekano rusangi »⁸¹.


Muri iyi ntabo y'iterambere ridakumira twashimye gushiramwo ibijanye n'inyinjira ry'Uburundi mw'ishirahamwe ry'ibihugu vyo mu karere na cane cane dushimikira ku rudandaza njabukambibe. Birashimishije cane gukurikira igikorwa INSBU yatanyuye mu mwaka wa 2018 co gukora icigwa mu gihugu cose muv'urudandaza rutagira imbibe ku mwaka ku mwaka ufatiye ku rudandaza

1. Kwinjiza ibidandazwa biva hanze

« Inka ni co kidandazwa ahanini cinjijwe mu gihugu mu mezi indwi aheze y'umwaka wa 2020, ku mahera angana na 14.624,6 MBIF. Ni ukuvuga ibice 35,0% vy'ibidandazwa vyose vyinjijwe

rudakurikije amategeko. Ico cigwa gituma dushobora gusuzuma urugero rw'ihanahana ry'ibidandazwa bidaciye mu mategeko vyitabirwa n'abakenyezi ku rugero rushimishije. Birakwiye rero gusuzuma ikibazo c'iterambere ridakumira muri ico cigwa kugira ngo bigire ikimazi bidateyeve.

bidaciye mu mategeko. Ibiyoba, ibigori, n'ivyamira mu kuzimu biza ubwa kabiri, ubwa gatatu n'ubwa kane ku biciro bikurikira 5.164,8 MBIF, 4.022,8 MBIF na 3.832 MBIF, ni ukuvuga ibice 12,3%,



9,6% na 9,2% vy'ivyinjira bidaciye mu mategeko. Ivyinjiye bidaciye mu mategeko mu mwaka wa 2020 bingana n'ibice 95,7% vy'igicro cose hamwe c'ivyinjiye ku mwaka ugereranije n'ibice 4,3% vyakozwe n'umukenyenzi»⁸². Ibi birerekana ko umukenyenzi afise ikibanza kiri inyuma mw'iyinjizwa ry'ibidandazwa bidaciye mu mategeko kandi aribwo bwoko bw'urudandaza abonekamwo cane.

«Umwihwezo w'ibidandazwa vyinjira bidaciye mu mategeko ufatiye ku gihugu bikomokamwo werekana ko Tanzaniya iza imbere ku bice 96,6% vy'ivyinjira vyose. Ibisigaye ahanini biva muri Repubulika iharanira intwano rusangi y'i Kongo (2,3%) hamwe n'Ubuganda (0,6%) ».

Ikibariko ca 24 : Ivyinjira ufatiye ku gihugu bije bivamwo (mu ma miliyoni y'amafaranga y'amarundi n'ivyijana)⁶⁶

Igihugu	Igicro	Umugabane (%%)	Igicro	Umugabane (%%)
Ubuganda	236,6	0,6%	0,5	0,0%
Repubulika iharanira Intwano Rusangi y'i Kongo	971,6	2,3%	13 065,5	56,2%
Urwanda	149,4	0,4%	20,5	0,1%
Tanzaniya	40 393,8	96,6%	10 163,5	43,7%
Ibindi bihugu	74,7	0,2%	9,2	0,0%
Total	41 826,2	100,0%	23 259,2	100,0%

Isoko: Icegeranyo c'ikigo gitororokanya ibiharuro-fatiro mu Burundi (INSBU)

2. Ibishorwa hanze

Mu mwaka wa 2020, "ibice 37,7% vy'ibinyobwa vyambiye bihinguwe n'uruganda BRARUDI vyashowe mu gihugu ca Repubulika iharanira intwano rusangi y'i Kongo, ibice 62,2% navyo bishorwa mu gihugu ca Tanzaniya. Ibinyobwa bitambiye, amazi meza, utwo kununura bita tuzwi ku mazina ya "bombo" na "jojo", ivyo bisiga ngo bazigame ubwiza bwabo, ifu ikomoka mu ntete canke imyumbati vyashowe ahanini muri Repubulika iharanira intwano rusangi y'i Kongo biciye mu nzira zitazwi n'amategeko. Ibitungwa bibona vyashowe mu gihugu ca Tanzaniya.

Uburyo bukunda gukoreshwa mu kwunguruza ivyo bishorwa hanze ni ubu bukurikira: i) imiduga (49,3%); ii) ipikipiki / ikinga (35,8%); iii) ubwato (10,6%); ku mutwe / mu maboko (4,4%).

Ugushora ibintu hanze biciye mu nzira zitemewe n'amategeko vyerekana ko mu mwaka wa 2020, Abagabo bashoye hanze

ibidandazwa bigera ku bice 54,1% vy'agaciro k'ivyashowe, abakenyezi babishoye kugera ku bice 45,9%. Ibi birerekana neza intambwe umukenyenzi amaze gushikako mu ntumbero yo kwisununura muv'ubutunzi. Bino bituma hagira ibisabwa mu ntumbero y'ivyokorwa kugira hubahirizwe iterambere ridakumira muri iki gisata.


Uko ibintu vyifashe mu gisata c'injira ry'Uburundi mw'ishirahamwe ry'ibihugu vy'akarere vyerekana ko uruhara rw'abakenyezi ruri hasi. Impamvu imwe muzibonekeza ni ubwoko bw'ibidandazwa bijanwa hanze canke vyinjira. Inka kubera izimvye cane ni igidandazwa ciharijwe n'umuntu w'umugabo wenyene mu Burundi. Kutamenya gusoma no kwandika bifise uruhara muri ibi bintu vy'ubusumbane. Muvy'ukuri, abakenyezi ntibaronka amakuru y'ubudandaji bitewe n'ubumenyi buke bwabo bw'ugusoma n'ukwandika.

3. Umukenyenzi w'umurundikazi mw'iyinjira ry'Uburundi mw'ishirahamwe ry'ibihugu vy'akarere

Mu bihugu bigize ishishirahamwe ry'ibihugu vy'Afrika y'Uburundi, haranditswe inyandiko nyinshi mu ntumbero yo gushira mu ngiro ingingo ya 6(d) y'itegeko rishinga iryo shishirahamwe; aho ibihugu binywanyi vyiyemeje gukurikiza ingendo y'intwano rusangi, kuba igihugu kigendera ku mategeko, kwumva ko hari ico witezweko muv'yo ukora, gukorera ku mugaragaro,

ubutungane mu kibano, iterambere ridakumira mu mahirwe ahabwa abanyagihugu, iterambere ridakumira, hamwe no guha agaciro icakozwe, guharanira no gukingira agateka ka zina muntu. Zimwe mu nyandiko zateguwe ni izi: (i) umugambi ngenderwako w'iterambere ridakumira mw'ishirahamwe ry'ibihugu vy'Afrika y'Uburundi mu mwaka wa 2018, (ii) ishingwa ry'urunani

66 Ibidem



rwo guhanahana amakuru rugizwe n'abakenyezi b'abanyafrika bangana n'imiliyoni mironko itanu (50), (iii) Inyandiko ngufi ifasha abakenyezi bakora urudandaza ruto canke rugereranye njabukambibe mu karere k'Afrika y'Ubuseruko.

Umugambi ngenderwako w'ishirahamwe ry'ibihugu vy'Afrika y'Ubuseruko uremeza ko abakenyezi bagize igice kinini c'abanyagihugu muri aka karere, bagize ibice birenga 50% vy'abanyagihugu bose; ari naco gituma uruhara rwabo mw'iterambere ry'akarere ari ntangere. Ubudasa bufatiye ku gitsina mu karere buribonekeza mu bisata bimwe bimwe; harimwo uko ubutunzi buhari bugabanganijwe; urugero bw'ubushobozi n'uko aba canke bariya bitabira ibikorwa vy'iterambere, kwitabira ibikorwa vy'inzeho zifata ingingo no muvya politike, kugira amahirwe yo kuja kw'ishure n'ayo kuronswa inyigisho, kuronswa ubuvuzi bwiza, igitigiri kinini c'abatagira ico bakora mu bagore mu gisata c'ubuzi buzwi ugereranije n'ic'abagabo, amabi afatiye ku gitsina, ingendo y'imico ihohotera bamwe, ukudaha agaciro ikibazo c'iterambere ridakumira mw'itegurwa ry'amafaranga azokoresha.

Urunani rwo guhanahana amakuru rugizwe n'abakenyezi banyafrika imiliyoni 50 ni urubuga rw'ubuhinga bwa none ku buhinga ngurukana-bumenyi no kuri terefone ngendanwa. Urwo rubuga rufise intumbero yo guha imiliyoni z'abakenyezi

banyafrika uburyo bwo gutangura no guteza imbere imigambi yabo yo kwiteza imbere mu kubaronsa aho basanga amakuru yose bakeneye. Runo runani rwashinzwe mu mwaka wa 2017, hagati y'amashirahamwe y'akarere atatu: (i) Ibihugu vy'akarere vy'Afrika y'Ubuseruko (EAC), (ii) Ishirahamwe ry'ubutunzi bw'ibihugu vy'Afrika y'Uburengerero (CEDAO), n'isoko Rusangi ry'Afrika y'Ubuseruko n'iy'amajepfo (COMESA).

Mu Burundi, harashinzwe urubuga rw'abakenyezi badandaza mu mwaka wa 2019 kandi ruraterera gushigikira ubushobozi bw'umukenyezi mu bijanye n'ubutunzi biciye ku rubuga ngurukana-bumenyi rubafasha kuronka amakuru ajanye n'ivy'ubutunzi n'ayandi makuru muri rusangi. Uyu musi abakenyezi badandaza 8.524 b'abarundikazi barakoresha urwo rubuga; ni ukuvuga ibice 4,43% vy'abakenyezi badandaza bo mu bi bihugu vy'akarere k'Afrika y'Ubuseruko (EAC) baturira kuri urwo rubuga. Ikibariko gikurikira kiragereranya abakenyezi b'abarundi bakoresha urwo rubuga n'abandi b'ibindi bihugu vyo mu karere k'Afrika y'Ubuseruko (EAC).

Inyandiko ngufi ifasha abakenyezi bakora urudandaza ruto canke rugereranye njabukambibe mu karere k'Afrika y'Ubuseruko (EAC) yaranditswe mu mwaka wa 2018 igatanga amakuru ku mategeko ngenderwako nyamukuru y'urudandaza mu bihugu vyo mu karere k'Afrika y'Ubuseruko (EAC), mu buryo bworoshe.

II.15. Inganda zicukura ubutare n'amasoko ntanganguvu

Ico nomenya ca 18

Inganda zicukura, amahirwe yo gutunganirizwa: Urwego rw'inganda ntiruratera imbere cane kandi uruhara rwarwo mu mwimbu rusangi w'imbere mu gihugu (GDP) rukomeza kuba ruto: ibice 17.1% kandi rukoresha hafi ibice 2% vy'abanyagihugu. Urwego rw'inganda zicukura ubutare rufite akamaro kanini mu kurwanya ubukene ku ruhanda rumwe no guteza imbere agateka ka zina muntu. K'abagabo, abakenyezi, abakobwa n'abahungu ata vangura ku rundi ruhanda. Kukaba nkako, dukurikije Itegeko No 100/086 ryo ku wa 19 Gitugutu 2020 ryerekeye itunganywa ry'ubushikiranganji bujewe amazi, amasoko ntanganguvu hamwe n'ubutare, bimwe mu myitwarariko yayo kwari kugera kw'iterambere ridakumira.


Intumbero zahawe ico gisata ni izi zikurikira:

1. Gutegura umugambi wo gutanga amasoko ntanganguvu hamwe n'amazi meza.
2. Gutegura hamwe no kugenzura ibikorwa vy'iterambere mu gihugu hagati mu bijanye n'amazi hamwe n'umuyagankuba.
3. Kugenzura ubuziranenge bw'amazi meza aho akoreshwa hose.
4. Guteza imbere amasoko ntanganguvu yisubiriza hamwe n'ibicanwa bigezweho biciye mu bikorwa bibereye vy'ubushakashatsi no gukwiza hose.
5. Gutegura, kwubaka no gukurikirana inyubako z'amazi,

z'amasoko ntanganguvu n'iz'isukura,

Izo ntumbero, zishizwe mu ngiro neza, zizofasha gushika ku bipimo vyatowe arivyo vy'ibi:

- Kuba hariho uburyo bwo kutirengagiza agateka ka zina muntu muri rusangi n'iterambere ridakumira mu buruyo bw'umwihariko mu gisata co gucukura ubutare.
- Urugero rw'abakenyezi bari mu bafata ingingo mu gisata co gucukura ubutare.
- Urugero rw'abagabo, abakenyezi n'urwaruka bari mu bafata ingingo mu bisata vyo gucukura no gukingira ibidukikije.



1. Amasoko ntanganguvu kuri bose, ikintu gikuru mw'iterambere no guhuza mu kibano

Nk'uko icegeranyo canyuma c'umwaka casohowe n'Ubushikiranganji muri Ntwarante 2023 kibivuga, "Inkwi ni ryo soko ntanganguvu rikoreshe cane mu Burundi. Iryo soko rikoreshe cane mu guteka, gucana no kumurika n'abanyagihugu bo mu mitumba nk'inkwi hamwe n'abo mu bisagara nk'amakara ku bice 97.09%. Ibikorwa bikoreshe amwo inkwi bigwa mu bikorwa vyinshi bigenewe umukenyezi muri rusangi hamwe n'umukenyezi wo mu mitumba vy'umwihariko.

Ariko kandi, abagabo n'abakiri bato bafise ibikorwa vyo kugwiza

umwimbu biyungunganya iyo baronkejwe umuyagankuba.

Gukoreshe ayandi masoko ntanganguvu akoreshwa gake canke adakoreshe na gato nk'umuyagankuba uva ku mazi, umuyagankuba uva ku bushuhe, umuyagankuba uva ku zuba, umuyagankuba uva ku muyaga, isoko ntanganguvu rivuye mu bidukikije, ibizuku, umwuka uvuye mu bucafu n'ibitorobirafasha mu kuduza iterambere ridakumira kandi rirama kuko bishobora kuzana impinduka zikurikira:

- Imitwara iremereye y'umukenyezi yogabanuka cane kandi ubuzima bwiwe bwoba bwiza.
- Umukenyezi wo mu mitumba yoronka akanya ko kwitaho ibikorwa vyo guteza imbere igihagararo ciwe mu kibano nk'umutwara mu kibano.
- Abagabo, abahungu n'abakobwa bose boguma aho babaye. Kuri ubwo, kwimukira mu bisagara vyogabanuka n'imiryango ya ruguru yomererwa neza.
- Kugira umuyagankuba kuri bose vyokomeza ukwiyungunganya n'igabanuka ry'ubukene ku bakenye cane, na cane cane abakenyeb'abakene.
- Amahoro mu muryango no mu kibano yokwongerekana kuko amasoko y'indyane yogabanurwa.

2. Inganda zicukura ubutare kugira haboneke iduzwa ry'ubutunzi budakumira.


Nkuko vyavuzwe haruguru, urwego rw'ubutare rushobora guterera mw'iterambere ridakumira biciye mu kwishura ivyo umuntu wese akeneye kugira ngo atere imbere. Biragaragara ko uburyo bwo gucukura bw'ubutare bwahora bukorwa nabi buriko butera imbere mu gukoreshe inganda. . "Ico gisata kigaragaza amahirwe akomeye, kuko iterambere ryaco rizogira ingaruka zikomeye kw'iduzwa ry'ubutunzi n'ikibano ciza." Ilesangura ry'iterambere ridakumira muri ico gisata rishobora kuyobora ibikorwa vyo gukemura ubusumbasumbane no gukumira muri kazoza. Ivyegeranijwe bikurubikuru ni ibi:

Amakuru y'abakozi atangwa hakurikijwe igitsina n'imyaka. Ibibanza vy'abafata ingingo bishira abakozi mu gufata ingingo ntabwo biharurwa nkuko bigaragazwa n'amakuru yakuwe mu kibariko c'105 c'Ubushikiranganji bw'ubutare n'agataka. Tugerageje gukora igereranya, twovugaga ko abakozi bafise impamyabushobozi ya mbere ya kaminuza aribo bonyene bashobora kuronka ubuzi bw'abafata ingingo. Igiteguriye cabo ufatiye ku myaka n'igitsina kimeze uku:

- Hagati y'imyaka 25-34, abakenyezi baharurwa mkuri 6, abagabo nabo 23.
- Hagati y'imyaka 35-44, abakenyezi baharurwa mkuri 9, abagabo nabo 19.
- Hagati y'imyaka 45-54, abakenyezi baharurwa kuri 1, abagabo nabo 14.
- Hagati y'imyaka Kuva ku55 n'iyirenga, abakenyezi baharurwa ku 0, abagabo nabo 4.
- Muri rusangi, mu bakozi bashobora kuja mu bibanza vyo gufata ingingo harimwo **abagore 16 ku bagabo 60, ni ukuvugaga ibice 21% vy'abakenyezi kuri 79% vy'abagabo .**

Ivyo bitigiri bitera umushakashatsi kwibaza ko umukenyezi atarajya mu nzego zifata ingingo nko mu 2016 igihe hakorwaga igipimo c'iterambere ridakumira mu Burundi.

- Umurwi wanditse ico cegeranyo c'umwaka werekanye ko abagore babiri mu bakozi 16 ari bo bari mu bashinzwe ico gikorwa. Bikaba vyerekana ko igiteguriye c'abagore ari gito.



Icegeranyo c'Ubushikiranganji bw'ubutare n'agataka nticitaho iterambere ridakumira cane cane umukenyezi. Amakuru arimwo ntiyisunze umwihwezo ufatiye kw'iterambere ridakumira. Amakuru yaratanzwe ariko ntacerekana ko ashobora kugereranya ivyo abakenyezi, abagabo, abakobwa n'abahungu biteze, bakeneye n'ivyo basaba kugira ngo vyisungwe neza n'ibikorwa vy'ubushikiranganji. Nk'akarorera, umwihwezo w'ibibariko vya 81 na 82 ku rupapuro rwa 78 rw'icegeranyo c'umwaka wose urerekana ibi bikurikira:

- Ikibariko ca 81 ku gitigiri c'imitahe y'amashirahamwe acukura ubutare, gishobora kwerekana amashirahamwe arongowe n'abagabo, abakenyezi, abahungu n'abakobwa ku

ruhande rumwe no kwerekana ku rundi ruhande urugero rw'abagabo, abakenyezi, abahungu n'abakobwa mu nzege zifata ingingo.

- Ikibariko ca 82 ku gitigiri c'amakoperative gishobora kwerekana uruhara rw'abagabo, abakenyezi, abahungu n'abakobwa.

Uko kwirengagiza abakenyezi ni inzitizi yotegerezwa kuranduranwa n'imizi kugira ngo hatsimbatare iterambere ridakumira mu gisata gihamagariwe guterera biboneka mw'iterambere ry'Uburundi.

II. 16. Kwegereza ibigo bitanga amafaranga abafise imigambi yo kwiteza imbere

Ico kumenya ca 19.

Kwegereza ibigo bitanga uburyo bw'amafaranga abafise imigambi yo kwiteza imbere ni kimwe mu vyifuzo vya Leta y'Uburundi. Mu vyukuri, Umukuru w'igihugu arashigikiye politike yo kwigenga mu vyerekeye ibifungurwa n'ubutunzi ku mwenehugu wese (umufuko uronke amahera n'umunwa wose uronke ico ufungura). Kugira ngo iki cipfuzo gishikweko, kuko kizoterera mu kugabanya ubukene no mu gutera imbere, vyoba vyiza habonetse uburyo bwiza buzotuma abagabo, abakenyezi, abahungu n'abakobwa bahanahana uburyo bw'amafaranga n'ibigo bibutanga vyoroshe: amafaranga gukora ibikorwa bitandukanye, no kuziganya amafaranga vyoroshe mu ma konte y'amakoperative, amaposita, amabanki no mu bindi vyorohereza abanyagihugu bo mu mitumba ico gikorwa, kuronka ingurane vyoroshe, kugira imigambi mitomito yo kwiteza imbere iranguke.

1. Uko igikorwa co kwegereza abanyagihugu ibigo bitangirwamwo amafaranga cifashe

Ukwegereza abanyagihugu ibigo bitangirwamwo amafaranga vyerekana ubushake bw'abajejwe intwari, kuba hariho ubufasha umuntu yikorako kugira ngo ashike ku ndoto ziwe n'ubushobozi bw'abanyagihugu bwo gukoresha ayo mafaranga mu ntumbero yo kugira uruhara mu gusununura ubutunzi n'iterambere ry'igihugu. Nk'uko vyavuzwe mu gice kiri aho hejuru, abanyagihugu baramenyeshewe neza na neza ubushake bw'abajejwe intwari mu kibano cabo. Buri gihe ni vyiza ko ubutegetsi butanga amafaranga ahagije afasha kugera kuri ico cipfuzo. Bisubiye, hariho imigambi y'igihugu yo kwegereza abanyagihugu ibigo bitangirwamwo amafaranga kuva mu mwaka wa 2015 gushika muwa 2020 igamije gushika ku

mahangiro akurikira:


- Kwongereza ububafasha bwo gushikira ivyo bibanza ku rugero rungana kuri bose na hose
- Kwongereza uburyo bwo gukoresha ibidandazwa hamwe n'ubufasha bitangwa mu vy'amafaranga
- Gushira mu ngiro imigambi yo gukingira umuguzi no gushimangira iterambere ry'ibigo vyo kuziganya no kuguranana mu ntumbero yo kwegereza abanyagihugu ibibanza bitangirwamwo amafaranga

2. Ubufasha mu gutanga amafaranga n'aho bushika mu gihugu

Icigwa bwa mbere bw'igihugu ku bijanye no kwegereza ibigo vyo kuziganya no kuguranana mu Burundi butanga amakuru akurikira:

- Uburundi bufise ibigo vyo kuziganya no kuguranana 45 ku banyagihugu bakuze barenga 5.016.263 nk'uko ibanki nkuru ibivuga (Rumonge itarimwo),

- Gushika kw'igenekerezo rya 31 Kigarama 2016, icegeranyo cerekana ko ibibanza bitangirwamwo amafaranga bigera kuri 701 mu gihugu cose. Birashoboka ko mu mwaka wa 2023, ayandi mabanki n'ibigo vyo kuziganya no kuguranana - BEF bizoba bimaze kuboneka;
- Ibice 12.5% vy'abanyagihugu bakuze bafise amakonti



mu kigo co kuziganya na kuguranana cemewe n'ibanki nkuru - BRB;

- Mu mwaka wa 2016, "ibibanza amafaranga atangirwamwo (ku cicaro gikuru, ku bibanza nserukizi na n'ibiro atangirwamwo) bitagabanganije neza cane mu gihugu";
- Mu makomine 129 agize Uburundi, amakomine 29 akorerwamwo n'ikigo kimwe imwe gusa;
- Amakomine atandatu yo mu gihugu nta kibanza amafaranga atangirwamwo afise.

Kubona bese badashobora gushikira mwene ivyo bigo ku rugero rungana, vyonyene birakwiye kugira umuntu abone hari ibigekeneye gukorwa kugira mu ntumbero yo gushikira iterambere ridakumira mu kugabanya ikirere gitandukanya ikigo n'ikindi nk'uko tubisanga muri ico cegeranyo. Muvy'ukuri, tumaze gusoma ico cegeranyo, vyaribonekeje ko igisagara ca Bujumbura, umurwa mukuru w'ubutunzi, gifise ibibanza 115 bitangirwamwo amafaranga, kandi ko izindi ntara 17 zica zigabangana ibibanza bisigaye uku gukurikira:

Ikibariko ca 25: Uko ibigo bitangirwamwo amafaranga bigabanganijwe mu ntara (701 vyose hamwe)

Intara	Aho atangirwa	Intara	Aho atangirwa	Intara	Aho atangirwa	Intara	Aho atangirwa
Bujumbura	261	Kayanza	33	Karusi	20	Bubanza	18
Ngozi	48	Cibitoke	29	Muramvya	20	Mwaro	18
Gitega	42	Kirundo	25	Ruyigi	20	Rutana	17
Muyinga	36	Rumonge	25	Bururi	19	Cankuzo	14
Makamba	34	Bujumbura	23				

Isoko: Ibiharuro vyo mu mwaka wa 2016, Yegeranijwe n'umugwi wahuye n'abanyagihugu, PEG, Ruheshi 2023

3. Abakoresha ibisata vy'amafaranga

Ibiharuro vyavuye muri ubwo bushakashatsi nyene bitandukanijwe n'igitsina bitanga amakuru akurikira:


- **Ihindagurika ry'igitigiri c'abasaba ingurane ukurikije igitsina kuva mu mwaka wa 2014 gushika muwa 2016:** tubona ko abakenyezi baronka ingurane nke ugereranije n'abagabo. Urabiye ku gihe vyatorokanirijwe, igitigiri c'ingurane z'abagabo bonyene canke mu mashirahamwe cariyongereye mu gihe ic'abakenyezi cagabanutse.
- **Igiharuro c'ingurane zatanzwe ufatiye ku gitsina kuva mu mwaka wa 2014 gushika muwa 2016:** Dusanga ingurane

ku bagore zaragabanutse mu mwaka wa 2016. Muvy'ukuri, mu mwaka wa 2016, twabonye ko igitigiri c'ingurane ku bagabo ciyongereye ibice 0.83% ku bantu umwe wese ku giti ciwe n'ibice 23.70% ku bari mu mashirahamwe. Ku bagore cagabanutseko ibice 6.47% ku bantu umwe wese ku giti ciwe n'ibice 12.18% bari mu mashirahamwe. Ikibariko gikurikira kirerekana muri make uko ibintu bimeze mu bitigiri:

Ikibariko ca 26: Uko ibitigiri vyagiye birahindagurika vy'abasaba ingurane ufatiye kw'iterambere ridakumira kuva mu mwaka wa 2014 gushika muwa 2016

Imice	Ikonti y'umwe umwe			Ikonti y'amashirahamwe			Ikonti zose hamwe		
	2014	2015	2016	2014	2015	2016	2014	2015	2016
Umwaka									
Abagabo	137 208	156 765	158 065	7 652	26 476	32 752	144 860	183 241	190 817
Abagore	32 554	53 303	49 852	17 646	36 110	31 712	50 200	89 413	81 564
Bose hamwe	169 762	210 068	207 917	25 298	62 586	64 464	195 060	272 654	272 381

Isoko: Rapport Inclusion Financière édition 2017



4. Ku bijanye n' iterambere ridakumira

Ibiharuro bishikirizwa mu cegeranyo twasomye vyarageragaje kwerekana uko abagabo n'abakenyezi bitabira amabanga n'ibikorwa mu gihugu. Birerekana kandi ubudasa buri hagati y'ababa mu bisagara n'ababa hagati mu gihugu. Ku bijanye n'itandukaniro riri hagati y'abagabo n'abakenyezi, amakuru yegeranijwe yerekana ko abagabo baza imbere mu bitigiri, mu ncuho no mu mafaranga ahanahanwa. Nta cerekana uko urwaruka, ibitsina vyose, ruronswa ivyo bikorwa vyo guhanahana amafaranga. Bafatirwa hamwe, Abagabo n'abakenyezi.


Biraboneka neza na neza ko ukwegereza ibigo vyo kuziganya no kuranana abanyagihugu kikiri ikintu cokwihatira kandi n'inzira z'inyishu muri iyo ntumbero zaramaze gucibwa mu: uburyo bwo guhanahana amafaranga bwitwa « Nawe Nuze⁶⁷ » ni kamwe mu turorero. Bisubiye, ingingo zimwe zimwe za leta

zirabifisemwo uruhara kandi zirimwo ivyizigiro : akarorero ni ishingwa ry'ibanki y'urwaruka (BIJE) hamwe n'ibanki y'abakenyezi (BIDF). Iki gikorwa vyoba vyiza gihereye kw'iterambere ridakumira no kwinjizamwo urwaruka n'abakenyezi bakenye kandi bageramiwe kurusha abandi mu bikorwa vy'ivyo bigo vyo kuziganya no kuguranana.

Ubu mu mwaka wa 2023, biranzereye kubona hariho ibanki ijejwe iterambere ry'abakenyezi -BIDF ironsa umukenyezi akaryo nyako ko kwisunurura hamwe n'ibanki y'urwaruka -BIJE. Akarorero kaboneka n'ingurane zatanze n'ibanki BIDF mu kiringo c'amezi atatu nk'uko tubibona mu kibariko gikurikira cashikirijwe n'ubushikiranganji bujewe ibijanye n' iterambere ridakumira n'iterambere ridakumira:

BIDF : INGURANE ZATANZE GUHERA KUWA 1 NDAMUKIZA GUSHIKA KUWA 3 RUHESI 2023 ZIHABWA ABAKENYEZI					
AKARERE	INGURANE ZAHawe ABAKENYEZI UMWE WESE KU GITI CIWE				
			AMEZI ATATU YA KABIRI Y' UMWAKA WA 2023		
AKARERE	INTARA	IKOMINE	IGITIGIRI ABANTU	IGITIGIRI MU MARUNDI	
HAGATI HASHIRA UBUSERUKO	GITEGA	GITEGA	12	286 471 000	
		BUGENDANA	1	8 000 000	
		MUTAHU	1	6 600 000	
		VYOSE GITEGA		14	301 071 000
	KARUSI	BUHIGA	2	58 314 000	
		VYOSE KARUSI		2	58 314 000
	MWARO	KAYOKWE	7	6 000 000	
	VYOSE MWARO		7	6 000 000	
EPFO HASHIRA UBURENGERO	IGISAGARA CA BUJUMBURA	NTAHANGWA	2	46 478 900	
		MUHA	2	58 000 000	
		VYOSE IGISAGARA CA BUJUMBURA		4	104 478 900
AMAJA RUGURU	MUYINGA	MUYINGA	1	8 000 000	
		VYOSE MUYINGA		1	8 000 000
A- INGURANE YOSE HAMWE YAHawe ABAKENYEZI UMWE WESE KU GITI CIWE			28	477 863 900	

67 Nawe nuze ni uburyo bukoreshwa ku rwego rw'igihugu bufasha gutuma abakenyezi baronka ubwigenge muv'ubutunzi




B AMASHIRAHAMWE YO KUZIGANYA NO KUGURANANA/ AMASHIRAHAMWE Y'ABAKENYEZI				
AKARERE	INTARA	IKOMINE	IGITIGIRI PRSN	IGITIGIRI MU MARUNDI
HAGATI HASHIRA UBUSERUKO	CANKUZO	MISHIHA	4	30 000 000
	VYOSE CANKUZO		4	30 000 000
		GITEGA	3	72 499 500
	VYOSE GITEGA		3	72 499 500
	MURAMVYA	MBUYE	5	29 500 000
	VYOSE MURAMVYA		5	29 500 000
AMAJEPFO ASHIRA UBURENGERO	BUBANZA	BUBANZA	1	8 000 000
	VYOSE BUBANZA		1	8 000 000
	BUJUMBURA	NTAHANGWA	1	8 000 000
		MUKAZA	2	90 000 000
	VYOSE MAIRIE DE BUJUMBURA		3	98 000 000
	BUJUMBURA	MUGONGOMANGA	1	5 000 000
VYOSE BUJUMBURA		1	5 000 000	
B- INGURANE YOSE HAMWE YAHAWE AMASHIRAHAMWE Y'ABAKENYEZI			17	242 999 500
	INGURANE KU MUNTU			
			IGITIGIRI	IGITIGIRI
	Ku muntu		9	188 315 000
E- INGURANE YOSE HAMWE KU MUNTU			9	188 315 000
YOSE HAMWE, INGURANE YATANZWE MU MEZI ATATU YA KABIRI YO MU MWAKA WA 2023 (A+B+E)				909 178 400

Isoko : Vyateguwe n'umugwi w'abayobozi bo mu Bushikiranganji bujeje iterambere ridakumira

II.17. Akazi kemewe n'amategako, ibikorwa bidahemba no gutegekanirizwa kazozza

Ico kumenya ca 20

Ingorane y'ibikorwa bidahemba ntitorerwa inyishu neza : Ukuba abakenyezi bafise mashule make ugereranije n'abagabo bisubiza inyuma igihagararo cabo mu kazi kazwi n'amategako. Nico gituma abakenyezi bagwiriyeye mu gisata c'uburimiye, Igisata kiruhisha kandi kidahemba neza. Baguma ari bake mu bisata biteye imbere aho abatarenga ibice 35,6% aribo bari mu bibanza vy'urugero ruto rw'amashule canke bakora ubuzi bwo mu nzira zitazwi n'amategako.



Muri icyo gisata, umugambi w'igihugu ufatiye kw'iterambere ridakumira werekana ko abakenyezi bakora ubuzi busanzwe bafise amashure make (ibice 67% bigizwe n'abakenyezi bakora ibikorwa bitarinda amashure). Abakenyezi bake baciye ku ntebe y'ishule bize cane cane gushika mu mashure mato mato hanyuma bake cane barashitse mu yisumbuye.

Hisunzwe icegeranyo c'itohoza ryatunganijwe ku mibereho y'imiryango mu mwaka wa 2013/2014⁶⁸, ibiharuro vyerekana ko ku bantu 100 bakwije imyaka yo gukora, ibice 20% nta kazi bafise. Dufatiye ku myaka, abaza ubwambere ni abafise imyaka 65 n'iyirenga ni ukuvuga ibice 38.6% batagira akazi, bakurikirwa n'urwaruka ruri hagati y'imyaka 15 na 35 (ibice 27.7%) mu gihe abari hagati y'imyaka 36 na 64 bari ku bice 3.7%.

Umwihweze ku gitsina werekana ko ibitigiri vy'abagabo badakora biri hejuru gato ugereranije n'ivy'abakenyezi batagira akazi, ni ukuvuga ibice 21.4% ugereranije n'ibice 19.4% vy'abakenyezi.

Ubudasa budasanzwe buribonekeza aho abantu baba. Ni

ukuvuga ko ibitigiri vy'abatagira akazi mu bisagara bingana n'ibice 34.1% ugereranije n'ibice 18.6% mu gihugu hagati. Abakenyezi bo mu gisagara batagira akazi bigwiza na kabiri ufatiye kuri bagenzi babo bari mu gihugu hagati (ni ukuvuga ibice 40.1% ugereranije n'ibice 17.1%). Bisubiye, Abagabo bo mu gisagara nibo benshi batagira akazi ugereranije n'abari mu gihugu hagati (ibice 28.4% ugereranije n'ibice 20.4%).

Ibituma abantu bafise imyaka 15 n'iyirenga babura akazi n'ibi bikurikira: ubumuga, kutagira amashure, ibikorwa vyo mu mazu ku bagore. Muri rusangi, imvo zigabuyemwo uku gukurikira: ibice 74.2% vy'abatagira akazi kubera amashure make, ibice 11.2% kubera ubumuga. Imvo iturustse k'uko abakenyezi babayeho mu ngo vyashikrijwe n'ibice 5.1%. Dufatiye aho babaye, ibice 75.7% batagira akazi bari mu gihugu hagati ku bice 67.7% bari mu bisagara bavugaga ko amashure ariyo atuma bataronka akazi mu gihe ibice 12.2% vy'ababa mu gihugu hagati ku vy'ibice 7.3% basigura Babura akazi kubera ubumuga.

Ikibariko ca 27 : Igisata c'abigenga bakorera mu mategeko hamwe n'igisata c'abigenga bakorera mu nzira zitazwi n'amategeko

AHO BABA	IGISATA C'ABIGENGA BAKORA MU MATEGEKO	IGISATA C'ABIGENGA BAKORERA MU NZIRA ZITAZWI N'AMATEGEKO
Mu gisagara	4,0	68,0
Mu gihugu hagati	0,3	95,5
IGITSINA		
Abagabo	0,9	91,2
abakenyezi	0,3	95,6
URUGERO RW'IMYAKA N'IGISATA C'ABIGENGA BAKORA MU MATEGEKO		
15-35	0,7	92,9
36-64	0,5	94,3
65 &+	0,1	97,4


Icigwa bumwe ku mibereho yo mu ngo mu Burundi bwakozwe mu 2013/2014 na ISTEEDU bwerekanye ko mu Burundi ku bantu 10 bakora, 9 bakora ubuzi butazwi n'amategeko. Vyongeye, twabonye ko igabanganywa ry'ivyo bisata bibiri ritandukanye ugereranije ivyo mu gisagara n'ivyo mu gihugu hagati kandi riratangurira ukurikije igitsina. Rero, uravye abantu bakorera mu gisagara, 20.1% bakora mu buryo bukurikije amategeko ugereranije na 79.9% mu buryo butemewe, mugihe mu gihugu hagati 2,3% bonyene bakora bukurikije amategeko ugereranije na 97.7% mu buryo butemewe. Hishimikijwe ubwo bushakashatsi

nyene, 5.3% vy'abagabo bakora bacyiye mu mategeko ugereranije na 94.7% bakora bidacyiye mu mategeko.

Abakozi b'igitsina-gore ntibakwije ibisabwa; ibice 67 vy'abakenyezi barafise akazi, mu vy'ukuri, ntibacyiye mw'ishule. Abakenyezi bake batagiye mw'ishule ahanini bahejeje amashure mato mato no ku rugero ruto rw'amashure yisumbuye.⁶⁹

Abakenyezi bagwiriyeye mu gisata c'uburimi, kiruhisha kandi gihemba make, ntibibonekeza cane mu bisata bijanye n'iterambere aho bagera ku bice 35,6% gusa, bafise ibibanza vy'abafise

68 République du Burundi, Profil et déterminant de la pauvreté, rapport d'enquête modulaire sur les conditions de vie des ménages 2013/2014, p.26
69 République du Burundi, Politique nationale genre 2011-2025, p11.



ubumenyi buke canke bakora mu buryo butemewe n'amategeko. Ihindagurika ry'iki kibazo rifatiye cane ku bushobozi, ubwabwo bukaba bufitaniye isano cane n'urugero rwo kutamenya gusoma no kwandika cane cane ku bagore⁷⁰. Ibice 2,5% vy'abakenyezi bakoreshwa mu nzego zemewe n'amategeko ugereranije n'ibice 97.5% mu rwego rukorera mu nzira zitazwi n'amategeko. Dufatiye kuri aya makuru yose, tubona ko urwego rukorera mu nzira zitazwi n'amategeko (ubudandaji, ubuhinga kama, n'ibindi) rurimwo abantu bakora cane ugereranije n'urwego rukorera mu mategeko⁷¹.

Ku bijanye no guserukirwa ufatiye kw'iterambere ridakumira ku bakozi bo mu mashirahamwe matomato n'ayaciriritse yakozweko rusanuma⁷², icigwa ku nzego zikorera mu nzira zitazwi n'amategeko mu Burundi cakorewe mu ntara za Bujumbura, Igisagara ca Bujumbura, i Gitega, i Makamba n'i Ngozi kirerekana ibisata bine bigize ubutunzi bw'abakorera mu nzira zitazwi n'amategeko mu Burundi. Ivyo navyo bikaba ari: ubuhinga kama, ubudandaji, amahinguriro no gutanga ubufasha butandukanye.

Mu buhinga kama harimwo ububumvyi, ububaji, ugukora ibirato ukoresheje ipine, gushona ibirato, kubaza, gukora imishatsi (inzara ku maguru no ku ntoki) gushona impuzu, kujisha, kudesa no gusudira.

Mu budandaji, ibikorwayo n'ibi bikurikira : kudandaza ama inite, kudandaza impuzu, gutanga ubufasha butandukanye, kudandaza mu maduka, kudandaza ibinyobwa, kugurisha imfungurwa, urudandazwa rwo mu minwe uguma ugendagenda.

Ku rwego rw'amahinguriro, hari uguhingura ivyimbura bikavamwo imfungurwa, gukora amasabuni, guhingura amavuta y'ikigazi, guteka, gukora imitobe, gukora imikate. Kubijanye n'ubufasha butangwa, ubufasha butangwa ahanini mu bikorwa vyo gushushanya, kwandika ukoresheje imashini nyabwonko, amazu yo kwimosherezamwo, icumba c'akaguriro, ivyumba bavugirizamwo imiziki berekana n'amarereshi, ubwubatsi, Igisata kivura ubumuga bwo ku mubiri, ibikorwa biri mu migwi itandukanye, n'ibindi⁷³.

Ikibariko ca 28 : Uko ibintu vyifashe ufatiye ku gitsina mu bakozi bo mu buzi butobuto n'ububayabaye bwahasumwe

UBWOKO BW'AKAZI	IGITSINA-GABO			IGITSINA-GORE		
	Mu gisagara	Mu gihugu hagati	Bose hamwe	Mu gisagara	Mu gihugu hagati	Bose hamwe
Uguhingura utuntu n'utundi	143	75	218	25	11	36
Ubudandaji	345	6	351	171	3	174
Amahinguriro	56	29	85	23	11	34
Ubuzi bwo mu biro	50	12	62	14	7	21
Bose hamwe	594	122	716	233	32	265
%	61%	12%	73%	24%	3%	27%

Vyibonekeza ko igitsina-gabo giserukiwe cane gusumba igitsina-gore mu bijanye n'akazi, hafi y'ibice $\frac{3}{4}$ vy'abakozi bahembwa ku kwezi bafise amasezerano y'akazi ya burundu. Ku bisata bito bito, na cane cane mu gisagara, turabona ko abakenyezi bangana hafi icakabiri c'abakozi bahembwa ku kwezi ku kwezi mu mahinguriro n'ubudandaji 23. Ariko biratangaje kubona abakenyezi ari inkehwa mu bahingura utuntu n'utundi bo mu


gisagara (17%) no mu hagati mu gihugu (17%) ugereranije n'ibiharuro vy'abagabo. Ivyo biribonekeza mu buryo ubu na buriya mu bisata bitobito vy'ubuzi bwo mu gisagara aho abakenyezi bangana hafi n'ibice 28% ugereranije n'abakenyezi bahembwa ku kwezi ku kwezi bo mu gihugu hagati. *Muri make twovuga ko abakenyezi badaserukiwe bikwiye mu buzi buto buto butazwi n'amategeko ariko buhemba ku kwezi.*

70 République du Burundi, Politique Nationale genre,

71 Pierre Claver SEBERERG, Étude sur le secteur informel au Burundi, 30 juin 2021, p15

72 Pierre Claver SEBERERG, Étude sur le secteur informel au Burundi, 30 juin 2021, p29

73 Pierre Claver SEBERERG, Étude sur le secteur informel au Burundi, 30 juin 2021, p26



Ingorane zituma abakenyezi batisununura mu bikorwa vy'iterambere

Abakenyezi n'urwaruka (abakobwa n'abahungu) nibo bikorako cane kubera igitigiri cabo bakenyezi ni 51%, urwaruka na rwo ni (kuva ku myaka 15 - 34) ku rugero rwa 35,4% vy'abanyagihugu b'Uburundi mu mwaka wa 2021. Naho bafise uruhara runini mu bikorwa vyo kugwiza ubutunzi bw'igihugu, abakenyezi n'urwaruka bahura n'ibibazo vyinshi bibabuzza kugira uruhara muv'ubutunzi hamwe n'ukwitaba ibikorwa vyo kugwiza umwimbu mu burimi (CDV). Zimwe muri izo ngorane ni izi zikurikira:

- Ubukene bw'ivya nkenerwa vyo kugwiza umwimbu,
- Amahirwe make yo gushigikira ibifasha kugwiza umwimbu,
- Amahirwe make yo gushikira uburyo bubayabaye bwo kugwiza umwimbu n'amasoko ahemba neza hamwe

n'amahirwe make y'akazi na cane cane ku bakozi batobato, abakenyezi n'urwaruka,

- Urugero ruto rw'iterambere ry'ivyiyumviro vyo kwiteza imbere,
- Amahirwe make yo kuronka imfashanyo yo gukora imigambi,
- Ivyo nkenerwa mu kwigisha imyuga bijanye n'indoto z'urwaruka n'ivya nkenerwa mw'iterambere ry'ubuzi bidahagije ndetse rimwe narimwe bitabereye intumbere yo guteza imbere ibisata. Ivyo bituma imiryango myinshi igira intege nke iyo irongowe n'umukenyezi canke urwaruka, haca haba rw'inzara y'urutavanako.

Mu bijanye no gukinga impanuka no gutegekaniriza kazoza abanyagihugu, ibintu vyifashe uku gukurikira:

Ikiyambariko ca 29: Igitigiri c'abantu bakingiwe mu nzego zo gukinga impanuka no gutegekaniriza kazoza abanyagihugu

IGITIGIRI C'ABANYAGIHUGU BAKINGIWE N'INZEGO ZIJEJWE GUTEGEKANIRIZA KAZOZA ABAKOZI UFATIYE KU GITSINA: 2019-2021⁷⁴

IZINA RY'ISHIRAHAMWE	IGITSINA	2019	2020	2021	BOSE HAMWE
INSS	ABAGORE	23233	24514	27418	75165
	ABAGABO	177929	187734	209963	575626
ONPR	ABAGORE	63976	41552	41763	147291
	ABAGABO	46069	54201	54405	154675

Isoko: Annuaire statistique du Ministère de la Solidarité Nationale, des Affaires Sociales, des Droits de la personne Humaine et du Genre, édition 2021


Igitigiri c'abakenyezi bakingiwe mu kigo c'igihugu kijejwe gutegekaniriza kazoza abakozi INSS ni 75.165 (ni ukuvuga 13%) ku gitigiri ca bose ca 575.626. Insiguro y'ubwo budasa buhengamiye ku nyungu z'Abagabo busigurwa n'uko abagabo bari mu myaka yo gukora ari bo benshi.

Nayo abo mu kigo c'igihugu kijejwe gutunganiriza abakukuruke n'abakozweko n'impanuka ziturutse ku kazi ONPR abakenyezi ni 47.291 (ni ukuvuga ibice 48,7%), Abagabo nabo ni 154.675.

Naho ibitigiri vy'abakenyezi bakingiwe n'ikigo c'igihugu kijejwe

gutunganiriza abakukuruke n'abakozweko n'impanuka ziturutse ku kazi - ONPR bari muni y'ic'abakenyezi, ugereranije n'abafise amasezerano y'akazi ya burundu bakora muri Leta bari mu kigo c'igihugu kijejwe gutegekaniriza kazoza abakozi - INSS. Abakenyezi bafise amasezerano y'akazi ya burundu bari mu kigo c'igihugu kijejwe gutunganiriza abakukuruke n'abakozweko n'impanuka ziturutse ku kazi - ONPR basa n'abangana n'abagabo; abagabo barusha abakenyezi igice 1,3% gusa. Umwihwezo twokuramwo ni uko Leta ikurikiza amahirwe angana ku bagore n'abagabo mu gutanga akazi.

74 République du Burundi, Ministère de la Solidarité Nationale, des Affaires Sociales, des Droits de la personne Humaine et du Genre, Annuaire statistique, édition 2021,



Ikibariko ca 30: Abakukuruke baronswa pansiyu n'ikigo c'igihugu kijejwe gutunganiriza abakukuruke n'abakozweko n'impanuka ziturutse ku kazi - ONPR: 2019-2021

IBITIGIRI VY'ABARONSWA UTURUSHO TW'IMPANUKA Z'AKAZI, IKIGO C'IGIHUGU KIJEJWE GUTUNGANIRIZA ABAKUKURUKE N'ABAKOZWEKO N'IMPANUKA ZITURUTSE KU KAZI ONPR UFATIYE KU KAZI N'IGITSINA.

Ubwoko bw'ubushobozi buke	Igitsina	2019	2020	2021	BOSE HAMWE
Agafashanyo k'ubushobozi buke	Abagore	264	309	332	905
	Abagabo	321	353	377	1051
Agafashanyo k'umupfakazi/umupfakare	Abagore	42	50	55	147
	Abagabo	13	14	18	45
Agafashanyo k'ubupfuyi	Abagore	0	0	0	0
	Abagabo	1	1	1	3
Agafashanyo kavuye ku ndwara z'akazi	Abagore	0	0	0	0
	Abagabo	0	0	0	0
Agafashanyo k'ubushobozi buke.	Abagore	75	125	126	326
		62	92	125	279

Isoko: Annuaire statistique du Ministère de la Solidarité Nationale, des Affaires Sociales, des Droits de la personne Humaine et du Genre, édition 2021

Abakenyezi bose hamwe baronswa utwo dufashanyo twose bangana na 1.378. Abagabo baronswa utwo dufashanyo twose ni 1.378. Bose barangana.


Ikibariko ca 31: Igitigiri c'abakukuruke baronswa pansiyu na ONPR ufatiye ku gitsina n'ubwoko bwa pansiyu.

NUMBER OF ONPR PENSION BENEFIT RECIPIENTS BY TYPE OF BENEFIT

Ubwoko bw'agafashanyo k'abakukuruke	Igitsina	2019	2020	2021	Bose hamwe
Agafashanyo k'abakukuruke	Abagore	1250	1338	1541	4129
	Abagabo	1741	1804	2029	5574
Amafaranga y'ubusaza	Abagore	18	22	18	58
	Abagabo	40	54	42	136
Agafashanyo k'ubumuga	Abagore	3	3	3	6
	Abagabo	2	2	2	6
Agafashanyo k'umupfakazi/umupfakare	Abagore	2434	2323	2498	7255
	Abagabo	952	963	1231	186
Agafashanyo k'ubupfuyi	Abagore	81	57	48	186
	Abagabo	112	79	44	235

Igitigiri c'abakenyezi bose hamwe baronswa uturusho bw'abageze muza bukuru, ubwoko bw'uturusho utwaritwo twose, kingana na 11.634 (ni ukuvuza ibice 65,4%). Igitigiri c'abagabo bose

hamwe baronswa uturusho tw'abageze muza bukuru, ubwoko bw'uturusho utwaritwo twose kingana 6.137.



Tugerageje gutanga insiguro y'ico gitigiri kinini c'abakenyezi baronswa uturusho tw'abageze muza bukuru ugereranije n'igitigiri c'abagabo, twovuga ko igitigiri kinini c'abakenyezi baronswa uturusho duhabwa abahora bubakanye n'abakozi bitavye Imana arico gituma igitigiri c'abakenyezi bahabwa

uturusho tw'abageze muza bukuru muri rusangi kiba kinini. Kubera ko abagabo bakora ubuzi ari bo benshi, bica bituma abaronswa ibisigi vy'abakozi bitavye Imana benshi baba abakenyezi ugereranije n'abasigwa b'abagabo baronswa ibisigi vy'abapfasoni babo.

Ikibariko ca 32: Ibitigiri vy'abaronswa pansiyu hisunzwe ubwoko bwa pansiyu n'igitsina muri INSS


IBITIGIRI VY'ABARONSWA UTURUSHO TW'ABAGEZE MUZA BUKURU MURI INSS HISUNZWE UBWOKO BW'UTURUSHO				
Ubwoko bw'akarusho	Igitsina	2019	2020	2021
Agashahara gahabwa abageze muza bukuru	Abagore	1287	1390	1532
	Abagabo	27233	27979	28918
Akarusho bujanye n'ubusaza	Abagore	38	40	46
	Abagabo	876	1000	989
Akarusho gahabwa abatajifise ubushobozi bwo gukora akazi	Abagore	18	19	19
	Abagabo	334	331	327
Akarusho gahabwa umufasha asigaye	Abagore	12078	12708	13358
	Abagabo	938	986	1042
Akarusho gahambwa impfuyi	Abagore	4510	4720	4800
	Abagabo	5077	5301	5392
Akarusho gahabwa abavyeyi b'umukozi	Abagore	201	207	215
	Abagabo	109	109	115

Igitigiri c'abakenyezi bese hamwe baronswa uturusho bw'abageze muza bukuru, ubwoko bw'uturusho utwaritwo twose, kingana na 19.970 (ni ukuvuga ibice 35,1%). Ic'abagabo

bese hamwe baronswa uturusho bw'abageze muza bukuru, ubwoko bw'uturusho utwaritwo twose, bangana na 36.898.

Ikibariko ca 33: Ibitigiri vy'abaronswa inshumbusho y'impanuka hisunzwe ubwoko bw'impanuka n'igitsina muri INSS

IBITIGIRI VY'ABARONSWA INSHUMBUSHO Z'IMPANUKA MURI INSS HISUNZWE UBWOKO BW'INSHUMBUSHO					
Ubwoko bw'inshumbusho	Igitsina	2019	2020	2021	TOTAL
Uturusho buhabwa uwatakaje ubushobozi	Abagore	82	101	52	235
	Abagabo	648	851	560	2059
Indishi ihabwa uwatakaje ubushobozi	Abagore	352	333	321	1006
	Abagabo	7111	7047	6919	21077
Indishi ihabwa umufasha asigaye	Abagore	1956	1965	1971	163
	Abagabo	52	54	57	163
Indishi ihabwa impfuyi	Abagore	1063	1006	936	3005
	Abagabo	1232	1133	1035	8006
Indishi ihabwa abavyeyi b'umukozi	Abagore	2750	2682	2574	8006
	Abagabo	1985	1930	1807	5722
Inshumbusho zijanye n'indwara ziturutse ku kazi.	Abagore	7	7	3	17
	Abagabo	56	56	60	172



Igitigiri c'abakenyezi bose hamwe baronswa inshumbusho z'impanuka, ubwoko bw'impanuka ubwaribwo bwose bw'impanuka, kingana na 12.432 (ni ukuvuga ibice 25%). Igitigiri c'abagabo baronswa inshumbusho z'impanuka, ubwoko ubwaribwo bwose bw'impanuka, kingana na 37.199.

Kiretse ko mu kuronswa inshumbusho zijanye n'impanuka

z'akazi ariho ibitigiri vy'abakenyezi n'ivy'abagabo bingana hamwe no mu burusho bujanye no gutekerera abagiye muza bukuru butangiye mu bigo bimwe aho abakenyezi basumba abagabo (ku bice 65, 4%), ibitigiri vy'abakenyezi baronswa inshumbusho mu yandi mashirahamwe yose y'ubwishingizi kiguma kiri hasi ugereranije n'ic'abagabo.

Ikibariko ca 34: Ibitigiri vy'abanywanyi b'amashirahamwe yo kuvuzanya hamwe n'abavuzwa n'abanywanyi hisunzwe ishira hamwe rimwe rimwe ukwaryo mu mwaka wa 2021

IBITIGIRI VY'ABANYWANYI B'AMASHIRAHAMWE YO KUVUZANYA /ABAVUZWA N'ABANYWANYI B'AMASHIRAHAMWE YOKUVUZANYA HISUNZWE ISHIRAHAMWE RIMWE RIMWE UKWARYO MU 2021				
Mutual company n Ishirahamwe ryo kuvuzanya ame	Ubanywanyi		Abavuzwa	
ADISCO	4731	1241	14272	17167
MEMISA				
MUNASA	10846	3949	33656	37156
UCODER AMR				
FVS AMADE	2042	2200	9266	10816
MAFICO				
TUVUZANYE	93	207	1974	846
BOSE HAMWE	20385	8725	69108	76817

- Abanywanyi b'abakenyezi bose hamwe b'amashirahamwe yo kuvuzanya no kuguranana: 8.725 (ni ukuvuga ibice 29, 9%)
- Abanywanyi b'abagabo bose hamwe b'amashirahamwe yo kuvuzanya : 20.385
- Abagabo bose hamwe bavuzwa n'amashirahamwe yo kuvuzanya : 69.108

- Abakenyezi bose hamwe bavuzwa n'amashirahamwe yo kuvuzanya: 76.817 (ni ukuvuga ibice 52, 4%)

Insiguro y'ibitigiri binini vy'abakenyezi bavuzwa n'amashirahamwe yo kuvuzanya ni uko abakenyezi ari bo benshi mu gihugu twisunze rusansuma yo mu mwaka wa 2008.



Ikigabane ca III

**IBISATA BIKURU BIKURU HAMWE
N'IVYOKORWA**

IKIGABANE CA III

IBISATA BIKURU BIKURU HAMWE N'IVYOKORWA

III.1. Uko iterambere ridakumira ribonwa hisunzwe ivyavuye mu matohoza

Itohoza ryakozwe ryagaragaje amabi akurikira akorerwa kenshi na kenshi abakenyezi :

- Ugukumirwa mu bikorwa vy'imigambwe,
- Ukugurisha amatongo y'ishirahamwe umukenyezi n'abana batagishijwe inama,
- Abakenyezi birukanwa n'abagabo iyo hadutse amatati,
- Ibikorwa vy'umurenge mu rugo,
- Ifatwa ku nguvu n'ikubagurwa rifatiye ku gitsina bidahanwa,
- Abagabo bafata ingingo bonyene y'aho ishirahamwe utegerezwa kuba,
- Ukwirukanwa mu muryango kw'abakobwa batwara inda zitifujwe n'abavyeyi canke ababareze canke inda ziturutse kw'ifatwa ku nguvu,
- Akarenganyo canke ihohoterwa bifatiye ku gitsina mw'itangwa ry'akazi,
- Abakobwa ntibarekuriwe gutorana, hatorana abahungu gusa,
- Uguheba ishule bivuye ku bukene,
- Ibihano birenze urugero ku bagore bafashwe barenze ibigo ugereranije n'abagabo, ukurenga ibigo ku bagabo birihanganirwa ariko ukurenga ibigo kw'abakenyezi guhanwa ata kigongwe,
- Abakenyezi bakumirwa mw'itunganywa ry'umwimbu w'urugo.

N'ubwo biri uko, itohoza riratangira umwizero w' iterambere ridakumira ryisunze ibi bikurikira :

- Ukwiga kuri bese,
- Abakenyezi bibaruka ku buntu ,
- Ukwitwira aho umuntu asenga,
- Uburenganzira bwo kuja hamwe mu mashirahamwe no kwinjira mu mashirahamwe yo kuziganya no kugurana,
- Igisoda n'igiporisi vyugururirwe bese,
- Imigambi y'iterambere idakumira igitsina,
- Ugutorana ku rugero rumwe kw'abahungu n'abakobwa mu bisagara.

Ivyohinduka bisabwa n'itohoza

Kubijanye n'imico


- Kwirinda kwereka abana bari muni y'imyaka 18 amareresi ateye ubwoba n'ay'ibiterasoni,
- Kurwanya ukubana nk'umugore n'umugabo bidaciye mu mategeko,
- Kuronka uburunganzira bumwe mu gutorana,
- Gufasha mw'ihinduka ry'imico imwe imwe,
- Kurera kumwe abana b'abahungu n'abakobwa mu kubamenyereza ibikorwa vyo mu rugo ku rugero rungana,
- Gutuza imvugo zimwe zimwe ziri mu mico y'ikirundi ikumira abakobwa n'abakenyezi.

Ku bijanye n'uruhara muv'intwari

- Kwubahiriza no kwongereza ibitigiri bitegekanijwe n'amategeko,
- Gukinga ikumira rifatiye ku vyiyumviro vya politike canke ku bwoko,
- Kurwanya ibiturire,
- Gukangurira abakenyezi gutora bakongera bakitoza,
- Guhimiriza Abagabo ngo bahe umwitegemvye abakenyezi babo no kubashigikira kuko kenshi Abagabo ntibipfuzako abakenyezi babo baja muvya politike,
- Kuraba ko ibitsina vyompi biserukiwe mu nzego zifata ingingo.

Ku biraba itegurwa ry'amategeko mashasha

- Gutunganya isubirwamwo ry'itegeko rirwanya amabi afatiye ku gitsina,
- Gushinga itegeko rikingira ba nyamwema,
- Gushinga itegeko rikuraho imico imwe imwe ikumira,
- Gusubira kwihweza no guhinyanyura integuro y'itegeko rigenga amatungo y'ishirahamwe hisunzwe igihe ca none,
- Guhinyanyura itegeko rigenga ingo n'imiryango,
- Gukomeza itegeko rikingira abakiri bato,
- Kunagura no guhinyanyura itegeko rigenga amatora.



Ku bijanye no kurwanya amabi akorerwa abakobwa n'abakenyezi

- Guhana vy'akarorero abakoze icaha co gufata ku nguvu,
- Gushinga ibibanza vy'iyagiro ry'iterambere ridakumira ,
- Guhana ku mugaragaro abakoze ivyaha bijanye n'amabi afatiye ku gitsina.

Ku bijanye n'inyigisho/indero kuri bose

- Gukomeza ukwigisha abana ku buntu no gushigikira abatishoboye,
- Gukomeza inyigisho z'imyuga,
- Guhimiriza abavyeyi ku burunganire hagati y'abakobwa n'abahungu,
- Gushinga uburiri mu mashure no kububungabunga,
- Kugwiza amashure y'indaro.

Ku bijanye n'ubuhinga bwa none

- Guhimiriza abakenyezi ku kamaro ko gukoresha ubuhinga bwa none,
- Kugwiza ibigo rusangi mu ntumbero yo kubongerereza ubumenyi mu gisata c'ubuhinga bwa none,

- Gushigikira ukwinjira kw'abakenyezi mu mashirahamwe yo kuziganya no kuguranana; amashirahamwe no mu migwi.


Ku bijanye n'ukubunganga amahoro n'umutekano

- Gushira amatara mu bibanza rusangi,
- Gukomeza ugukorana neza hagati y'abajejwe umutekano n'abanyagihugu,
- Gushigikira imigambi y'ukwiteza imbere n'ibikorwa vyo kwiteza imbere,
- Gukomeza imigwi y'umutekano ihurikiyemwo ibitsina vyose,
- Kuraba ko imice yose y'abanyagihugu iserukiwe mu migwi y'umutekano.

Bimwe muvyo itohoza ryerekanye

Abakora amabi afatiye ku gitsina.


Ivyavuye mw'itohoza birerekana neza ko abakora amabi afatiye ku gitsina ari ahanini Abagabo bakuze, hagakurikira imiyabaga y'abahungu, imiyabaga y'abakobwa hagahereza abakenyezi bakuze.



Abakorerwa amabi afatiye ku gitsina

Ivyavuye mw'itohoza vyerekana ko abahura n'amabi afatiye ku gitsina bagizwe ahanini n'abakenyezi bakuze, imiyabaga

y'abakobwa, imiyabaga y'abahungu bagaherezwa n'abagabo bakuze.



Icigwa bwerekanye kandi ko abandi bakorewe amabi afatiye ku gitsina ari:

- Abantu bafise indwara zo mu mutwe;
- Abagendana ubumuga;
- Impfuyi,
- Ba nyamwema;
- Abana muri rusangi, na cane cane abo mw'ibarabara;
- Abatishoboye;
- Abapfakazi;
- Abagendana ubumuga bwo kutumva, abafise ubumuga bwo guhuma n'abaragi.

Imvo zituma urugero rw'abakenyezi bapfa rwiyongera mu ntara zimwe zimwe z'Uburundi

- Kugira abakenyezi benshi;
- Amatati afatiye ku matongo;
- Ivangura mu butunzi bw'ishirahamwe;
- Ubukene;
- Kudahana;


- Kurenga ibigo mu babiranye;
- Ukuborerwa;
- Ugukoresha ibiyayuramutwe;
- Uburozi;
- Ukwikunda.

Amakuru ku mibonano mpuzabitsina n'irondoka mu rwaruka

Mu bushakashatsi bwakozwe, ibice 36% vy'ababajijwe bamenyesheje ko urwaruka ruhabwa amakuru ku bijanye n'imibonano mpuzabitsina n'irondoka, ibice 30% ko urwaruka ruhabwa amakuru make, ibice 19% ko urwaruka ruhabwa amakuru hanyuma ibice 15% ko urwaruka ruhabwa amakuru rimwe na rimwe na bijanye n'imibonano mpuzabitsina n'irondoka.

Isoko y'amafaranga yinjizwa ku bagore benshi

Icigwa bwerekanye ko ibice 62,6% vy'amafaranga yinjizwa n'abakenyezi bo mu mitumba badafise akazi kazwi akomoka ku ngurane baronswa n'amashirahamwe yo kuziganya no kuguranana canke udushiramwe duto duto tw'abakenyezi, ibice 54% biva mu budandaji, ibice 24.5% biva mu burimyi ku bandi bantu, ibice 19% biva mu mashirahamwe yo kuziganya no kuguranana.



kibariko 35: Isoko y'amafaranga yinjizwa n'igice kinini c'abakenyezi mu kibano cawe

Isoko	Igitigiri	Ibice%
Kugurisha ibikomoka ku bworozi	20	12,3
Ingurane mu mashirahamwe	102	62,6
Urudandazwa	89	54,6
Ingurane zo mu mashirahamwe yo kuziganya no kuguranana	31	19,0
Igikorwa co kurima ku bandi	40	24,5
Ibindi	7	4,3
Vyose hamwe	163	100,0

III.2. Ibisata vyihutirwa n'ibishobora gukorwa


Muri ubwo bushakashatsi bwose, vyaribonekeje ko guteza imbere iterambere ridakumira ari umwitwariko n'ubwo bitatangajwe ku mugaragaro mu nzego zimwe zimwe, ariko bigashirwa mu ngiro. Abayobozi mu nzego zitandukanye z'ubuyobozi mu banyagihugu basanzwe canke mu basoda ntibavyerekana ku buryo buboneka, kubera ko ari ijamba ritashinzwe nk'ingingo canke intumbero runaka. Naho biri

uko, vyaribonekeje ko mu nzego zose, amahirwe ariho kandi yerekana ko hari ubushobozi bushobora gukoreshwa kugira ngo iyi ntumbero ishikweko neza.


Ikibariko gikurikira kirerekana ibikorwa vishoboka kandi bishobora gufatwa nk'amahirwe ku rwego rwa buri gisata:

Ikibariko ca 36: Ibisata vyihutirwa n'ibishobora gukorwa


IGISATA CIHUTIRWA	Intambanyi zo gukemura	Ivyo dufise n'amahirwe ariho	Inzira twokwisunga
Abakuru b'inzego, ububasha hamwe n'ugufata ingingo	Ugufata nkama ibijanye n'igitsina biracari kure mw'ibwirizwa shingiro	Ishirwaho ry'abakuru bikurikije amategeko ku rwego rw'igihugu hamwe n'ayo ku rwego mpuzamakungu	<ul style="list-style-type: none"> - Gushinga ubushikiranganji bujeje iterambere ridakumira n'ukudakumira mu kibano. - Gushinga Igisata gikurikirana ibibazo bifatiye ku gitsina nk'uko umukuru w'igihugu yabisavye igenekerezo rya 8/3/2023. - Gutegeka iterambere ridakumira hagati y'abagabo n'abakenyezi mu nzego zifata ingingo, aho bitoza canke bajamwo bacye mu matora.
		<i>Ishirwaho ry'akigoro ka politike naho impinga ikiri ndende.</i>	Gushinga ku ntambwe zose z'inyigisho ivyigwa bifatiye kw'iterambere ridakumira mu nzego zose zo mu ntwaro.
			Kwigisha abanyagihugu muri rusangi, na cane cane abakenyezi ku gufata nkama ibijanye n'igitsina nk'ingingo iganisha kw' iterambere rirama no kudakumira abanyagihugu.



IGISATA CIHUTIRWA	Intambanyi zo gukemura	Ivyo dufise n'amahirwe ariho	Inzira twokwisunga
Indinganizo y'amafaranga akoreshwa ufatiye kw'iterambere ridakumira.	Ukutagira itegeko ryerekana ingene indinganizo y'amafaranga akoreshwa yogabanganywa ufatiye kw'iterambere ridakumira.	Igitabu cerekana uko amafaranga azokoresha	Gushinga iketi rw'ubushikiranganji ku bijanye n'iringanizwa ry'amafaranga ufatiye kw'iterambere ridakumira.
		Ugushinga abahinga mu bijanye n'amafaranga ufatiye kw'iterambere ridakumira mu bushikiranganji bumwe bumwe.	Kwigisha abakuru mu bisata bitandukanye vy'ubushikiranganji ku bijanye n'ugutegura amafaranga ufatiye kw'iterambere ridakumira. Gushiraho umuhinga mu bijanye n'itunganywa ry'amafaranga ufatiye kw'iterambere ridakumira mu gisata kibijewe coshingwa mu bushikiranganji.
			Kwigisha abatowe ku bijanye n'itunganywa ry'amafaranga ufatiye kw'iterambere ridakumira. Gusubira gusoma igitabu kirimwo umugambi w'igihugu uraba itunganywa ry'amakomine n'igikoresho c'intabo y'ibikorwa vyegereye abanyagihugu. Gutunganya n'ukwigisha igitabu kirimwo ibijanye n'itunganywa ry'amafaranga ufatiye kw'iterambere ridakumira.
Amahoro n'umutekano ku rwego rw'igihugu n'urw'akarere	Inzego zitayeho Igisata c'Abakenyezi Amahoro n'Umutekano (FPS)	Ishingwa ry'amashirahamwe y'akarere nk'ishirahamwe ry'ibihugu vyo mu biyaga binini (CEPGL), Ishirahamwe ry'akarere rikurikirana ivy'umutekano n'iterambere (CIRGL), Ishirahamwe ry'akarere k'Afrika y'ubuseruko (EAC), Ishirahamwe ry'ibihugu vy'Afrika yo hagati (SADEC), Ishirahamwe rihurikiyemwo ibihugu vy'Afrika y'ubuseruko n'ubumanuko (COMESA) afise inzego zikurikirana ibijanye n'igitsina.	Gushinga amategeko mu nzego zijewe gucungera umutekano w'akarere hamwe n'ibihugu biri mu ntambara, izo nzego zirungikwa na Leta y'Uburundi. Gushira abakenyezi mu migwi itandukanye ijewe gushigikira amahoro mu nzego zifata ingingo.




	Igitigiri gito c'abakenyezi bari mu nzego z'ukwivuna abansi n'iz'umutekano	Hariho abafasha mu gutsimbataza amahoro n'umutekano nk'ishirahamwe ry'ubumwe bw'Africa, ishirahamwe mpuzamakungu ONU	
		Hariho umugambi w'igihugu ushira mu ngiro indinganizo ya 1325	
		Hariho ubuhinga bushira imbere uruhara rw'umukenyenzi mu bikorwa vyo ku bumbatira amahoro n'umutekano mu bushikiranganji bw'ukwivuna abansi n'ubw'umutekano	
Inyigisho mu mashure, ukwigisha gusoma n'ukwandika hamwe n'ivyigwa vy'imyuga	Intambamyi zifatye ku mico no ku bijanye n'amashure y'abakobwa Abakobwa baheba amashure kubera inda z'indaro	Hariho umugambi w'igihugu wo kwigisha abana bose. Hariho ibihano vyategekanywe ku bakora amabi afatiye ku gitsina	<ul style="list-style-type: none"> • Kwiga amashure nshingiro bihinduke itegeko kandi bige ku buntu • Gutanga ubuzi bwa Leta mu mucu kandi kuri bose • Gukangurira itangwa ry'akazi mu buzi bwa Leta no mu bigenga hisunzwe ibitigiri birerekana iterambere ridakumira • Gushira abakenyezi n'abakobwa mw'itunganywa ry'indinganizo z'ivyigwa mu mashure • Guhana vy'akarorero abakoze icaha co gufata ku nguvu n'ic'ayandi mabi afatiye ku gitsina mu mashure • Gukwiragiza no gutanga udukresho tw'isuku tw'abakobwa mu mashure yose
Amagara meza, ikiza ruhonyanganda SIDA n'irondoka rijanye n'amagara meza	Ugucererwa canke ukudapimisha imbanyi	Hariho umugambi w'igihugu w'irondoka rijanye n'amagara meza	Gushira mu mashure yose y'intango n'ayisumbuye ivyigwa vy'irondoka rijanye n'amagara meza
	Ibitigiri biri hasi vy'abipimisha umugera wa SIDA inyuma y'ukwibaruka	Hariho amashirahamwe yigenga mva makungu n'ibisata vy'ishirahamwe mpuzamakungu ONU bifasha mw'irondoka rijanye n'amagara meza	Gushira mu bisata vyose vy'indero ivyigwa bijanye n'amabi afatiye ku gitsina (ibimenyetso, ibibitera, inkurikizi n'uguhana)
	Urugero ruto rw'abashobora gupimisha urugero rw'umugera bafise n'ugusuzuma hakiri kare abana bavutse	Hariho amashirahamwe yigenge yo mugihugu nka ANSS isahiriza ikongera igafasha abagendana umugera wa SIDA	
	Inyishu ku bipimo vy'urugero rw'umugera n'ibipimo vy'abana bavutse zitangwa zitevye bituma urugero rw'abana bandura umugera ku bavyeyi ruguma ruri hejuru cane cane mugihe umuvyeyi yonsa umwana	Uruhara rwa ONU/SIDA n'igisata c'ishirahamwe Mpuzamakungu citaho abakenyezi mu guteza imbere amagara y'abantu	




Amabi afatiye ku gitsina	Harabura umuco wo kurandurana n'imizi amabi afatiye ku gitsina ayariyo yose	Hariho ugushaka kuboneka kw'uburongozi bw'igihugu hamwe n'umugambi w'igihugu ujejwe iterambere ridakumira	<ul style="list-style-type: none"> Gukomeza uburyo bwo gutabaza vyihuse mu gushinga ama komite yo gukinga mu kibano, gutabaza no gushengeza abakora amabi afatiye ku gitsina Kwongereza igiporisi kijejwe gukinga no kurwanya amabi afatiye ku gitsina
		Hariho amashirahamwe yigenga akora mu kurwanya amabi afatiye ku gitsina	<ul style="list-style-type: none"> Gukomeza ibigo vyitaho abahuye n'amabi afatiye ku gitsina Gushinga no gukurikiza ingingo mperekeza zateguwe kugira ngo abahuye n'amabi afatiye ku gitsina bashigikirwe
		Hariho amashirahamwe mvamakungu n'abandi bafasha mu buhinga no mu buryo bishinze kurwanya amabi afatiye ku gitsina	
Ukudakumira n'umwe mu kibano hamwe n'abatitaweho	Harabura umugambi ngenderwako ukingira abakumiriwe	Hariho ubushikiranaji bujejwe ugushigikirana	
		Hariho umugambi w'igihugu ujejwe iterambere ushira Igisata co gukingira abanyagihugu mu bisata biri imbere	<ul style="list-style-type: none"> Gutohoza mu kibano abantu babangamiwe n'abaronswa ubufasha n'ikibano Gushira abagendana ubumuga n'abakumiriwe mu nteguro y'imigambi yerekeye ikibano Kwigira hamwe n'abo vyega ibikenewe kugira abakumiriwe bafashwe
		Ishingwa ry'inzego za Leta n'iz'abikorera utwabo zo gukingira abantu mu kibano	
			<ul style="list-style-type: none"> Guteza imbere uburyo bwo gukoresha amafaranga Gushinga uburyo bwo gukingira abo bigenewe no kurushirizaho gushigikira inzego z'ubutunzi kugira twirinde ikumirwa mu vy'ubutunzi.



<p>Igihe c'ubwana n'urwaruka</p>	<p>Ukutamenya ibiri mu mategeko mu gisata c'ubutungane i Burundi no mu butungane mpuzamakungu, ikingirwa ry'abana n'urwaruka</p>	<p>Ubushake bw'abari mu nzego bwo guteza imbere urwaruka Gutanguza ibanki y'urwaruka</p>	<ul style="list-style-type: none"> • Guhimiriza urwaruka gukorera hamwe mu mashirahamwe asanzwe canke ayo kuziganya no kuguranana • Guteza imbere ububasha bw'urwaruka mu gushinga imigambi yo kwiteza imbere n'ibindi bijanye • Gukaririza ubwenge urwaruka mu bijanye no kwiteza imbere n'ubundi bumenyi ngirakamaro • Gushikira imbere abarondera ubufasha mu ntumbero y'imigambi y'urwaruka • Gushinga imigambi ngenderwako yo gufasha mu ngorane z'urwaruka • Kugira icigwa no kwiyamiriza ugukoresha abana bataragera.
<p>Ibinyamakuru n'ubuhinga bwa none bwo gutumatumanako</p>	<p>Inzitizi z'imico zibuza umwidgegemvyo w'abakenyezi mu burongozi mu binyamakuru no kubimenyekanisha.</p> <p>Harabura amategeko agenga ubuhinga bwa none bwubahiriza iterambere ridakumira</p>	<p>Gufasha igihugu gukorana n'imihora yo gutumatumanako igezweho</p> <p>Gukwiragiza uburyo bwo guhanahana amakuru Ukuba hariho bw'amatelefone azimbutse</p> <p>Ubuuhinga buhanitse bwo guhanahana amakuru biciye mu buhinga bwa "fibre optique"</p> <p>Hariho amashirahamwe ategamiye Leta, ibisata vy'ishirahamwe mpuzamakubgu (ONU), abo dufashanye muvuy'ubuhinga no muvuy'amafaranga akoreshwa mw'iterambere bakorera mu gisata gutumatumanako amakuru</p>	
<p>Ubutungane mu gisata c'ubutunzi</p>	<p>Harabura amategeko agenga ugutorana ufatiye kw'iterambere ridakumira</p>	<p>Hariho uburyo bugezweho bwo kwitunganiriza mu kibano ikibazo c'ugutorana hisunzwe iterambere ridakumira na cane cane muvuy'amatongo</p>	<p>Gukwiragiza hose uburyo bwo gutunganiriza mu kibano hisunzwe uburenganzira bw'umukenyiye ku matongo mu rwego rw'ubutungane ku ngero zose mu gihugu</p> <p>Gushinga itegeko rigezweho ku bijanye n'itegeko rigenga ingo n'imiryango</p>




		Hariho abo dufashanya biyemeje gushigikira umukenyezi ngo ashobore kuronka ubushobozi bukwiye bwo kwiteza imbere we nyene; Hariho amashirahamwe mpuzamakungu ategamiye Leta (ONG) afasha mu bijanye n'ubutungane muv'amatongo	
Ukwinjira mu karere k'ibiyaga binini n'ibikorwa vy'ubutunzi njabukambibe	Abakenyezi baronka ubushobozi muv'ubutunzi njabukambibe	Hariho amashirahamwe y'ibihugu vyo mu karere n'ayo ku mugabane yorohereza ubudandaji njabukambibe nka EAC, COMESA, GL	<ul style="list-style-type: none"> Gutsimbataza ubudandaji njabukambibe bukurikije amategeko burimwo abakenyezi Gushiraho uburyo bworohereza guhanahana amafaranga hagati y'ibihugu vy'ishirahamwe ry'ibihugu binini (CEPGL) n'ishirahamwe ry'ibihugu vy'Afrika y'ubuseruko (EAC) Gutangaza no gutsimbataza amasoko njabukambibe Kubungabunga umutekano ku mbibe
Ibijanye n'abimukira		Hariho amashirahamwe y'akarere n'ayo ku rwego rw'umugabane Hariho ivyandiko vyo gufashanye mu bijanye n'uko abantu bajabuka bava mu gihugu kimwe baja mu kindi	<ul style="list-style-type: none"> Gutera intege abajabuka imba imbibe biciye mu mategeko kandi bavuye mu bihugu bisangiye amashirahamwe y'akarere canke yo ku mugabane Uburundi busanzwe burimwo Gushinga ubuserukizi mi bihugu iyo abimukira barora kugira hatezwe imbere uguhanahana ibidandazwa, gukingira abimukira haba ku mubiri wabo hamwe no mu bikorwa vy'ubutunzi vyabo bakora Gushinga itegeko ku rwego rw'igihugu rirwanya ukwandaza ikiremwa muntu Guteza imbere itegeko rigenga gufashanya n'ayandi makungu ryubahiriza abimukira ufatiye kw'iterambere ridakumira.
Inganda zicukura	Umurundikazi ntaaboneka uko vyategerezwa mu minyuro y'ubudandaji mpuzamakungu no hagati mu gihugu	Hariho amashirahamwe y'abakenyezi asanzwe akorera mu gisata c'uburongozi bw'abakenyezi ku rwego rw'ubutunzi Hariho amashirahamwe y'abakenyezi badandaza	<ul style="list-style-type: none"> Gutera intege abakenyezi ngo baje hamwe kugira bashingwe amashirahamwe ahingura ibintu ku buryo bubayabaye Kuronsa amafaranga abakenyezi biyemeje gushinga amashirahamwe y'ubudandaji




Direction du développement
et de la coopération DDC



Uburimyi n'ubworozi	<ul style="list-style-type: none">• Kuba urusukirane rw'abantu ari runini ku kilometero kwadrato mu gihugu biraheza bikagira inkurikizi occasionnant une forte pression sur les ressources naturelles,• Ukubura umwavu n'imbuto zirobanuye zikoreshwa mu burimyi n'ubworozi kubera abarimyi n'aborozi bafise uburyo buke bw'amafaranga,• Harabuze ubushobozi n'ubuhinga bukwiye mu bakora muri ico gisata;• Hari udukoko n'indwara nyinshi zitera indimo n'ubworozi,• Abarimira hagati mu gihugu nta buryo bukwiye bw'amafaranga bafise,• Ubukene bw'inyubako zo gushinguramwo ivyimbura, guhingura no kudandaza umwavu n'imbuto zirobanuye hamwe n'ivyimbura canke ibikoko biba vyorowe,• Kuba abo biraba batitunganya neza kugira ngo bashobora guhangana n'ihindagurika ry'ibihe	<ul style="list-style-type: none">• Ikirere ciza gihuza n'ibiterwa bitandukanye, amazi n'imigende y'amazi myinshi,• Abanyagihugu bakunda gukora, benshi muri bo ni abakenyezi• Hari imyonga n'ibiyaya vyimbuka,• Hari ibikorwa bifasha mu kwimbura vyinshi,• Hari isoko yo hagati mu gihugu n'yo mu karere	<ul style="list-style-type: none">• Kubandanya no gushimangira umugambi ngenderwako wo guhimiriza abantu kuba mu birwati uteza imbere iterambere ridakumira;• Kuronsa abanyagihugu umwavu n'imbuto zirobanuye mu burimyi n'ubworozi, ufatiye kw'iterambere ridakumira• Gushigikira ubushobozi muvuyubuhinga no mu burungozi bw'imice n'inyubako zitandukanye z'ikibano• Guteza imbere no kurwiza ibikorwa bindi hambavu y'uburimyi
---------------------	---	--	---




<p>Ibidukikije, ihindagurika ry'ibihe n'ibiza biturutse kw'ihindagurika ry'ibihe</p>	<p>Guteza imbere uburimi bwa kijambere burinda ihindagurika ry'ibihe kandi bunakingira ibidukikije</p>	<ul style="list-style-type: none"> • Hariho ubushikiranangijwe bujewe ibidukikije • Uburundi buritabira amanama mpuzamakungu ku bidukikije n'ihindagurika ry'ibihe • Hariho ibikoresho vyo gutegura ibikorwa hisunzwe iterambere ridakumira n'ihindagurika ry'ibihe 	<ul style="list-style-type: none"> • Gushira imbere abakenyezi mu migambi yo gukingira ibidukikije • Kwerekana uburyo nyabwo bwo gukingira ibidukikije hubahirijwe iterambere ridakumira • Kwerekana ayandi masoko ntanguvu hambavu yo gucana ibiti, ariko yubahiriza iterambere ridakumira /ubudasa bw'ibitsina. • Gushiraho inyigisho rusangi ku bijanye n'ibidukikije mu kibano no mu mashure • Kwubako inyubako mu kibano zirinda ihindagurika ry'ibihe hamwe n'ibiza biturutse kw'ihindagurika ry'ibihe • Gushiraho imigwi yo mu kibano idakumira ijewe gukingira ibidukikije • Kwongerereza ubushobozi imigwi n'abahanga bafasha mu kibano
<p>Akazi gakurikije amategeko, akazi kadahemba no gukingira abanyagihugu</p>	<ul style="list-style-type: none"> • Hari bike bituma bimbura vyinshi ; • Amahirwe yo kwongereza umwimbu ni make, • Biragoye gushikira uburyo bwo kugwiza umwimbu, amasoko ahemba neza n'amahirwe make yo kuronka akazi na cane cane ku bakazi batobato, abakenyezi n'urwaruka • Urugero ruto cane rwo guteza imbere agatima ko kwishingira umugambi wo kwiteza imbere. • Ibikoresho bidakwiye rimwe na rimwe bari nyavyo bikoreshwa mu nyigisho ugereranije n'ico urwaruka rwipfuzwa gukora hamwe n'ibikenewe kugira ibisata bitandukanye bitere imbere. Bino bituma urugero rw'abageramiwe rwiyonera ugasanga umukuru w'ishirahamwe ari umukenyezi canke urwaruka, hagaca hama inzara idahera. 	<ul style="list-style-type: none"> • Hariho amashirahamwe yihariye ajejwe gukingira umukenyezi w'umurundikazi • Hariho amashirahamwe y'abakenyezi avugira uburungozi bw'abakenyezi 	<ul style="list-style-type: none"> • Gutuma abana bose baja kwiga kandi bakiga ku buntu • Guteza imbere no gutsimataza ubushobozi bw'abakenyezi n'abakobwa bo hagati mu gihugu



Direction du développement
et de la coopération DDC



<p>Kudakumirwa mu gisata c'ibijanye n'amafaranga no gutunganya imigambo yo kwiteza imbere</p>	<p>Hari abakenyezi n'abakobwa bake bari mu gisata c'ibijanye n'amafaranga</p>	<ul style="list-style-type: none">• Hariho kw'amashirahamwe mato mato yo kuziganya no kuguranana ashigikira imigambi y'abakenyezi• Igwirirana ry'udushirahamwe duto duto tw'abakenyezi• Hariho amashirahamwe y'abakenyezi-badandaza• Leta yarashinze ibanki y'iterambere ry'abakenyezi• Hariho ubushake buboneka mu nzego z'igihugu	<ul style="list-style-type: none">• Guhimiriza abakenyezi n'abakobwa ngo baje hamwe mu mashirahamwe yo gukorera no kwimburira hamwe• Kwongereza ubushobozi bw'abakenyezi mu bituma bashobora kwishingira imigambi yo kwiteza imbere
---	---	---	--



III.3. Ibisabwa vyo gusozera

Ku burongozi bw'igihugu

1. Gutunganya ukundi gusha Ubushikiranangji bujejwe iterambere Ridakumira kugira bushire inguvu zose ku bijanye n'iterambere n'imibano bidakumira na cane cane umukenyezi ; gushigikira cane kurusha ubuyobozi bukuru bujejwe iterambere ry'abakenyezi n'iterambere ridakumira ;
2. Gukarihiriza ubwenge abajejwe ubutunzi mu nzego za Leta, amashirahamwe Leta ifisemwo imitahe, uburongozi bw'amakomine kugira bibuke iterambere ridakumira mu gihe co gutegekanya amafaranga azokoshwa ;
3. Kwongereza urugero rw'amafaranga ahabwa ubushikiranangji bujejwe iterambere ridakumira ;
4. Gukurikiza ibwirizwa nshingiro mu bijanye n'ibice% no kwongereza iserukirwa ry'abakenyezi ku bice birenga 30%
5. Kwitwararika iterambere ridakumira hagati y'abakenyezi n'abagabo mu rwego rujejwe gutunganya amatora ku rwego rw'igihugu (CENI)
6. Gushinga ikurakuranwa ry'iterambere ridakumira n'umukenyezi ku ntonde zugaye z'amatora kugira ntibisabe kurinda guha amahirwe abakenyezi mu kubongeramwo inyuma y'amatora.
7. Kwongereza ibikoresho n'abakozi mu burongozi bujejwe ibibazo vy'imiryango n'imibano mu makomine no mu ntara.
8. Kwandika integuro igenga impunzi n'abimukira ku bijanye n'igitsina no kubihindura mu kirundi kugira ngo bikwiragizwe mu bihugu vy'akarere ka Afrika y'ubuseruko
9. Gushira ibijanye n'igitsina mu bikorwa vyose vy'urwego rujejwe gukinga no kurwanya ukudandaza ikiremwa muntu.
10. Gushinga ikingirwa n'ikurikiranwa ry'abimukira mu gutegura inyigisho zikwiye z'abimukira imbere yo kurenga imbibe .
11. Gukora itohoza rigamije kumenya imvo zituma haba ubudasa bunini hagati y'igitigiri c'abigisha b'abagabo gusumba ic'abakenyezi mu Burundi
12. Gusubiramwo inyigisho z'abakuze
13. Gushinga integuro y'umugambi w'igihugu ku bijanye n'igitsina mu bushikiranangji bwose bwiyemeje gutanga amakuru ajanye n'igitsina.
14. Guteza imbere iterambere ridakumira mu burongozi bw'inzego z'ubutunzi

Ku begwa n'ikibazo c'iterambere

1. Gushigikira abakobwa n'abakenyezi bafise imigambi yo gutangura ibikorwa vyo kwiteza imbere;
2. Gushinga ikigega co gushigikira iterambere ridakumira;
3. Gushigikira itegurwa n'ishirwa mu ngiro ry'umugambi wo kurandurana n'imizi ihohoterwa ry'abana muri rusangi, na cane cane ihohoterwa ry'abakobwa mu ntumbero yo kubafasha kugira amahoro yo mu mutima, ay'abavyeyi no mu kibano ;
4. Kugira icigwa ku mvo z'ikumirwa ry'abakenyezi mu bijanye n'ubutunzi ;
5. Gukora isuzuma ry'inizizi zifatye ku biciro n'izidafatiye ku biciro zishobora kubera intambanyi urudandazwa rw'abakenyezi
6. Gufasha abakenyezi gushigikira ibisata vy'ubutunzi ;
7. Kunagura ibijanye no kwikorera utwabo, ugukwiragiza amabanki n'amashirahamwe yo kuziganya no kuguranana mu makomine ku rugero rungana ;
8. Kunagura ubushobozi bw'abakenyezi mu buhinga bwo gukora ubudandaji dukoresheje ubuhinga ngurukana-bumenyi;
9. Gushigikira intumbero yo kwerekeza umugambi wa Leta k'ukurwanya ikibazo c'abana bo mw'ibarabara n'abakenyezi basega hamwe no kubasubiza mu kibano.


Ku mashirahamwe adaharanira ibibanza vya politike n'imigambwe

1. Gutanguza urunani rw'igihugu rw'amashirahamwe adaharanira ibibanza vya politike ku bijanye n'iterambere ridakumira ;
2. Guhimiriza abanyagihugu ku bijanye n' iterambere ridakumira
3. Gukurikiranana abakenyezi batowe mu nzego z'uburongozi mu ntumbero yo kunywanisha ibitigiri n'akanovera mu buserukizi;
4. Kwijukira inyigisho zo guhimiriza amashure y'abakobwa;
5. Gutanguza amahuriro yo ku mwaka ku mwaka ku burenganzira n'intumbero z'abakenyezi; Abagabo, abahungu n'abakobwa ;
6. Guhimiriza abatanga ibiharuro ku makuru atandukanye kugira hakorwe hongere higwe ibiharuro hisunzwe igitsina mu nzego z'ubutunzi ;



Ku bikorera utwabo

1. Gutanguza ibijanye n' iterambere ridakumira n'iterambere ridakumira mu ntabo y'ibikorwa mu bisata vy'abikorera utwabo ;
2. Gushinga umugambi wo kwisunga ibijanye n'igitsina mu gutanga ubuzi;
3. Gufata ingingo zo kurwanya amabi afatiye ku gitsina ku kazi
4. Guteza imbere iterambere ridakumira mu buyobozi bw'ibigo vyigenga;
5. Gutanguza imvugo « iterambere ridakumira no guharura » hamwe n'« iterambere ridakumira no kwitonora imitsi»



UGUSOZERA

Mu gusozera iki cigwa kijanye n'iterambere ridakumira, twofata intumbero ikurikira:

Iki cigwa cerekana uko ibintu bimeze mu bijanye n'ubusumbasumbane hagati y'abagabo n'abakenyezi, abahungu n'abakobwa, mu mibereho n'uburongozi. Ivyo bigatumwa n'imico n'amategeko ngenderwako mu kibano, aho umuntu asengera, n'ibindi bituma bifatiye ku karere umuntu abamwo, ubukene n'ubudasa bw'ingene umuntu abayeho.

Ivyigwa vyakozwe mu bisata bitandukanye vy'ubuzima bw'igihugu vyerekana ko hari umwimbu washitsweko mw'ishirwa mu ngiro ry'umugambi w'iterambere rirama inomero 5: « Gushika kw'iterambere ridakumira no kwidagemvya kw'abakenyezi n'abakobwa bose. » Ariko guhera ubu gushika 2023 impinga iracari ndende mu bisata vyose. Bisubiye ; nk'uko twavyerekanye, ubusumbasumbane n'ikumirwa bihanitse biracahari. Ivyo bikorako cane cane abakenyezi n'abantu bari mu migwi y'abantu batishoboye bahakwa kwibagirwa.

Ibituma bikurubikuru vy'ivryo kumirwa vyerekanywe mu cigwa c'iterambere ridakumira rirashobora kuhava hamwe abantu


bobihagurukira. Igikorwa gikomye kiriko kirakorwa ku rwego rwo hejuru rw'igihugu.

Isibirinyuma ryibonekeza mu bisata bimwebimwe vy'ubuzima bw'igihugu umwanya umwe biterwa n'uko abarongozi batitaho ikibazo c'iterambere ridakumira.

Ibi bisabwe ni intambwe y'ivyokorwa mu guteza imbere iterambere ridakumira n'ubutungane. Ariko nk'uko ibiganiro vyakozwe mu nteguo y'iki cigwa bivyerekana, bizogira ikimazi Uburundi ni bwashinga politike yihariye ikibazo c'iterambere ridakumira, ubushikiranganji bw'iterambere ridakumira n'ikumirwa, izoshira mu ngiro ibi bisabwe hamwe n'umugambi ngenderwako w'iterambere ridakumira.

Mu gikorwa c'icigwa kuri iki cigwa, twosozera tumenyeshako intambanyi z'amafaranga n'umwanya zitambitse mu nteguo y'iki cegeranyo. Inkuru zatanzwe kuri iki cigwa n'umwihwezo wazo bisaba umwanya usumba uwari utegekanijwe.


Twosaba ko muri kazozo, iki cigwa cosubirwamwo mu mwanya nyawo wumvikanyweko n'ababijejwe.



INYONGERA

Inyandiko Zisunzwe

1. Association des Femmes Juristes dUburundi, réalisée par Emery NUKURI, Etude comparative du droit égalitaire sur le patrimoine familial dans les différentes régions dUburundi, 58 pages
2. Burundi, FIDA, Rapport de conception, Rapport principal et annexe, 25/10/2021, 862 pages
3. République dUburundi, Cour Suprême dUburundi, Collection des arrêts fonciers modèles de la Cour Suprême et des Cours d'Appel dUburundi, Tome 5, Bujumbura, 2020, p.3
4. UNICEF : L'impact du climat, de l'énergie et de l'environnement sur les enfants et leurs familles mu Burundi, 22pages
5. Stratégie nationale de prévention des risques et de gestion des catastrophes et plan d'action national 2012-2015, pages 56
6. ISTEERU, Profil et déterminants de la pauvreté, rapport modulaire d'enquête modulaire sur les conditions de vie des ménages, 2013/2014, 91 pages
7. République dUburundi, Rapport national d'évaluation de la mise en application de la Déclaration et du Programme d'Actions de Beijing +25, Bujumbura, mai, 2019, 52 pages
8. République dUburundi, enquête démographique et de santé 2016-2017, Bujumbura, mai 2019, 24 pages
9. République dUburundi, Ministère de l'Environnement, de l'Agriculture et de l'Elevage, Stratégie Agricole Nationale (SAN 2018-2027), Bujumbura, Novembre 2018, 75 pages
10. Procédures opérationnelle standards pour la prévention et la réponse à la violence basées sur le genre en situation d'urgence mu Burundi, 2^{ème} édition, 2015, 29 pages
11. République dUburundi, Ministère de la sante publique et de lutte contre le SIDA; Ministère des droits de la personne humaine, des Affaires sociales et du genre ; Ministère de la sécurité publique; ministère de la justice : Guide opérationnel du centre intégré de prise en charge holistique des survivants des VSBG, 139 pages
12. République dUburundi, Ministère de la Solidarité Nationale, des Droits de la Personne Humaine et du Genre, Politique Nationale Genre mu Burundi, 2012-2025, juillet 2012, 46 pages
13. République dUburundi, Ministère de la Solidarité Nationale, des Droits de la Personne Humaine et du Genre, Annuaire statistique, édition 2021, 121 pages
14. Baromètre Genre dUburundi, CAFOB 2016
15. Pilot EAC gender Barometer, EASSI, 2016
16. Evaluations axées sur l'équité et sensibles au genre ; écrit par Michael Bamberger, Marco Segone et Florencia Tateossian ; 2016
17. Evaluation sur l'état de mise en œuvre de la convention sur l'élimination de toutes les formes de discrimination à l'égard des femmes (CEDEF) 30 ans après sa ratification : par l'AFRABU, Bujumbura, Novembre 2022
18. Traduire les promesses en actions : l'égalité des sexes dans le programme de développement durable à l'horizon 2030 ; par ONU FEMMES, Etats-Unis, 2018
19. Protocole de non-agression et de défense mutuelle dans la Région des Grands Lacs, Conférence Internationale sur la Région des Grands Lacs, 15-16 décembre 2006
20. Plan stratégique national de lutte contre les violences sexuelles et celles basées sur le genre, 2018-2022 ; Bujumbura, juin 2018 par le Ministère des Droits de la personne humaine, des affaires sociales et du genre.
21. Plan d'action national 2022-2027, Résolution 1325 du conseil de sécurité des Nations Unies sur les femmes, Décembre 2021
22. Plan d'action pour la mise en œuvre de la Résolution 1325 (2000) du conseil de sécurité des Nations Unies. Décembre 2011 ; Ministère de la solidarité nationale, des droits de la personne humaine et du genre. Plan d'action 2012-2016
23. Plan D'action national 2017-2021 pour la mise en œuvre de la résolution 1325 du conseil de sécurité des Nations Unies pour les femmes, la paix et la sécurité, juillet 2017 par le Ministère des Droits de la Personne Humaine, des Affaires sociales et du Genre ; Burundi
24. Politique nationale Genre dUburundi 2015-2022, Burundi, juillet 2012 ; Ministère de la Solidarité Nationale, des Droits de la Personne Humaine et du Genre.




Ibibariko bimwe bimwe

1. Abitabiriye ibiganiro

N°	Abitabiriye ibiganiro	Intara
01	Abarongozi bo ku nzego zo hasi n'imigwi ijejwe gutunganya ikibano.	Cibitoke
02	Abarongozi b'amadini	Gitega
03	Abakenyezi bakuze	Cankuzo
04	Abakobwa bafise imyaka iri hagati y'imyaka 12 na 16	Makamba
05	Abahungu bafise imyaka iri hagati y'imyaka 15 na 18	Cibitoke
06	Abarongozi b'amashirahamwe y'abakenyezi n'amashirahamwe adaharanira ivyicarwo vya politike	Kayanza
07	Abagandana ubumuga n'aba nya mwema	Makamba
08	A Batwa	Mwaro
09	Impunzi n'abahungutse	Kayanza
10	Abapfakazi	Rumonge
11	Impfuvyi n'abana bo mw'ibarabara	Igisagara ca Bujumbura
12	Abanyamahanga baba i Burundi	Igisagara ca Bujumbura
13	Abapfungwa b'igitsina-gabo	Rumonge
14	Abapfungwa b'igitsina-gore	Muyinga
15	Abakenyezi bari mu nzego z'umutekano	Mwaro
16	Imigambwe	Muyinga
17	Abahoze mu mugwi utegura amatwara - CENI	Gitega
18	Abakobwa bavyariye iwabo	Cankuzo

Menya Neza: Imigwi igeramiwe no gukumirwa: abahuye n'amabi afatiye ku gitsina VSBG, a Batwa, abanyamwema, impunzi, abahungutse, abagandana ubumuga bari baserukiwe nabo nyene.




2. Ikibariko ca 2 : Abakenyezi mu nzego zo hasi

No	Intara	Abagabo	Abagore	Bose	% vy'abakenyezi batwara imitumba/ ikaritiye
1	Bubanza	91	1	92	1,09%
2	Bujumbura	135	21	156	13,48%
3	Bururi	120	9	129	6,98%
4	Cankuzo	78	9	87	10,34%
5	Cibitoke	129	2	131	1,53%
6	Gitega	228	35	263	13,31%
7	Karuzi	136	10	146	6,85%
8	Kayanza	247	15	262	5,73%
9	Kirundo	187	6	193	3,11%
10	Igisagara ca Bujumbura	80	17	97	17,53%
11	Makamba	126	13	139	9,35%
12	Muramvya	90	9	99	9,09%
13	Muyinga	217	13	230	5,65%
14	Mwaro	118	13	131	9,92%
15	Ngozi	278	21	299	7,02%
16	Rumonge	109	9	118	7,63%
17	Rutana	149	12	161	7,45%
18	Ruyigi	163	15	178	8,43%
Tot		2681	230	2911	7,90%
%		92,10%	7,90%	100%	7,90%

Isoko: Ubushikirangaji bwo gushigikirana, ibijanye n'imibano, agateka ka Zina Muntu n'iterambere ridakumira.



 Schweizerische Eidgenossenschaft
Confédération suisse
Confederazione Svizzera
Confederaziun svizra

Direction du développement
et de la coopération DDC

